**«ТІАДЕГІАНАЛ ЦІВАБИ»**
**«ЦІВАЯЛДА ЦІВА БУГО КІАЛЪАЙ ГЪАБУЛЕБ»**
**«КУЧІДУЛ»**
**«МАГІАРУЛ КЪИСА»**
**«ГІУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО»**
**«КОНЦЕРТ»**
**«КЪО БАЩАЛЪУКЬ ЩОБДА ДАГЪИСТАНАЛДА»**

АБУРАЛ ТІАХЬАЗДАСАН

1962 – 1990

## МИКЬМУХЪИЛАЛ КУЧІДУЛ

* * *

Микьго мухъ – микьго Койсу,
КочІол ралъдалъе чвахе;
Амма ралъдал лъиналъ нуж
Лъазе ккола, рилуге.

Микьго мухъ – микьго рокьи,
Ракьалда тиризе а;
Амма эмен лъаларел
Лъимал гІадин рукІунге.

* * *

Бакъги цадахъ гьечІого,
БачІун буго цІияб къо.
ЦІадаз чурулеб буго
НакІкІазул цІураб кьуру.

ТІад щивго чи гьечІого,
Чу бачІараб мехалда,
Чабхъад арав васасул
Эбел гІадин буго гьеб.

* * *

Радал тIохдеги вахун,
Мохрода гIодов чIана,
ГIазизаб зодихъ гьечIо
Цониги накIкI бихьулеб.

Унго, тIубан сордоялъ
Гьадин борхалъиялде
Вахун, щив махщалилас
Гьадинан зоб бацIцIараб!

* * *

Кварида бакъвазе бан,
Чурараб ретIел буго...
БутIрул къотIарал чагIи
ТIамулел щайзе цере.

ТIаладухъан беролеб
ГIадатияб кIкIуй буго...
КIкIуйдукь бухIулеб шагьар
Щай бачIунеб ракIалде?

* * *

Дир бищун лъикIав гьудул
Дидаса рикIкIад вуго.
РекIеца тарав гьудул
Бадив велъулев вуго.

Гьеб гIечIелъуй бадиве
Хъалиян цIалев вуго...
Хъалиян цIай гуро гьеб,
ЦIа рекIелъ лъолеб буго.

* * *

Дихъе гьудуласухъан
ГьечIо цониги кагъат,
Гьесул рахъалъан дихъе
Дицаго хъвалел руго.

Ва мадугьалзабазе,
Гьез цIехараб мехалда,
Гьудулас хъвачIел кагътал
Дица цIалулел руго.

* * *

Гьадинаб чадил тIагIам,
Гьадинаб тIегьалъул махI,
Гьадинаб рохел, мехтел
Кибниги дида лъачIо.

Дица кваналеб буго
Эбелалъ бежараб чед, –
Гьелъул кверал рихьула
Буцулеб гIатIалъ дида.

* * *

ГIумру какулезеги,
Киназего бокьула, –
Дицаги мун какула
Кутакалда йокьиялъ.

Нуха сапаралъ вуго,
Сверухъ чIобого буго;
Дунго цIоронаниги,
ЦIад гьарулев вуго дун.

* * *

Лебалав бахIарчияс
ХIинчI чIваларо кидаго.
ХIинчI гIадинаб ракI буго
КочIохъанасул каранлъ.

Гьелде ишан босула
Къадарал гIадамаца...
Къваридго гIодой къулун,
Унев вуго къватIал чIван.

* * *

Рагъда асир гьавурав
НекIсияв тушман-хъачагъ
Дагъистанияс, бахъун,
Ханжарги кьун виччана:

Гьалъ Надиршагь щущанин,

Шамил гьабгун вагъанин,
Щиб жо магIаруллъиян
Лъаларезда бихьеян.

* * *

Дица магъилъ хурдулъа
Кьер-кьераб тIегь бетIана.
ТIугьдул кьезе мун гьечIо,
Гьел пашманго речIана.

ЛъикIал сипатал гьарун,
Дица сарин ургъана.
Гьеб цIализе мун гьечIо,
Дица кечI цIадаб лъуна.

* * *

РикIкIадисев дир гьудул,
Гьанже унеб мехалда,
Босе сайигъаталъе
Цо ханжар дир рахъалъан.

Гьалъухъ балагьун дуда
Даим ракIалдещвезе
Дунго вокьун гуро дун,
Дагъистан бокьун вуго.

* * *

Жакъа ракIалдещвана
Авар педучилище,
Ихдалил бакъ гьекъезе
Гьоркьор риччарал дарсал;

ЦIали лъугIараб вечер,
Гьудулзабазул кверал...
Гьанже гьел церетIамун,
ТIола мех-мехалъ магIу.

* * *

ГIемерал васал чIвана,
Дун щай чIаго хутIарав? –
Хабада тIад магIарул

КочIол зани чIвазейищ?

Гьудулзаби руссинчIо,
Дун вуссарав кинан гьав? –
Гьезул камилал ракIал
Дир каранлъ кIетIезейищ?

* * *

Гъал чIегIерай бахIарай,
Кього сон тIубарай яс
Кьоло щуго сон барав
Гьесул лъади йикIана.

Кьоло щуго сон барав
БахIарав гьудуласул
Гьанже хъахIлъарай лъади
ЧIегIераб ратIлилъ йиго.

* * *

Нижер росдал иццул лъар,
Дуца чурарал лъимал
БахIарлъула, херлъула,
Хабалъ жанир рукъула.

Мун даим аваданаб,
КIудиябго гIоларо.
ГIумруялъ лъимер гIадин,
ГанчIазда басандула.

* * *

Мун гьоболлъухъ ячIунге,
Гьалбал рачIуна, уна.
Мун унелъул накIкI лъолин,
Дир рекIелъе цIад балин.

Мун гьоболлъухъ ячIунге,
Гьобол ун къварилъулев,
Гьудул, мун унеб мехалъ,
Унтун гIодов кколин дун.

* * *

*Къайсин Кулиевасе ва ГІалим Кешоковасе*

Дир вукІана тІулил вац,
Дуда релълъарав, Къайсин.
Нагагь рагъулъ дандчІвачІищ? –
ЧІвана Волгаялда гъов.

Цоги вац вукІана дир,
Дур гІамалалъул, ГІалим.
Гъос дур квер босичІебищ? –
ВуссинчІо гъов рагъдаса.

* * *

Балагьун вуго Пушкин,
ГьетІизабун бетІергун,
Гьесие щибаб къоялъ
РачІунел руго тІугьдул.

Дирги тІегь буго гьениб,
Лъиданиги лъалареб, –
Лъимал, гьари буго дир,
Гьеб бечІазе тогеян.

* * *

Лъимал тІаде рахъуна,
КІудияв вачІаравго.
ВачІун гІодов вукІа мун
Дир ракІалъул тахида.

Тамадалъун вукІа мун
РекІелъ ратанщиназе...
Дир ракІ гьунар бергьарал
Поэтазул цІун бугин.

* * *

Дуца абулеб буго:
Дур эменги эбелги,
Херлъарал магІарулал
Макьабазда божулин.

Бице дида, дир гьудул,
Гьаб сардида кІиялго

Гъозда макьилъ рихьани,
Щиб квагьидай букIина?

* * *

Дица бихьизабилин,
Баче дихъе инсул чу...
Амма гъоркье вортана,
Кьолоде вахаравго.

Кье дихъе инсул тIамур,
Дица тIамилин бакъан...
Амма чIваби тIутIуна,
Цо гьаракь гьабилелде.

* * *

Абуге булбулилан
Дуца кочIохъанасда, –
Булбулалъ кечI ахIула,
Кавудахъе их щвейгун.

Дица сарин гьабула
Замана цIехечIого;
ЦIоролъ, гIаздалъ ахIула,
БухIараб бакъ къалъизе.

* * *

ТIолго цIваби лъаниги,
ТIолго цIаял лъаниги,
ТIолго гIалам лъаниги,
Мун лъидаго лъаларо.

Мун цIакъ хIикматай йиго,
Мун цIакъ камилай йиго,
Кинабго дунял свере –
Цойги мун гIадай гьечIо.

* * *

Дица кечI ахIуларо,
Дица кечI гьабуларо,
ГьикъичIого бачIа гьеб,
Бадибе магIу гIадин.

Бищун божарав гьудул
ГьикъичIого вачIуна,
Гьес нуцIа бухуларо,
Гьев ахIизе кколаро.

* * *

Нухлул рагIалда буго
Эхетараб цо къоно,
Лъил къаданиб гьеб бугеб,
Дида кинго лъаларо.

Дун гьелъухъ балагьана,
Дун пашманго гьимана;
Гьаб къоно дир занилъун
БукIинебги... щиб лъалеб...

* * *

МугIрул тIогьив, гIурдада
ГIодов вегарав дида
ГIагарал росабазул
ЦIаял рихьулел руго.

Гьел цо-цо ккун раккула,
Цинги иргадал суна...
Дида чирахъал гуро,
ЧагIи рихьула гьедин.

* * *

ХIанчIазе ургъел гьечIо,
АхIулаго рачIуна;
Эзда дуниялалъул
Къварилъаби лъаларо.

Диеги бачIинаан
КочIое гьайбатаб их,
Амма дица февралалъ
Гьудул вукъана ракьулъ.

* * *

Жеги рагьичIел тIугьдул,

ТIанхаз рахчарал пихъал, –
Чан ругел нуж магIарухъ,
МагIу къулчIулел ясал.

Куркьби рекарал хIанчIи.
ГанчIикье унел лъарал, –
КигIан ругел росабалъ
Угьдулел нуж, гIолилал.

* * *

Лъаларел шагьаразда
Поезд лъалхъараб мехалъ,
Вахъуна дун къватIиве,
Шагьар бихьизе гуро.

Щиб лъалеб цо гьадинго,
Дидагоги лъачIого,
Лъалев чиги данде ккун,
Гьес квер босе бегьилин.

* * *

ГъотIокье гьал тIерхьана,
ТIокIал къватIир раккичIо;
Раккизеги бегьула,
Дун балагьун свакана.

Ялагьулеб мехалда,
Ятуларо кидаго, –
ЦIакъ хIажат гьечIеб мехалъ,
ЯчIуна данде йортун.

* * *

Инсуца гIараб мацIалъ
Гьаруна гIищкъул кучIдул,
ГIагараб хъизаналда
РичIчIичIого рукIине.

Дида кучIдул гьаризе
БатIияб мацI лъаларо, –
Гьудул, мун тIасалъугьа
Чара хварав дидаса.

* * *

Гьайгун ралъдал рагIалда
Свердулев вукIана дун;
Салулъ ратана хIатIал,
Рокъове щвараб мехалъ...

Дица дир хIатIаздаса
Сали бацIцIунеб буго,
Гьай, кIар-кIарун елъулей,
Ралъдахъ цее чIун йиго.

* * *

Дун цIалараб школа...
Коридор чIван вилълъана.
Классалъул кIалтIа дир
КIетIана гIедегIун ракI.

Гьелъул нуцIа рагьигун,
Ругьунаб партаялда
ГьабсагIат дунго дида
ДандчIвазе вугин ккана.

* * *

ЦIалараб школалда
Къали бухулеб буго, –
Борхатаб кьурдасан лъар
Гъугъдулъ речIчIулеб буго.

Школалде щолелъул,
Дун лъарахъе вуссуна.
Лъарахъе щолеб мехалъ,
Школалде вуссуна.

* * *

Унтулеб бакI щибилан
Эбелалъ гьикъарабго,
ГьитIинаб лъимада гьеб
Лъалеб гьечIо бицине.

Дуе щибан гьикъула
Гьал гIадамаца дида;

ГІажаиблъи, дидаги
Лъалеб гьечІо бицине.

* * *

Лъимал цо-цо гІодула,
Щибго гІилла гьечІого.
Дидаги лъалеб гьечІо
Щай жакъа къварид вугев.

Дие бакъ гІолеб гьечІо,
Дие цІад дагьаб буго.
Дуца кьолеб хинлъиги
Жегиги бокьун буго.

* * *

Гьадин унев вукІуна,
РекІелъе бачІун чІола;
Вохун гІодов вукІуна,
РекІелъа бортун уна.

ТункІида бер чІварабго,
ЧІегІераб цер кинигин,
Цо къваригІараб рагІи
Къалмикьа борчІулеб куц.

* * *

Хонжрол балада, вацал,
Лъималазул цІарал хъвай, –
Лъалиниса къватІибе
Бахъулаго цІализе.

Кинабго ярагъалда,
Эбелалъул сурат чІвай, –
Гьеб кодоб босулаго,
Намуслъун гІодоб лъезе.

* * *

Дуниялалъул рокъоб
Щуго минут балелги,
Щунусго, азарго сон
Балел гІадин рукІуна.

Щуазарго сон балел
Рорхатал нилъер мугIрул,
Метер холел кинигин,
Хиялазда рукIуна.

* * *

Хунжруздагин хонжроца
Хъвана умумаз гIумру.
Дица хъахIаб кагътида
Пероялъ хъвалеб буго.

Бидуца авлахъазда
Хъвана умумаз тарих.
Дица гъаб щакъиялъулъ
Къалам ччун хъвалеб буго.

* * *

– МагIарулай, гъайбатаб
Партал кибе араб дур?
– Гъеб гъансиниб паракъат
Буго къоябго соналъ.

– Гъансиниса босун гъеб
Щай дуца ретIунареб?
– Даим хIалтIуда йиго,
ХIалхьараб заман гьечIо.

* * *

Къоло щуго вукIана,
Щуго гъудул хутIана.
Щугоязул кIигояв
КIудияб рагъда хвана.

ХутIаразул кIигояв
Дидаса рикIкIад руго.
Дунгун цо гъудул вуго,
Гъевгунги барщун вуго.

* * *

Февралалъго ганчIалъан

ГIурччин хер баккун буго.
ХIанчIи, гьебги лъачIого,
Гьаниса рикIкIад руго.

Гьел ахIизе иццаца
Лъарал ритIулел руго...
Дида лъаларо, гьудул,
Кида мун нахъ вуссинев.

* * *

МугIрул накIкIаз цIун руго,
ЦIер чIван хIоразда буго.
Ригьзабазул гордазухъ
ГохI гьабун гIазу буго.

Херав, унтарав чияс
Угьулеб буго хIухьел:
«Унго, ракьалде тIокIаб
ТIогьолъ их щвеладай» – ан.

* * *

Зодосан унеб гIазу
ГIодобе цIадлъун щвана;
ГIагараб ракь бихьигун,
Гьеб тамахлъун хинлъана.

Духъе, цабиги къиpщун,
Ццидалъ вачIунев дунги,
ЦохIо дуда бер чIвайгун,
ГIодове къулун чIана.

* * *

Ралъдал рагIалда кьуру,
КьижичIого эхетун...
Лъихъ балагьун мун бугеб,
Лъихъ гIенеккун мун бугеб?

Дунни балагьун вуго
Гьудул вуссунарищан,
Гьев вихьанин гьороца
Дие бицунарищан.

* * *

Дунялалда гIадамал
Раккун, тIерхьун рукIуна,
Гьорол карачалабалъ
Чвердолел ругел гIадин.

Гьаб дир бетIералдаги
Лъадал свераби руго.
Дун чанцIулдай тIерхьинев,
ТIаде кигIан ваккилев?

* * *

НакIкIазул илхъи буго,
ГIоразул лъимги гьекъон,
Рокъобе тIад буссунеб,
МугIрул тIогьазде унеб.

Гьаб гIорухъе щвезе мун,
Щайха, унго, ячIинчIей...
Щенон диде тIадегун,
Белъанхъилеб бугин цIад.

* * *

Дица жакъа буртина
Ургъунго рокъоб тана;
КIиялго рухIе абе
БухIун щвараб бакъуца.

Дица жакъа буртина
Ургъунго рокъоб тана;
КIиялго чуре абе
Чвахун балеб цIадуца.

* * *

Гьале гьанжеги гордухъ
Гаргадилеб буго цIад.
Гъугъайгун пирхи буго
Борхалъуда зобазда.

Гьедин гордухъ чIун дунги
Гаргадула дидаго.

Дица дийго щцин тана
Цогидазе рокьи кьун.

* * *

Бульвар къотIун къаси дун
Рокъой вачIунев вуго.
Щибаб гъотIокь рагIула
ГIисинаб щури-мури.

Дида щибго абулеб
РагIи рагIулеб гьечIо,
Амма кинабго бичIчIун,
Керен бухIулеб буго.

* * *

Дун гьайгун гъотIокь вуго.
Гъудуб цо фонаралда
ГьецIо речIани, диде
ГIайибги гьабилаха.

ГIайиб гьабун теларо,
ТамихIги гьабилаха...
Тамашаяб халкъ гьечIищ
Гьаб дунялалда бижун.

* * *

ГIадан радал ворчIигун,
ВорчIамиян гьимула;
Бащадаб къо арабго,
Цодагьав къварилъула.

Къаси бецIлъи щварабго,
Пикрабалъ гIенеккула...
ГIумруялъе буртина
ЩIад къотIарабго кьола.

* * *

Рорхатал хъахIил зобал,
Дир бетIералде тIаде
ТIун рачIинин нужилан,
Ккола цо-цо мехалда.

Дагъистаналъул мугIрул,
Нужее рецц, баркала, –
Нужеца ккуна зобал
ХIубаз рагъи-тIох гIадин.

* * *

Дир школалъ гьикъула
Гьудулзабазул рахъалъ.
Пашманго жаваб кьола:
ГIемерал камун руго.

Дир школалъ гьикъула
Гьудулзабазул рахъалъ.
Вохун жаваб гьабула:
Гьезул ватIан цIун буго.

* * *

Дунго вуго сверулев
Цере лъалел бакIазда.
РакIалде руго щолел
Щварал нухал, дир ихал.

Щиб жо дида лъалареб
Дир гIумруялъул цойги...
Дида циганай йиго.
Цебе хъат кквеян лъугьун.

* * *

Рукъалъ гьикъулеб буго:
Дур вацал кир таралан.
Дица бицунеб буго...
Пашманлъула мина-ригь.

Рукъалъ гьикъулеб буго:
Эмен кив хутIараван.
Дица жаваб гьабула...
Пашманлъула мина-ракь.

* * *

Кагъат почалда лъуна...

Гьанже ракI бухIун вуго,
Херав мадугьаласде
Салам хъвазе кIочана.

Херав мадугьаласде
Дир салам бугин абун,
ЦохIо гьереси бице,
Гьарула дуда, гьудул.

* * *

Щай къваридго дандчIвалеб
Дида мун, инсул мина?
Дуда дун лъачIогонищ,
Дур лъимер кIочон тунищ?

Рукъалъ жаваб гьабуна:
Дида мун лъикI лъалилан,
Амма мун гьоболгIанги
Гьаниса хех унилан.

* * *

Гьаз цо рагIи абула, –
Гьура, гьура абула.
Цоги рагIи абула, –
Гьура, гьура абула.

Гьазухъ балагьун вуго
Тамашаго гIиял вехь,
Гьални чагIи гурилан,
Дир чахъаби ругилан.

* * *

Дун магIарул росулъе
Лъелго вачIунев вуго.
Лъелав дунги нахъа тун,
Ана чодул рекIарав.

Дица данде ккарасда
Щив гьадаван гьикъана,
Финотделалъул агент
Вугилан жаваб кьуна.

* * *

Зодил борхалъиялда
Бихьула цо къвекIаб цIум.
ГIисинал къудкул руго
Ахадехун чIичIилел.

Къудкузда ккола жалго
ЦIумал ругилан абун...
Амма цIудул кваркьаби
Кьун гьечIо гьел хIанчIазе.

* * *

Мун балагье хъергъуялъ
Куркьби тIиритIараб куц!
Дунялалда къвал базе
Къасдалда бугин ккола.

Хъергъудал куркьби гIадал,
Кверал анищ дие цо! –
Каранде дандеги къан,
ГIаламалда къвал базе.

* * *

ЦIумазухъ гIищкъу ккараб
Улкаялда гIуна дун,
Амма Японниялда
Къункърабаз къварилъана.

Гьелги кодор ккун хвана
Хиросималъул ясал...
Фудзия къотIун унеб
Буго къункърабазул тIел.

* * *

МугIрузде унев вуго,
Дида гьел лъалел гьечIо.
Лъималаз бицунеб мацI
Инсуда лъалеб гьечIо.

Дица пикру гьабуна,
Гьаб нилъер миллаталъе

Ахириял поэтал
Гьал жакъа ратилилан.

* * *

ГIужде щолей яс йиго
Агьиялда гIодилей.
Унго, жинда гьагъав вас
Тохлъукьего къочанин.

Гьелда тIад релъанхъулел
Руго тIолго гIадамал...
Огь, ясалъул гIадаллъи,
Огь, гIадамазул квешлъи!

* * *

Вас щцидаца цIун вуго,
ЦIад балилан къасиги –
Ясгун кин гьав дандчIвалев,
Биччараб гъотIол харилъ?

Ясалъ абулеб буго:
ЦIадакьа хIинкъугейин,
ЦIараб мехалда вачIа,
ГъотIокь цадахъ риччилин.

* * *

Цин васас гъал цIацIанин,
ГIодана гьитIинай яс.
Цинги гьев къочанилан.
ГIодана гIолихъан – яс.

Хадуб тIолго гIумруялъ,
ГIолохъанав вас вокьун,
Рокьул талихI кьечIого,
Угьдана гьайбатай яс.

* * *

Пандурги кодой босун,
Дица гьикъулеб буго,
Мун хъванищ МахIмудица
«Марям» ахIарабилан.

ЧIвабзазда кIутIарабго,
Гьез «уян» жаваб кьуна...
Дица хIинкъун, гьебмехалъ
Пандур магIида бана.

* * *

ХъахIлъарав херав вуго
Харбида годекIанив...
Харбил бакьулъ цеесан
Цо херай кIодо ана.

Херав хабарги кIочон,
ГьакIкIан кIалгун хутIана...
КIодохъ бахIараб мехалъ
Гьесул гIищкъу букIана.

* * *

Балагьана, чвантиниб
Тамахьо кIочон буго.
Балагьана, рукьалда
СагIат хIалтIулеб гьечIо.

СагIтил иш бигьаяб жо,
Тамахьо бугебани, –
Танхьил кIуйдулъан дида
Дирго къасдал рихьула.

* * *

Цин аскIоб бугин ккола
Дида борхатаб мегIер.
Гьениве вахунелъул
Ахир батулеб гьечIо.

Бигьаяб ишин ккола
Дида гьал кучIдул гьари;
Ва амма гьел хъвазегIан
ЗахIматаб жо батичIо.

* * *

МугIрузул гIодой риччай,

ГІораз рачунел бакънал,
ГІадамазул берцинлъи,
Дунялалъул гьайбатлъи...

Баркала, гьудул, дуе,
Мун данде чІвачІей ани,
Дие гІумру ракьалда
Бокьилароан гьадин.

* * *

Цо-цо мехалда ккола,
Цо лъагІелалъ хун лъикІан,
Хадув тІадеги вахъун,
ЦохІо духъ балагьизе.

Мун пашманго ятани,
Вохун духъе вачІине, –
Рохалида ятани,
Нахъойги хвезе ине.

* * *

Къаси щвана росулъе...
Сардида вахъун дица
Зобалазда гьикъана
Рогьунебго гьечІищан.

Рогьарабго тирана
Къоялъ дун гІолилалгун,
ГІорул лъеда гьикъана
Къаси мех щоларищан.

* * *

МугІруздаса гІодоре
ГІорал чвахулел руго.
Чуял гІадин полпил цІун,
Гьел рекерулел руго.

Карачелал, цоцазулъ
Къец бан кучІдул цІалулел,
Цодагьаб жо гьекъарал
Поэтал гІадин руго.

* * *

Щай мун хабар гьечIого
ГIенеккун чIарав, гьудул?
Беразул пашманлъи щиб,
Гьурмал гIодой биччай щиб?

Дие, нухда унаго,
Гьудулас жаваб кьуна:
Гьадаб магIарда нахъа
Инсул росу бугилан.

* * *

Дир чIварал гьудулзаби
ЧIаголъула дир рекIелъ, –
ЧIаго вугев цо гьудул
Цевего хвана рекIелъ.

ЧIваразул канлъи, хинлъи
ХутIана гьинал рекIелъ, –
Гьаб ракьалда тирулес
ТечIо щибго лъалкI рекIелъ.

* * *

Гьудулзабигун цадахъ
Къоялъ велъулев вуго.
Къаси дунго хутIидал,
Агьан гIодулев вуго.

ГIагарал цIваби, тIерхьа,
Дие гIакъуба кьоге,
Дунялалда хваразул
Хабар дие бицунге.

* * *

Дида Клотаялда
РитIучIал данде чIвана.
Лълъаралги ккун, конфетал
Кванаян гьезий кьуна.

Хадуб унеб мехалда,
Гьез дун нухарегIана.

Гьезул бералъ букIана
Дир ракIалъул пашманлъи.

Радал вачIарав гьобол
Хеккого нахъе уна.
Хекко бачIараб рокьи,
Кин нахъе унареб мун?

Дир рокьиялъ абуна:
Дун дуе гьобол гурин,
Мун араб мехалдаги
Жиб хутIизе бугилан.

* * *

ГIодобе биччараб накIкI
БукIуна, гьудул, халат;
Гьаб гьалдолеб ракIалъе
КигIан мехдай хутIараб.

Бищун гвангъараб чирахъ
Гьороца хекко суна;
Гьал дир беразул канлъи
Кидадай, гьудул, свина.

* * *

Дир чвантиниб гьечIо ракI,
Гьелда гIайиб гьабуге;
Гьеб духъ гIенеккулареб,
Дихъ кинан гIенеккилеб?

Гьеб цойгияхъ бихьунин,
Ццин бахъун мун лъугьунге;
Дур кодоб чIечIеб лъимер
Дида кодоб кин чIелеб?

* * *

«Хисардулев, чIей гьечIев» –
Огь, чIамучIал гIайибал..
Дун чIагояв чи вуго,
Зани чIварабго чIела.

Огь, чIеларо, чIеларо,

Заниги тун вахъина, –
ЦIакъ гIемер рокьи буго
Гьаб ракьалда дир рекIел.

* * *

Гьугъуб рохьой балагье,
Рохьоб гъутIбухъ балагье;
Гъозулцин цо анкьица
БукIунаро ккураб хIал.

ГъутIбузул бицинарин,
Гьугъул тIанхахъ хал гьабе...
Гьездаса дагьавищха
Дунги вукIине кколев!

* * *

ЧIамучIал харбал гIадин,
МугIрузде нухал гIадин,
ГIажаиблъи, халалъи –
Рогьунаро гьаб сордо.

Гьадин дун зигардигун,
Сардил бецIлъи кIалъана:
Дур гьудул рикIкIад вугин,
Гьев вачIингун жиб инин.

* * *

ЦIа сунареб гъансито
Росулъ цониги гьечIо.
Гьудулалъухъ рокьул цIа
Дир рекIелъ щай сунареб?

Даим чирахъ сунареб
Сордо дида лъаларо.
Дир беразул канлъи, мун
Щай кидаго сунареб?

* * *

Дида кколаан даим,
Дун цохIо чи вугилан.
Цинги балагьаравго,

Дун кIигояв ватана.

КIиго ракI батана дир
ЦохIо каранда жаниб, –
Амма цониги нухалъ
КIигьумерав вукIинчIо.

* * *

Дица дирго гIумрудул
ТIанса бессулеб буго.
ГIемерал кунал дида
Кинго ратулел гьечIо.

Дица дирго гIумрудул
КучIдул цIалулел руго
ЦIа гIечIого лъаларо,
ГIемерал кIочон руго.

* * *

Чабхъад унел хъачагъал
Хъачагъаз тIоритIула.
ВатIан цIунизе унел
Эбелалъ тIоритIула.

Хъачагъ, чIвараб мехалда,
ЧIегIерал гъудуз куна,
Багьадуран абуни,
Гъудулзабаз вукъула.

* * *

ЧIахъаги кIиябго квер,
ЧIахъаги кIиябго бер,
ЧIахъаги кIиго рагIи,
Дуца дида абураб!

ЧIахъаги мун йижараб
Гьаб росуги дунялги,
Дунялалда духъе дун
Вачанщинал нухалги!

* * *

Дидаго кIочон буго
Дун кIудияв гIун вукIин.
ГIолохъанай дир гьудул,
Дуе щай гьелъул бицун?

Дида бихьулеб гьечIо
Дир бетIер хъахIлъун букIин.
Дир бахIарай гIолилай,
Дуда щай гьеб бихьулеб?

* * *

Цогидав инсанасул
Ургъел, тIалаб гьечIони,
Азарго сон баниги,
Мун кIудияв гIеларо.

КIодолъигун гIаданлъи
ГIадамасухъе щола,
ГIадамазул унтиялъ
Живго унтараб мехалъ.

* * *

Мун сардида йихьана,
Дун сардица гуккичIо.
Радал данде чIварайго,
Мун жеги берцинлъана.

Ихдал ккана дир рокьи,
Дун ихдаца гуккичIо.
Гьоркьор хаселал ана,
Мун жеги хиралъана.

* * *

*Эффенди Капиевасе*

Дун гьечIого вачIарав,
Дун вачIинегIан чIечIев,
Дуца гьаб дунялалда
Дун пашман гьавураб куц.

Дур асарал цIалула
Гьудуласул кагъталлъун...

Дуца гьаб дунялалда
Дун чIухIизавурав куц.

* * *

– Дир талихI, киб бугеб мун?
– Мун вахинчIеб магIарда.
– Дир талихI, киб бугеб мун?
– Мун лъедечIеб гIор бакьулъ.

– Дир талихI, киб бугеб мун?
– Дуца хъвачIел кучIдузулъ.
– Дир талихI, киб бугеб мун?
– Кибго буго... балагье!

* * *

– Рохел, кибе унеб мун?
– Рокьи бугеб рекIелъе.
– Пашманлъи, кибе унеб?
– Рокьи бугеб рекIелъе.

– Лебаллъи, кибе унеб?
– Рокьи бугеб рекIелъе.
– Берцинлъи, кибе унеб?
– Рокьи бугеб рекIелъе.

* * *

Мех-мехалъ къец букIуна
Дирги заманалъулги.
Сон дир гъалатIал рихьун,
Жакъа белъанхъула гьеб.

Дица жаваб гьабула:
Дун дур поэт вукIанин,
Дуца гьабичIеб гъалатI
ГьечIин дир асаралълъин.

* * *

Дун гьитIинаб мехалда,
Гьадал нижер кьурабалъ
ГIемер иццал рукIана,
Дица кIал чIван гьекъолел.

Гьанже цогиялги къун,
ЦохIо ицц хутIун буго...
Цересел гьудулзабалъ
Гьанже мун хутIун вуго.

* * *

МугIрул гIор,
                                        дур гIамал щиб?
Ракъварал ракьалги тун,
Риччарал авлахъазде
Уна, хIажат гьечIого.

Дир ракI, дур хасият щиб? –
Мун хирияйги кIочон,
Щибго дур хиял гьечIей
ГIаданалъухъ угьдулеб.

* * *

Рокьуда дуца гьикъе
Кьурабазул борхалъи.
Кьела гьелъ дуе жаваб, –
Гьеб кибего бахана.

Рокьуда дуца гьикъе
Гучаб ралъдал гъварилъи.
Гьелъ кинабго бицина, –
Гьеб кибего лъедана.

* * *

Нилъ даим нуха руго,
Лъала нахъа тараб нух;
Амма тезе кигIан нух
ХутIун бугеб лъаларо.

Нилъ даим нуха руго,
Лъала щвезе кколеб бакI;
Амма щвелел, щвеларел
Лъиданиги лъаларо.

* * *

Цебе гIайиб ккарабго,
ГIин кьурана инсуца;
Ва унеб нух малълъана,
Белалъ лъарада гIадин.

Гьанже гIайиб ккарабго,
ГIин кьурула заманалъ...
КочIохъанас бакъназда
Рекъон бачун лъикI пандур.

* * *

Рихьула дир асарал
БатIияб мацIалъ дида:
БатIиясда ретIараб,
МагIарул тIимугъ гIадин.

Рихьула дир асарал,
Редакторас квер лъурал:
ГIолохъанго чарлъараб
Чиясул бетIер гIадин.

* * *

Рагьдухъ гIодов чIун вуго,
Тамахаб гьури буго.
ГьитIинай яс, квенчIелда
БетIер лъун, кьижун йиго.

КигIан рикIкIада бугеб
Гьаниса Хиросима...
Хирияб лъимер дица
Жаниб рокъой бачана.

* * *

Гьудуласул гьудулалъ
Гьудуллъиялъе дихъе
Гьудул ячун ячIана
Жиндасаго сурукъай.

Ва, гьудуласул гьудул,
Гьудуллъиялъе дие,
Цо гьудул дуе щварай,
Щвезего бегьиларищ?

* * *

Баккулебгин тIерхьунеб
Бихьула кIиго канлъи.
Гьедин бихьула гIумру
ГIадамазулги дида.

Бакъ баккуда кунчIараб
Канлъи буго дир лъимер.
Бакъ тIерхьуда тIагIунеб
Буго дир гIумрудул цIа.

* * *

Лъабго гуреб кечI гьечIо
КучIдузул дунялалда:
ТIоцебесеб ахIула
Эбелалъ лъимадуе.

КIиабилеб ахIула
Эбелалъ вас камигун.
Лъабабилеб кечI буго
Киналго хутIанщинал.

* * *

Чвахун унеб гIоралда
Гьикъулеб буго дица,
Бищунго берцинаб бакI
Киб дуда бихьарабин.

ГIоралъ жаваб гьабуна,
Жиб бижараб кьуругIан
Берцинаб бакI лъачIилан,
КигIан дунял лъаниги.

* * *

Жиндирго рагIад мерхьун,
ГIадан инчIо цевехун.
ГIумруялъ гьел кIиялго
Цадахъ уна сапаралъ.

Жиндирго рагIад мерхьун,

ГIумру уна цебехун.
ГIадамал, нилъ рагIадал,
ТIагIунел куц цо-цо ккун.

* * *

Дихъ чIухIун балагьуге,
Дунго чIухIарав вуго:
Хур бекьизеги лъала,
Чу кьолозеги лъала.

Беразда канлъи буго,
Кверазда къуват буго...
Дихъ чIухIун балагьуге,
Дунго чIухIарав вуго.

* * *

РикIкIадал улкабазда
Цодагьал берал къанще,
ЦебетIамила дуда:
Дур мугIрул гIаздал лъарал.

РикIкIадал улкабазда
ГIенекке мун, рагIила:
Дур гIагарай эбелалъ
Кинидахъ ахIараб кечI.

* * *

Дун металлъун ватани,
Дир монетал гьаруге;
Гьезул чвархъи-кунчIиялъ
Дир кечI къварид гьабуна.

Дун металлъун ватани,
Дидасан ханжар гьабе;
Гьелъул чвархъи-кунчIиялъ
Дир кечI чIухIизабуна.

* * *

Дунял, дунял абула...
Балагьидал дуниял
Цо-цоязе понцIолеб

ГьенцIеро букIун буго.

ГIадан, инсан абула...
Балагьаравго гIадан
ЦIалалъ бухун хенолеб
ГIандарак вукIун вуго.

* * *

Рукъ гIарцул цIуразулги
ГIумру хашаб букIуна.
Ханжар рекIаразулги
РакI хIинкъараб букIуна.

ТIагъур бекун лъуралги
БетIер гьечIел рукIуна.
РекIел гъварилъуде щун
Балагье гIадамазухъ.

* * *

– МагIарул зурма, гьанже
Дур гьаракь хъачIлъун буго.
– Дир гьаракь хъачIлъиларо
МагIарул ракI бугесе.

– МагIарул зурма, хехго
Дур гьаракь къине буго.
– Балагьизе вачIа мун
Азарго соналдасан.

* * *

Дун вукIарав ани бакъ...
Къаси мех цIехечIого,
КъваригIараб бакIалде
ВачIинаан гвангъизе.

Дун вукIарав ани цIад...
Их, хасел гьикъичIого,
Дихъ къечараб ракь бихьун
Чвахилаан майилан.

* * *

Цо мугь ракьулъ букъани,
Гьенисан тIор баккула.
Дун вукъараб бакIалда
Щибдай, унго, баккила?

ХъахIал карачелалищ,
Керчаб гIурччинаб херищ,
Дун хьвадарал гIагарал
Кьурабазул гамачIищ?

* * *

Дур кучIдухъ гIенеккизе,
Дур харбахъ гIенеккизе
РачIунаан гIадамал
Кидаго духъе, эмен.

Гьанже мун вуцIцIухIун чIун,
АнцIабго сон аниги,
Духъе церего гIадин,
РачIунел руго чагIи.

* * *

Урхъула ракI жубарав
КIиго гьудуласда дун,
Лъабабилев гьудуллъун
Гьезул вукIине бокьун.

Амма кIиго гурони
Кваркьи гьечIо хIинчIалъул, –
Кидаго гьезда хадув
Бахиллъун, хал гьабула.

* * *

Дида ракIалде ккола,
Ун, рачIунел къункъраби
Цо къо бан рещтIанани
Бакъул Дагъистаналда,

Гьел цIумалго кинигин,
Гьанирго чIелаанин,
Гьадинаб камилаб бакI
КибгIаги гьечIин абун.

* * *

Цоял – хвалчен рекIарав,
Цоял – гIакълу рекIарав
ВукIине кколин имам,
Къацандана наибал.

Лъаларо щиб рекIарав
ЛъикIав вукIунев имам;
Амма кочIое имам
Кинабго рекIарав лъикI.

* * *

ТIорщалил авлахъалда
ХIалухъен лъикI бижизе,
Лъилъула гIадамаца
КъваригIел гьечIеб сусур.

Рагъазул авлахъалда
Сусур гуро лъилъулеб,
Бищун лъикIал, гIащикъал
ГIолохъаби лъилъула.

* * *

МагIарухъ гIемер лъикIал
Лъимал гьаруна, гIуна;
Гьел гIолилал рагъда чIван,
ГIодана мугIрул чIужу.

МагIарухъ жеги лъикIал
Лъимал гьарулел руго;
Лъаге гьезда рагъилан
Гьарделел руго улбул.

* * *

Бицуна, Шамилица
Жиндир каранлъ къараб хеч,
Ханжаралъ тушманасул
Габур къотIун, бахъанин.

Досул талихI, каранда

Дур берзул чIор щвечIолъи...
Щибунги гьеб бахъизе
Досда кIвезе букIинчIо.

* * *

ЧагIи руго поездал...
Гьел рачIуна, гьел уна.
Дуниял буго вокзал –
ДандчIвала, тIоритIула.

Вокзалалъул дежурнас
Дие цIумур кьабигун,
Ина дун, поезд гIадин,
Гьенисан цо нухалда.

* * *

Нухазда дун гьардола
Гьудулзаби рачеян.
Нухаз жаваб гьабула:
Жакъад гурин, метерин.

НуцIбузда дун гьардола
Гьудулзабаз рагьеян.
Гьез дие жаваб кьола:
Жакъад гурин, метерин.

* * *

«Казаб» абулеб дарман
РагIула устарзабахъ.
Меседалъул бацIцIалъи
Гьеб хъван лъалеб рагIула.

«Казаб» абулеб дарман
Буго халкъалъул рекIелъ.
Цо гьерсилаб мухъ ккани,
КочIолъ гьезда гьеб лъала.

* * *

Дун гьавураб мехалда,
Нижер гьитIинаб росулъ
Вас вугилан гIагарлъи,

Дида лъала, бохана.

Киндай дица ракьалда
Гьанже гIумру гьабилеб?
Дида, халкъалъ тIад лъураб
ТIагъур бортиларедухъ.

* * *

Дагьал гьаби хIапдани,
ХIинкъизаре, гьел чIола.
ГIемер гьаби хIапдани,
Гьезие хинкI рехула.

Цо-кIиго гьерсиласул
КIал къазени бегьула...
КIиго гуро, нусгояв
Вуго гьерсал цIалкIулев.

* * *

Борхалъуде рахунеб,
Эхей кIкIалахъе унеб
КIичIараб сухъмахъалъул
Шагьра гьабуна кечIалъ.

Гьури пулеб хасалил
Халатал бецIал сардал
ЦохIо бер рагьилалде,
Рогьинаруна кечIалъ.

* * *

– Кин ругел нуж, бихьинал?
– Лъудби лъикIал лъикI руго.
– Кин ругел нуж, бихьинал?
– Лъудби квешал квеш руго.

– Кин ругел нуж, руччаби?
– Росал квешал квеш руго.
– Кин ругел нуж, руччаби?
– Рос лъикIалги квеш руго.

* * *

«Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги» –
Кидаго магIарулаз
Гьадин гьарулеб буго.

Гьеб гьарухъ гIинтIамулел
ГIадамал гьечIогойищ? –
ГIаксалда гIуцIун буго
ГIемерисезе яшав.

* * *

Дир рахъалъан абула
Гьадинав, додинавин;
Дий гьай цояй йокьулин,
Цогияйгун хьвадулин.

Божуге, гьудул, гьезда –
Гьабго щинаб заманалъ
Дидагоцин лъаларо
Дие щий йокьулеян.

* * *

Рокъоб къец, дагIба, гаргар...
КъватIире рахъунелъул,
КъватIазда рагIизе гьеб
Дуца цадахъ босуге.

КъватIахъ мацIгин гьереси...
Рокъоре руссунелъул,
Рокъоб яшав гьукъизе
Гьел къватIахъа росуге.

* * *

Дуца цIадирабазда
ЦIазе лъе нус-нус пудал.
ЦохIо мугь цIикIкIаниги,
ЦIавулъ бащалъи хола.

КигIан гIемер гIищкъу кьун,
Назму гьабунаниги,
Цо гьижа рекъечIони,
Кинабго бакъан хола.

* * *

Гьал мугIрул бихьиназда
Куркьбал рукIаралани,
Киналго хIанчIазда гъорлъ
Гьел цIумал рукIинаан.

Гьал магIарул ясазда
Куркьбал рукIаралани,
Киналго хIанчIазда гъорлъ
Гьел маккал рукIинаан.

* * *

ХIанчIи тIад руссаралго,
Бохулаан гьинал ракI, –
Гьез рахунарел мугIрул
РагIула дир ракьалда.

Ихдалил бакъ щварабго
Хинлъулаан дир керен –
Гьелъул хинлъи лъачIелги
Руго магIарухъ бакIал.

* * *

Дир духъ бергьараб гIищкъу
ГIурдаде бортун хадуб,
ГIурччинлъи бухIилаан
Дагъистаналда тIолго.

Гьаб дир хIайранаб рокьул
ХIухьел хъван хадусала,
Хехал мугIрузул гIорал
Ракъвалаан киналго.

* * *

Нахъ таралги толелги
Нухал рорцунев вуго:
Цин натIцин батуларо,
Цин версталцин гIоларо.

Аралги рачIунелги

Дир сонал цIалев вуго:
Цин цо граммцин гьечIо,
Цинги тонна дагь буго.

* * *

Жеги дица ахIичIел
КочIол рагIаби руго,
Жегитг гьотIодаса
БетIичIеб гIеч кинигин.

Жеги дица абичIел
КочIол рагIаби руго,
Корохъ жеги гIанкичIеб
БогIол мугьал гIадинан.

* * *

КIудияб цIумур лъикIан
Гьаб дир нуцIида базе;
Дихъе гьобол щваравго,
Гьудулзаби ахIизе.

БакI-бакIазда щущарал,
Шагьаралда тирулел
Дирго шагIирзабазде
Хехаб ругьел битIизе.

* * *

Рокьи, мун гьечIони, дун –
ЧIваби тIутIураб пандур.
Гьелдаса пакъираб жо
Жеги дида бихьичIо.

Рокьи, мун гьечIони, дун –
Ханжар жаниб гьечIеб лъел.
Лъаралъе рехула гьеб
Ццин бахъун бахIарзаца.

* * *

Унеб буго дунիял,
МагIарде гьоко гIадин:
Цояца цебе къотIун,

Цогияца хадуб цIан.

Унеб буго дуниял,
КIкIалахъе гьоко гIадин:
Жинцаго цоял раччун,
Цогиял рехун, мерхьун.

* * *

Бекун тIагъур лъуниги,
Бихьинчи лъугьунаро,
Бихьинчи бихьинчилъун
Руччабаца гьавула.

КигIан михъ кьураниги,
БахIарчи вахъунаро,
БахIарчи бахIарчилъун
Рокьи ккаралъ гьавула.

* * *

Щиб жо гIолиласул ракI? –
РекIараб цIа... Квер хъваге!
Гьес цIал бараб чуялда
Хадуб щибго гъоларо.

Щиб жо гIолиласул ракI? –
РекIараб нус... Квер хъваге!
Лъалиниса бахъанищ, –
КьабичIого чIоларо.

* * *

Гъулдулъ васазул гьулак
Гьород кIикIулеб буго...
Гьезие гIумруялъул
ГIораз бакънал рачуна.

Гьезие цIар бугезул
ЦIумаз хабар бицуна...
КIикIулеб буго гьород
Гьулак гъулдулъ, кIкIалабахъ.

* * *

Гьудул, дур рукъзабахъе
Болъо борхалъанагІан,
Духъе нух халалъана,
Дудаса рикІкІалъана.

Гьудул, дур ригьзабазул
Азбар гІатІилъанагІан,
Дие бакІги дир ракІги
Ракьалда къварилъана.

* * *

Къокъаб букІин кечІалъул
Аслияб лъикІлъи гуро,
Аммаха халатаб кечІ
ЧІар гІемераб хур буго.

МугІрул тІогьир бегьула
Свераби гьарун ине,
Амма магІаруласе
Къокъид нухал рокьула.

* * *

Берзул канлъи унелъул
Квер хІанчІичІого тезе,
Берал кенчІолеб мехалъ,
Кодоб кквe гІумрудул лълъар.

Михъал дalараб мехалъ,
Хадув угьдунгутІизе,
Михъал кьурулеб мехалъ,
Борхун кьабе кьурулъ хІос.

* * *

Хьаг лъикІ гьалунин абун,
Квание къимат кьоге,
Хьагиниса бахъун гьан
Духъе квине кьечІого.

Бакъан лъикІаб букІунин,
КочІое къимат кьоге,
КочІол рагІаби дуда
РагІун, ричІчІун гурони.

* * *

– Ихдалил багIараб бакъ,
Дур чIоразул къимат щиб?
– ГIазу барабго вачIа,
Гьанже бичIчIизе гьечIо.

– ГIолохъанаб замана,
Дур къоязе къимат кье!
– Мегеж хъахIлъигун вачIа,
Гьанже бичIчIизе гьечIо.

* * *

МагIарул гIолохъабаз
Гьудуллъи щулалъизе,
Буртинаги хвалченги
Хисулаан цоцазе.

Нилъеца, поэтаца
ТIахьал хисулел руго;
Хвалчабиги гьел нилъер
Буртабиги гьел нилъер.

* * *

Огь, чанги гIадат буго
МагIарул гIадамазул, –
ГIаламалъ гьел росани,
ГIалам камиллъилаан.

Огь, чанги гIамал буго
МагIарул гIадамазул, –
Дунялалъ гьел росани,
Дунял берцинлъилаан.

* * *

Цо-цо чагIи рукIуна
Жал талихIал ругилан,
ТалихI гьезда белъула
Бальго, ахIмакъзабиян.

Цо-цо чагIи рукIуна

Жал рохарал ругилан,
Рохел гъоркьан гьимула,
Гьай, гIабдалзаби, нужан.

* * *

БагIарбакъул чIораца
Ракъвазарула хурдул.
Йокьулей, дур бакъ камун,
Вакъван холев вуго дун.

ЦIадал гьарзалъаралго,
Пасалъула хIалухъен.
Дур цIадал къатIра камун,
Къечон холев вуго дун

* * *

Бакъ бачIинахъе щолеб
Щоб букIуна магIарухъ;
Хадуб щола бачIун гьеб
Парсахъе, кIкIалабахъе.

Дун кинаб кIкIалахъ вугев?
Дун кинаб парсив вугев?
Дур бакъул канлъи дихъе
Киданиги щоларо.

* * *

Надиршагьас гьикъана,
Щив нужер бетIерилан,
Жив щущазе гьавурал
МагIарул гIадамазда.

МагIарул чIужугIадан
Гьесда цее ячIана,
Гьале нижер бетIеран,
Цо гьитIинаб лъимергун.

* * *

Мун, улкаялъул гIурхъи,
Гьадинго гIурхъи гуро.
Мун бахун унеб мехалъ,

Лъана мун дида щибан.

Нуха унеб мехалъ мун –
Дир къварилъидул гІурхъи.
Духъе вачІунеб мехалъ –
Мун дир рохалил гІурхъи.

* * *

Арал сонал къваригІун,
Гьезда хадув холев дун,
ХутІаралги къваригІун
ГурхІел гьечІеб замана

Гьадинаб квешаб цІогьор
Киданиги бихьичІо,
КигІан такъсир кканиги,
ТамихІго букІунареб!

* * *

МугІрул кІкІалахъ иццуниб
Бортараб гІарац гІадин,
ГІажаибго дир рекІелъ
Буго, гьудул, дур рагІи.

ХІорил рагІалда чІараб
РитІучІил тІинчІ кинигин,
Дир тІелхилъан балагьун
Буго, гьудул, дур магІу.

* * *

Гьудул камуна дие,
Гьудул камуна дие...
Квер гьечІо дир бадиса
МагІил горо бацІцІине.

Гьудул камуна дие,
Гьудул камуна дие...
КечІ гьечІо дир ракІалъул
Унти бигьа гьабулеб.

* * *

Лъимал релъулел руго, –
Дир рекIелъ хIинкъи буго.
Бакъукь хер, хурзал руго, –
Дир рекIелъ хIинкъи буго.

Космосалда чи вуго, –
Дир рекIелъ хIинкъи буго...
ХIинкъигIан къваридаб жо
Жегиги данде чIвачIо.

* * *

ГIадан рохалилъ вуго...
Щай, мугIрул, руцIцIун чIолел?
ГIадан гIодилев вуго...
Щай, мугIрул, руцIцIун чIолел?

ГIадан гьавуна, хвана...
Щай, мугIрул, руцIцIун чIолел?
Цо гучаб рагIи абе,
Щай, мугIрул, руцIцIун чIолел?

* * *

Къваридго балагьула
Гьанже дун гIадамазухъ...
Лъица гьал гIадамазе
Гьабго щинаб щцин кьураб?

Цоцазда щибаб къойил
Къарал зарал рихьула,
Къвалал жемун ракьалда
Бокьухъе тируларо.

* * *

РакI хIеренал руччабаз
Гьаруна нилъ, гIадамал.
ГIумруялъ нилъер каранлъ
Кинан гьал ганчIал лъурал?

ГIамал берцинал лъимал
Лъудбуца кьуна нилъей.
Щай гьаб дуниялалда

Гьадин нилъ хъачIлъун ругел?

* * *

Дуниялалъул ахир
Гьанже дида гьеб лъала:
Ялъуни алжан буго,
Ялъуни жужахI буго.

ЖужахI букIине буго,
Ракьалда кьвагьи ккани...
Кинаб бищилеб дуца
Дуниялалъул ахир?

* * *

Аллагь, вачIа, гIодов чIа,
Дие гIоло кечI гьабе.
Гьаб кьурда гIодой чIарай
ГIолохъанай ясалде.

Дуда бихьулагури,
Дие замана гьечIо.
Гьелъ ккун руго дир кверал,
Гьелъ цIцIун руго дир кIутIби.

* * *

Бекерулеб гIанкI гIадин,
ГIедегIуге мун, инсан, –
ГIанкIил кинабго гIумру
КIиго-лъабго сон буго.

Цинги щурункъверкъ гIадин,
Щурун, хIинцIго хьвадуге, –
Щурункъверкъалъул гIумру
КIинусиде бахуна.

* * *

Мун гьудул ватанани,
Гьанибе дихъе цIа кье:
Гьежда лъураб дур кибераль,
Кинабго дур рагIиялъ.

Мун гьудул ватанани,
Гьаб дир ракI бохизабе:
АхIулеб дур кочIоца,
Рицунел дур харбаца.

* * *

Гьанже дир рокьи ккана,
Кье дихъе чу, воржина.
Гьанже дир рокьи ккана,
Дун космосалде ина.

Гьанже дир рокьи ккана,
Кинабго дунял тирун,
Дуе, хирияй гьудул,
Накаби чIван къулила.

* * *

Рахъарал тIахьал руго,
Нахъ тарал нухал гIадин,
МугIрузде вахаралги
Эхеве вачаралги.

Рахъарал тIахьал руго,
Рахъарал хъулби гIадин,
Цояца пайда кьуна,
Цоял гьадинго ккана.

* * *

Ццидалъ цоцалъ рагъулел
Гьалагал бихьиназда
Гьоркьобе чIинчIу рехе, –
Гьезул хунжрул рортула.

Огь, хириял руччаби,
ЦIияб рагъ къачIалезда
Нужер магIил цIураб шал
Щибизе бихьулареб?

* * *

Пашманлъуге, дир гьудул,
Дур халкъ гьитIинаб бугин, –

ГьитIинаб гордухъанги
Гучаб ралъад бихьула.

Абуге дуца, гьудул,
Нилъ, дагьал гIадамалин, –
ГIисинал мугIруздаги
Месед, якъут батула.

* * *

РагIаби – тамахаб квас,
КучIдул руго буртаби:
Квас самула, бухула,
Гьел буртаби гьаризе.

РагIаби руго кунал,
КучIдул руго тIансаби:
Кун белъуна, бессула,
Гьел тIансаби гьаризе.

* * *

Сонал гъутIби ратани,
Ах буго нилъер гIумру,
Унго, чан цIияб гъветIдай
ТIегьалеб нилъер ахикь.

Сонал чуял ратани,
Илхъи буго гьаб гIумру.
Чан хIарадай бачIина
ХIихIизе дир мугIрузде.

* * *

Киналго ралъадазул
Цо релълъараб мацI буго;
Кибго гьезул кIодолъи,
Кибго гьезул берцинлъи;

РагIал гьечIеб гIатIилъи,
ГIажаибаб гъварилъи...
ГIадамал квешлъанани,
Раче ралъдал рагIалде!

* * *

Дий гьаб канлъи гIоларо,
Кодобе кье, тIубан бакъ;
Босулеб квер дагь буго,
Керен рагьун, бихье ракI.

Дие рекъел гIоларо,
ГIищкъу кье гIаламалъе;
Киналго гIадамазулъ
Баке гьудуллъидул цIа.

* * *

Рагъул кино бихьарай,
Кьалул кучIдул рагIарай,
Дир мугIрузул гьитIинай
Ясалъ дида гьикъана:

Малъ гIанасел лъимал ниж
Ракълида рукIунила;
Рекъон чIезе кIоларел
КIудиял чагIи щалин?

* * *

Поездал кватIун щола,
Замана кватIуларо.
Кидаго сон хисула
Январалъул сардида.

КватIуге мун, дир гьудул,
Унеб къо тIобитIизе,
Цинги тIаде щолелда
ТIагъур бахъун дандчIвазе.

* * *

Мун бихьинчи ватани,
Бихьинчиясул рекIелъ
БукIине ккола айгъир,
Кьоло-гъолон къачIараб.

ЧIужугIадан ятани,
ЧIужугIадан, дур рекIелъ
БукIине ккола кини,

Камилав вас вущараб.

* * *

ЦIи бахъараб кочIол тIехь
Кодоб ккун буго дица,
Эбелалъ гьанже-гьанже
Гьабураб лъимер гIадин.

ЦIи бахъараб кочIол тIехь
Кодоб ккун буго дица,
Кодобе кьураб байрахъ
Рагъухъанас кинигин.

* * *

Физикалъ ратила гьанже поэтал.
Поэталъ ратила гьанже физикал.
КIиязулго хIалтIи хIинкъараб буго,
КIиязулго хIалтIи хIажатаб буго.

КIиялго гIатIидаб дунялалдаса
ГIолохъанго уна, хеккого хола.
КIиялго чIоразул унтиялъ чIвала,
КIиязго чIахIиял лъалкIал нахъ тола.

* * *

ЛъугIана поэма – къотIана тIанса,
ТIибитIе гьеб гIодоб, балагье гьелъухъ.
Босе кIукьмахх кодой, къунцIе гьал кунал,
КъачIай, ритIизаре сукIарал бакIал.

ЛъугIана поэма – бекьана авлахъ,
Нахъеги цIидасан хал гьабе гьелъухъ.
Гьоркьор хутIаралги тIасан ккаралги –
Киналго бакIазда бахье цоги рахъ.

* * *

Африка, мун нахъе ккезе букIинчIо,
Нахъасан мун кколел рукIинчIелани.
Африка, мун цебе ине букIана,
Цере чIван сангарал рукIинчIелани.

Африка, нахъккараб бугин абуге,
Нахъа балагьилин гьелъ щиб гьабулеб. –
Нохъода рижарал маргьабаз гурищ
Гвангъарал шагьарал ва гьундул рарал?

* * *

Дир мугІрул тІалъидул гьитІинаб горду
ГІатІидаб ракьалде рагьараб буго;
Гьелда цебе чІоге, мугъ гІебаб тайпа,
Те хъахІилаб ральдал гьулчи бихьизе.

Биччанте дунялги дир Дагъистанги
Цоцазда рихьизе, цоцазда лъазе.
Горда цере чІоге, биччай рокъой бакъ,
Биччанте бакъуде къалъизе ВатІан.

* * *

ЛъикІаб гІадат буго: гІадан камигун,
Гьал казиятазул гьурмада дида
Гьесухъ ракІ гІодарал гьудулзабаца
ГІагаразде балеб зигар батула.

Амма суал буго гІадамазе дир,
Инсан гьавурабго, гьесдаса бугеб
Рохелги чІухІиги казиятазда
Киданиги дида щай батулареб?

* * *

ГІагарай эбелалъ нухарегІарав
МугІрул бахІарчияс ва гьесул чоца,
ТІадвуссараб мехалъ, баркалайилан
Накаби чІвалаан, эбел дандчІвайгун.

Гьанже дир чу гьечІо, гьелъул бакІалда
КочІол илхъи буго улка тирулеб.
Дица гьелда цадахъ баркалайилан,
Накаби чІвала дуй, хирияй эбел.

* * *

Цо-цояз лъим гьекъола,
Цо-цояз рахь гьекъола,

Цо-цояз би гьекъола,
Дица чагъир гьекъола.

Лъим гьекъолезул рахъалъ,
Рахь гьекъолезул рахъалъ
Би гьекъолезде данде
Дица чагъир гьекъола.

* * *

Дида дир гьитIинаб мех
Бихьула белъанхъилеб;
Дида лъала, гьанже дун
Гьединав вукIинаро.

Дида херлъи бихьула
Ургъалида, пашманго;
Гьеб мех дида бихьилеб,
Бихьилареб лъаларо.

* * *

Радал дий баккичIеб бакъ
Къаси кинан баккилеб?
Къо лъикI, дир рекIел хьулал,
Къо лъикI, дир рекIел хьулал...

Ихдал дий тIегьачIеб тIегь
Хасало кин тIегьалеб?
Квер хьвагIун те анищал,
Квер хьвагIун те анищал...

* * *

Сонисеб къо букIана,
Жакъасеб гьале буго;
Метерисеб букIинеб,
БукIинареб лъаларо.

Сон дир гьудул вукIана,
Жакъа гьев дунгун вуго;
Метерисев вукIинев,
ВукIинарев лъаларо.

* * *

Гьабсагӏат араб сагӏат
Дидаса рикӏкӏад буго,
Кигӏан рикӏкӏада бугеб
Ахираб къоялдаса.

Гьанже дица босараб
Хӏухьел рикӏкӏада буго,
Ракӏги ккун, хвалда цебе
Босулеб хӏухьладаса.

* * *

Лъар гӏадин чвахун уна
Нилъер гьитӏинаб заман.
Гьитӏинго рагӏараб кечӏ
Хутӏула нилъер рекӏелъ.

Гӏор гӏадин чвахун уна
Гӏолохъанаб замана.
Гӏолохъанго гьабураб
Гьунар хутӏула даим.

* * *

Гьеб бигьаяб иш гуро,
Бергьараб гьунар гьаби.
Гьелдаса захӏмат буго
Гьунаралъул цӏар цӏуни.

Захӏматаб унти буго
Рогьояб пиша гьаби.
Гьелдасаги захӏматаб –
Рогьо нахъе бахъизе.

* * *

Щиб жо гьунар? Цо къоялъ
Гьабула гӏолихъанас;
Гӏумруялъ гьеб цӏунула
Цӏакъго цӏакъ лебалаца.

Щиб жо рогьо? Цо сагӏат
Босула хӏалихьатас;
Нусго соналъ кидаго

Баччизеги ккола гьес.

* * *

Мун рекIелъа камуни,
РакI щай дий къваригIараб? –
НагIали гьечIеб баргъич,
Хъаравул гьечIеб сагIат..

Мун йихьулареб мехалъ,
Дий гIаданир берал щай? –
ХIанчIи гьечIел бусаби,
ЦIа сварал гъанситаби.

* * *

Унтун буго, гьудул, ракI,
Сверун тIупун буго накIкI.
ГIодо вукIа, гьале бакI,
Бахъе шишаялъул сакI.

ТIурун унеб буго гIанкI,
ГIазда буго гьелъул лъалкI.
Гьелъул гIумруялда тIанкI
Дица лъелин, кье туманкI.

* * *

– Бице, аваданав дур
Пашманаб кечI щай бугеб?
– Цо-цо керчаб гъотIода
Гъаримаб гIеч букIуна.

– Щай, гIодой виччарав дур
Кепал кучIдул рукIунел?
– Кепал умумазеги
Пашманав вас гьавула.

* * *

Дун пашманав чи гуро,
Дуца пашман гьавула,
ГIазу балеб мехалда,
Нухда бугеб гъветI гIадин.

Дун вохарав чи гуро,
Дуца вохизавула,
Их тIаде щвараб мехалъ,
Щобда бугеб гъветI гIадин.

* * *

Рогьалида дир эмен,
ГьитIинав дунгун тIингъилъ,
ТIаса тIохдеги вахун,
Валагьулаан сверухъ.

Гьанже рикIкIалъаниги,
РакIалде ккола цо-цо,
Жеги дун инсул тIингъилъ
Гьадабго тIохда вугин.

* * *

Цо рукIкIенцин гьунареб
ГьитIинаб картIинисан
Гьури бачIуна рокъой,
Ганщил бетIер гIанасеб.

Гьелъ бикъула рокъоса,
Гьениб батараб хинлъи...
Хола кечIалъул рахIат
Цо чIимигIаб рагIиялъ.

* * *

Къед цурав чиясухъе
РикIкIадисеб нух буго,
РекIел цIайи гьечIони,
Гьев гьудул ватичIони.

Кивехун вукIаниги,
РикIкIаде ананиги,
РекIел гьудуласеги
Диеги манзил гьечIо.

* * *

Къаси дун Бандунгалда
ТIуркIун ворчIана сардилъ;

ТIинкIун унеб батана
Бадиса магIил горо.

Огь, магIил горо, тIинкIе
МугIрул кьурул сиязде;
Дир рокьи гьениб тIуни,
ТIегь баккила ганчIазда.

* * *

РакIни буго каранда
Кидаго гьалдолеб дир.
Куркьбал гьечIо, гьабсагIат
Вахъун, духъе воржине.

КIал-мацI буго кидаго
Дур цIар къойил щурулеб;
Дуда гьеб рагIуларо,
МугIрузда гIазу буго.

* * *

Цо-цояца абула
Мун гьитIинлъулеб бугин,
Нижго гьитIинлъун руго,
Гьайбатаб Каспи ралъад.

Мун кидаго кIудияб,
Мун кидаго берцинаб,
Кидаго хисулареб,
Хирияб Каспи ралъад.

* * *

Ралъад кIалъазе биччай,
Мун кIалъаге, гIенекке.
Ралъад кIалъалеб мехалъ,
КIалъалароан Данте.

Карачелаз ахIе кечI,
КочIохъан вуцIцIухIун чIа;
Гьез кечI ахIулеб мехалъ,
СихI тун чIолаан Пушкин.

* * *

– Лъица, бице, ботIрол кар
ХъахIаб кьералъ белъараб?
– Дун чIегIерал сардаца
Белъана хъахIаб кьералъ.

– Лъица, бице, лага-черх,
ЧIегIер гьабун белъараб?
– Дун багIараб бакъуца
Белъана чIегIер гьабун.

* * *

– Дуй гьадав чи вокьулищ?
– Дов чи дида лъаларо.
Дир щибго гIилла гьечIо
Гьадав гIадан вокьизе.

– Дуй гьадав чи вокьулищ?
– Дов чи дида лъаларо.
Дир щибго гIилла гьечIо
Гьадав вокьунгутIизе.

* * *

Дун, Дагъистанияв, дуда гьеб бичIчIа, –
ВачIун вуго дихъе къаси цо гьобол.
Дица бокьаниги бокьичIониги,
Макьу тун, гьев къабул гьавизе ккола.

Дун кочIохъан вуго, дуда гьеб бичIчIа, –
БачIун буго дихъе къаси цо асар.
Дица бокьаниги бокьичIониги,
Макьу тун, къаси гьеб бицине ккола.

* * *

Дун пачалихъалъул гIорхъода гIадин,
Вуго дирго рокъов къаси сардида.
Кьижун буго хъизан, – дир лъади, лъимал,
Лъабго сон цоялъул, анлъго цоялъул.

Дица хъвалеб буго дир панаяб кечI...
Кинабниги улка буго дида нахъ.
Дун гьелъие гIоло, гьанже гIорхъабалъ

Хъаравул кинигин, вуго жавабав.

* * *

Щиб квешлъи кканиги, абулеб буго
Араб заманалъул хутIел бугилан.
Сурукъал пишаби рикIкIунел руго
НекIсиял гIадатаз тарал ругилан.

МагIарул мацIалда кидаго, даим
Карьерист абураб рагIи букIинчIо.
Гьезда анонимка, щиб жо гьебали,
Гьаб нилъер векалда гурони лъачIо

* * *

Огь, рорхатал гъутIби,
Чи унеб нухде,
Рехе нужер рагIад,
Бакъ бухIарабго.

Огь, рорхатал гъутIби,
Нижер бутIрузде,
Рехе нужер тIанхал,
Хаслихълъи щвейгун.

* * *

Дида лъана пашманлъи,
Лъана рохел, лъана кеп.
Амма, хIикмат гьабула,
Гьоркьоб мех бахъарабго:

Пашманлъиялъ вохана,
Рохелалъ пашманлъана;
Гьезда гьоркьоб батIалъи
Лъазе кинго кIоларо.

* * *

РуцIцIухIун чIарал мугIруз
Дуда малълъулеб гIакълу
РагIизе бокьанани,
ГIенекке херал чагIахъ.

Чвахун унел лъараца
Дуе ахIулел кучIдул
РичIчIизе бокьанани,
ГIинтIаме лъималазухъ.

* * *

Азарго шагьар буго
Дун щвечIеб дунялалда.
Щвезе ракI бищун урхъун
Уфаялде букIана.

Уфаялда вуго дир
Даимав гьудул Мустай.
Гьесулги гьудул вуго,
Гьайбатав Назар Наджми.

* * *

Гьалъ салам гьабилалде,
Цо сагIат ун батула.
Цоги гьай кIалъалалде,
Гъункун каву рахала.

Бищун квешал гIадамал
Сторожал ратана.
Бищун сахал гIадамал
Сторожал ратана.

* * *

Радал векьаризеян
Хуриве вахъаравго,
Кинго хур батичIого,
Тирула магIарулав.

ГIодоб рехун букIараб
Буртина борхарабго,
Гьелъ бахчун батун буго
Цебе мискинасул ракь.

* * *

Ралъдал рагIалда вуго
Гьудуласухъ балагьун.

Гьудул вачӀунев гьечӀо,
Гьури пештӀелеб буго.

Гьудуласул цогиги
Гьудул вугеб къагӀида...
Гьури, чӀа, хъаляналда
Гьаб цӀа дица лъезегӀан.

* * *

Дида рихьана тӀугьдул
Богоралъул хӀоринир –
Къаси лъелъе тӀерхьунел,
Радал тӀаде раккулел.

Дица рогьалил гӀужалъ,
ГӀадамазде кинигин,
Гьезде салам гьабуна,
Сахлъагиян гьарана.

* * *

Гъираялда кваназе
ТӀаделъун вукӀана дун.
ТӀагӀам щибго батичӀо, –
Кодоса бортана гъуд.

Чвердезейилан абун,
ХӀорихъе вачӀана дун.
ХӀабургъараб лъин батун,
Росулъе нахъ вуссана.

* * *

Ялагьулеб мехалда
Ятуларо кидаго,
ЦӀакъ хӀажат гьечӀеб мехалъ,
ЯчӀуна данде йортун;

Дихъ туманкӀ гьечӀеб мехалъ,
Гьайбатаб чан кинигин;
Гьудулзаби аралго,
Дир тушбаби кинигин.

* * *

Дунял гьабилалде, дида рагIана,
РагIи букIанила цебе абураб:
Я амру лъаларо, я гьа лъаларо,
Я гьари лъаларо, я как лъаларо.

Гьаб бидулъ босараб, ругъназул цIураб
Дуниял цIунулеб рагIи анищ цо, –
Жибго амру гIадаб, яги гьа гIадаб,
Яги гьари гIадаб, яги как гIадаб.

* * *

– Рокьул кечI ахIизе пандур буго дир,
Кьалул кечI ахIизе ханжар буго дир.
Дун сверулев вуго, мугIрул кочIохъан,
Кинаб кечI ахIилеб дуе, дуниял?

– Ханжарги пандурги щибасул буго,
Щай ритIухълъи гьечIеб, бице, кочIохъан?
Цоязе ахIе кечI чадил хIакъалъулъ,
Цогиязе бице дуца меседил.

* * *

Цо-цоязе, дунял, мун хъарпуз буго –
Хъамула, къотIула, куна, гьекъола.
Цо-цоязе, дунял, мун торгIо буго –
Кьабула, бухула, рехула, ккола.

Дие, мун, дуниял, дир гьудулалъул
Гьумер буго дица каранде къалеб, –
Къваридал беразул магIу бацIцIунеб,
БагIараб би чурун ругънал регъолеб.

* * *

Доскаялде вахъун, глобусги ккун,
Гуро дица гьанже экзамен кьолеб.
Дица, кочIохъанас, хъатикь ккун буго
Кинабго дуниял, дида бихьараб.

Дир ракI жагърапидал картаян ккола,
КинабгIаги гIалам жаниб бачараб.
Гьенир океанал гьелчелел руго,

Гьенир пачалихъал хъудулел руго.

* * *

Вас гьавунин рагIула,
Дие гурищ гьаврав?
Бертин гьабун рагIула,
Дир бертинцин гурищ гьеб?

ГIадан чIванин рагIула,
Дунцин гурищ чIварав гьев?..
КIудияб дунялалда
Дун вукIун вугевщинав...

* * *

Дун – поэт,
дида цIар Къварилъи буго,
Дун – беразул магIу гьаб гIаламалъул.
КIикъоялда цойилъ – Ленинград дун,
КIикъоялда щуйилъ – Хиросима дун.

Дун Освенцимаги, дун Лидицаги,
Дун немцаз вухIана, цIидасан гIуна.
Киб зоб гъугъаниги, Гъуниб бала цIад, –
Киб цIа баканиги, дир бухIула ракI.

* * *

Гучал карачелаз гьелчезабулеб
Гьалагаб, гургинаб гама – дуниял,
Дуда тIад лъим лъалел чагIи дагь руго,
Лъималги улбулги миллиард руго.

Гьезухъ балагьулел, гьезда гурхIулел
Гамада тIад цоцалъ рагъизе гьечIо.
Гьез киналго цолъун, карачелалъан
Мун цебе бачина, хвасар гьабила.

* * *

Дир росулъ букIана щибаб хурул ссан
Щибасе бикьараб ракьалъул бутIа.
Амма горо байгун, ссан цIехечIого,
ЩIер гIадин, тIолго мегъ хвезабулаан.

Гьаб нилъер заманалъ гIурхъи-ссан гуро,
ГIадамаз дуниял цIунизе ккола;
Гьанже горо бани, гьури пунани,
Гьелъ гьикъизе гьечIо гьаб ракь лъилилан.

* * *

Индиялъ абула, дуниялалде
Щибго бачIиналде, борхьал рачIанин.
МагIарухъ абула, дуниялалде
Щибго бачIиналде, цIумал рачIанин.

Дицани абила, дуниялалде
Щибго бачIиналде, гIадан вачIанин;
Цоял гIадамазул борхьал лъугьанин,
Цоял гIадамазул цIумал лъугьанин.

* * *

Рагъда чIварав кIиго вац
Цо хабалъ вукъун вуго.
Хабал зоноде къулун
Лъабабилев дун вуго.

Дунял свераpаб мехалъ,
Дида бихьана, лъана:
Лъабабилел вацал – ниж
Миллионал ратана.

* * *

Вискаялъул рюмка, кофедал чашка...
Чияр улкабазда сверулев вуго.
Чемоданалда тIад седарал кагътал:
Сингапур, Рим, Париж, Бомако, Бомбей.

Огь, Кубачиязул камилав устар,
Курхьин гьабе босун дир сапаразул...
Гьениб бугеб щинаб пашманаб накъищ,
Гьениб бугеб щинаб гьайбатаб накъищ!

* * *

Дида Индиялда бихьана сурат:

Сураталда вуго ахIдолев пулан;
Гьев вуго гIундузда гъоркь квералги чIван,
Кидаго рагIичIеб гьаракь гьабулев.

Дун, гьеб рагIулареб гьаркьихъ гIенеккун,
ГIемерал сонаца вуго балагьун.
Огь, дилъ, поэтасулъ чан гьаракь бугеб,
Гьаб дуниялалда жеги рагIичIеб!

* * *

Дий бицана хабар, эбел бецлъарав,
Элда ракI унтарав пуланав васас;
Кинабго дуниял добе-гьаниб щун,
Гьелъул квералги ккун тиранин абун.

Халкъазул гурхIелалъ, рахIму, рокьиялъ
Эбелалъе канлъи нахъе кьун буго. –
Дир бецаб дуниял, кье дур квер дихъе,
Канлъи гIаламалъ дуй кьоларищали...

* * *

Азарго сон барал тIанчазда хъварал
Хъвай-хъвагIаял руго цIунун рацIцIадго.
Амма гьаб замана, гьаб нилъер дунял,
Дида цебе буго черновик гIадин.

Чан чамгIалаб гъалатI гьелда тIад бугеб! –
КигIан гьетIараб хатI гьаб гIумру бугеб!..
Цоял къоабилеб векалда руго,
Цоязул жидерго жеги век гьечIо.

* * *

Абула буддаяз, чи вухIаравго,
Гьесул рухI цIидасан бачIине бугин:
Яги хIанчIазухъе, яги ччугIбухъе.
Яги чундузухъе, яги чагIахъе.

Дир ракI дида лъала борчIилареблъи –
Дида кучIдулъ тана кинабгIаги рухI.
Тана гьеб хIанчIазе, тана ччугIбузе,
Тана гьеб чундузе, хасго чагIазе.

* * *

Жегиги букIинчIеб, кибниги гьечIеб
ХIанчIил сурат буго Тагорил рокъоб;
Жегиги букIинчIеб гьайбатаб дунял
Дица ургъун буго унтараб ракIалъ.

Дица формаялъе гьелъие кьуна
Гьайбатаб, гIакъилаб чиясул лага.
Дица гьеб гьабуна кучIдузул цIураб,
Каранзул ракIалъул рокьул цIа бугеб.

* * *

Дунялалда бугеб кинабго гIакълу
Ракъаразе квенлъун букIарабани,
Калькутталъул улбул лъималгун цадахъ,
Цере хъаталги ккун, гьарделароан.

Дунялалда ругел кучIдузул бакънал
Рукъзаллъун, гьундуллъун рукIаралани,
Африкалъул чагIаз, къватIалги рехун,
КъачIарал гьундузухъ ралаан сардал.

* * *

Гучав монголияв, кутакав Акбар,
Дуца шахматазул хъарщиялда тIад,
Фигураби хисун, ясал лъун руго:
Ясал къиралзаби, ясал пешкаби.

Гьелда велъиларо... гьаб дунялалда
Гьанжеги дандчIвана дида улкаби:
ГIадамал хъурщула хъарщиялда тIад,
Пешкаби кинигин, кир бокьаниги.

* * *

МоцIрохъ балагьизе ясал рахунеб
Пашмахалалъухъ дун балагьун вуго, –
Цересел веказул акбарил ясаз
Чан пашманаб кечIдай гьаниб ахIараб!

Гьел жеги рагIула дида Индиялъ,
Гьел жеги рагIула дуниялалда...

Пашманлъиялъул нух бугеб халатаб,
Пашманлъиялъул си бугеб борхатаб.

* * *

Дида Индиялда дандчIвана херал,
Хал гьабун руго гьел сагIтаз зодихъе,
Зобазда пикраби цIехолел гIадин,
ЦIвабзаздасан къуват рещтIунеб гIадин.

Пикраби гьаризе, ияхI цIунизе
Улкаялъул лъимал, гIун бачIунеб гIел
ГIодор чIезе дица амру кьелаан
Умумазул занахъ, вацазул занахъ.

* * *

ЧIегIерал жилдалгин, хъахIал тIанчалгин
ХъахIилаб тIогьилаб дунял свералаб,
Дир блокноталъул кагътазул гьурмал,
КигIанха дица нуж хвезе гьарурал.

Амма кида-къадги хиял буго дир
Хвел гьечIеб кIиго мухъ дуда тIад хъвазе,
КIудияб дуниял дур тIамачалъулъ,
БагIараб гIеч гIадин, жемизе щвезе.

* * *

Делиялъул къватIахъ бахIарав вуго,
ЧIухIараб чода тIад ссиялда унев:
Цебехун музыка, нахъехун кучIдул,
Нахъа чода рекIун цо гьитIинав вас.

Гьединав гьитIинав лъимер вукIаго,
БакIарана гьасий бертадуй боцIи;
Гьеб бецIизегIан гьав херлъизе вуго –
Цо-цо халкъ, дур талихI гьесда релъльуна.

* * *

Дуниялги сверун, больницаялъул
Койкаялда вегун вуго гьабсагIат.
Свераpаб дуниял халатал сардаз
Дидаса унтараб угьдилеб буго.

Операциялъул столалда тIад
Росун лъезе лъикIан гьал континентал:
Киналго хIинкъарал ругънал регъезе,
Киналго рагъазул зигар къотIизе.

* * *

Мунгун гаргадула, гаргадулелъул.
ГIенеккун чIаралгун гаргадула дун:
Дуниял-гIаламгун, гIумругун, векгун,
ГIагарал мугIрулгун, океаналгун.

Мунгун гаргадула, гаргадулелъул
ГIенеккун чIаралгун гаргадула дун:
ЧIварал умумулгун, гьезул замангун,
Дирго анищалгун, дирго пикругун.

* * *

Дида цIар лъаларо, дида абуна
Цо Африкаялъул чIинкIиллъиялда
Бугила кIудияб, гIаламатаб гъветI,
ГIаламалда цоги кибниги гьечIеб.

Гьелъул гIамал бугин цогиялъ гьечIеб,
Кибехун чIаниги чIухIун бижулеб,
МегIер-гIалахалда кибго тIегьалеб, –
Дир кучIдузе лъикIан гьелъул хасият.

* * *

Америкалъ ругел лъикIал гIадамал,
Африкалда ругел лъикIал гIадамал,
Индиялда ругел лъикIал гIадамал, –
ЦIада росулъ гIадал руго гIадамал.

Америкалъ ругел гьайбатал тIугьдул,
Африкалда ругел гьайбатал тIугьдул,
Индиялда ругел гьайбатал тIугьдул, –
ЦIада гIадал руго гьайбатал тIугьдул.

* * *

ТIолго дунялалъул кочIохъай руго,

КечI бичIчIулев хIаким гьечIилан абун.
ТIолго дунялалъул якьадал руго,
Ясалъе рекъарав вас щвечIин абун.

ТIолго дунялалъул шоферал руго,
Милица, полица гьечIеб анищан, –
Кирго гьал гIадамал релълъарал руго,
ГIорхъаби щай ругел – дида лъаларо...

* * *

Конверталда чIвараб печать кинигин,
ЧIван буго Индиялъ надалда гъизма.
Конверт рагьун, кагъат цIалулеб гIадин,
ЦIалулев вуго дун дур ракь, Индия.

МагIу чвахулаго чан кагъат дица
Гьаб дуниялалда цIалун букIараб;
Амма мун гIадинаб пашманаб кагъат
Кидаго цIаличIо дица, Индия.

* * *

АнцI-анцI улка сверун, росулъе щвейгун,
Васал рагъул соназ камурал улбул
Гьикъардула дида, доб дунялалда
Дагъистаниявго дандчIвачIищилан.

Дица жаваб кьола, данде чIванилан
Цо Дагъистанияв цохIо лахIзаталъ.
Щияй эбел ячIун угьдула дие,
Гьев пулан ватилин дир васин абун.

* * *

ТIохда – тIибитIун чIар, рагьдухъ чIвалеб щар,
Доб магIарда гIиял – рагъда чIварав вас.
Балагьун йиго дихъ къваридай гIадан,
КъватIиб релъи-гIагIай – рагъда чIварав вас.

Гьурмал рукIкIалаби, даларaб бетIер,
БатIиясе арай досул абурай;
Досие гьаричIел гьайбатал лъимал,
Гьинал ракI букIадго – рагъда чIварав вас.

* * *

Дихъан бажаричIо дуниялалъе
Дирго рахъалъ бицун, мугIрузул бицун.
Дица гьел хулжазда жанир раччана,
Бичун бажаричIо гьел хулжазул кIал.

Дихъан бажаричIо Дагъистаналъе
Дунялалъул бицун, халкъазул бицун.
ЦIакъго тIуцал гъуждул рукIун руго дир,
БакIаб гъамас кинго кIвечIо баччизе.

* * *

Цо-цо мехалъ дида ракIалде ккола,
НекIо бусургьабаз битIун гьабунин, –
ГIадамасул гьурмал сурат гьабизе
Суратал рахъулев чиясе гьукъи.

ГIадан аллагь вуго, гьесул гьумергIан
Гьайбатал суратал рукIине гьечIо.
Жегиги рохьалъул сураталгицин
Рохьалде щоларо щиб гьабунигиги.

* * *

ГъотIодаса тIураб тIанхил гьадриниб
ТIаде бараб цIадал къатIраби руго,
Сапаралъ иналде эбелалъухъе
Кодор кквезе кьурал лъимал киниги.

ГъотIодаса тIураб янгъизаб тIамах,
ЦIададаса тIураб пуланаб къатIра...
Дун гьезухъ балагьун вуго пашманго –
Гьединан вукIуна мех-мехалъ дунги.

* * *

Рагъда вас тIагIарай, тIадмагIарулай,
Йилълъа дида цадахъ дунял сверизе –
Дур къварилъиялъул пашманлъи лъалел
Ругел лъикIал чагIи дуниялалда.

Рагъда вас тIагIарай, тIадмагIарулай,
Йилълъа дида цадахъ дунял сверизе –

Дур къварилъи кIочон, пашманлъи лъачIел
Ругел квешал чагIи дуниялалда.

* * *

МаркIачIул замана, панаяб рокъоб
Пикрабазда дунял сверулев вуго;
Гъедин хIисабазда унев вукIаго,
Цо хIорил рагIалде щун ватана дун.

ХIорихъ балагьана, гьелде гьетIарал
ГъутIбузул суратал рихьана жанир.
Поэтаз гьарулел тIолго хIисабал
ХIоринир раккарал гъутIбузул гурищ?

* * *

Дуниял гургинаб батизе гьечIо,
Чанго гьетIарав чи вуго гьелда тIад –
Цоязул горбода квар бухьун буго,
Цоязул каранда маржанал руго.
(Цо-цояз гьеб гъежда баччулеб буго,
Цогияз чакмабаз мерхьунеб буго.)

Дуниял сверулеб батизе гьечIо,
Гьаб гьакида цере сангарал руго –
Цоязул квер буго курхьабазул цIун,
Цоял кверал руго рахсаца рухьун.
(Цояца гьеб буго нахъехун цулеб,
Цогияца буго цебехун цIалеб.)

* * *

*А. Пушкинние*

Лъебералда анкьилъ араб векалда,
Поэт, дур ракIалда кIвечIо хIехьезе.
Дуца пачаясул гьерсил Россия
Дуэлалъ ахIана, мун чIвана, Пушкин.

Лъебералда анкьилъ гьаб нилъер векалъ
Пушкин Россиялда вукIаранани,
НекIсияб дуэлалъ инаан поэт,
Дуэлазул заман букIинчIониги.

* * *

*«Сороде, Кавказ, Ермолов вачIунев вуго».*

Гуро, гуро, Пушкин, Ермоловазул
Погоназе Кавказ кинго къуличIо.
Нижер умумузул хабал кьватIула,
Гьезул цIар бахъигун бахъараб цциналъ.

Гьезул Руссалъ гуро, дур асаразул
Россиялъ босана Кавказалъул ракI.
Гьедин гуребани нижер мугIруца
МагIида ран хунжрул тезе рукIинчIо.

* * *

Векалъул лъималин абураб мехалъ,
Рохуге гьелдаса, нечей гьелдаса, –
Гьаб нилъер векалда гьересигин би
БукIана киналго веказ букIинчIеб.

Векалъул лъималин абураб мехалъ,
Роха нуж гьелдаса, чIухIе гьелдаса, –
Гьаб нилъер векалда гIадин, гIадамал
ГIумруялъе гIоло жеги рагьичIо.

* * *

Киналго руссинчIо космосалдаса,
Гьенир рахунаго гIемерал хвана.
Инкъилаб босулел васаз тIоцебе
ТIуна гьелъул нухде чорхол хинаб би.

Добе Гагариний каву рагьизе
Космонавт Матросов хвана ракьалда.
Валентина, йилълъа Зоял хабаде, –
Зодой мун яхунеб нухда чIвана гьой.

* * *

Гьединаб берцинаб, барахщичIого,
Лъица хъвалхьараб мун, хъахIил зодил моцI? –
Бащадаб бихьула зодихъ свердулеб,
Бащадаб бихьула ралъдалъ лъедолеб.

Рахьдал мацIалъ гIадин, ингилис мацIалъ
Эркенго кIалъалей аварай гIадин,
Бихьула ралъдада дида даим моцI, –
Зобалъул сайигъат сардида нилъей.

* * *

Боржунеб гъадида гъаримаб мина
БачIинахъе лъалеб къагIида буго.
Жанив гIадан гьечIеб рукъалъул тIохда
ТIад свери гьабула гьелъ щибаб нухалъ.

Огь, дуниялалда гъудул роржунел
Гъаримаб мина щиб, шагьарал гIуна.
Дие бокьун буго, гъудуца гуро,
Милъиршабаз рокъоб бакъвал рачине.

* * *

Дир кочIол квер буго кинабго дунял
Щуго килищ буго дир континентал;
Цоял килщал руго баргъичазулъ дир,
Цоял килщал руго бида рецIцIулел.

Гьел цоцаздаса цIакъ рикь-рикьун руго,
Дие макьу, рахIат гьез толеб гьечIо.
Дие бокьун буго киналго килщал,
Байрахъ ккурал кверал гIадин, цолъизе.

* * *

ГъотIодаса тIураб бакъвараб тIамах,
Дур къисматалдаса къварилъуге мун.
Баркала гьабураб дур хъулухъалъухъ,
Хъулухъалдаса чи витIичIо векалъ.

РукIа министрал, рукIа маршалал,
Ошибкай ратула хасел щварабго, –
ГъутIбузул тIогьиса мун кинигинан,
ТIун гIодой рехула, хадур мерхьуна.

* * *

Поэзия, даим къарнабаца мун

Къуразул рахъги ккун гьелгун букIана.
Бечелъи, цIаралъухъ росасе уней
Ясалда релълъуна гьанже цо-цо мун.

Поэзия, даим тIолго заманаз
Бугеб низамалда рази букIинчIо.
Гьанже кинабго лъикI бугеб кинигин,
Буго митингазда хъат чIвалеб даим.

* * *

Цо-цоязул бутIрул къотIеян абе,
ТIагъур бортуларел гIадамал руго.
ГъотIода гIагарлъухъ хурдул кинигин,
Щиб хиси кканиги гьезда хъваларо.

ГъотIода гIагарлъухъ харил гIурччинлъи
Хаслихъе букIуна ихдалил гIадаб.
ГъотIода гIагарлъухъ харда тIад гIазу
Хасалил букIуна, их бачIаниги.

* * *

Хехал самолетал, дунял сверулел,
Нужер кваркьаби кье гьал дир кверазе –
Огь, дун воржинаан, дун воржинаан;
Дунялалъе рокьул кечI ахIулаго.

Хехал самолетал, дунял сверулел,
Нужер мотор хисун, босун лъе дир ракI –
Огь, дун воржинаан, дун воржинаан,
Дунялалъул рокьул кечI ахIулаго.

* * *

Дун – чIегIерав неграв дирго кучIдузул,
Гьез бухIараб бакъукь хIалтIизавула;
Гьез хасалил сардилъ ворчIизавула,
Гьезие гьабураб хъулухъ гIоларо.

РахIат гьечIев рикши – дица хвезегIан
Хадуб цIалеб бугеб гьаб гьокоялда
Пикрабазул тупал бакIлъулел руго,
Асаразул цIайи цIикIкIунеб буго.

* * *

Доба школалда, жеги гьитIинго,
Дица панаяб кечI гьабуна дуе..
Гьалдолев дидехун мугъги рехун, мун
Цо милицаясе ана росасе.

Лъала, жакъа дихъе дур кагъат щвана,
КочIохъан вахъанин мун сабаблъун дун.
Гьединаб бергьараб гьунар бугей мун –
Гьев дурго росасул гьаве кочIохъан.

* * *

ИчIго чIимих рехун, дий палихъаналъ
Гьаб дир гIумруялъул бицун букIана,
Дир гIемер камилал мурадал ругин,
Амма квалквалчагIи дандчIвазе ругин.

Дие ичIго чIимих хIажатаб гьечIо,
Амма хIакъаб буго, дида гьеб лъала,
ЛъикIал мурадазде унев чиясул
АнцI-анцI квалквалчагIи камизе гьечIо.

* * *

Рагъиялъул мокърукь микки кинигин,
Медицинаялъул сестра йиго,
Гьаб больницаялда унтун вегарав
Дихъ балагьун, къаси сордо рогьуней.

Дица саринazда гьикъулеб буго,
Гьадин унтаразухъ хасалил сардал
Цониги рогьанищ нужецайилан...
Саринал къулула къваридго гIодой.

* * *

ГIадамазул лъикIлъи, гьезул хIеренлъи
Берцинал иццазде руссунелани –
Иццал берелаан берал кинигин,
Кинабго кIудияб дуниялалда.

ГIадамазул квешлъи, гьезул гIасилъи
ГIазугин цIералде буссунебани –

ЦІер биинароан августалдаги
Яги Севералда, яги Югалда.

* * *

Дие Хиросималъ бицана хабар:
Хвалдаса унтарал рорчІизе ругин,
Унтаразул квераз кагътил тІанчазул
Азарабго къункъра къотІун гьабуни.

О, ругънаца цІураб, унтараб дунял,
Азарабго къункъра къотІе хех дуца.
БукІунге мун хвезе, Хиросималда
Хъатикь къункъраги ккун японай гІадин.

* * *

Кинаб даимаб хІинкъи
ГІадамасе кьун бугеб:
ГІумруялдаса хІинкъун,
ГІодула гьавуравго.

ГІумру лъараб мехалда,
ЛъикІаб, квешаб букІа гьеб, –
Агьан, хвалдаса хІинкъун,
Угьдула унтаравго.

* * *

Дида ккола цо-цо дун Целинаян, –
Цо рии букІуна тІорщалил цІураб.
Хадуб сонал уна, тІор баккуларо,
КигІан тІаде вуссун хІалтІананиги.

БукІуна дир керен амбар киниги,
Кинабго хІалухъен нахъе босараб.
БукІуна каранлъ ракІ лимон киниги,
Кинабго сок бецІцІун цо хъал хутІараб.

* * *

Дида бичІчІуларо дур чІухІи, Синги,
Сундуй гІоло дуца мегеж кІкІвалареб;
Дурго бакъараб халкъ хвасар гьабизе,
Сьеро-Маэстралъ мун вагъун гьечІин.

Ялъуни камурал вацазе гІоло,
Дуца къисасалъе рачел къан гьечІин.
Дида бичІчІуларо, ракълилав Синги,
Сундуй гІоло дуца мегеж тун бугеб.

* * *

Умумузул гъуждул! ГьитІинаб мехалъ
Гьезде вахун дида бихьана дунял!
Бихьана бихьизе дида кІолареб,
Бихьана инсуда бихьараб щинаб.

Умумузул гъуждул! Гьале гьанжеги
Гьаб дуниялалда сверулеб мехалъ,
Нуж ракІалде щола, щиб бихьаниги,
Нужеца ваччулев вуго кивего.

* * *

Гучал умумуца, жиделъ нич гьечІел,
ХІинкъарал, къарумал васал ратигун,
Абулаан гьезда, нуж ияхІ гьечІел,
Нижеца гьарунин, нижеца чІвалин.

ХІалихьатал васаз иш лъугьинчІелъул,
Гучал умумазде рехула гІайиб;
Абула гьез гьезда: ниж щай гьарурал? –
Гьелъухъ нуж нижеца чІвазе ругилан.

* * *

Гьаб дир лагаялъул гьетІараб гъотІол
Пандур гъабе къотІун, дир магІарулал.
Гьезда бай кІиго чІва, кІиго дир рокьи, –
Рокьулел мугІрузде ва гІаламалде.

Дир гьинал ракІалъул гьал асаразул
КІиго бокал гьабе, дир гьудулзаби, –
Цо Дагъистаналъул рахъалъан борхе,
Цояб дунялалъул рахъалъан борхе.

* * *

Гьобол, Дагъистанги тун,

Нахъ вуссунеб мехалда,
Босе дуе бокьараб
Дир ракьалъул хазина.

Амма босуге дуца
Цо къатIра дир ракьалъул,
Рукьби руго гIемерал
Дир умумузул гьенир.

* * *

КIиябго бадисан дир кIаркьабазде,
КIиго магIил горо гир-гирун уна:
Цо къварилъиялъул, цо рохелалъул,
Цояб рокьиялъул, цояб цциналъул.

Гьеб кIиябго магIу цоцалъ жубайгун,
Жугьабазде руссун гаргадулаго,
Лъугьуна музыка, лъугьуна сурат,
Лъугьуна бищунго бухIараб сарин.

* * *

БецIлъи лъолеб мехалъ буго цо сагIат.
Свердизе рахъарал гIалхул ордекал
Руссуна хIорихъе хIалхьи босизе –
Гьеб сагIат бокьула чанахъабазе.

Къалам кодоб ккурав кочIохъанасе
Кидаго ордекал руго роржунел.
Гьесие бецIлъулеб цо сагIат гуро,
Сардалги къоялги руго хириял.

* * *

Дун пикрабалъ вуго, пишабалъ вуго,
Гьел музыкаялде руссунел руго.
ЦIад бараб мехалда иххал кинигин,
Чвахун унел руго панаял бакънал.

Дун музыкаялъухъ гIенеккун вуго,
Пикрабаз рикIкIаде вачунев вуго.
ЦIадалдаса хадуб гIидра кинигин,
ГIурччинлъун кенчIелел руго хIисабал.

* * *

Дида данде чIвана цо хIикматаб тIегь,
ТIегь гуро, тIубараб квацIи буго гьеб.
Щибаб тIамахалъул буго хасаб кьер,
Щибаб кьералдасан буго хасаб махI.

Огь, цIализе лъикIан цо гьадинаб тIехь,
Щибаб тIамач тIогьол квацIилъун бугеб.
Щибаб мухъалдасан хасаб кечI бугеб,
Щибаб кечIалдасан асар хисулеб.

* * *

Дуда лъалев ани кинав дунали,
Кидаго дун къварид гьавилароан.
Панаяб, гвангъараб гIищкъуялъ даим
Дир гIумруялъул нух нурлъун чIелаан.

Дуда лъалевани кинав дунали,
Кидаго дуе дун вокьиларoан.
Гьалдолеб цциналъул гIасиял чIораз
Дур гIумруялъул нух накIкIаз цIелаан.

* * *

АхIулел кучIдулги, чIвалел хъаталги,
Гьабулеб рецц-бакъги, балеб медалги, –
Сверухъ рохел, гьими, гьав кIигояв щив,
КIалъачIого къварид дихъ балагьарал?

Цо вас хIатIил гIицIго цеве вачIана,
Дун мун вукIанила, кIочон тогеян;
КIиабилев херас гIанса бихьана,
ГIемер мех инарин, гьале дур чуян.

* * *

– Щай бекерулеб, кету?
– Гьве бекерулеб бихьун.
– Щай мун бекерулеб, гьве?
– Чу бекерулеб бихьун.

– Щай мун бекерулеб, чу?
– Чи векерулев вихьун.

– Щай мун векерулев, чи?
– Мех бекерулеб бихьун.

* * *

Къоялда гІайиб гьечІо
ГІадан канлъукъав вукІин.
Сардида гІайиб гьечІо
ГІадан ресукъав вукІин.

Хасалил гІайиб гьечІо,
ГІадан ратІликъав вукІин.
ГІадамазул къварилъи
ГІадамаздасан буго.

* * *

Чи унго-унгояв чилъун лъугьани,
Лъабго суалалъе цо жаваб кьола:
– Вакъун вугищ? – гьечІо.
– Къечон вугищ? – гьечІо.
– ХІинжъун вугищ? – гьечІо.

Дун гьаб дунялалда сверулев вуго,
Дица дунялалда гьикъулеб буго:
– Бакъун бугищ? – буго.
– Къечон бугищ? – буго.
– ХІинкъун бугищ? – буго.

* * *

Гьеб дида бичІчІула, битІараб буго –
Гьерсаца, мацІаца, цциналъ, загьруялъ,
Хвалчаца, хонжроца, гулбуца, цІаялъ
ГІадан лъукъулевги, гІадан чІвалевги.

Дида бичІчІуларо кечІалъ, чагъиралъ,
Гьунаралъ, рокьиялъ, бахІарчилъиялъ,
Жеги берцинлъиялъ гьаб дунялалда
Щай гІадан лъукъулев, щай гІадан чІвалев.

* * *

МагІарде вахунев альпинист гІадин,
Инеб буго гІумру, соналъ сон хисун.

Дида альпинистаз абулеб буго,
Эхеде рахине захIматаб гьечIин.

ЗахIматаб букIунин эхеялъул нух,
Рехиялъул хIинкъи гьениб цIикIкIунин.
ЦIал къабун биччазе чу захIмат гьечIин –
ЗахIмалъула къазе, чIезе гьабизе.

* * *

Цояб бох цIоролаб, цояб цIадулаб
Гьереси сверулеб буго ракьалда.
Кинан цIер чIвачIого хутIарал ракIал,
Кин цIаялъ рухIичIел гьал нилъер чурхдул?

Цояб квер цIоролаб, цояб цIадулаб
РитIухълъи сверулеб буго ракьалда.
Гьелъ роркьулел руго цIоролал ракIал,
ЦIорозе гьарула гьерсилал ракIал.

* * *

ХIанчи роржунел руго,
Дица рикIкIунел руго:
– Цо, кIиго, анцIго, нусго –
Ана мугIрузде нахъе.

Сонал роржунел руго,
Дица рикIкIунел руго:
– Цо, кIиго, анцIго, нусго –
Ана мугIрузде нахъе.

* * *

КучIдул хъвалев вуго дун,
Дунго цохIо гьечIо дун.
Гьаб дир квегIаб гъежалда
Дур кваранаб квер буго.

Мухъал рагIаби гуро,
Дица цIалулел ругел:
Дур гьурмал гьими буго,
Пашманал берал руго.

* * *

МугIрузул сапаразда
Санайил данде чIвала:
Цебе хIама, хадуб чу,
Хадув чиги гIорцIенги.

Гьаб дунял-гIаламалъул
Суратги гьедин буго:
Цебе хIама, хадуб чу,
Хадув чиги гIорцIенги.

* * *

– Нуж, рорхатал мугIрул, гIаздаца цIурал,
Кин дица рахарал хасалил сардаз?
– Ниж рахунеб мехалъ кидаго мунгун
КечIги гьалмагълъиги букIана цадахъ.

– Нуж, мугIрузул гIорал, гIедерал кинал,
Кин дица лъедарал лъазе кIоларо.
– Нижер карачелалъ кидаго мунгун
КечIги гьалмагълъиги букIана цадахъ.

* * *

Бокьула рогьалил багIарлъи дие –
Бала гьеб мехалда кватIичIого цIад.
Бай, цIад, чуре дунял, бекерараб чу
Багьадурас бачун чурулеб гIадин.

Бай, цIад, духъ лъекълъараб гьаб гIаламалъе,
Партал чуре гьелъул Золушкалъ гIадин...
Бокьула дие къо цIад бан хадуса
Цо цIияй, цо гIанчIай, тIинчIай яс гIадин.

* * *

Дида дир мугIрузул гIазул тIогьазда
ГIалимзабийилан дандчIвана чагIи;
Гьез цIехолел руго цIорол каптарал,
Ралагьулел руго гIаздал гIадамал.

Гьел гIалимзабазда дица абуна,
ГIаздал чагIи нужго ратизе ругин.
Дир дагъистаниял цIералъул гьечIин,

ЦIудулал, цIадулал, бакъулал ругин.

* * *

Кьурул рагIалалда гIодовги вукIун,
Дун вукIана росулъ кьагIи хьихьулев.
Дуца тIохде яхун бухана жергъен –
Дур сарин гьитIинго рагIана дида.

Гьанже сонал ана, лъимал кодор ккун,
КечI ахIула дуца пашманаб, гьудул.
Дидаян абуни, гьитIинаб мехалъ
ЦIада ахIараб кечI ккола рагIанин.

* * *

– Щай мун пашман йигей, огь, гьайбатай яс,
Гьудул вихьулин дур гордухъ женжелев?..
– Гьудулгун дандчIвазе тIутIураб гуреб,
ТIад ретIине гурде цониги гьечIо.

– Щай мун къварид йигей, огь, къачIарай яс,
Меседил маржанал каранда рарай?
– КигIанго къачIарай йикIананиги,
РакIалъе вокьулев гьудул гьечIо дир.

* * *

КIудияз, дир хъатикь щиб бугеб лъаян,
Лъимерлъун вукIаго гуккулаан дун.
Дица ургъулаан анцI-анцI хазина,
Дие рагьулаан чIобогояб квер.

Хадув дун кочIохъан, дида гьудулалъ
Дир рекIелъ щиб бугеб лъаян абуна;
Нус-нус хазинаби ургъана дица,
Амма букIун буго чIобогояб ракI.

* * *

Нилъ коммунистазул къвакIи, лебаллъи
Къо ккедал балагьалъ бихьараб буго.
Амма гIадатияб, гIодой биччараб
ГIумру гьабизе нилъ ругьунлъун гьечIо.

Киралиго даим гIедегIун руго,

ГIодор чIезе заман батулеб гьечIо.
Даим нилъ рагъулел, семулел руго,
Сарин ахIизе мех хутIулеб гьечIо.

* * *

Дида ккун букIана мун гьудулилан,
Гьерсихъан ватана мунго хирияв.
Дида ккун букIана мун тушманилан,
Тухьули ватана унго-унгояв.

Дур босичIонани, квер босизе чи
Цоги гьечIогонищ гьанже дун вугев?
Дуда кьабичIони, зар кьабизе чи
Гьаб дир тIалъиялда тIагIунищ ругел?

* * *

Дида лъала, гьудул, дуниялалда
Дун цогияздаса лъикIав гьечIолъи,
Дун батIаго лъикIав вукIунин гуро, –
Дудаго гьедин ккун буго гьаб гIумру.

Дида лъала, гьудул, дуниялалда
Дун цогияздаса квешав гьечIолъи.
Цогияв дидаса лъикI вукIун гуро, –
Дудаго гьедин ккун буго гьаб гIумру.

* * *

Дир рокьи ккана духъ цIакъго гьитIинго,
Дидаса кIудияй мун йигей мехалъ.
Дир рокьи ккана духъ цо риидала,
ЦохIо гIелалъул мун йикIарай мехалъ.

Дир рокьи буго духъ, гьабсагIаталда
Дидаса гьитIинай чанго ихаца.
БукIинчIо ракьалда мун йокьичIеб мех,
БукIинеги гьечIо, огь, чIужугIадан!

* * *

Дуца бицунеб шиб? Жеги кидаго
Дица мун какичIо я какиларо.
Гьой цо цоги гIадан дуда релълъарай,

Гъолда кIолеб гьечIо мун кIочон тезе.

Гъой цо цойгияйги какилароан,
Дуца какичIого гъой толейани,
Нуж нусго берцинлъи цоялъе бокьун, –
Гъоркьоб дагIба буго, дир дагIба гьечIо,

* * *

Гьал согIал кьурабалъ гьарурал лъимал
Я гьитIинго хола яги хутIула.
ХутIула хутIарал тIубараб векалъ.
Бекизабун тIагъур гIинда тIадги лъун.

Бакънал тIамуралда тIамураб улка,
ТIурал щинал чIваби дур чIаголъидал.
ГIемераб кIочана хъвачIеб дур хабар
Ва амма хутIараб хутIана даим.

* * *

Руго гьудулзаби, дида лъаларел,
Дуде къо щвезегIан гIенеккун чIарал:
Гьудуллъи бугила кIудияб хIасрат,
ХIинкъулин жалила гьелъул бицине.

Руго кочIохъаби, кечI гьабуларел,
Гьел дида дандчIвала дир сапаразда:
КечI гьаби, гьеб бугин кIудияб хIикмат,
ХIинкъулин кагътида цIваби седезе.

* * *

Руго дунялалда дир гьудулзаби,
Дида рихьуларел, дида лъаларел;
Дунги вуго гьудул цо лъилалиго,
Лъаларев, вихьичIев, жеги рагIичIев.

Руго дунялалда дир тушманзаби,
Дида рихьуларел, дида лъаларел;
Дунги вуго тушман цо лъилалиго,
Лъаларев, вихьичIев, жеги рагIичIев.

* * *

Вагьа-гьа, лъаларищ щай дун велъулев? –
Велъула некIсиял дол дир къасдазда,
Дирго саринazда, кIалги кIичI-кIичIун,
КIудияб къагIидалъ дица ахIарал.

Агьа-гьа, лъаларищ щай дун угьдулев? –
Арал хIисабахъги хIасилазухъги.
Дица бегана тIехь дирго гIумрудул, –
КигIан бухун бугеб рахараб нуцIа.

* * *

Цебе цо гьитIинаб пикру кунчIигун,
БачIунаан дихъе гъираги щавкъги.
Нусго пикру буго керен кIвекIулеб,
Киб бугеб гьанже дир доб цебесеб цIа?!

Цебе хиял ккараб мурад тIубазе
ТIаса вичIичIого хIалтIулаан дун.
Гьанже хиялазул хутIарал тIукъбухъ
ТIад вуссун пашманго вуго балагьун.

* * *

РагIаби, рагIаби, – огь, гIенеккуге,
ГIабул буго жаниб цохIо хIур бугеб,
Дунялалда пулеб гьури кинабго
Нилъер калам бугин ккола ракIалде.

РагIаби, рагIаби, – гIенеккун рихье,
ГIундузе жавгьарал, рекIел маржанал,
Дунялалда бугеб гIумруги бакъги
Нилъер бакънал ругин ккола ракIалде.

* * *

Цо-цо дун къуватаз къезе гьавуна,
Ва амма къечIо ццин цинги бихьилин.
Цо-цо хIилла гьабун гьетIизавуна,
Амма векичIо дун дир къо бачIинин.

Дун бетIерги къулун, къун мутIигIлъана
Дур гьайбатлъиялъе, хIеренлъиялъе.
ХIасраталда цере рорхула кверал, –
Киданиги тIокIав дун бергьинаро.

* * *

МугIрузда цIумазул паспортал гьечIо,
Гьезул документал кваркьаби руго.
Кьурабахъ чундузе анкетал гьечIо,
Гьезул киназулго миллат цо буго.

Виза цIехечIого цIад балел гIалхал,
ГIорхъода таможний лъаларел гIорал,
ГIадамазде кида нужеде гIадаб
Божи букIинеб гьаб дуниялалда?!

* * *

Гьирал, гьирал руго нилъ,
Гьоко буго дуниял.
Гьелда бараб кIиго чу
Къоги сордоги буго.

Раччулел руго гьирал
КIичIарал сверабалъан,
КIудияб сандукIалъуй
Ахиралда чIехьезе.

* * *

НагIана, дир ханжар, цо къо ккечIого,
КъватIибе бахъани мун лъалиниса.
НагIана, дир шигIру, черх бухIичIого,
АхIун батани мун гьадинго дица.

Жегиги нагIана, къо ккараб мехалъ,
Къеда далун чIани дир ханжаралъе.
Дагьабги нагIана, хIал ккараб мехалъ,
ХIалае батичIеб дир назмуялъе.

* * *

Дун релълъуна ралъдал карачелалда,
Гьеб цебе гьулчула гьанже бихьилин.
Гьулчула, гьулчула, цIикIкIун кIвар бугеб,
КIудияб ишалъе бачIунеб гIадин.

Амма ралъдадаса тIезе лъугьингун,

ТIад буссун уна гьеб, пайда гьечIеб лъан...
...Дагъистан, дур кьурда мугъ чIвачIеб мехалъ,
ЧIезе къуват гьечIо дида бохдузда.

* * *

Къваридав мадугьал, дуца абула:
Дие лъикI бугила, дий бигьа бугин...
Абуге гьединан, дидагIан гIемер
Дунялалда квешлъи дуда бихьичIо.

ТалихIав мадугьал, дуца бицуна:
Дир захIмалъабазул, дир ургъелазул...
Бицунге гьединан, дидагIан гIемер
Дунялалъул лъикIлъи дуда дандчIвачIо.

* * *

Хасалил квач лъачIеб дур кечIгин, булбул,
Балагьазде данде дун вагъиларо.
Гьал гIицIал гъутIбузул къварилъи лъачIеб,
Дурги дирги бакъан рекъон ккеларо.

Дур куркьбаз цIехола хинаб дуниял,
Хисуларо дица гIагарал мугIрул.
Ракъварал гъутIбузул тIамурги гьабун,
ТIамунщинал бакънал бакъ гьечIел къояз!

* * *

Дица бищун буго ункъабго тIикъва, –
Ункъо щинкIил хъахIаб чу дир киб бугеб?
Абула, ункъабго щинкIил хъахIаб чол
Чуялдаса цеве бетIергьан холин.

Хваниги кIваричIо, дир чу хутIани,
Чабхил нухаздасан гьеб хIихIидани.
ХIажат ккараб мехалъ, цеве дун гIадин,
ГIолилал гьужумалъ гьелъ рачанани.

* * *

КигIан ахIаниги, цо рахIат гьечIо,
МугIрузул махI гьечIеб кечI, назмуялъул.
Щибун рачаниги, кеп гьабуларо,

Каспий гьелчоларел гьал бакъназ дие.

Нус-нус кьерал рукІа, хал гьабиларо
Дур сурат гьабичІел гьал художникахъ.
Хал гьабе тІахьазухъ гІодой рехарал,
Дир гІищкъу лъачІого чІалгІаде хъварал.

* * *

Йохъ, дун поэт гуро, дун поэт гуро, –
Гьадай яс йихьулищ дида елъулей!
«Дуца ахІулеб щиб, дур гьаракь кинаб? –
Поэтал гьаруна мун гьавилалде».

Дун багьадур гуро, багьадур гуро, –
Гьадав вас вихьулищ диде хьимхьилев!
«ЦІадуца вухІичІев – дур бахІарчилъи,
БахІарзал рукІана некІо заманалъ».

* * *

Дица дир кечІалда щиб жо гьарулеб? –
Гьересигун цого чода рекІунге!
ЦохІо нух гьетІани, гьелъ мун рехила,
Черх, лага, дур бетІер тІубан хъурила.

Дица дир бакъназда щиб жо гьарулеб? –
ХІиллагун, хІинкъигун цого рукъ баге!
Гьеб гІеккезе буго, цо гІазу бани,
Цинги биххун ина, цо гьури хъвани.

* * *

Гьанже, дида гІадин, дун лъида лъалев,
Бадиб рецц гьабулел дир гьерсихъаби?
Гьанже, дида гІадин, дун лъида лъалев,
Нахъасан какдолел дир мацІихъаби?

Дирго унтабазе дун вуго тохтир.
Дирго такъсиразе суд буго дирго.
Дир саринацаги дир санацаги
Цониги теларо бахчараб ругъун.

* * *

Дуниялалъ къали кьабулеб буго, –
Нилъ кьурдулел руго, угьдулел руго.
МугІрул кьуру гІадин кьватІараб керен, –
Гьебги ккун хІалица сверулев вуго.

Дуниялалъ зурма бачунеб буго, –
Нилъ рижулел руго, нилъ холел руго,
КІиялдаго гьоркьоб – концертал, рагъал, –
Ругънада кверал чІван, кечІ ахІулев дун.

* * *

Рокьи, мун лъарабго, лъана, бичІчІана
Поэтазул назму, бахІарзазул хвел.
КучІдул, нуж лъаралго лъана, бичІчІана
Лъица гІор бахараб, щив тІинде арав.

Дие захІмат буго мунгун вукІине,
Дида хІал кІоларо дудаса ине.
Мун – дир шигІру, щурун кІутІбуз рикІкІунеб,
КІовухъе ахІизе дир ракІ хІинкъараб.

* * *

Дулъго цогиязде рокьи гьечІони,
Цогияхъа рокьи тІалаб гьабуге.
ТІул бикьарав вацгин ццидалъ ватани,
Цин рохьове витІе гьеб сасинегІан.

Дуйго бегьулареб, мун пашманлъулеб
ГьабичІони, нуха биххуларо кьо.
Дуда дандчІвалезул ракІ хІедул гуро,
ХІажалъани ханжар дозулги буго.

* * *

Чан Арарат бугеб армениязул? –
Дида лъараб буго лъабго Арарат:
Аветик Исаакян, Мартирос Сарьян,
Арам Хачатурян – хирияв гьудул.

Цо Севанищ бугеб армениязул? –
Дида лъараб буго лъабго жегиги:
Аветик Исаакян, Мартирос Сарьян,
Арам Хачатурян – хирияв гьудул.

* * *

– ХIанчIи, сундул рахъалъ гьаб нужер сарин?
– Сунде букIинеб кечI тIанчIазде гуреб?
– Сундул рахъалъ, гъутIби, нуж щурщудулел?
– Нижер бетIер гIощтIод къотIилин хIинкъун.

– Лъимал, нужер мацIалъ лъил цIар ахIулеб?
– Ниж эбел, эбелан руго ахIдолел.
– Машинаби, бице цо нужер хабар?
– Нижер кIиго хабар – нухги гьаваги.

* * *

Унтул бицинарин вукIуна цо-цо
Цо берцинай гIадан ракIалдеги щун,
Херлъани щибилан, абула дица,
Цо ихдалил сордо цебеги бачIун.

Хваниги кIваричIин кIалъала цо-цо,
КIиялго рекIарал поездал рихьун.
Биччан те квачазе, гIазу-цIер базе, –
ЦIадухъ дунги гIодов вукIуна цо-цо.

* * *

Гьури-цIад гъутIбузул бетIер бухулеб, –
Рагьдухь гьезул бугеб чIолареб гьаракь!
ГъотIол гIаркьел буго тIохда кьабелеб,
ТIаде вахъайила, гьеб нахъе гъейин.

Гьури-цIад гъутIбузул бетIер бухулеб –
НакIкIилал, гьерсилал дир «гьудулзаби».
ГъотIол гIаркьалаби тIохда кьаболел –
Кьижизе толарел рекIел хIисабал.

* * *

Ццидаца малълъараб гьабураб мехалъ,
Гьороца кIкIалахъе рехун ватана.
Рокьуца малълъараб босараб мехалъ,
Борхатаб магIарда хIухьел угьана.

Киналго разияв гIадан ватичIо,

ГIунгутIи камичIев гьудул дандчIвачIо.
ЧIегIераб гурони цер бегьичIого,
Буриябги камун кигIан вуссарав!

* * *

МагIарухъ берцинаб дица босана
Дагъистан тун къватIиб – гьале дунилан.
КъватIисан берцинаб дица босана, –
Балагье, Дагъистан! – гьале долилан.

Дунялалда гьечIо квешал миллатал, –
Киназего рокьи кье, барахщуге!
Дунялалда гьечIо кечI ахIичIеб мацI –
Кьвагьдоге, гIенекке гIумрудул бакънахъ!

* * *

Дун дур гъажалда тIасан
Балагьун вуго, гьудул,
Гьадай тIохил рагIалда
Эхетарай ясалъухъ.

Дой дур ботIрода тIасан
Балагьун дихъги йиго.
Мун гьоркьой гьечIейани,
Гьейгун дун дандчIвалаан.

* * *

Дун – ахIмакъ, кучIдул хъвалев,
КучIдуздаса лъикI гурищ
Каранде данде къазе
Берцинай чIужугIадан?

Дун – пулан, харбал хъвалев,
Хабар-кIалъай жибго тун,
КIутIби цIутIулеб тату, –
Огь, чIахъаги мун, Париж!

* * *

ГIазу банилан гуро,
Гаргадилев дун вугев, –
Гьеб дур каралда хъвазе

Кин гьелда, унго, кIвараб!

Гьури пунилан гуро,
Дица гIайиб гьабулеб, –
Дур парталалде гъорлъе
Гьеб лъугьин букIуна квеш.

* * *

Рукъ букIине ккола рукъ,
Нух букIине ккола нух,
КечI букIине ккола кечI,
Лълъар букIине ккола лълъар.

Гъасда цIа сванищ – хвана,
ЩIеда хьаг гьечIищ – хвана.
Чи вукIине ккола чи,
Чу букIине ккола чу.

* * *

Зурмихъаби ратани,
Къолохъаби ратила.
Чагъир, коньяк батани,
Лълъар камун хутIиларо.

ЛъикIал васал ратани,
Ясал жалго рачIина.
Гьунар бугеб батани,
Поэт вукIине вуго.

* * *

Кинацаго, гьедарун,
Гьерсал рицун толел куц! –
Поэтаца, бахIарзаз,
ЧIахIияз, гIисинаца,

Берцинал руччабаца,
Камилал гIолохъабаз...
...Кинида бугеб лъимер,
Унго, цо дур гьайбатлъи!

* * *

Йокьулей, кинай «цIогьор»! –
Дуца рикъаралщинал
Дир мехалги, нухалги,
Хиялалги, кучIдулги.

Кинай «чIвадарухъан» мун,
Дуца чIванщинаб макьу!
Дие щибниги течIей,
ТамихIго гьечIищ дуе?

* * *

ГIемерал гьунар бугел
Поэтал кIочон тана, –
Гьезул кучIдул рукIана,
Амма Кавказ букIинчIо.

ГIемер лебаллъи бугел
БахIарзал кIочон тана, –
РекIелъ чаран букIана,
Эбел-эмен рукIинчIо.

* * *

Сапаралъ унеб мехалъ,
Машиналъул гордухъан
Ясазде квер хьвагIиги
Кеп щолеб жо батана:

Дагьай мун кIочон тезе,
Цинги ракIалде щвезе,
Цогиязул хIисабал
Дургун цолъизаризе.

* * *

Щибаб полкалъул буго
Жинди-жиндирго байрахъ,
Гьеб солдатаз цIунула
КиналгIаги цIаязулъ.

Щибав поэтасулги
Буго жиндирго байрахъ.
Дир байрахъ буго гIищкъу,
Гьаб гIумруялъ борхараб.

* * *

Жиндий бокьа-бокьараб
Балеб цIадалъ гьабула.
Гьури кибго бортула,
Квелъ биччараб чу гIадин.

ГIадан квач, гьури гуро,
Поэзия цIад гуро.
Гьелъ гьабизе биччанте
Пайдаяб, къваригIараб.

* * *

Рохьазда чундузулъ
Чан гъалбацI бугеб –
Чи гIемерав вугиш,
ГIадамазда гъорлъ?

Роржунел хIанчIазулъ
ЦIумал чан ругел –
Гьал цIалулел кучIдулъ
ЧIагояб кинаб?

* * *

Библиялъул къисаби
РачIуна сураталъе,
Гучал художниказул
Хазинаби гьел руго.

Дир кочIолъе, къалмикье
Къуръаналъ гьукъаниги,
Цо дур гьумер бачIуна,
Дир хазина гьеб буго.

* * *

Жакъа къо! Бецал чагIи,
Нужеда бахиллъула; –
Нужеда бихьуларо
Бугеб щинаб гIассилъи.

Жакъа къо! Бецал чагIи,

Нужеда барахщула, –
Нужеда бихьуларо
Бугеб щинаб берцинлъи.

* * *

– Херлъи сунца чIвалеб?
– Сариналъ чIвала.
– Сарин сунца чIвалеб?
– Херлъиялъ чIвала.

Жибго хвелалъеги
Цо рецепт буго:
Берцинаб кечI-бакъан,
ГIищкъул свинчIеб цIа.

* * *

Сардал макьуялъе кьезе кколин мун,
Дийни рокьиялъе кьун руго сардал.
РокьигIан гьуинаб макьу бихьичIо,
Гьеб макьидаса дун даим ворчIичIо.

Къоял хIалтIиялъе кьун ругилан мун,
Дийни хIасраталъе кьун руго къоял.
ХIасратгIан захIматаб хIалтIи бихьичIо,
ХIалхьун къоял-моцIал гьелъие гьечIо.

* * *

Гьаб кинаб замана, кинаб замана,
Гьаб кочIол мех гуро, – гьерсихъан кIалтIа.
Рокьул мацIихъанги цIогьорги гъастIа,
Бюрократ карьерист кавудал тIохда.

Рагьдухъ женжедилев даранчи вуго,
Дагьаб яхI бичейин, гьале чвантайин.
Кинабго босулеб, хисулеб дунял,
Хвасар гьабе, огь, напс гьаб дармидаса.

* * *

Рокьи цоялъецин гIолареб мехалъ,
ГIемералги рокьун макьу чIвалев дун.
ГIемерал рокьизе рес бугеб мехалъ,

Цо Меседуй кьураб дир кьерил заман.

Киналго иццазул лъинал къваригIун
Къечон холеб бугеб дир хасалил ригь
Кисанго гьел иццал беролеб мехалъ
Цо иццалъ мехтараб дир таманаб их.

* * *

Пайда щиб, хвалдаса дун хIинкъуларо,
Цо аслияб назму ахIун бахъинчIо;
Цо дир гьудулалда, дир къутIпуялда
КъваригIараб рагIи абизе щвечIо.

Гьаб дир заманалда дуниялалда,
Дагъистан, дур рахъалъ бицине лъачIо;
Цо хIиллачиясул, цо хIалихьатил
Хьимхьидулеб хвенех чухIизе щвечIо

* * *

Цересел гьутIбузда бакъ гвангъун буго,
Бакъан кIиязулго данде ккун буго.
Нус-нус сонал рараб гьезул гьудуллъи
Пириялъ, гъугъаялъ щущалеб гьечIо.

НекIсиял гъутIбухъе вакке цин цеве,
Дур ццин гьалаглъигун паракъалъизе.
Духъе гъоз гIадалаб хонжрол бакIалда
ГIакъилаб къисадул чагъана кьела.

* * *

*ХIажи Гъазимирзоевасе*

Дун ццидалав гьечIо, ццидалав гьечIо,
Цодагьав гIагарде вачIун балагье,
Ццидалаб буго гьаб нилъ ругеб дунял,
Долъий жаваб кьолев вуго жакъа дун.

Дицаги чанида тIад квер бахъула,
Щибаб чахъуялъе баркала кьола.
Ва амма бацIазе вехьлъи гьабизе,
Гьаб дуниялалде вачIун вукIинчIо.

* * *

*Машидатие*

Машидат, цIодорай, цIодорлъи дуда
Даимаб гIакълуян кколебцин гьечIищ?
ГIакъилаз цIунараб цIодорал чагIаз
ЦIаги гъун бухIулеб бихьана дида.

ГIакълу ралъад буго. ЦIодорлъи щиб жо,
Щвараб гIорда цебе горду къай буго,
ГIоруца кинабго рукъ унеб мехалъ,
Бакъ отпускаялда бугеб заманалъ.

* * *

Цебесеб замана, – гьеб заман гуро,
Жакъасел къоязе къваригIинчIони.
Цересел бахIарзал, – гьел бахIарзалищ
Жакъасеб яхIалье хIажалъичIони.

Жакъасеб замана, гьеб заман гуро,
Метерисеб къоялъ къваригIинчIони.
Жакъа ахIараб кечI, гьеб кечIищ бугеб,
Метер киназдаго кIочон танани?

* * *

Дир цо гьари буго, гьудул ватани,
Дун вокьуларезе дур рокьи кьоге.
Гъадилги цIудулги цого зоб буго,
Цадахъ гьел роржунел дида рихьичIо.

Цоги гьари буго – гьосул тIармида
ТIад чIваби рекъезе дуца гьаруни,
Дида аскIой вачIун кучIдул ахIуге,
КIиязулго бакъан рекъезе гьечIо.

* * *

Дунял дир рукъан ккола,
Рагъ ккараб улка буго, –
Дир рукъалда гьураб цIа
Киб гьугъан пирханиги.

ГІасру дир черхин ккола,
Кьал ккарал санал руго, –
Судулел рекІел ругънал,
Кида гьел рукІаниги.

* * *

Дуца гьикъе дида бокьараб мехалъ,
Бокьулеб Дагъистан кин бугебали.
Дица жаваб кьела лъабго батІияб,
БитІараб гурони, цониги гьечІеб.

Цояб бакъан гьечІеб гІакълудалъ буго,
Цояб гІакълу гьечІеб гІищкъугун буго,
ГІицІго лъабабилеб, ахираб буго
ГІакълуги, гІищкъуги, бакъанги рекъон...

* * *

Дида мун бичІчІичІо, дида мун лъачІо,
Лъабазарго соналъ ахІараб сарин;
КигІан тІаса партал бахъананиги,
ТІадеги балъгояб букІун буго мун.

Дида мун бичІчІичІо, дида мун лъачІо,
Миллионал соназ гьалдараб гІищкъу;
Мун гІемерлъанагІан – гІажаиблъулеб,
ГІажаиблъанагІан – жеги гьалдолеб.

* * *

Дихъе щибаб нухалъ, хасго сардида,
Саламилан абун вачІуна гьобол;
Гьаниве сверула, дове жендола,
Гьес дир кереналда тІад кверал лъола.

– Мунго кинав тохтир, кватІарал сардаз
Дир сахлъи цІехолев? – гьикъула дица.
Дун дур тохтир гурин, дун дур хвел бугин,
Хадусалъ вачІинин уна гьев нахъе.

* * *

Дун хвалда цебесеб станциялда
Халат мехалъ вуго больницаялда.

Раккизе рачIарал уна ишазде,
Дур унтаби айин, жал унел гIадин.

Унтаби унаро, гьезул кассалда
КIиго билет буго «бищеян» абун:
Бищунго хирияб чIаголъиялде,
Бищун чIобогояб дирго зонохъе.

* * *

ЧIварал нахъ руссуна къункъраби лъугьун
ЧIваралщинал санал сунде руссинел?
Гьездасан хIанчIи щиб, хIулалцин гьечIо,
Ратани, гьел руго гьороца унел.

Хваразул хабазда занаби чIвала, –
Хвараб заманалъе зани киб чIвалеб?
Йокьулей, къо щвана дихъ чIегIер базе, –
ЧIварал ихазухъ бай, черхалъухъ баге.

* * *

ГIумру даимаб жо гурилан абун,
АхIдола кIкIалахъе рехарал ганчIал.
КIкIалал ахалъуде, ганчIал гIадинан,
Дир гIумрудул арал гIурччинал ихал.

Амма букIаниги, горда кIетIола
Гозо бегIераб хIинчI, гIисин балеб цIад...
ГIумру даимаб жо бугилан абун,
Абула лъимаца, кинида бугеб.

* * *

Цо-цоял рукIуна дун кIиго вугин, –
КIиго-лъабго, гьеб щиб, лъеберго вуго.
Нусго вукIаниги, киналго саназ
Кидаго мун йиго цохIого цо дир.

Мунги йикIа абе анцIго батIияй, –
Их, хасел – кидаго хисулел кьерал;
Азарго батIияб дуниялалда
Дие мун цохIого цо гурей гьечIо.

* * *

Нилъ цIияб рокъоре рахъана гьанже,
Нахъа тараб нилъер доб гIолохъанлъи...
Къадада цересел суратал чIванин,
ЧIегIерлъулеб гьечIо бетIералъул кар.

Нилъеца хисана некIсияб адрес,
Аралъ-таралъ сардилъ хIалхьи толаро.
Дихъ цIалдохъанасул щакъитIел буго,
Амма цIороберал «плюс шесть» руго.

* * *

Бицунеб рагIана, аби букIана,
Оцазул лълъурдуца ккун бугин дунял.
Дица, оцалги ран, хурзал рекьана,
Хириял мугIрухъгин гIорахъ балагьун.

Гьанже балагьазул ярагъ гьабулеб,
Гьелъул гъугъай дида рагIулеб мехалъ,
РакIалде ккола мун, унтараб дунял,
Оцазул лълъарада батизе гурин!

* * *

Гьав гIиракъав вукIа, къажарав вукIа,
АхIула кIиязго эбел, эбелин;
ИзрагIилав вукIа, гIарабав вукIа,
Дир васин, дир васин – кIияйго эбел.

Доб «Челленджер» букIа, Чернобыль букIа
КIиго эбел йиго цого ургъалилъ...
Биччай гьал кIиязго хIукму къотIизе
Къец, балагь, питнадуй гьаб гIаламалъул.

* * *

Гьал пачалихъазул рагъул балъголъи
Бугодай гъваридаб рокьул гIадинаб.
АнцIго печать чIвараб рекIел сейфалъуб
Сородилеб буго тIатилин гIищкъу.

Дица бицанщинаб тIаса-масаб жо,
ТIубан бицанани, гьалгъала гIалам.
Гьелъ рукьби рухIилин, хIинкъун вукIуна, –

ХIинкъи гьечIев, вачIа мун хехго дихъе.

* * *

Йокьулей, Бекьилъа Муи мун гуро,
Дунги Карпатазул гIунсузулъ гьечIо,
Ва амма кучIдузулъ ахIичIеб хIасрат
Гьаб ахIаралдаса цIикIкIун дилъ буго.

Нилъеда лъалареб лъагIел батана,
Лъараб буго цохIо гьитIинаб лахIзат.
Гьаб цо секундалъул къапараб берзул
Къисматалъулъ бухIи гIураб иш буго.

* * *

Воржун унев вуго рокьул бомбагун,
Бокьун буго дие цо гьеб рехизе –
Ццидалал хиялал риххизаризе,
Мехтараб гIасилъи гIакъил гьабизе.

Вуго гIаламалда гIищкъул ракетгун,
Бокьун буго гIужде цо гьеб биччазе –
Бакъвараб ракьалде цIад кинигинан,
ЦIалтараб ракьалде бакъ кинигинан.

* * *

Цоцада релълъуна киналго чагIи,
Кинида рущулел...Хадуб щиб ккараб?
Гьеб хадуб мех гурищ, хадуб мех гурищ,
Хвалде щвезегIан дилъ ссудулеб бугеб?..

Цоцада релълъуна киналго чагIи
Чабхилъ тIупулелъул... Цебе щиб ккараб?
Гьеб цебе букIараб, цебе букIараб, –
Цоцалъ хурхун гурищ хварал гIадамал?!

* * *

Дун сунеб сахлъидахъ соролев гьечIо,
Санахъги гьедигIан пашманлъун гьечIо.
Цо-цо къаси мехалъ суал букIуна,
Сордо рогьинебищ, рогьинарищан?

РачинчIел бакъназухъ ракI бакъван гьечIо,
АхIичIел цогияз ахIеян абе, –
Амма хаслихъе къо... Дица цIехола:
Балеб цIад къотIилищ, къотIиларищан?

* * *

ЦIадилан абизе цIад балеб гьечIо,
Буртина гьечIого щай гьечIеб рахIат?
ЦIайилаи абизе цIа бакун гьечIо,
Щай гвердел бекIичIал дица ричIулел?

Риидал хурдузулъ борохь бихьарав
Хасало гIарщикьа кьерун рагIула.
Дидани, риидал гIарщал рукIарал,
ГIазу бараб мехалъ борхьал ратана.

* * *

Дун я велъилевищ, я гIодилевищ, –
ГIадамал ратарал цо тамашаял.
Зарищ данде къалеб, кверищ хьвагIилеб, –
КечI цо букIун гьечIо цадахъ ахIараб.

Дун вукIана рикIкIад чияр бакIазда
Чияца гьабураб чIухIи квеш букIун.
Гьанже, вуссаравго, гьеб кIочон тана, –
Турараб батана цо божараб гъветI.

* * *

Замана, дур хуралъ кинаб хIалухъен
ХIадурулеб бугеб чIаголъиялъе?
Кинал лъимал ругел дуца гьаризе
Гьаб цо гIасру бахун дорехун ине?

Чан дурнавал рарал, хьухьикь бугеб рохь,
Бихьизе кIоларо метерисеб къо...
...Къаси макьу гьечIо – нур чIараб Байкал,
Гьелда балагь хъвалин хъудулеб Каспий...

* * *

Кинал оптимистаз, эхеде рахун,

Бухулеб гьаб къали кьурде, кьурдеян,
Доб Чернобылалъул атомалъул хьухь
Эзда хъахIил зодил накIкIилан ккунищ?

Щиб, хабал рухъулез занахъ эхетун,
АхIе кечIин абун хъвалеб музыка?
Украинаялъул улбуца лъимал,
Эл рокьичIогонищ гьарулел гьечIел?!

* * *

ГIурада чIегIераб жо сверулаан
ЧIахъен цIунизеян цIер-гаридаса, –
Гьанже щиб гьабилеб, хирияб дунял,
Хиросима гIадин, чIунтунгутIизе?

Атлантида ана ральдал тIиналде, –
Гьаб нилъер тIабигIат гьениб гьунебищ?
Гьелдаса гIакъилаб букIинаребищ
БукIараб букIахъе букIаралъуб тей?!

* * *

Дица щиб гьабилеб гьаб рокьиялда,
Гьаб цо вигьунареб дир гьаваялда?
Пенсиялде ине, хIакимзай гIадин,
ХIинкъараб даим гьаб дир гIищкъуялда?

Выходной лъалареб, отпуска гьечIеб,
Орденал кьолареб ракIалъул бухIи...
...БукIаниги чIвала мугIрузда дица
МахIмудида хадуб гьитIинаб байрахъ.

* * *

Санални, ихални гIезегIан рана,
ГIищкъу унеб гьечIо мемуаралъе.
Рогьалилъ вукIана къаси къвал балин,
Къаси-къаси вуго метер ятилин.

Вижигун хвел гуреб, хутIараб щибго
БатIияб жо гьечIо гьаб рокьи гуреб.
БатIияб тIабигIат, щиб жо гьеб кколеб? –
Щибго тIагIам гьечIеб, цIам щвачIеб хоно.

* * *

Нусабго сордо-къо... Сверухъ тIухьи, цIа...
ЦIунана АхIулгохI мугIрул бахIарзаз.
Дицани гIумруялъ гIищкъул гохI буго,
Чан ругъун щваниги, щулаго цIунун.

КIиго гуреб, нусго бетIер бугебги
Рокьул борхалъуде бахинаро цIум.
Гьелъ аманаталъе лъимал кьоларо,
Кьалул гордухъ хъахIаб байрахъ чIваларо.

* * *

Огь, гьал начальникал, гьал чиновникал, –
Цо хур бекьулесе микьнусго закон.
Огь, гьал завал, замал, щибго лъалеб къавм, –
Щу-щу комиссия цо-цо вехьасе..

Гьаб моторазул халкъ, машиначагIи,
Чода кьили лъезе кIочараб уммат...
...НАТО къватIисеб щиб, жанисеб НАТО –
Гьаб цо бюрократизм, гьалъ квинчIони нилъ!

* * *

Киб зоб гъугъаниги, Гъуниб балеб цIад, –
Гъуниб мегIерищ дир гIищкъул цIураб ракI?..
Киб кьвагьи кканиги, кьватIулеб Польша, –
Варшавалдайищ дир ахIулеб шигIру?

ХъахIилал зобазда хъахIал къункъраби,
Нужер къокъаялде хасел щоларищ?
Хиросимаялда кьабулел цIурмал,
Кьижуларищ хIинкъи, чIоларищ питна?

* * *

ВатIанго, ВатIанин чIирчIилел хIанчIи, –
Бидулъ гIарабазул гIисинал лъимал.
Гьезда гIайиб кинаб? Гьезда речIчIулеб
Дир черхалда речIчIе. Огь, Палестина!

Эркенлъи, эркенлъи!.. Зарал данде къан,
КъватIазде бахъараб Чилидал чилъи.

Карабенеразул рахсаз рухьунел
Рихьула гьар кверал... Пабло Неруда...

* * *

Радал ворчIана дун. Лъимал, лъади, рукъ, –
ЛъикIаб къо... Ва амма, огь, гьаб Чернобыль...
Вахъана къватIиве, гьелчолеб Каспий,
Гьелъ ахIула, амма гьаб цо Чернобыль...

Уна къо, къаси мех, къандалъо, бусен,
Къала данде дунял... Огь, гьаб Чернобыль...
Музыка, гIищкъу, кечI, гIенекке, сас те, –
ГIумрудул хIисабалъулъ... Огь, гьаб Чернобыль...

* * *

ГIумру унеб буго, щибаб санайил
Сонисел гъалатIал ритIизарулеб.
ГIумру унеб буго, бачIанщинаб къо,
Нолъ кив вукIаравин, керен бухулеб.

Тирулев росасда гьедин лъадуца
Гьикъула гIадада: «Нолъ кив вукIарав?»
ГIумруялъул суал: «Кив мун вукIарав?» –
Кида дица кьелеб цо кьучIаб жаваб?

* * *

ЦохIо гьудуласул гьереси лъани,
Гьеб, каранлъ хеч гIадин, квеш букIунел нилъ...
Гьереси гурони, щибго лъалареб,
Щай нилъ рекъон ругел «гьукъараб лъингун»?

ГIагарав чиясул хиянат лъайгун,
ЛъикIго вукIайилан, гьев тун унел нилъ...
Хиянат гурони, щибниги гьечIел,
Щиб нилъер гьудуллъи гьал шушбузулгун?

* * *

Огь, гьаб гIадалаб кеп, гIакълу-лъаялъул
Мукъулукъ кIиялго квераца ккурав, –
Цо сахлъи гьечIезе сайигъаталъе
Нусго унти кьолеб, ургъелал кьолеб.

ГIурул лъим гьекъолеб гьайбатаб ритIучI,
Дуца дур лъолъурдул кье лъолъарахъабазе.
Иццул чвахиязулъ чвердолел хIанчIи,
Цо-цо чагIаздаги малълъе гьеб гIакълу.

* * *

Чанги къиса тана гьал къарнабаца,
Къоно тIад чIвалареб, даим чIагояб.
Ва амма къисабалъ гьечIел къисматал
Жеги гIемер руго гьаб гIаламалда.

Чанги гIаркьел буго гIурччинаб гъотIол,
ГIащикъазда лъараб, гIащикъал лъараб.
Ва амма гъваридал гъутIбузул кьалбал,
Гъол дагьал рихьула, гъол къварид руго.

* * *

БатIиязул гордухъ хIапдолел гьаби
Бице, кинаб хIинкъи гьеб рокъоб бугеб?
Гьаби дунялалда хIапделел руго –
ХIинкъи гьечIеб мина гьечIин цониги.

ЦIвабзахъе хIапдола, – добаги хIинкъи,
Ралъад чIван ротула: «ЧIа, ццин, квешлъи» – ян.
Чед рехананиги, ралагьуларо,
Балагь щолеб бугин, цIодорлъейилан.

* * *

Мун ана, мун ана, мун бергьарай куц, –
Бигьаяб батичIо гьеб дургун дагIба.
Дицаго дидаго абулел руго
Дуда абичIого тарал рагIаби.

Дуца къел ракьанда чIезе гьавуна, –
Дур чIолорхъоялъ чу къахIан ккураб куц.
Дицаго дидаго речIчIулел руго
Дуда речIчIизеян къачIарал чIорал.

* * *

ГIумруялъул гьоко эхей унелъул,

Бахуна тIараде пикрудал гьоко.
Пикраби релълъуна, бомба рехигун,
Биххун, щущан унеб Щулалъул сида.

Сахлъи, кутакалъул куркьбал рекигун,
КватIун бачIуна гьеб биларaб бичIчIи.
БичIчIиялъул хайир – хабалъ рукъарал
Хадур дуда макьилъ рихьараб гIадаб...

* * *

Планетария, планетазулъ,
ГьитIинай яц гIадин, гIагараб дунял;
Дунялни щай гурин, гьанже яргъил цIа,
Юпитер бухIизе гIураб буго гьеб.

Амма гIащтIичагIаз гIасилъараб ццин
ЦохIо дуде буго буссине гьабун, –
Дур гIакълуялъищ гьал гIадал гьарурал,
Дур берцинлъиялъищ бецлъизарурал?

* * *

– Кин ругел, кин ругел, берцинал ясал,
АскIор ругониги, рикIкIада ругел?
– Кин ругел, рокьулел руччаби – маккал,
Макьабалъ хутIарал, хадур тIагIунел?

– Кин ругел, кир ругел, берцинал ясал?
– Дуца гьикъе гьанже цойги гIелалда.
– Кин ругел рокьулел цIвакарал маккал?
– Дуца цIехе гьанже арал ихазда.

* * *

*ПатIиматие*

Гьал цо гьудулзабаз, пандрил чIваби хъван,
Панаял шигIраби ахIун толел куц, –
Дийни чIваби руго дур каралъул рас,
Квер гьездаги бахъун ахIула назму.

Гьал цо кьерилаца кьурул рагIалда
Жергъен кьуркьузабун рачунел бакънал, –
Дирни жергъен – мунин бухулеб керен,

Киналго цIурмаца ахIулеб дур цIар.

* * *

Археологаца, ракь бухъун, хъирщун,
Рукьбузул дуниял рагьулеб буго.
Огь, гьел гвангвараби, гьел бугьналагал,
Лангал – нус азарго, жегиги цIикIкIун.

Дунги вачIун вуго, рукьбузул гуреб,
Рокьиялъул дунял дагьаб рагьизе.
Гьеб миллион соназ цебесеб буго,
Цебе букIинчIеб дилъ цIиябги буго.

* * *

Лайлаги Мажнунги, – гIажаиблъула, –
ЦохIо гIищкъул къиса нусгояс хъвараб, –
БукIараб, букIинчIеб ракIчIун лъалареб,
Лъабнусго бакъаналъ ахIулеб назму.

Гьаб нилъеда лъалеб, гьаб дилъ букIараб,
Кинаб рокьи бугеб ракьулъе унеб –
Азарго соналъул чIаголъи хутIун,
Холеб буго гIищкъу, гьаб жакъа ккараб.

* * *

Лъалеб, бугеб, битIараб
Бицине ресги тIагIун,
Расги гIилла гьечIого,
ГIадан цо ченхъолев куц!

Гьеб чинхъи, хъегIи, унго,
Бугеб щинаб ракьалда, –
Гьеб дир рокьулги буго,
Дир кечIалъулги буго.

* * *

Дунги Аллагьги руго,
АскIов цо гIадан гьечIо,
Ниж цо-цо рекъон руго,
Ниж цо-цо мекълъун руго.

Мекълъидай гІемерисев
Дун гІайибав ватила,
Амма дос гьабулебги
ГьедигІан битІун гьечІо.

* * *

Дица гьаракь гьабигун,
Ракьги зобги цолъула, –
Рокьи бугеб гогьаб жо,
Гьеб дихъ гІенеккуларо.

Дица ахІараб мехалъ,
Океанал гьелчола, –
Гьава бугеб мекъаб жо,
Жиб аллагьин лъугьараб.

* * *

Дун – шагІир, щуябго ригь
Буго цого къоялъ дир:
Цин – къартІ-мартІав гІолихъан,
Цин – гІурда гьитІинав вас.

Цинги херлъун ватула,
Хадуб цоги-цоги ригь...
Цо – ккараб рокьи буго,
Гьелъ абухъе вукІуна.

* * *

Ралъад, дие дудаса
МахІги гьитІинаб гьечІо
ГьитІинаб магІил горо
МагІарул гІищкъуялъул.

МагІарда бакъ, дудаса
Дие къалъараб буго
Цо ЧІарада ясалъул
ЧІамчІамазда бугеб нур.

* * *

Инсул гІакълу босунин,
ГІадада цо вас хвечІо, –

Мех араб гъветI къотIулев,
Гьебги тIаде ккун, хвана.

Эбелалъухъ гIенеккун,
Жеги гIантаб иш ккечIо, –
ГIундузда килщал чIварав
ЧIегIергIоралъ восана.

* * *

Дир инсул сурат гьабе,
Къалам-кагъатгун гуро, –
БецIаб квачараб сардилъ
Кодоб фонаргун унев.

Эбелги йихьизае,
ГъастIагин корохъ гуро, –
Кодоб дир гIумруги ккун,
ТIолго гIалам сверулей.

* * *

Рохьоб накIкIигъветI буго
Хасалоги гIурччинаб, –
Дидаги гIолохъанго
Вугилан ккола цо-цо.

КIкIалахъ цо-цо лъар буго,
ЦIер чIваниги, беролеб, –
Дицаги цIалула кечI,
Доб бахIараб цIа бугеб.

* * *

Ихал, мехал анагIан,
Дун цого хутIун вуго, –
Хадусеб – цояб гохIда,
Цебесеб – цоги гохIда.

Цоцахъе телал кьола,
Телефоназ ахIдола, –
Цоязда рагIуларо,
Цоязда бичIчIуларо.

* * *

НекIсияб хисичIеб кечI
Хисарал дир саназул
Сардилъ цо микрофоналъ
Такрар гьабулеб буго.

Огь, сверулеб дуниял,
Саламищ дуе кьелеб?
Яги, сордо лъикIилан,
Вегизейищ дун инев?

* * *

Дир дунял – харил гъуни,
Харида тIадги регун,
Хъалиянал рухIулел,
ГIолел ругин гьал лъимал.

БухIуге дир дуниял,
Йокьулейгун дандчIвалеб.
БухIуге гIишкъул гIалам, –
ГIолел ругин гьал лъимал.

* * *

ЧIагоял, нуж кир ругел? –
ЧIварал гIолилал руго,
ГIумру гьабизе даим
Мисалалъе рачунел.

Ракьалда ругел, бице,
Нужер рокьи ккечIебищ? –
Ракьулъ лъуразул буго
Къисабазулъ бицунеб.

* * *

Щайзе рокьи бачIараб? –
Дида рокьи гIадинаб
ГIумруялда тархъанлъи
Толареб жо дандчIвачIо.

Рокьини бачIани щиб,
Щайзе шигIру бачIараб? –
ШигIру гIадин балъголъи

Лъалареб жо рагIичIо.

* * *

Дида гIемераб лъана
ГIадамазул очередь –
Чадихъегун иццухъе,
Ирга гIумругин хвалил.

Амма, хIакъаб ритIухълъи,
ДухъегIан гьетI-гьетIараб,
БитIулареб, хIинкъараб
Очередь дида лъачIо.

* * *

Гьал цо ургъелалги, гьал унтабиги
«Ах чертан» телаан, бигьаяб жойин,
Метер гьал цодагьал дагьлъулелани,
Дагьалги бакIлъизе рукIинчIелани.

Дир макьу лъаларел сардазул бицун,
Сваказе дир гьудул гьавилароан,
Хадуб гьел кIочараз, кIал гьикъичIого,
Дие паракъалъи биччалебани.

* * *

Дир лъалкI лъугIанани, гIаздалаб нухда
Дун гIодов кканилан, гьабула пикру, –
Цо-цо дун, квачарал кверал хинлъизе,
Кибниги бакIалда рещтIун ватила.

Дир кечI къотIанани, ахIулеб сверулъ
Дир гьаракь къотIанин къотIула хIукму,
Цо-цо свакарав чи, чагур бокIнилъ лъун,
ЩIияб бакъаналъул къасдалъ ватила.

* * *

ГьитIинаб мехалда дун кIалъалелъул,
КIалдиб хъат чIвалаан цо-цо чIахIияз,
Бальгояб хIакъикъат рукъалъул царгъил
Цосина къватIибе гьурщизе гурин.

Гьанже дица кучIдул ахIулеб мехалъ,
Килщал кIалдир чIвала цо-цо чIахIияз,
Балъгояб хIакъикъат пачалихъалъул
Дица гьаб ракьалда гьурщизе гурин.

* * *

Дир сахлъи гьикъигун, сестраялъ дида
Сардида абуна, бетIерги гьетIун:
БитIараб бицине гьукъун бугилан,
Гьереси бицине ракI хIинкъун бугин.

КигIан гIакълу бугеб къанабакь, гьудул,
Гьаб дуниялалда цIарал лъалареб, –
БитIараб бицине гьукъун букIараб,
Гьереси бицине намусалъ течIеб...

* * *

Дица батIайиса ахIилаан кечI,
БатIияй цогияй дандчIвалейани.
Дица цо батIаго хъвалаан чагур,
Цоги заманалда гьавурав ани.

Дица батIайиса ахIилаан кечI,
БатIияб Дагъистан букIарабани.
Цогияб дир гьечIо, цоги бакI гьечIо,
Цогияз цогияб ахIеян абе.

* * *

Валагьула цеве, цере аразул
Вугодай дун хутIун тIукъби рищизе? –
Дир тIалъи кIалъала, нахъ балагьеян,
Нахъ хутIарав чанги чотIахъан вугин.

Зодой балагьула, доба тIарада
ТIавап гьабун унел цIумахъ хIайранлъун.
Дагъистан кIалъала: «ГIодой балагье!» –
ГIурдада хъерщолел чангиял ругин.

* * *

Машина, самолет – гьадингоял жал,
Гьудул, кIочон буго гьаб чу кьолозе;
Гьелъие дир инсул букIараб махщел

РикIкIада хутIана, – чодул пашманлъи!

Дуниял свери щиб, босараб лъай щай? –
Лъалеб гьечIо росулъ хурдул рецизе.
Инсул харицелалъ рачунел бакънал
Рахъана васахъа, – хурдузул дали!

* * *

*Зубаирие*

Щиб жо гьаб лъугьараб, гьанже магIарухъ,
Рузил берал гIадин, бецлъарал иццал?
Кьурабахъ тIармазул чIвабийищ тIурал –
ГьечIо чвахиязул чапулел бакънал?

Щиб жо гьаб лъугьараб, гьал гIурабазул –
ГIурччинал тIансаби тIутIун ругел куц!
Завод гьабулелъуб телалъул хIобохъ
ЦохIо хутIараб хIинчI хIинкъун бугеб куц!

* * *

Рукъ гвангъизе мокърукь даларaб фонарь,
Гьеб эбелалъ бана, инсуца бана, –
Дида гьеб бихьула, дунял гвангъизе
Доба зодихъ бараб бакъалдаса лъикI.

Амма мех гвангъараб фонаралъул нур,
Подвалазда жаниб букIун буго гьеб.
Дица бетIер ккола... кигIан чирахъал
Пикрудал кьурарал, кьижаян дие.

* * *

Хирияй, лъугIана гьаб дир замана,
Лъутана, хъамуна макьаби – ихал.
Дир рукIарал къасдал – дора тIарада,
ТIурачIел мурадал – гъора ахада.

ГIинда рагIарабни гьереси бугин,
Берда бихьарабги гьебго батана,
Берцинаб абула бицараб рагIи,
Гьелъ бец гьавурав дун нух къосун вуго.

* * *

Микьго лъагIелалъги лъабго моцIалъги
Дудаса цебе дир кини кIикIана.
КигIан дун гьелдаса разияв вугев, –
Дуда лъачIо квешлъи дида лъарабгIан.

Микьабго лъагIелги лъабабго моцIги,
Мунги гьечIого, дир чIалгIаде ана.
КигIан дун гьелдаса пашманав вугев, –
Дуда лъачIо рохел дол дир ихазул.

* * *

Дун хъошниве ваче, хъошниве ваче –
Гьал хъулухъаздаса, гьаб цIаралдаса,
ЦIогьазе гьабулеб гьаб реццалдаса,
Гьерсида бахунеб гьаб нахалдаса;

Цониги пинкь гьечIел гьал кверазухъе
Кагъат хвезабунин кьолел харжахъа...
...Хъошниве унаго, хинкIалъ абуна,
Хур бекьизе вилълъа, дур лъимал ругин.

* * *

Доба Севералда хасалил сордо
Хасго хIинцго уна, – кватIараб рогьел,
Дида гьеб бихьана хъахIаб гIаздада
Хъван-хъвачIого унеб Лапландиялда.

Гьелда релълъунарищ мунги, ритIухълъи,
ЦIакъ кватIун рагьулеб, дагьалъ хутIулеб?
Азарго хаселалъ ирга щолареб
Очередалъ руго духъе гIадамал.

* * *

Пушкин, дуйни мех тана
Мун Пушкинлъун вахъине, –
Пушкинал рачIинахъе
ЧIвала гьанже дантесаз.

МахIмуд, дуйни рес кьуна
Рокьул имам вукIине, –

МахIмудал цо махI чIвайгун
ЧIвала гьанже магьдилаз.

* * *

МагIарда мун, гIазу, кин гIоданиги,
Дица абиларо их бачIанилан. –
Гьанже улкаялъул унти рикIкIани,
Азарго дагь буго, руцIцIун чIа, хIанчIи.

ЧIегIер ракь бухъулеб бугъил лълъурдузда
Кинго божуларо хасел анилан. –
Гьанже гIищкъуялъул гIузру бицине
ГIолеб гьечIо гIумру, хъудуге, иххал.

* * *

Къаси унев вуго самолеталда,
Сардида моцI буго гордухъ билетин,
Мунгун гIодоб букIун хабар бицине
Хирияб ракьалда бихьараб рокьул.

Гъугъала, пирхула, пири бачIуна,
Пассажиралълъе жиб биччайин абун,
Жиндица бицинин гьаб цо гIумрудул,
ГIадамаз ракьалда бекьараб ццидал.

* * *

– Дица хIинкъун хъвачIел хIайранал кучIдул,
Гьанже рачIа дихъе, нужер къо щванин.
КучIдуз жаваб кьуна: жал къудкулищан,
КъвекIаб цIум херлъигун, чIухIун парпалел?

– Дица хIинкъун тараб хIасратаб рокьи,
Гьанже бачIа дихъе, дур цIа кунчIанин.
Рокьуца абуна: жиб кинаб цIайин,
ЩIер биараб мехалъ бакизе дуе?

* * *

Цоял кверахъ кини, лъимал кIикIулеб,
КIутIбуз какгин шигIру щурулей эбел.
Эбел гьечIо, буго гъаримаб кини –
Кидаго бихьичIо гьебгIан пашманаб.

Цогиял кверахъ гъецI, гъасда квалквалеб,
Канлъи чIаголъидул цIунулев эмен.
Эмен гъечIо, буго свараб гъансито –
Кидаго дандчIвачIо гьебгIан гъаримаб.

* * *

Гьанже дун дидаго божулев гьечIо,
Боржана накIкIикье некIсияб хиял.
Сардилъ паркъелеб цIва, цIер-гIаздалъ гIинтIи,
ЦохIо мун хутIана дун хунгутIизе.

БахIарал ихазул гъаримал маккал
Гьанже гъудуллъана, гъол чIегIерлъана.
ЧIаголъиялъул хьул, рогьел бачIингун,
Дур «ворчIами» буго, цогияб гьечIо.

* * *

Дир лъабгo ригь буго, лъабго гъветI гIадин,
Гьаб лъарал рагIалда, мугIрул ахада.
Цояб – гьанже-гьанже тIанхал раккараб,
ТIегьазе къачIараб ихдалил рокьи.

Цогияб гьотIода барщун буго пихъ –
Гьуинаб, бухIараб, бахIараб хIасрат.
Лъабабилеб гьотIол гьункарал тIанхал –
ТIарамагъадисеб хасалил рокьи.

* * *

Лъала, аза-азар гIузраби руго
Гьаб цо гIумруялъул, гьаб цо гIищкъудул.
ГIагарай, баркала, дур беричлъиялъ
Рахчана дидаса киналгIаги гьел.

Чанги ракI сукIулел суалал руго
ГIасиял судазул, гьал сураназул.
Гьайбатай, баркала, гьеб дур каламалъ
Кинабго дагIба-къец къине гьабуна.

* * *

Дун кочIохъан гуро, кочIохъан гуро,

Киданиги дица шигIраби хъвачIо,
Щурана цин макьилъ дур камилаб цIар,
Гьеб бугин кечIилан чIана гIадамал.

Диени гьеб рагIи гIумру букIана,
Дица гIищкъуйилан абуна гьелда.
ГIагараз тана гьеб бакъан бугилан,
Дицаги бакъалда гъоркь гъул басана.

* * *

Зобалъги ракьалъги абулеб буго:
АзарцIул бихьанин дуда бихьараб,
Мун гIодой виччайин, гIодой виччайин,
ГIоразул чвахидахъ гIенеккейилан.

Дун гIурул чвахидахъ гIенеккун вуго,
ГIумру щиб цогияб, дир рокьи гуреб?
Заназухъ хабзалахъ хал гьабун вуго,
ХутIилищ чIаго дир чIухIараб хIасрат?

* * *

РикIкIада бугеб зоб, аскIоб цун ралъад,
Релълъараб цого кьер гьеб кIиялъулго.
Дун, кьурдеги вахун, хал гьабун вуго,
Гьадинаб хъахIиллъи, хIикмат бихьичIо.

Добайищ гьаб бугеб, гуро гьанибищ,
Цо гама хъахIлъула рикIкIаде унеб...
Араб рагъда дир вац матрос вукIана,
Гьадинаб хъахIиллъи лъачIо, бихьичIо.

* * *

АзарцIул ахIулеб шигIру хутIана, –
Щибун гьел ахIилел, хIахIлъана бетIер?
Азарго ахIила азарго чияс,
Дица ахIизе те цохIо рокьул кечI.

Рекьулаго чанги хурзал хутIана, –
Кинан гьел рекьилел, хасел бачIана?
Дица дунялалда дирго рахъ тана,
Нахъиязги абе оцазда «гьаян».

* * *

Дихъе цо фонарь кье, гьал цо чагIазул
Гьурмал цо гвангъизе, щалин рихьизе.
РекIунаро фонарь гьури гIасилъун,
РукIкIун буго гIумру, лъаларо чагIи.

Дихъе дурнавал кье, кив гьав чи унев,
Кисан вачIунеян цо балагьизе.
Дурнанал кигIан цIакъ рацIцIананиги,
БецIлъукь биххараб нух, хадув гъоларо.

* * *

Бицунаго гьоркьоб къотIулеб къиса,
Къисмат, гьава гIадин, гIемераб хисун.
Къвал балаго толеб гьалдолеб гIищкъу,
ГIумруялъ цинцияб рахъалде ахIун.

Гьаб дир зигар рагIун, мугIруз абуна,
Жидехъги балагьун, бице къисайин.
Дир къварилъи бихьун, гIораз абуна,
Жидехъги гIенеккун, баче бакъанин.

* * *

Гьал цо микрофонал, гьал микрофонал,
Гьазухъ балагьараз хIикмат гьавула.
Гьазда кколеб гьечIищ, жидеда цеве
Живго Пушкин вугин, Шаляпин вугин?

Гьал телевизорал, телевизорал,
Гьазухъ балагьараз хIикмат гьавула.
Гьазда кколеб гьечIищ, жидер беразухъ
Жийго Беатриче ялагьун йигин?

* * *

Микьабилеб марталъ рокьул бицине
Микьго минут кьуна дий радиоялъ.
Микьго минут дие цIакъ дагьаб буго,
ЦохIо минутги дий цIакъ гIемер буго.

Микьабилеб марталъ байрам баркизе,
Микьго гIадан тана дие йищизе.

Микьго гӀадан дие цӀакъ дагьал руго,
ЦохӀо гӀадан дие цӀакъ гӀемер йиго.

* * *

Берцинаб жо буго гӀажаибго гъветӀ,
ГӀаздакьги бакъукьги бокьараб мехалъ.
Гьайбатаб жо буго панаяб рокьи,
Макьу щвананиги щвечӀонаниги.

Щулиял жал руго нилъер кьураби,
Кьуруларо дунял багъараниги.
Лебалаб жо буго гьалдолеб гӀищкъу,
ЦохӀо щуруларо щиб рагъ кканиги.

* * *

Дун гьаб рогьелалде сарин ахӀулев, –
Сордо лъикӀан буго дида Дагъистан.
Дун чвахулеб иххил гӀищкъул бицунев, –
ГӀазу балеб буго дир бетӀералде.

КигӀан гӀакълуялъе гӀазаб кьуниги,
ГӀузраби мехалъул чорхолъа инчӀо.
Чан дарсихъ, гӀинги чӀван, гӀенекканиги,
ГӀадада батана цебегосеб их.

* * *

Рогьана, жегиги кинаб къо бугеб.
Дица гьикъуларо, гьеб бугеб гӀола.
Бокьани гӀазу бай, бокьани бакъ щва,
Гьелда данде чӀвазе гьумер чурула.

ЧӀегӀераб цохӀо накӀкӀ рекӀелъ гьечӀого,
«ВорчӀами» ракьалъе кьола разиго.
Гордухъан рихьула гӀадамал, гъутӀби...
Гъозул дий гӀагарлъи, гӀумрудул сагӀтал.

* * *

Эбел, гьанже гьаб дир кечӀ
Дудацин бичӀчӀиларо, –
Дидаго бичӀчӀулареб
БачӀун буго замана.

Эмен, дир къасдал лъани,
Дуца къан бетIер кквела, –
Дирги гьеб бикьун буго
Ракьалда кколел ишаз.

* * *

Дун вукIана некIсиял
Тушбабигун вагъилев,
Дирго рецIцIарал ругънахъ
РецIел босилин абун.

Дида лъачIо, цун аскIор
РукIарал гьудулзабалъ
Жеги рекIкIал, чанкIкIарал
Чанги лъугьине рукIин.

* * *

ГьитIинго рагьараб ракI
Къазе кколеб батана, –
Чан къваригIинчIеб гьури
Гьениб жаниб сверараб.

Цебогосеб лъимадул
Божи чорхолъ хутIана, –
Чан хиянат хIинкъарал
Къояз гьелда дандчIвараб.

* * *

Гьанже ракьалъул кьерги
Бокьулеб гьечIо дие, –
Ракьулъ лъезе замана
ГIагарлъараб къагIида?

Гьанже тIогьол махIазги
ХIинкъизе гьавула дун, –
Гьел хIадурулеб мехищ
Дир жаназалда лъезе?

* * *

Нилъ артистал гуро. Релъен, гриммалъ

Гуро бахIарлъулел, гуро херлъулел.
Нилъ хисун ратана, хисулел руго
Хаселаз, ихаца, ургъел-хиялаз.

Халатаб гIищкъуялъ, къокъаб ццидаца
Цин цере рачуна, цин нахъе цIала.
Къаси вегаравго юргъаналда гъоркь
Гъалмагъир гъаб рекIел бакIарилеб кин?!

* * *

Чанай арав чанахъан,
Чан батараб мехалда,
Гъав рохьовго хутIарав
ТIадвуссине кватIула.

КватIана эбел-инсул
Рокъове вуссине дун, –
Мун данде чIваралдаса,
Дида мун лъаралдаса.

* * *

Дида лъала, газаргъо
ГьечIого речIчIараб чIор,
Гьеб рикIкIаде щоларо,
Щибго хIасил кколаро.

Дида лъала, Дагъистан
ГьечIого ахIараб кечI,
Гьелъ керен бухIуларо,
Гьелъул кеп букIунаро!

* * *

Щибаб къо унаго, къварилъула дун,
КъватIибе араб гьаб тIад буссинарин.
ТIугьдул речIалелъул пашманлъула дун,
Гьаб тIарамагъасеб их гуродаян.

Мун унеб мехалда кидаго хиял –
Кидадай хадур нилъ дандчIвазе ругел?
Дун чIалгIун вугев куц бахIарал сонахъ,
Сордо бачIун буго, дол рикIкIад руго.

* * *

Нуха хабал зани дида кIалъана,
Дагъаб заманаялъ жиндихъ лъалхъеян;
Мун пашман ватани, гьеб дур пашманлъи
ГьитIинаб жо букIин дудаго лъазе,

Мун вохун ватани, гьеб халат гьечIеб,
Гьаб хабахъ балагьун, дуда бичIчIизе;
Бищун къиматаб жо рокьи бугила,
Ракьулъе унареб, зани чIвалареб.

* * *

БагIарал розаби, гъозул берцинлъи! –
Розаби тIолелъул заз хIенсолеб куц!
Нуж тIалабалъ иццал, ругел тIокIкIарал! –
Иццул кIалтIа бугеб кIудияб гъалбацI...

Доба тIаралъуда, хириял цIваби,
Нужехъе бугеб нух бугеб борхатаб! –
Дир розаги, иццги, берцинаб цIваги, –
Дун цIакъго талихIав чи вукIун вуго.

* * *

Канлъи, дукьа хIинкъула
Викъарухъан, руз гIадин, –
Щай дудаса хIинкъулеб
ХIайранаб мугIрул рокьи?

БецIлъи, дуца бахчула
Нич гьечIеб, рогьояб цIогь, –
Щайзе дуца бахчулеб
Берцинаб хIикмат-хIасрат?

* * *

Щибав магIаруласул
Жиндирго Муи йиго, –
МахIмуд лъугьинчIониги,
Гьел гIащикъзаби руго.

Щибав магIаруласулъ
Жиндирго МахIмуд вуго, –

Муи гьечIонаниги,
Гьел кочIохъаби руго.

* * *

Дир гьитIинал ихазда
ГьитIинаб лъарги дие
КIудияб гIор букIана,
ГIазу биун чвахулеб.

ГIолохъанал саназда
КIудияб лъарги дие
ГьитIинаб гIор букIана,
ГIазу биун чвахулеб.

* * *

Цадахъ гIадан гьечIони,
ГIансагун гаргадула, –
ГIансица дий бицуна
Дол цересел ихазул.

Цадахъ гьудул гьечIони,
Пандургун гаргадула, –
Пандрица дий бицуна
Дир берцинаб цо рокьул.

* * *

Къоло микьабго сон – гьитIин вукIана
Эмен камизегIан кивго кидаго.
Дун кIудияв гIуна, дов къаникь лъейгун,
Къварилъи батана гIумрудул гIурхъи.

КIикъоялда лъабго лъагIел букIана,
БотIрода хъахIлъичIо цохIониги рас.
Эбел ятIалъана, квачараб февраль,
Пикрабаз хисичIеб цохIо рас течIо.

* * *

Дида ккун букIана, гIемерал соназ
ГIодилев вугин дун эмен камурав.
Нолъ макьилъ бихьана эмен гIодулев,
ГIадада унел дир соназда хадув.

Дида ккун букӀана, даим бесдалав
Дун ахӀделев вугин «эбел, эбелин».
Гьанже щибаб сардилъ гьаракь рагӀула
Пакъир эбелалъул «васго василан».

* * *

Нилъни щиб, нилъеца араб мехалъул
БухичӀеб цо гьумер гьоркьоб биччачӀо.
Гьелъул гуро ургъел, нилъ хисулеца
Хадуб кинаб кечӀдай ахӀизе бугеб?

Нилъни щиб, нилъеца нахъ тараб нухда
БиххичӀеб, кьвагьичӀеб цо кьо хутӀичӀо.
Гьелъул гуро ургъел, нилъ хисулеца
ТӀураладай къватӀиб ханжар цӀачӀого?

* * *

ЦохӀо рохел буго гьал лъимал рукӀин,
Лъабазарго ургъел гьез дий кьуниги.
Цоги рохел буго гьал кучӀдул рукӀин,
КигӀан гьаб гӀищкъуялъ гӀазаб кьуниги.

Хасаб рохел буго Дагъистан букӀин,
Дун гьелъ чанги пашман гьавунаниги.
Ниж цоцазда лъани, хвел бачӀун хадуб,
ВорчӀичӀеб ххвел гьабун, кьижун вукӀина.

* * *

Хвел, дуца бусада дун валагьуге,
Дун сапаралъ вуго сардилъги къадги;
Къаникь хиял лъоге, тӀолго мурадалъ
МугӀрул сиял ругин сардилъги къадги.

Зонода бикӀуге дир цӀар, гӀадамал,
ЦӀализе цо рагӀи хъвай «йокьулила»...
Ракьулъ вугев дида цадахъ щуре гьеб
Щибаб гӀаламалда сардилъги къадги.

* * *

Ккараб гӀищкъуялда дир гӀайиб гьечӀо,

ГIумруялъ гьелдаса разияв вуго.
Огь, ккезе бегьулеб, ккезе хIал кIвечIеб,
Чан хIасрат хутIараб мун сабаблъун дир.

Щвараб хазиналда хатIаб чIваларо,
Холареб ирс тана дица дир кочIол.
Огь, ахIизе кколеб, ахIизе кIвечIеб,
КIалдиб бакъвараб кечI буго каранлъ къан.

* * *

Гьал саназул сусур, гьал саназул чIар
ЧIаралеб хъандиро киб бугеб, эбел? –
Эбел ялагьана хъахIилаб зодихъ,
ХъахIал дир кверазухъ, бекьичIеб хурухъ.

Рокьиялъул кьаву, гIумрудул саву,
Сунца гьеб бацIцIинеб бице, дир эмен? –
Эмен валагьана кIичIараб нухлухъ,
Гьениб рехун бугеб гьегъ-гамачIалъухъ.

* * *

Дида хабзалазул занал мех-мехалъ,
Хал гьабе жидехъан, кIалъала цо-цо:
Дур пашманлъи бугин гьадингояб жо,
Дур пикраби ругин гIададисел жал.

Дида хабатIа тIад хурдул щурщула,
Хал гьабеян цо-цо жидехъ мунилан:
Дур рохел бугила гьадингояб жо,
Дур гьунар бугила гIададисеб жо.

* * *

Дица кечI цIалана, кодор тIугьдулгин
ЯчIана лъабго яс дида лъаларей.
Дица кIиго квацIи дуе битIана,
ХутIараб ахираб диего тана.

Хадуб ракI бухIана, дун мекъи ккана,
КиналгIаги дуе кьезе кколаан.
Амма лъабайго яс, дида лъаларел.
Дол дихъ балагьана – цо дозул берал.

* * *

Жакъа дир йокьулей дида йихьичIо,
ЖакъагIан жеги дой дий къваригIинчIо.
Къаси дир йокьулей дида рагIичIо,
КъасигIан рагIизе гIащикъ вукIинчIо.

Дица кIиго билет бихъун рехана,
Байбихьана базе чIегIераб гIазу. –
Жакъа дир йокьулей дие къалъичIо,
Къаси дир йокьулей дида кIалъачIо.

* * *

Сонал ана, гIелин тун букIана гьаб
Тахрохода чанги бихьараб бокал.
Амма мугIрул тIогьив вахараб мехалъ,
Воре тIва, тIейилан абуна цIумаз.

Гьанже дир къо анин, къуват дагьлъанин,
Къо лъикIан абуна дица рокьуда...
Амма мугIрул тIогьив вахараб мехалъ,
ТIохде мун яхингун, твархана дир ракI.

* * *

Берцинал жал гьал тIугьдул,
ТIун мех ингун, речIала;
БечIалареб жо буго
Бицараб хIакъаб рагIи.

Бакълъун паркъолел хунжрул,
Гьездаги кьаву чIвала;
Цо хIурцин хъваляреб жо
Буго хIасратаб рокьи.

* * *

Сонал кIочон тела, гьеб бицинаро,
Саринал кIочена, дир кIалъай гьечIо.
КIудиял питнаби, гьел кIочон тела,
Гьегьал миллатазул, гьегьал диназул.

Амма гьабсагIаталъ, кIиязго дандкъан,
Бараб къвал кидаго кIочон теларо,

Гьал цо къарнабазда гIакълу батани,
Гьаб цо гIаламалъе гIумру бокьани.

* * *

Рокьул хIакъалъулъ дица
Щибниги абиларо,
Щай гIадамал рагъулел? –
ГьебгIан гIантаб лъаларо.

ГIищкъул хазинаялъул
Хабар тун, кIалъаларо, –
КIалъазе согIаб калам,
КечI хисун, лъица кьолеб?!

* * *

«ЦохIо талихI буго дир
Дуниялалъул рокъоб:
Эбел къварид гьайичIо,
Эмен рекIекъ гьавичIо» –

Гьадин абуна дида
Цо хъахIлъарав гIелцояс,
Дун цIакъ гIодове виччан,
ГIенеккун вуго гьесухъ.

* * *

Дун дуниялалде щайзе вачIарав,
ШигIраби хъвазейищ – чIалгIадисеб иш? –
Дун данде чIваравго, дир суалалъе
Дур бераца кьураб цо кьучIаб жаваб.

Чанги кьалде ккана, кин дун хутIарав,
КочIохъаби гьанже гIунги тIокI ругин? –
Киниде къулулей духъ балагьигун,
БичIчIана кинабго, чIвана дир щаклъи.

* * *

Чан нухалъ йихьарай дида Джоконда! –
Дагьайги гьайбатай йикIарай ани,
ПатIимат, дица гъой мунин телаан, –
Дагьаб камун буго гьеб дур камиллъи.

КигIан балагъарав Афродитахъ дун,
Орфейица дагъай тIокI гьаюн йиго.
ТIубарай йикIине, гьанже мун гIадин,
ЦохIо хатIа буго, хадув гъоларо.

* * *

*ПатIиматида гьаюраб къо баркун*

Дица дунялалда баркулеб буго
Декабралъ ЦIада бакъ гвангъараб къо.
ТIолго гIасрабазда абулеб буго,
Аваразул гIунсулъ гIинтIи бижанин.

Мун Сибирь къотIичIей декабристка,
Дунги цIакъ бигьаяв чи вукIинчIо дуй.
Дуца дида цадахъ халатаб сапар
Соназул тIамуна, баркала дуе.

* * *

Дир бусурманлъийищ сабаблъун ккараб,
Дур сурат гьабизе дида хIал кIвечIо?
Релъенищ битIичIеб, накъищищ щвечIеб,
Гьаб дур гьурмал къалъи къалмикьа ана?

Дир къварилъи бичIчIун, гьаб тIабигIаталъ
ТIад кверал рахъана дир бетIералда,
Гьаб гIалам гьабураб устар бугин дун,
Дихъанцин гьединаб гьабун лъугьинчIин.

* * *

– Динора, Динора, дир гьудуласе
Цо мун йокьулей куц, мун йокьулей куц!
– Дие гьеб бицунге, дида гьеб лъала,
Лъида бихьулареб бакараб чирахъ? –

Амма букIаниги, такрарлъаниги,
Те, гьеб бицинчIони дун хвезе вуго.
– Бицунге, щайзе гьеб?
– Щайха букIинеб,
Досул щавкъалъухъ дагь дирго жахIда ккун.

**«ЦІВАЯЛДА ЦІВА БУГО КІАЛЪАЙ ГЪАБУЛЕБ»**

**«ГІАХЬАЛАБ ЧЕД»**

**«СОНАЗУЛ ЧІУМАЛ»**

**«МАГІАРУЛ КЪИСА»**

**«КОНЦЕРТ»**

АБУРАЛ ТІАХЬАЗДАСАН

1965 – 1988

## УНКЪМУХЪИЛАЛ ВА КЪОКЪАЛ КУЧІДУЛ

* * *

Дий бокьулареб кечI кидаго, даим
Дир гордухъ бачуна кьиндал гьороца
Дий бокьулеб сарин цоги бакIалда
Чияе ахIула ихдалил цIадалъ.

* * *

Абула ункъабго щинкIил хъахIаб чол
Чуялдаса цеве бетIергьан холин
Ункъабго хъахIабищ дур чодул щанкIлал? –
ШагIир, мун камула, кучIдул хутIула

* * *

Кисан реханиги, рехараб гамачI
Гвандиниб бачIуна, гвандиниб чIола.
Кисан рачIаниги, гьал дир пикраби
МугIрузде руссуна, цIумахъе уна

* * *

Дуниялалъ къали кьабулеб буго –

Нилъ кьурдулел руго, угьдулел руго
Дуниялалъ къали кьабулеб буго –
Нилъ рижулел руго, нилъ холел руго.

* * *

Дуниял буго гьаб борхатаб мали, –
Вахуна, вахуна дун гьеб молохъе.
Дуниял буго гьаб кӀудияб болъо, –
Лъугьуна, лъугьуна дун гьеб болъохъе.

* * *

Дие бокьун буго гьаб дунялалда
Даим учузлъизе чедги хинлъиги.
Дие бокьун буго гьаб дунялалда
Даим хиралъизе чиги рагӀиги.

* * *

Ралъадищ хисулеб щибаб сордойил,
Бералищ хисулел щибаб сордойил? –
Хириял гьалдолел карачалаби,
Кидаго нужеца хӀикмат гьавула.

* * *

– Асалам гӀалайиум, щвана ракьалде,
– ВагӀалайиум салам, вуго ракьалда.
Асалам гьечӀони, гьечӀо васалам,
Гьаб кӀиябго рагӀи – гӀумрудул закон.

* * *

Чиясул гьунарал тӀугьдуллъун ани,
ТӀугьдузул цӀелаан кинабго дунял.
Чиясул квешлъаби гӀазу-цӀер ани,
ЦӀер биинароан августалдаги.

* * *

Багьадурас хвалил хал гьабуларо,
Хвалил пикру буго кочӀохъабазулъ.
Хвелгин хвел гьечӀолъи гьел кӀиязухъго,
КӀалгӀабиги рагьун, буго балагьун.

* * *

КигІан ахІаниги, кеп гьабуларо
МугІрузул махІ гьечІел кочІол бакънаца,
ТІубараб ракІ-ракІалъ дун вохуларо
Дунял бихьуларел мугІрузул бакъназ.

* * *

Дун гуро, дун гуро дуца какулев,
Дилъ ватун цогияв вуго какулев.
Дун гуро, дун гуро дуца веццулев,
Дилъ ватарав мунго вуго веццулев

* * *

Дунялалда цо жо букІинчІебани,
Дунги вукІинаан лъикІав оптимист.
Дунялалда цо жо букІинчІебани.
Дунги вукІинаан гучав атеист.

* * *

– БитІун гьудулалда къвал балеб мехалъ
Щай къотІизабураб дир макьу, хІелкал…
Жидер гьаркьаз гуреб чиясул макьу
Гьоркьоб къотІугеян ахІдана хІелкал.

* * *

– Вилълъа.
– Кив вилълъунев?
– Кивеян абун,
Гьикъулеб батани,
Мун рокъов вукІа!
– Вилълъа!
– ГьабсагІаталъ!
– Гьедин бегьула,
Гьудул лъикІав ккаги кидаго цадахъ!

* * *

Бищун гьуинаб щиб? – Рогьалил макьу.
Макьу тараб сагІат рокьуе кьураб,

КьогIаб букIаниги, бокьила дие
Макьуялъе унеб заманалдаса.

* * *

ГIумру гьобо буго даим сверулеб,
Санал мугьал руго гьенир хенолел.
Мугьал дагьлъанагIан гьобо хехлъула,
Бугеб щинаб хиял хун гIодой унеб.

* * *

Йохъ, дун поэт гуро, поэт гьавуна
Дунял гьабилелде цIакъго цевего.
Дун багьадур гуро, багьадурзаби
Гьаб ракьалъе гIоло хвана некIого.

* * *

Дицаги гьабула дийго памятник,
Гьеб кIудияб гьечIо – дир кочIол зани.
Гьеб гьитIинаб зонокь вукIананиги,
РакI магIаруласул чанги гьалдела.

* * *

Дида, бачIинахъе, бичIчIичIо, лъачIо
КочIолъ лъида дица речIчIизе кколеб.
БичIчIараб мехалда кватIун батана, –
Квешлъи белъанхъилеб буго дида тIад.

* * *

Цаби ругеб мехалъ дие карщ кьуна,
Цаби гьечIеб мехалъ гьан цебе лъуна.
Дун рикIкIалъаравго раккана тIугьдул,
Дун тIаде щваравго буго хIамазаз.

* * *

Поэзия, дургун гIахьаллъи гьечIел
Дуца хьихьун ругел гIемерал чагIи.
ЧанкIкIарал, хъантIарал гьалбадерица
Руго къварид гьарун гьанже дир васал.

* * *

МугIрул векьарухъан, пикру гьечIого,
Гьадинго абурал дур рагIабазулъ
МагIна цIикIкIун буго гьаб дир ракIалъе
ЦIаларал чагIазул гьал тIахьаздаса.

* * *

– Черхалъе бигьаяб щиб?
Гьудулас гьабун кьураб.
– РакIалъе бигьаяб щиб?
– Дурго кверaз гьабураб.

* * *

– РагIи сунда релълъунеб!
– Риидалил цIадалда.
Цо бай лъикI, кIицIуса лъикI;
Лъабабилеб – заралаб.

* * *

Маймадакалдасан инсан лъугьине
Аза-азар сонал ранин абула;
Амма цо-цо инсан цо сагIаталде
Сверулев ватула маймалакалде.

* * *

– Щай къваридаб, Индия?
– Кверал гьечIел пикрабаз
– Щай пашманаб, Индия?
– Пикру гьечIел кверaцa.

* * *

ЦIакъ гIайибав вуго дуда цеве дун
Жеги гIайибияв гIаламалъе дун,
ГIурулъе унареб лъарлъун вуго дун,
Я гIоралъ хъамураб хъарщи вуго дун.

* * *

КучIдул бегьилаан батIиял хъвазе –

Дун цIакъ гIедегIана, цIакъ гIедегIана
ГIумру бегьилаан цоги гьабизе, –
Гьанже кватIун вуго, цIакъ кватIун вуго

* * *

– Нужей бокьараб щиб, рокьиги кечIги?
– Эркенлъи!..
– Дилъ гьечIеб эркенлъи кин нужей кьелеб?
Кверал рухьарасда щиб гьарулел нуж?

* * *

Дагъистан, дун вуго дур мутIигIаб гьве,
Мун даим балагьун буго дир берахъ
БегIергьанчи бадив балагьаравго,
Бихьана гьвеца бацI кколеб куц дида.

* * *

Дуда бихьарабищ хъахIаб гьурмаде
ХъахIилаб кьералъул магIу чвахулеб? –
ХъахIилаб щакъиялъ хъахIаб кагътида
Сардилъ дуе хъвараб дир сарин цIале!

* * *

Сахлъи, гуч, лебаллъи – лъабалго цолъе! –
Цониги гьел гIадал нухлулал гьечIо.
Цо хIинкъи рещтIани, дуде хIапдолел
ХIалихьатал гьабзаз мун кквезе гьечIо.

* * *

– Бищунго рихарав щив?
– Нух ккун чIарав чи вуго.
Я нахъе вилълъунаро,
Я цевехун унаро,
Цо борхизе кIочараб
Шлагбаум кинигин.

* * *

– Нусгояз щив какулев?
– Нусгоязул багьаяв.

– Нусгояз щив веццулев?
– Нусгоязул багьаяв.

* * *

– Щай мун гьудулзабаз ахIулев гьечIев?
– АхIараб бакIалде некIо чIухIдарун.
– Щай мун къватIахъ вугев тIохде балагьун
– АхIичIеб бакIалде вачIине бокьун.

* * *

ГIемер хъатал чIваялъ сагIтил хъаравул
ГIодобе бортана митингазда дир.
Дица заман цIарай мун кие арай? –
Огь, дун кватIарав куц! – Ана дир гIумру.

* * *

Гьадинаб кIудияб Каспий, – хал гьабе,
Гьеб хисардулеб куц щибаб сагIаталъ.
Дир ракI – гIищкъул бусен хисардиларищ?
Гьелда чIор речIчIичIеб бачIунарин къо.

* * *

Цогиги сордо ана.
Балеб цIад...ГIенеккана...
ГIумругин хвалда гьоркьоб
Жеги манзил дагьлъана.

* * *

Йокьулей, сагIтилгун дур
Цого хасият буго:
Дун нужехъ балагьула,
Нуж дихъ балагьуларо.

* * *

КIиго батIияб ракI, цоцазде цолъун,
Цо лъугьун букIана мун данде чIвайгун.
Гьанже цо букIараб дир некIсияб ракI
Нусго лъугьун буго, дуца таравго.

* * *

ТалихIал къасдазухъ гIасияб диван
Дие сардал-къояз къотIун толеб куц.
Къокъаб рохелалъухъ халатаб гIазаб
Дие гьаб гIумруялъ кьолеб бугеб куц,

* * *

Лъала дида ццидал гIундул гьечIолъи,
Лъала гIасилъидул берал гьечIолъи.
Вай, гьалдолеб рокьи, дудаги щайзе
Щибго рагIулареб, я бихьулареб?

* * *

Чанги дица мунги ваччизе ккана,
Чанги дуца дунги ваччизе ккана:
Гьедин гуребани, гьол цо кIкIалабахъ
КIичIарал сухъмахъал нахъ телароан.

* * *

– Чи щив?
– Бералги ракIги.
– Чу щиб?
– Бохдулги мугъги.
– Чуяллъунищ нуж ругел,
ЧагIилъунищ нуж ругел?!

* * *

– Цо нухалъ щиб букIунеб?
– КIодолъи!
– КIицIул щиб жо букIунеб?
– ГьитIинлъи!
– Данде гIемер щиб чIвалеб?
– ГIисинлъи!

* * *

– Кида гIундул гIинкълъулел!
– РакI гIинкълъараб мехалда.
– Кида берал бецлъулел?
– РакI бецлъараб мехалда.

* * *

– Гьагъасул берал кинал,
БецIал картIал гIадинал?
– Пикру гьечIого буго.

– Гьагъасул берал кинал,
КенчIолел цIаял гIадал?
– Пикру кенчIелеб буго.

* * *

– Хиросима, бице, мун
Сунца щущазабураб?
– Цо рехараб бомбаялъ.

– Хиросима, бице, мун
Сунца биххизабураб?
– Цо абураб рагIиялъ.

* * *

Кинабго чIагояб унаро хвелалъ.
Хвелалъ гьоркьоб тола рокьиги кечIги,
Гъадица цIа свинчIеб мина кинигин,
ЦIогьорас бахIарчи вугеб рукъ гIадин.
Дир кучIдул абуни, цIа кунчIанагIан,
ЦIогьаца рикъулел руго намус тун.

* * *

Цо-цоязе дир цIар хIажат батана,
ХIажат бищунго дун дуе ватана.
Цо-цоязе цо къо дир къваригIана,
Дуе къваригIана кинабго гIумру.
Дида гьеб бихьана, дида чIалгIана, –
ЧIаго хутIун вуго дуе гIоло дун.

* * *

– Бищун кIудияб щиб?
– КIудияб мегIер...
– Гуро.
– Бищун кIудияб щиб?

– КІудияб ралъад...

– Гуро.

– Бищун кІудияб щиб?

– КІудияб гІакълу...

– Гуро

– Бищун кІудияб щиб?

– ГьитІинаб лъимер...

– У!

**ДИР ГЬАРИ**

Судалде ккогеги, туснахъалде ккогеги,
Тохтирасухъе ккогеги, бюрократасухъе ккогеги,
Гьездаса балетал лъикІ, берцинал ясал лъикІ,
Яги Тютчевасул том цІалулев вукІин лъикІ.

**«ТІАДЕГІАНАЛ ЦІВАБИ»**

**«КУЧІДУЛ»**

**«МАГІАРУЛ КЪИСА»**

**«ГІУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО»**

**«КЪО БАЩАЛЪУКЬ ЩОБДА ДАГЪИСТАНАЛДА»**

АБУРАЛ ТІАХЬАЗДАСАН

1962 – 1990

**ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЯЛ – ЖУГЬАБИ**

**ЗАНАЗДА**

* * *

Мекълъигун, тІекълъигун гьав
ТІолго соназ вагъана.
Мекълъи чІаго хутІана,
Гьав чІван хабалъ вукъана.

* * *

Бищун гвангъараб чирахъ
Гьорода хех бихьула.
Гьав ниж гьудулзабазулъ
Бищунго цеве хвана.

* * *

Гьав багьадур вукIинчIо,
Гьунар дида лъаларо;
Амма гьав чи вукIана,
Гьасда аскIорги лъалхъе.

* * *

Кьижа, гьалмагъ, хеккого
Хадув дунги вачIинин.

* * *

Щибго пикру гьечIого,
Гьанире рачIаралги
Гьаниса нахъе уна
Ургъалида, пикрабалъ.

* * *

Гьавуравго гIодана,
Холелъул зигардана,
ХутIараб гIумруялъул
Гьасул щибго лъаларо.

* * *

Дир гьудул, дуца дие
Бокьараб хабар бице,
Амма бицунеб мехалъ,
Цо-цо гьанив балагье.

* * *

Чанги рагъизе ккана,
Чанги какдезе ккана,
Гьанже кинго гIунгутIи

Батизе кIолеб гьечIо.

* * *

Хварал рахъине гьечIо,
Амма рахъине щвани.
Нахъеги гьанир ина, –
ХIалихьат, мун вихьани.

* * *

Дица къочичIей гьудул
Къочизе щвараб ани,
Дун гьаб къаникь гьадигIан
Хехго вегилароан.

* * *

Гьаниб жаниб букъана
КIиго гьитIинаб лъимер.
Гьанже ругелани гъол
РукIинаан бахIарзал.

* * *

Гьанив жанив дун вуго,
МагIарулазул поэт,
Мадугьалихъ щив вугев? –
Щибго дида лъаларо.

* * *

Гьанир кIигоял руго,
ЦIакъ цоцазе хириял.
Цадахъ гьаниб гурони
Регизе щвечIо гьезий.

* * *

Вокьуларев росасе
Кьолей йикIарай гIадан,
Кьурулъан кIанцIана гьай,
«Гьале дир рос гьанже», – ян.

* * *

Гъанибе балагьун чу,
БетIерги гьетIун, угьде,
Гьадинав бахIарчияс
ТIокIаб гьеб рекIинаро.

* * *

Лебалал чагIи хунин,
Лебаллъи лъугIуларо;
ХIинкъарал ратIалъунин,
ХIинкъи тIаса унаро.

* * *

Рагъде къокъунев, гьанив
КъолъикI гьабизе вачIа.

* * *

Гьав хъахIаб мегежалъул
МагIарул инсанасе
Нуж рокьулел рукIана
Кинабго рекIел гучалъ.

* * *

Гьав нухал гьарулевги
Нухда гьаниве щвана.
Гьанире ккезе руго
Кисан аниги нужги.

* * *

ЛъикIго кечI ахIулаан,
АхIулъ цеве кколаан.
ЦохIо гIунгутIи ккана,
ЩIакъ гIолохъанго хвана.

* * *

ГIабдал хвараб мехалъги
ГIакъилзаби гурхIула.
Цо гIадаллъи камурав
ГIадан къанагIат гьечIо.

* * *

Рагъда чIварав багьадур.
Гьасул къого сон буго;
Гьасул берал рикIараб
Гъадил нусго сон буго.

* * *

Дир борхараб квер буго
Хабада чIвараб зани;
Хал гьабе, дица гьаниб
Щибго цадахъ босичIо.

* * *

Дуца чанги мерхьана
МагIарда хъахIаб гIазу, –
Гьанже зоноде хIараб
ХIанчIаз хъирщулеб буго.
Дуца чанги ретIана
ГIурабазда гьал хурдул
Гьанже дур хабада тIад
БуртIаз кваналеб буго.

* * *

Гьасул гIумру букIана
Борхараб ханжар гIадаб, –
Ханжар лъалиниб лъуна
ТIокIаб бахъунгутIизе.

Гьасул сонал рукIала
Бачунеб тIамур гIадал, –
ТIармида пардав бана,
Гьаракь-бакъан къотIана.

* * *

Гьанив лъалхъе, гIодов чIа,
ГIумрудул пикру гьабе.
Гьебмехалъ, лъала дуда
Цебехун лъачIеб асар.
ЛъачIони, гьанир ругел,
Гьазул гIайиб гуро гьеб;

ГІайиб дудаго буго,
А гьаниса мун, гьури.

* * *

Дуда лъалищ, цо къоялъ
Къаси бецІлъи щвелалде,
Мунги щвезе гьавила
Гьаниве цогияца.

* * *

Гьанив бокьун арав чи
Ракьалда жеги гьечІо;
Амма гьанив инчІого
ЧІезе кІваравги гьечІо

* * *

Гъуждузда раччула
Хабалъе чагІи,
Хвараз баччуларо
Щибниги цадахъ.

* * *

Занал – хваразул кверал
Кинабго ракьалда тІад,
Ракьулъ ругин жалилан
Рихьизе рорхун ругел.

* * *

Гьаб хабалъ вукъун вуго
Ункъого сон барав чи, –
Гьесул ункънусго хиял
ХутІана тІубачІого.

**ЛЪЛЪАРАЗДА-БОКАЛАЗДА**

* * *

ЦIолеб, кьолеб, босулеб
Нусабго квер чIахъаги!

* * *

Дида жаниб кинигин,
Дур чохьониб рекъани,
Гьекъезе бегьулареб
ТIагIам гуро гьаб бугеб.

* * *

Мун ватила дун бугин,
Дуца гьекъолеб абун,
Дица дурго гIакълу-лъай
Гьекъолеблъи лъачIого.

Мунги дунго гIадинаб
ЦIураб шишайин, гьалмагъ,
Нилъ цоцаца рорхула,
Нилъ цоцаца рехула.

* * *

Дун тIолелъул букIунеб
РакI бохулеб чул-чули,
Чохьонибе щварабго,
Цоги гьаркьаз хисула.

* * *

Дуца дагьаб гуро дун
ЦIураб чIобо гьабураб.
Дица дагьав гуро мун
ЦIурав чIобо гьавурав.

* * *

ЦохIо гьекъон кеплъаги,
КIиго гьекъон мехтаги;
Лъабабизе гьекъейгун,
Щибго гьекъечIин ккаги.

* * *

КIалалъе гьуинлъаги
РакIалъе бигьалъаги.

* * *

ЦIураб хъабиниб тIоге, –
«ТIей» лъалесда «тейги» лъа.

* * *

ТIасан ккун гьекъанани,
Рукъ бакьулъе чвахула.

* * *

Цо къатIра тIинда тоге, –
Къварилъила гьеб пакъир.

* * *

ГIакълу кьун босуге гьаб,
Сахлъи цIцIун гьекъоге гьеб.

* * *

Гьаниб жаниб лъим гьечIо,
Гьалъ хурзал лъалъаларо.

* * *

Гьаб гьекъейгун, бичIчIула
Гьоболасул къваригIел.

* * *

Сахазе камугеги,
Квешазда бихьугеги.

* * *

ГIемер кIалъангутIизе,
КIалдиса гьаб бахъуге.

* * *

Гьаб гьекъон къацандула,
Гьаб гьекъон къочардула.

* * *

КIигояв гьекъолелъул
Лъабабилев какуге.

* * *

Хвалчаца тIубачIебги
ТIубазе гьабула гьалъ.

* * *

Гьаб гьекъаравги хола,
Гьаб гьекъечIевги хола.

* * *

Гьаб лъаларел, бокьичIел
Бокьор гIемерал руго.

* * *

Гьекъолелъул цо къатIра
Нилъалде тIинкIизе те.

* * *

Гьалда килщалги рахъун,
Михъал кьуре ругеца.

* * *

Гьаб гьекъоларо хвараз,
Унтараца гьекъола.

* * *

Гьалъул тIагIам лъанани,
ТIолго дунял мехтила.

* * *

Хонжрода хIалалъ чIвала,
Гьалъ хIилла гьабун чIвала.

* * *

Гьаб гьекъон кеп гьабула,
Гьаб гьекъон магIу тIола.

* * *

Гьекъезе гIилла гьечIищ,
ГIилла батула... ургъе!

* * *

Гьаб кIочон нухда унге,
Иццул лъим лъаразе те.

* * *

Гьаб хабалъ гьекъоларо,
Рокъор рукIаго гьекъе.

* * *

Мехтулесе кидаго
Камула нусго грамм.

* * *

Гьалъ чангоял рорхана,
Гьалъ чангиял рехана.

* * *

Гьоболлъухъ щвараб мехалъ,
Гьеб гьекъолеб батани,
Рокъой гьобол вачIанищ, –
Гьеб мехалдаги гьекъе.

* * *

Гьаб гьекъолеб мехалда,
Рукъалъухъги хал гьабе.

* * *

ГIадан гьаве – гьекъола,
ГIадан хвани – гьекъола.

* * *

Цогиял гьекъезарун,
Гьезда тIад велъанхъуге.

* * *

Балъго гьекъаниги щиб,
Гьалъ гIадамал мехтула.

* * *

Рокъоб гьекъаниги щиб,
Гьалъ къватIазда бицуна.

* * *

Гьаб гьекъон кIудияв вац
ГьитIинавлъун хутIула.

* * *

Гьаб гIемер гьекъолесе
Рокъобе нух рихуна.

* * *

Гьукъулезги гьекъола,
Гьукъаразги гьекъола,
Гьекъогеян гIакълаби
Кьолецаги гьекъола.

* * *

Оцол надалдаса гьаб
Лъин тIезе бахъун гьечIо.

* * *

КIиго гьудул вугони,
Цоцада тункун гьекъе;

ЦохIо мунго хутIани,
Кибниги тункун гьекъе.

* * *

Гьаб гьекъон кIал бацIцIунге,
КIутIбузда квеш букIуна.

* * *

Барщизе гурин гIундул,
ГIумруялъ тункун гьекъе.

* * *

Цин тунке, кIицIул тунке,
КIиябго гIин бохизе.

* * *

Гьаб чвахулеб гIор буго,
ГIеларин, мун хIинкъуге.

* * *

Мунги, мун вокьулелги,
Дуе рокьуларелги
Дуе бокьараб куцалъ
ХутIаги дунялалда.

* * *

ГIемер гьикъардичIого,
Гьоболасухъе цIун кье.
ГIемер къацандичIого,
КъатIра течIого, гьекъе!

* * *

Цоял зодой рехула,
Цоял гIодой рехула.

* * *

Тамахал чаранлъула,

Чармилал тамахлъула.

* * *
КІалъаларев кІалъала,
КІалъалев чІезавула.

* * *
Кьурдуларел кьурдула,
Кьурдухъан гІодов лъола.

* * *
ЦІад-бакъалъ хер кинигин,
Хабар гьалъ гІемерлъула.

* * *
Гьакълица гІадаллъула, –
ГІаксалдаги букІуна.

* * *
Гьекъе, амма мехтуге,
Мехтани, мун – дир тушман.

* * *
Гьаб гьекъелалде мун – цо,
Цинги хадув – цогияв.

* * *
Гьаб гьекъе, амма мунго
Гьалъ гьекъезе вукІунге.

* * *
БокьичІеб ххвел гьабурас
Хадуб зани бегула.

* * *
Гьаб цІураб хехго чІехье,

ЧIехьараб хеккого цIе

* * *

Кибго гьекъезе щвечIищ, –
Рокъовеги вуссаха, –
Дурго эмен вохизе,
Дурго эбел йохизе.

* * *

ЧIобогояб гьалдаса
Сурукъаб жо бихьичIо.

* * *

Гьаб, бицунеб заманалъ,
ГьоцIо гIадин букIуна;
Гьекъон хадусала гьаб
Загьру гIадин батула.

* * *

Гьаб – щокъроса ахаде,
ГIакълу – мугIрузде тIаде.

* * *

Дунгун рекъараб мехалъ,
Рукъ-хъизангун вагъула;
Хъизангун рекъаравго,
Дидаса барщун чIола.

* * *

КIиго бакIалда хIалтIи
ХIукуматалъ гьукъула:
Я дурго хъулухъ гьабе,
Я дие хъулухъ гьабе.

## КАВАБАЗДА, НУЦIБУЗДА

Къоло ункъо сагIаталъ

Бокьараб мехалъ рагье!

* * *

ТІубан рагье, къируге
Къазе лъалел чагІаца.

* * *

Цо вукІа, нусго вукІа –
РакІ рагьараца рагье.

* * *

Гьаб рагьун щварав гьобол
Щив-кисаян гьикъуге.

* * *

ХІалихьатал, гьерсилал,
Намус гьечІел чагІазда,
ЧанцІул балагьанити,
Гьанибе нух къосаги.

* * *

Гьаб рагьарас бегьараб
Лълъарги кодобе босе.

* * *

Рагьизе лъа, къазе лъа,
ВачІине лъа, ине лъа.

* * *

Бокьанищ – жанив вачІа,
БокьичІищ – къватІиве а, –
Къараб кавуги рагьун,
КІалтІа эхетун чІоге.

* * *

ЛъикІав гьудул ватани,
ВачІа мун кІутІичІого;

ЛъикIав гьечIев ватани,
ВачIунге мун кIутIунги.

* * *

Гьоболлъун жанив вачIа,
Гьудуллъун къватIиве а.

* * *

КъватIиб букIараб щаклъи
Щущайги жанив щвейгун.

* * *

Салам кьун жанив лъугьа,
Баркала кьун къватIив а.

* * *

Бохдуца бухе каву,
Кодоб жо бугеб мехалъ.

**БАРАХЩАРАЗДЕ**

Гьаниб кIутIараб мехалъ,
КIутIун суна гъасда цIа.

**КВЕРГIАТIИД**

Гьасул каву бухуге,
Кидаго, рагьун буго.

**РЕЦЦ БОКЬУЛЕСДЕ**

Гьасул рагьу рагьуге
Гьасул ригь беццуларес.

* * *

Гьасул гIака беццичIес
ГIатIал хинкIал квинаро.

## ГIАБДАЛАСДЕ

Цо росдае цо гIабдал
ГIунги тIасан ворчIула.

* * *

Жаниве а, – лъаларо.
КъватIиве а, – рагIичIо.

## КИНИЯЛДА

Макьаби гьуинлъаги,
Гьел киналго тIурайги.

* * *

Гьалда гIадин гIищкъуялъ
ГIолиласда къвал бачIо.

* * *

Гьаб чода тIад рекIана
ТIолго нилъер Дагъистан.

* * *

Гьанив бахIарчи гьечIо,
Гьанив хIинкъарав гьечIо;
Гьаниб щибго лъалареб
Лъимер буго гьитIинаб.

* * *

Гьаб кIикIун кечI ахIичIей
Эбел гьечIо магIарухъ.

* * *

Гьаниб гьитIинаб лъимер
ХIеренго кьижун буго;
Кьвагьдоге дунялалда,
ХIинкъизабуге лъимер.

* * *

БахIарзазде кечI ахIе
Кини кIикIулел чагIаз.

**БУРТИНАЯЛДА**

Гьаб кIиязего гIелин,
ГIабдал, йиччизе чIоге.

* * *

ГIанди росулъ гьабуна,
Рейхстагалда бихьана.

* * *

ЦIадакьа хIинкъуларо,
Бакъукьа кьеруларо.

* * *

Гьалъулъ макьу гьуинаб,
Йокьулей яс, дуда лъай.

* * *

КIиясдаго гъоркь тIаме,
КIияздаго тIадги бай.

* * *

Гьаб ретIингун гIухьбуца
ГIияй баркала кьола.

* * *

Квасул букIаниги щиб,
РакI чармилаз ретIуна.

* * *

ЧIегIераб гьалда хъвараб
ХъахIаб гIазу биуна.

* * *

ЧIегIераб гьалъ хинлъула
ЧIегIерлъи лъачIел ракIал.

* * *

Гьалда речIчIараб гулла,
Горо гIадин, кIанцIула.

* * *

Сапаралъ унеб мехалъ,
Нуха босе, кIочонге.

* * *

Лермонтовас ретIана,
Дуда киндай гьаб ккелеб?

* * *

Гьалда лъун чабхъадаса
Чан бахIарчи вачIарав.

**ГЪАНСИТОЯЛДА**

Гьаниб цIа камугеги
Кидаго дур гIумруялъ.

* * *

Инсул гъастIа кинигин,
Кивго мун хинлъуларо.

* * *

Гьаб цIадул хинлъи дуца
ХвезегIан цадахъ босе.

* * *

Гьаниб цIадухъ балагьун,
ЦIилъула дир пикраби.

* * *

Гьадинан бакаги цIа,
Бакани, дунялалда.

* * *

ГIанкIил хIухьел гIадинаб
ТIеренаб кIкIуй биччаге;
Рехарал тIаргъал гIадин
ТIалайдухъан буре гьеб.

* * *

Гьанир рачIуна кучIдул,
Кабинетазда гуро.

* * *

РикIкIаде сапар гьабун,
Рокъоре руссунелъул,
Гьенисан беролеб кIкIуй
Бихьун, ракI бохулеб куц.

* * *

Рагъде къватIир унелги,
Ун нахъе руссаралги,
ВатIаналъул пикругин,
Гьанир гIодор рукIуна.

* * *

Гьанир гIодор чIарабго,

ГIисинаб жо кIочона.

* * *

Рохъохъирщица гурищ
Нахъа гьунар гьабулеб.

* * *

Жаниб ракI гьечIеб керен –
Гьаниб цIа свараб мина.

* * *

Гьаниб цIа гьечIонани,
Пашманлъула гьинал ракI, –
Гьанир рукIарал чагIи
РикIкIад ратизе руго.

* * *

Гьанир гIодор чIаралго,
ГIемерал пикрабаца
ГьитIинал кIодолъула,
КIудиял гьитIинлъула.

Гьаниб хьаг хех гьалаги,
Гьеб гьанал цIун батаги.

* * *

ГIодор чIаразул гьумер
Гьаниб цIаялъ кунчIула.

* * *

Гьаниб ракIалдещола
КIочон тарал саринал.

* * *

Гьаб цIадухъе кверал ккун,
КигIан вохарав Пушкин.
Гьанив гIодов чIаравго,

ГIумру, дунял бихьула.

## ПАНДРИДА – ТIАРМИДА

Хонжроца чIваралги гьалъ
ЧIаго гьарула даим.

* * *

Дуе камураб рагIи –
Кинабго гьалъ бицина.
Гьадил тIадагьаб тIагIел...
ТIухьи гIадал риуна.

* * *

Нилъеца цIул бухIула,
Гьаб цIулалъ нилъ рухIула.

* * *

Дур кочIол бахIаралъе –
ЧIухIараб ретIелин гьаб.

* * *

Кьураб лълъарги хех гьекъон,
Гьабги хъван макъан тIаме.

* * *

Гьаб хъванин МахIмудица
АхIараб Муиде кечI..

* * *

КIиго чIва буго гьалда
Пашманабгин рохалил.

* * *

Цояб чIва ццидал буго,
Цогияб рокьул буго.

* * *

Мун кьижулеб мехалда,
Ханжаралда аскIоб бай.

* * *

ЧIваразухъ гIодизабе.
ГIолезухъ бохизабе.

* * *

Гьалъул чIваби гIодула,
ГIодуларищ нужер ракI.

* * *

Цин гьаракь гьабилалде,
Гьаб хъвай ракI чучиялъе.

* * *

Гьаб хъвалелъул тIолабго
ТIабигIат берцинлъула.

* * *

Гьалъ пашманлъи хъамула,
Гьалъ пашманлъи ахIула.

* * *

Гьалъул мацI йокьулелда
Бокьараб гордухъ лъала.

* * *

«ХъинтIи-минтIир, хъинтIа-минтI».
Хъвай, гьудул, ракIгъеялъе.

* * *

КочIохъан гогьдарани,
Горболъ гьабги бан, хъаме.

* * *

Гьабги хъван, хъатги кьабун,
Кьурдизеги бегьула.

* * *

МагIарухъ гьаб хъваразул
Пашманаб къисмат буго.

* * *

ГьабгIан гIемер МахIмудихъ
ЦохIо гIадан гIодичIо.

* * *

Гьалъул чIвабзазда лъала
Дагъистаналъул тарих.

* * *

ВатIан тун къватIив ккани,
Кидаго цадахъ босе. –
АскIоб лъола гьалъ маян
Дурго магIарул росу.

* * *

Щибниги жо кIочани,
Гьабги хъван – пикру гьабе;
ГьитIинаб мех – кинабго
РакIалде щвезе буго.

* * *

Гьудуласда бицинчIеб
Бице гьалда – кинабго.

**КЬОЛОДА**

Чияр чода рекIарав

Чодул малакье ккола.

* * *

Лебалаб чуялда лъе,
Лебалав чи тIад рекIа.

* * *

Гьалда тIад ана гIумру
ГIемерал бахIарзазул.

* * *

Гьалда бетIер къотIарал
Къаркъалаби рагъана.

* * *

Багьадурзабаз къаси
Къаданибги лъолеб гьаб.

* * *

Хиянат гьабурав чи
Гьалъ хеккого рехула.

**КЬУРАБАЗДА**

Гьалъул борхалъиялъухъ
Балагьуларо рокьи.

* * *

Лебалав чи гьанисан
Гьури гIадин харула.

* * *

Цадахъ лъугьун кьабани,
Гьалда газа рекIуна.

* * *

Гьалъул кьвари бекула
Кьалда магIарулаца.

* * *

Гьанисан лъим бецIцIула, –
Лъихъ гIодилеб гьаб бугеб?

* * *

ЦIудул бусабазе бакI
Нус-нус гулбуз бахъана.

* * *

Гьалда лъала гIурулъе
Чан гIолилай кIанцIарай.

* * *

Ругънал гьалъул гIемерал,
ГIумру гьалъул халатаб.

* * *

Гьалда рахъарал ругънал –
Кагътида хъварал хIарпал.

* * *

Гьалъул кьерал гIемерал,
Кьалулъ кIкIуйдул гIадинан.

## НУХАЗДА

Херлъараца гьаб тана,
ГIолохъаби гьалъ тана.

* * *

ГIисиназда дандчIвала,
ЧIахIиял тIоритIула.

* * *

Гьалъие ахир гьечIо,
Ахир дур гьаниб буго.

* * *

Гали бахъулеб мехалъ,
Цо-цо нахъе балагье.

* * *

Гьаб къокълъула, лъикIав чи
Цадахъ сапаралъ ккани.

* * *

Гьанив нахъ вуссунилан,
Нахъ руссунаро сонал.

* * *

Машина бачунев чи,
Дагьаб хал гьабун хьваде,
Хвелалде данде кквейгун
Квешаб жо гьечIин гIумру.

* * *

Нуха мун тIовитIарал,
ТIад вуссингун, дандчIвайги.

* * *

Дунял рагIалде щола,
Щоларо дур накалде.

## РАГЪИДАЛ ХIОБОДА

Росулъе щварав, гьобол,
Гьаб хIобода бараб цIал,
Росулъа унеб мехалъ,

БатIиялъуб бахъуге.

* * *

Кинабго тIохил бакIлъи
Ккураб гьаб хIубиялъе,
ХIалихьат, дуца бараб
ЦIал кквезе захIмалъула.

* * *

Гьаб хIобол борхалъуда
ХIанчIаца бусен лъеги.

* * *

Рокъоб тIагъур лъурав чи –
ТIох кколеб хIуби вуго.

* * *

Гьалда гIуж гьабун гIезе
ГIемер лъимал гьареги.

* * *

РицIил гъутIби гIодула
Жидеда пихъ гьечIилан.
Пихъ бижулареб гьалъул
Жиндирго чIухIи буго.

* * *

Гьалда чIварал магIазда
ТIагIунге хьалбазул махI.

* * *

КъватIиса вуссаравго,
ЯчIун дуда дандегун,
Дур тIагъургин буртина
Байги гьалда йокьулелъ.

## БАРХЪАЛИСЕЗУЛ ЩАГIИЛ ХЪУБУЗДА

Щар чIвазеги бегьула,
ЧIагIа тIезе бегьула,
ТIугьдузеги бегьула,
Лъималъеги бегьула.

* * *

Гьаниса лъим гьекъечIев
ГьечIев магIарул инсан.

* * *

Щар чIван лъимал кьурдизаре,
ЧIагдал цIун халкъ бохизабе.

* * *

Къвалакь кверал чIваниги –
ЧIухIи гьечIеб, гIадатаб;
Гьалда ругел накъищал
Дур рокъоса камуге.

* * *

Хал гьабе, чехь гургинаб
Хъабиниса чIечIого
ЧIагIа гьекъон хадув мун,
Хъаба гIадин лъугьина.

* * *

Гьабни хIатIул гьабураб
ТIагIел бугин лъугьунге.
ХIайранаб кечI гьабула
ГIадатал рагIабазул.

## АНСАДЕРИЛ ГIУНСБУЗДА, ТIИЛАЗДА

Гьанже чуял таразе
Чол бакIалда буго гьаб.

* * *

МагIардеги гIодойги
Нух бигьа гьабула гьалъ.

* * *

Свакарасе кверги гьаб,
Унтарасе бохги гьаб.
БецIаб сардилъ херасда
Нух малълъулеб берги гьаб.

* * *

ГIансиде къуларазе
Къулула магIарулал:
Я гьев багьадур вуго,
Бох тушбабаз къотIарав;

Я гьев херав чи вуго,
Халкъалъ хIурмат гьабулев;
Ялъуни гIадатав вехь,
Рехьед, илхъи цIунарав.

* * *

Борхун хвалчен ккуразги
Ккола гьаб ахиралда.

* * *

Гьадин къачIараб гьалъул
Пашманал лъалкIал руго.

**ТIАХЬАЗДА**

Рагье, горду кинигин,
Кинабго ракь бихьила.

* * *

Гьалде къулун, цо сардилъ
Свере тIолабго дунял.

* * *

Бекьараб хурухъ гIадин,
Хал гьабе, гьудул, гьалъухъ.

* * *

Гьабгун цIвабзахъе уна,
Океанал рахуна.

* * *

Гьалъ чаран лъадарула,
Хвалчен чархида ккола,
Бо гьужумалъ бачуна,
Пачалихъал росула.

* * *

Гьаб матIуялъуб дуда
Дурго гIумру бихьула.

* * *

Азарго сон сверила
Цо къоялъ гьаниб дуца.

* * *

Гьаниб цого мехалда
Ихги хаселги буго.
Гьаниб цого бакIалда
Ццинги рокьиги буго.

* * *

Рагье, пикру бихьизе,
Рагье, гьунар бихьизе,
Рагье, гьитIинав инсан
Гьаб цIалун кIодолъизе.

* * *

ГьабгIан божарав гьудул
Дуда ватизе гьечIо.

* * *

Дуца ургъел гьабулев
Гьобол гуро дуе гьаб,
Дуе ургъел бицунев
Божарав гьудул вуго.

* * *

Цо эбелалъ гьаричIо,
Гьалъги кьуна бахIарзал.

* * *

Гьаб хазина кколаро,
Хъачагъаз бикъуларо,
Хвалчаца бахъуларо,
Меседалъ босуларо.

* * *

ТIокIаб жо гьечIониги,
Гьаниб инсул мацI буго.

* * *

Огь, гьаб цIалараб ани,
ГIанкIу цIум букIинаан;
ЦIумалилан абуни,
ЦIвабзахъе роржинаан.

* * *

Чанил берал пашманал,
Гьаб цIалигун, ратила.

## ХУНЖРУЗДА, ХВАЛЧАБАЗДА

Гьалъул ругьнал регьола,
Амма рекIелъ хутIула.

* * *

Гьалъ чIваралги кидаго
ЧIаголъулареллъи лъай.

* * *

Бищун гьалъий лъикIаб бакI
Лъалида жаниб буго.

* * *

Гьалда би бакъваларо,
КигIан бакъ бухIаниги.

* * *

Гьалдаги канлъи гьечIо,
Гьаб ккурасул гьечIони.

* * *

Гьаб цохIо дур гуребги
Цогиязулги буго.

* * *

Гьалъ гIодов лъурав инсан
ГIодунан, вахъунаро.

* * *

Багьадурасул кверзукь
Кидаго рекIараб гьаб.

* * *

ХIинкъарасул кверазукь
Кидаго гIедераб гьаб.

* * *

ГIакъиласул кверазукь
Кидаго сабураб гьаб.

* * *

Гьаб-бахъуге, бахъанищ,
Нахъе лъоге гьадинго.

* * *

Мегеж кIкIвазе гьабичIо
Гьаб магIарул гIадамаз.

* * *

Хур лъилъизе нилъ буго,
Гьалъ лъилъула гIадамал.

* * *

ВатIаналъул гIорхъода
Бахъараб нахъе лъоге.
Хурул гIорхъалабазда,
Нахъе гьабги лъун, кIалъай.

* * *

Мун гьоболлъухъ щварабго,
Гьаб магIида базе кье.

* * *

Берталъ формаялъе бай,
Гьекъолелъул рокъоб те.

* * *

Гьаб дур инсул букIана,
ТIансаялда бан цIуне!

* * *

Гьалъие щиб бокьулеб?
ГIоркьаб рахъалъе – гьудул;
ГIоркь тун цоги рахъалъе
Хъамалчиясул бетIер.

* * *

Гьаб угьдула чIварахъги
ЧIвачIого рорчIарахъги.

* * *

Эркенлъи – гьалъул закон,
Зулму – гьалъие тушман.

* * *

Гьалда я бихьуларо,
Гьалда я рагIуларо.

* * *

Рос рагъда чIвараб мехалъ,
Гьаб чIужуялъ борчана.
ЦIи гьавурав васасе
Бусал къаданиб лъуна.

* * *

Гьалъул сурат бессула
ТIанссабазда руччабаз.

* * *

Гьалъул сурат хваразул
Заназда бикIун буго.

* * *

Гьаб инсуца васасе
Васият гьабун тола.

* * *

Гьалда квер лъун гьедула,
Квешаб къо тIаде щвани.

* * *

Гьалда кьаву чIваларо,
ГIурулъе бортанити.

* * *

Рогьо биялъ бацІцІуна,
Би кинго бацІцІунаро.

* * *

Гьаб кквезе квер гьечІони,
Угьдула магІарулай.

* * *

Гьалъул бетІергьан буго
ТІадегІанаб Дагъистан.

* * *

Гьалъул махсара гьечІо,
Гьалъ васал гьаруларо.

* * *

Цо лахІзаталъ ияхІ гьабе, бахІарчи!

* * *

Нахъа кколеб жоялъул
ХІисабал гьарун хадуб,
ХІинкъиялъ бахІарчилъи
Нахъе хъамизе буго.

* * *

Дуда данде кколев чи,
Киса гьев вукІаниги,
Мунго гІадав чи вукІин,
Дуда гьеб кІочон тоге.

* * *

Дуего бокьулареб
Чияе гьабичІони,
ГьечІо щибниги гІилла
Дун къватІибе бахъизе.

* * *

Гьаб дур инсуца ккуна,
Инсул инсуца ккуна;
Дуда кверал ругелищ
Гьаб кквезеяли, бице?..

* * *

Дун рекIараб гьечIони,
Дида тIад кьаву чIвани,
Кьабулаго къотIулеб
Дица къотIичIонани,
Диде гIайиб рехуге,
Хал гьабе дурго кверахъ,
Гьел сородулел руго,
Сири бачIараб гIадин.

* * *

БукIуна цо-цо къо, гьел къояз лъала,
КъвакIаравин тарав тамахав вукIин.
БукIуна цо-цо къо, гьел къояз лъала,
ХIинкъаравин тарав къвакIарав вукIин.

* * *

Цо лахIзаталъ яхI гьабе, –
БахIарчи вахъина дур.
Дагьабги сабру гьабе, –
ХутIила бетIер тIагърикь.

* * *

Чехьалъе бихьизецин
Гьаб тIагIел бокьуларо.

* * *

ЦIорораб гьаб къватIиб цIан,
ЦIа бакараб росдада.

**КУБАЧИЯЗУЛ ЧИРАХЪАЗДА**

* * *

Гьаб бакизе ккола хинлъи букIине, –
Канлъи гьечIеб чирахъ – рокьи гьечIеб ракI.

* * *

Рокъоб бакъ баккигун гьаб свине гьабе,
Цогияб заманалъ кидаго баке.

* * *

Гьалъ рагъиде бачIун дандчIвала гьобол.

* * *

Гьалъ билараб тIагIел балагье – бате,
Амма ватиларо виларав гьудул.

* * *

Гьаб баке канлъи щвезе.

**КЬОДА**

Гьаб кьо гьечIеб гIоргин нух
ГIекIмацI камураб рачел.

* * *

Гьалъ баччанщинаб бакIлъи!
Огь, гьаб букIинчIебани,
Дур гъуждуца ккелаан
ГIорги бахун баччизе!

* * *

Росабигин шагьарал
ГIагарлъизе гьарула,
ГIадамал, пачалихъал
Цоцазухъе рачуна
Цоцадаса тIураб квар
Бухьараб гьаб гарацIалъ.

* * *

Гьалда гъоркь ццидалаб гІор
ГІодула, чара къосун.

## ТІАНСАЯЛДА

РечІчІухъан, вахъа гьалде,
Гьалъ бицинин дур къуват.

## ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЯЛ – САЙИГЪАТАЛ

(*Автографал*)

### ИНСУЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Гьал дир асаразулъ цо кечІ батани,
Цодагьавниги мун рази гьавураб,
Гьеб дир гьунар гуро, дур гьунар буго,
Дудасан бачІараб буго дие гьеб.

Гьал дир асаразулъ дуе рекъечІел
Бакънал данде чІвани, мун пашманлъуге.
Гьеб дир гІайиб буго, дур гІайиб гуро,
Дун вуго бетІергьан гьел гъалатІазул.

### ЭБЕЛАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Дуца доб кинидахъ ахІараб кочІохъ
Киналго дир бакънал кьелаан дица.
Доб кьолболъан араб гьетІ-гьетІараб гъветІ,
Гьелъухъ мун балагье. Васас чІана гьеб.

## ДИР ТОХТИРАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

*М.П. Тарасовалъе*

Гьале, тохтир, дуе дир «унтул тарих» –
Температура, пульс, кардиограмма,
Кидаго хисулеб дир давление,
Хирург балагьичIел гIумрудул ругънал.

## А. ТВАРДОВСКИЯСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дун ургъалихъ вуго дуе тIехь хъвазе,
ХъвачIого чIезеги хIал кIолеб гьечIо.
Дуца гьаб цIалундай, цIаличIогодай
Дие лъикI букIинеб, лъаларо дида.

## ЦIАДАСА ХЕРАВ ГIАЛИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дир инсул киналго асарал лъалев,
Росдал годекIанив бищун кIудияв,
Духъе кьелалде тIехь бегана дица,
Чанги тIанчал руго щай гьалин ккарал.

Амма букIаниги, цониги кечIалъ
Дуе кеп гьабилин, буго рекIел хьул.
Дир эмен ракIалде щвезе гьавулеб
Цо шигIру батани, гьеб гIела дие.

## ГЕОРГИЙ ГУЛИАЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дурги дирги эмен – кIиявго шагIир –
КIудияб ургъел, цIар, ритIухълъиялъул.
Нилъги, дагьаб мехалъ кIалухъ рахъарал,
КIалъала мех-мехалъ гьаб улкаялда.

ВачIа, вац, цоцазул тIахьал цIализе,
Цо батIалъи лъазе дозулгин нилъер.

Дозул цIар букIана, нилъер – машгъурлъи.
Дол – базаралдаса, нилъ – тукадаса.

## СЕМЕН ЛИПКИНИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

МахIмудги эменги авар мацIалъул
ГIорхъодаса дуца рачунеб мехалъ,
Дун пашман букIана: пайда щиб, унго,
Гьаб авар мацI дуда лъалебанищан.

Хадуб, дир асарал гIурус мацIалде
Руссине гьаризе мун лъугьаравго,
Дун вохун вукIана, аваразул мацI
Дуда лъалареблъи дида лъалелъул.

## ПАТIИМАТИЕ КЬОЛЕЛ ТIАХЬАЗДА

* * *

Сардазул макьу тун гьарурал кучIдул,
Гьудул, мун кьижизе кьолел руго дуй.

* * *

БачIунеб – гIагарда, унеб – рикIкIада.
Унеб буго гIумру, дир гIолохъанлъи.
БачIунеб щиб бугеб? – сордогин хасел,
ХутIана ахада ихги рогьелги.

БукIана цо дир гьве, лъикI бакъичIого,
Рокъой буссунареб, – гьедин вуго дун.
ЛъикI вугеб мехалда, квешлъун вукIуна,
Квешлъи бачIарабго бичIчIула лъикIлъи.

Сахго вугеб мехалъ, дунялги сверун,
Доваги гьанивги хъуданщинав дун,
Цинги унтаравго, цо мун гурони
Цоги щивго дица ахIулев гьечIо.

* * *

РагIула Африкалъулъ

Цо гьитIинаб халкъ,
Цо пиштIи гурони
ТIокIаб мацI гьечIеб.

Ккола цо-цо мехалъ
Гьезда релълъун дун, –
Дур гуреб цогияб
МацI-цIар кIочарав.

* * *

ТIоцебе дур бицингун,
Дир цо рохел букIана,
Росулъе их бачIанин
ХIанчIаз бицараб гIадаб.

Цинги мун йихьарабго,
Цоги рохел букIана,
НекIого балагьулеб
Чан бихьараб кинигин.

Хадуб мун рагIарайго,
Хадуб духъ гIенеккигун,
Хиялаз дун гуккичIо,
Дагьавги цIакъ вохана.

Хадуб мун лъараб мехалъ,
ЛъанагIан хIикмалъана.
Гьеб гIицIго рохел гуро,
ГIумругун талихI буго.

* * *

Ралъдалъе нух дида гIораз малълъана,
МагIарде – хурдузгин цIумаз малълъана.
Духъе вачIунеб нух ракIалъ бицана,
БукIинчIо гьелдаса дий бокьулеб нух.

* * *

Улкаялда буго кибго гласность,
Дие бокьун буго дургун согласность.

## ДИР ЯС ПАТIИМАТИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Патя, гьоркьохъей яс,
Цее кIанцIуге, –
Цере кIанцIулезул бетIер бухулин.

Патя, гьоркьохъей яс,
Нахъе хутIуге, –
Нахъа хутIаразул бохдул рухулин.

Патя, гьоркьохъей яс,
Йорхун хьвадуге, –
Мокърукь бетIер тункун гьеб бекулебин.

Патя, гьоркьохъей яс,
Къулун хьвадуге, –
Мун къулизе кколел къанабакь ругин.

Патя, гьоркьохъей яс,
Кий йикIаниги,
Кидаго дур лъикIлъи бихьула дида.

## ДИР ГЬИТIИНАЙ ЯС САЛИХIАТИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Огь, Соля, огь, СалихIат,
Сон-церекъад ясикIо, –
Мун кIудияй гIурай куц,
Мун кIудияй гIурай куц!

Сон-церекъад вукIана
Дур кини кIикIулев дун, –
Мун кIудияй гIурай куц,
Мун кIудияй гIурай куц!

Сон-церекъад букIана
БотIрода рас лъухьулеб, –
Гьанже рихьула гъалал
ЦIолбол гъабуял гIадал.

Йорхалъиги, кIичIиги,
КIалъайги, балагьиги, –

Мун кIудияй гIурай куц,
Мун кIудияй гIурай куц!

Сон-церекъад йикIана,
БакIиде яхинаюн,
РакIалдасан кIиго мухъ
ХIалалъ кочIол рикIкIуней.

Гьанже цIалулел тIахьал
Рихьун, дун хIикмалъула.
Дуца хIалел масъалай
ХIазе дида кIоларо.

Сон-церекъад йикIана
Дица квер ккун ячуней,
Классалда тIоцебе
«Папа», «Мама», – ян хъвалей.

Гьанже дир гьудулзаби
Кинабго дунялалда
Бер ккелилан хIинкъула, –
Мун кIудияй гIурай куц!

КIутIичIого ваккизе
Дун рокъой бегьуларо, –
Дир бакъ, гьадин лъачIого,
Мун кIудияй гIурай куц!

Дун вукIахъе хутIана,
ХисичIо щибго эбел.
Инжиралъул гъветI гIадин,
Мун кIудияй гIурай куц!

Мун гIадинан, гьадинан
Щалго кIудиял гIечIо
Кинабго гIаламалда,
Киналго гIасрабазда.

Киналго сариназда,
Киналго маргьабазда
МунгIан кIудияй дие
Гьанже щийниги гьечIо.

ЦохIо гьари дир дуде,
ЦохIо мурад дир дуе –

Мун кIудияй гIурайлъи
Дуда кIочон тогеян.

Огь, Соля, огь, СалихIат,
Сон ясикIо гIанай мун, –
Цо кIудияй гIурай куц,
Цо кIудияй гIурай куц!

## ГЬИТIИНАЙ ШАГЬРИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

ГьабсагIат, Шагьри, мун гIодулей йиго,
ГIадамазул лъикIлъи дуда лъачIого.
ГьабсагIат, Шагьри, мун елъулей йиго,
ГIадамазул квешлъи дуда лъачIого.

Дир дулъ жахIда ккола, жакъа гьитIинай,
Гьаб гIумруялъул ццин жеги дандчIвачIей.
Дун дуда гурхIула, ругел хиялал
Хадур тIурачIого, дур ракI бакъвалин.

Цо тIегь данде чIвана дида магIарухъ,
ТIаде гIазу балеб-баларебдаян.
Нижеде банщинаб гIун буго гIазу, –
ГIурда басандизе свере, дир кьегIер.

## ДИР КУЧIДУЗУЛ ТIАХЬАЛГУН КОСМОСАЛДЕ РОРЖАРАЛ ДИР ГЬУДУЛЗАБИ АНДРИАН НИКОЛАЕВАСЕ ВА ВАЛЕРИЙ СЕВАСТЬЯНОВАСЕ

Ракьалда мех букIинчIин,
Космосалда регIанищ
Дир кучIдузул гьитIинаб
ТIехьалде, гьудулзаби?

Дунги нужгун вукIана
РакI-ракIалъ гьадал моцIаз
Дицаги салам кьуна
Гьаб гIурччинаб ракьалъе.

## ДИР КУЧIДУЗУЛЪ
## БАКЪ ГIЕМЕР БУГИН
## ЖИНДИРГО ТIЕХЬАЛДА ХЪВАРАВ
## НАЗИМ ХIИКМЕТИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Бурсалъул туснахъалъул
Саназул сардал лъарав,
Дир сариназулъ дуца
Бакъ гIемер бугин хъвана.

Диени гIун букIана,
Дир инсуца абухъе,
ЦохIо хъалиян цIазе
ЦIа гьаниб батаниги.

Дурни асаразул цIа
ГьечIеб гъансито гьечIо.
Огь, дир хирияв туркав,
Гьез дие кьураб хинлъи!

Мун лъайгун лъана дида,
ЛъикIал бахIарзал – васал
Востокалъул улбузул
Жеги дагьал гьечIолъи.

## НИКОЛАЙ ТИХОНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дир букIана анцIго сон,
Бакъ боркьарал кьураби...
Кьижараб ЦIада росу
ТIох-тIохалде бахана.

Доба чабхил нухалъан
Лъабго чодул рекIарас
«ХIамзатил рукъ киб бугеб?» –
Нижер каву рагьана.

Лъабго гIурус багьадур –
«Асаламу гIалайкум», –
Луговской, Павленко,
Гьелгун харбида мунги.

Тахида гIодор чIана,

Къеда чIварал тIукъбузда
ТIад бусаби гьарулел
Милъиршаби рукIана.

Ниж – лъабго вас инсуца
ТIасагIурде ритIана,
Нужер гIетIуд рецIцIулел
Чуял тиризаризе.

Хадуб нахъалъизегIан
Нужер хабар букIана.
Дун къватIазда хутIана
Къаси заман щвезегIан.

Рокъове вуссаравго,
Гьасги дагьаб хъвалилан,
Дун инсуца ахIана,
Расул, цо кечI цIалеян.

Гъирадалъ байбихьана,
Поженяница гIадин.
Гьоркьоб хехго къосана,
Намуслъун нахъе ана...

Николай Семенович,
ГIемерал санал ана.
Дур чоца, цIаралъ, кечIалъ
ЦIадулал лъалкIал тана.

Луговской, Павленко –
Гьудулзаби дур хвана.
Цо рекIарав хутIанин,
ВукIунаан дир эмен.

Дир вацалги камуна,
Жегиги гIолохъанал,
ГIурусазул ракьалда
Доб къалул гIорхъабазда.

Гьанже эменги гьечIо,
Амма гIумрудай дица
ГIемер баркала кьола,
Мунгун данде чIаралъухъ.

Дунялалъул, векалъул

ЗахІматал сапаразда,
Свак лъаларев чотІахъан,
Дунги дур хьолбохъ вуго.

## ГЬЕРЕКІЛИ АБАШИДЗЕЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Дир рекІел гьари буго,
Гьудул, дуде, ГьерекІли,
Берцинав ворхатав мун
Унтуге, сахго вукІа.

Дур унти хІалуцани,
ХІадурал васал руго,
Гьеб хисун жидей боссе, –
Нусилъе мун вахайин.

Цоги гьари буго дир,
Гьудул, дуде, ГьерекІли,
Херлъуге мун, херлъуге,
Чан хасел свераниги.

Херлъани, дур херлъидахъ
Жидер бахІарлъи кьолел,
Чанги кьерилал руго
Гуржиязул лъималалъ.

Лъабабилеб гьари дир,
Гьудул, дуде, ГьерекІли,
АхІе кечІ, чІезе тоге,
Гьеб гьечІого рес гьечІо.

Дагьаб мацІ бананиги,
Дур гІадинал баянал
Бакънал къанагІат руго
Нилъер поэзиялда.

## ЛЕОНИД ЛЕОНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Леонид Максимович,
ГІурус рохь цІунун вугев,

МагIарул дагьал гъутIби,
Гъозда щибдай гьабилеб?

Ермоловаз рухIарал
Гьал нижер кьурабалъан
Цо-цо кьурун раккула,
Жалги чIаго тейилан.

## САМЕД ВУРГУНИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дур бакI кквезе бокьун щибасе буго, –
Гьезий жидейго бакI щвани гIун буго.
Дида гьел рихьигун релъи речIчIула, –
ГъалбацIил бакI кколел кутузул къокъа.

## ЭДУАРД МЕЖЕЛАЙТИСИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Нилъ къулизе кколев чи
Щивго гьечIо ракьалда, –
Эбелгун эмен гурел,
Рокьи ккарай яс гурей.

Нилъеца наку чIвазе
Кколеб бакI гьечIо кибго, –
ВатIаналъул иццал тун,
Улбузул занал хутIун.

Нилъеца гъежда лъезе
Кколел гьечIо щалниги, –
ГIисинал лъимал хутIун,
Гьезул хиял-хIисабгун.

Нилъеца кечI ахIизе
Кколел гьечIо щалниги, –
Мехги ракьги гурони,
Рокьулел ясал гурел.

Нилъеца кьал гьабизе
Кколел гьечIо щалниги, –
Нилъгун кьанагъдичIони,

Нилъгун чIухIдаричIони.

Нилъее бокьулареб,
Нилъеца гьабулареб
Нилъее гьабичIого
Паракъат рукIанани.

## ЯН ФРЕНКЕЛИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Баркала дуй, музыка,
Накаби чIвала дуе, –
Веказ кагътида хъвачIел
КучIдул дуца цIунана.

Дур бакънал гурелани,
Рикъилаан санаца...
Хабар гьечIел асарал
Дуца роржинаруна.

Баркала дуй, музыка,
Дур чагъанадул гьаркьаз
Кьуна наслабазухъе
Меседихъ борцунареб.

Дуца гьаб ирс бачIана
Саназул кьурабахъан,
Кьалул авлахъаздасан,
Улбузул гьулакахъан.

Баркала дуй, музыка,
ГIагараб хазинадухъ, –
ГIоралъ ине биччачIо
Дуца некIсияб рокьи.

Дуца тарих цIунана,
ЦIаялъ бухIизе течIо, –
ТалихIги гьудуллъиги
Дудасан лъана дида.

Баркала дуй, музыка,
Дур канлъухъ, берцинлъидухъ, –
Дуца кваркьаби гьуна
Дир рокьул кучIдуздаги.

ХъахIал къункъраби руго
Къва-къвалаго роржунел...
Къаникь лъурал рахъунеб,
Баркала, музыка, дуй.

## АРТИСТ ЛИВАНОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Мун ваккана, киназго
Гьале чиян абуна.
Балагьана, киналго
Балагьун чIезаруна.

Мун кIалъана, киналго
Артистилан кIалъана.
КIудияв лъимер вукIин,
АскIов ккезегIан, лъачIо.

Рокьулелги какулев,
Какулелги рокьулев,
Квер босун, руччабазе
КIиябго наку чIвалев.

МХАТ холеб бугилан
Хиялаца чурхъулев;
Хадуб дие Пастернак
РакIалдасан цIалулев...

Дур цIарги гIаданлъпги
Дие гIагараб буго.

## АРАМ ИЛЬИЧ ХАЧАТУРЯНИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Хирияв Арам Ильич,
Дуца дида абуна,
Ункъо гуреяб бакъан
Гьаб гIумруялъул гьечIин.

Зобалъулги, лъадалги,

Ракьалъулги, рокьулги –
Гьел цолъигун букIунин
КIудияб симфония.

Дица дуда абила,
Дир устар Арам Ильич, –
Зобги ракьги лъаларо,
Рокьи гуреб жо гьечIо.

ТIолго симфониязе,
Киналго сариназе
Цо чIужугIадан гIелин
ГIумруялъул бакънaзе.

## ГЕОРГИИ БАЙДУКОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дида цебечIола магIарул тIалъи,
ТIоцеве мун воржун вачIараб заман.
Зодил гьоболасул бихьичIеб хIинчIалъ
ХIикмалъун инсуца сарин гьабуна.

Гьале гьанже-гьанже рачел борчарав
Вачана дуца дун самолеталде.
Сверана Гъунибги КьилимегIерги,
Дур кваркьабазда гъоркь Каспи гьелчана.

Гьанже гьаб дуниял сверулеб мехалъ,
Дур самолеталда вугилан ккола.
Киналго зобазда рулалда нахъа
Дида цадахъ руго дур кверал гьанир.

Дир гьанадул гьулак, гьитIинаб мехалъ,
ТIоцебе мугIрузда дуца кIикIана.
Полюс бахунелъул дица борхула
ХъахIаб шал жемараб гьаб Шампанский.

## МИРЗО ТУРСУН-ЗАДЕЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дуца абуна дида, –
Рудаки, Фирдоуси, –
Гьездаса хадур кучIдул

Гьаризе бигьа гьечIин.

Диеги бигьа гьечIо, –
ЧIанкIа, МахIмуд, дир эмен, –
БачIун чIана гьаб рокьи,
ЧIезе кIвечIо, кIалъана.

ТIаса лъугьа.

## ИРАКЛИЙ АНДРОННИКОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Дуца Лермонтовасда
Дица кучIдул гьарулин,
Гьудул, воре бицунге, –
Дида бугеб хIал бичIчIа.

Нагагьлъун дос гьикъани,
Цогиязул цIар абе, –
ЦIакъ гIемерал ругин гьел.
Пушкин жалгоян ккарал.

## ЧИНГИЗ АЙТМАТОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Чингиз, гьудулги вацги,
Жакъа мун гьавураб къо.
Дие рагIи кьун буго,
РагI кье кIутIби ччулизе.

Дур цIвайил сагIат щвана, –
Дур сверуде ракIарун,
Дуде салам гьабулел
Гьалмагъзабалъ вуго дун.

ЦохIо пашманлъи буго,
ГьабсагIат дуда аскIор
Дур эбел-эмен гьечIо,
Гьезий бетIер къулизе.

Гьел киндай рохилаан,
Жидерго хирияв вас
Фудзиямалъул тIохде

ТIаде вахун вихьигун.

Киндай гьел чIухIилаан,
Жакъа духъ балагьигун,
Дир бащадав азияв,
Бащадав европияв.

КигIан карачалаби
Гьелчон хъудананиги,
Дур «ХъахIаб гама» щвечIеб
Гавань кибниги гьечIо.

Дуца гIайиб гьабуге,
Диргоги жахIда ккана, –
Жамилаца Гульсарил
Горбода катан байгун.

ЦIал бай дурго чуялда,
Тире байданлъун дунял,
Дир бащадав азияв,
Бащадав европияв.

ВатIан аслулъун буго
Нилъ киналго цолъизе.
...Киргизия, мун лъайгун,
РикIкIадасан бихьана.

## ЧЕХАЗУЛ ПЕРЕВОДЧИК ЯН ПИЛАРЖИЕ КЪОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Абула, переводал
ТIансадул гIакса рахъин;
Амма тIанса босула
ГIакса рахъ лъикI балагьун.

Цадахъ мун гьечIевани,
Гьаб дир рокьул хIакъалъулъ
Ракьалда цо магIарухъ
Гурони лъалароан.

## КУБАЯЛЪУЛ ПОЭТ НИКОЛАС ГИЛЬЕНИЕ

## КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

О, Кубаялъул поэт,
Компаньора Гильен!..
Дида гьикъулеб буго
Гьал гІадамаз дур рахъалъ.

Дица абулеб буго:
ДандчІванин, гьобол вугин,
Москвагин Кубаялда
Кверазул хинлъи лъанин.

Дида гьикъулеб буго:
ЦІакъав чи вугищ мунан.
Дица абулеб буго:
ЦІаги бакъги вугин мун.

«Гъов лъикІав гьудул вуго
Гьужумалъ цадахъ ине,
Гьелдасаги, берцинал
Ясалгун хабаралъе.

Жиндирго ракьалъул вас,
Гъов дир росулъа вуго.
Гъов лъикІав поэт вуго, –
Гьеб гІоларищ нужее?»

## КУБАЧИЯЗУЛ УСТАР МАНАБА МАХІАМАЕВАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Дида кколеб букІана,
ГьабсагІаталъги ккола:
Форма хисула гьотІол,
Форма хисула ратІлил.

Амма хутІула хІуби,
Амма хутІула хІасил.
Гьеб буго аслу даим
ГІумрудулги кочІолги.

КигІан тІаса гІурччинаб
Хъарпуз букІананиги,

ХъвалхьинчIого кIалъаге, –
БагIараб ракI кIалдиб лъе.

КигIан пахруяб партал
Гьудулалъ ретIаниги,
Парталалда къвал банин,
Къаси вас вохиларо.

Ва амма, Манаба,
Махщел дур, кубачияй!..
Дица кодой босана
Жакъа цо кучIдузул тIехь.

Киданиги цIаличIел
Яги цIализе гьечIел,
Гьел гIицIго цIадудаса
ЦIунун руго дур жилдаз.

ТIокIаб гьабан абизе
Гьениб щибниги гьечIо.
ШигIру ракIалде щвана
НекIсияб дов МахIмудил:

«Бартийилан цIарги лъун,
Цо цIуяб хIамаялда
ГIарцул чангит бан бугин
Чаракъосица », – абун.

## МУСЛИМ МАХIАМАЕВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Араб рагъда хутIарав
Хирияв дур инсухъе,
Муслим, Польшаялде дун
Щвана гьесул зонохъе.

Дир каранлъ жанир ругел
Дур кучIдузул гьаркьаца
Гъов хвалил макьидаса
ВорчIанин ккана дида.

Дида ккана, гьале гьос
БетIер борхулеб бугин,
ВатIанги васги гьосда

Гьале рихьулел ругин.

Дида ккана кидаго
Гъос гьарулеб бугилан.
Дир вас, Муслим, ахIеян,
Цоги нухалъ ахIеян.

## ЭТЕРИ ГУГУШВИЛИЕ – БЕССО ЖГЕНТИЛ ЛЪАДИЯЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Этери, цIакъ цебего
Бицана дие Бессол;
Бицунезул гьумерцин
Гьев рехсон бохулаан.

Гьанже гьесул хIакъалъулъ
Бицен ккараб мехалда,
Берцинал гьал дир мугIрул
ГIодоре риччалел куц.

Этери, цIакъ цебего
РагIана дида Бессол.
Дагьав рагIун ватана, –
Цо жеги гIенеккизе.

Гьанже Тбилисалда
Гъосул хабар рагIичIо.
Хурдул руго руцIцIун чIун,
ХIанчIи руго гIенеккун.

Этери, цIакъ цевего
ДандчIвана дида Бессо.
КигIан данде чIваниги
Дагьав вихьун ватана.

Цо гьумер гIолеб гьечIо
Гьал кучIдулъ бакъ букIине.
Цо бакъан гIолеб гьечIо
ГIорул карачелазе.

Этери, цIакъ цебего
Ккана нижер гьудуллъи.

Гьанже мун йиго дида
Дица гъосул бицеян.

Дуцаго дие бице,
Досул бокал бугин дихъ;
Боржун унеб хIинчIальул
Цо кваркьи бортун бугин.

## УНСОКОЛОСА УСТАР ИДРИСИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

ГъотIода кечI ахIулеб
ХIанчIида гьикъун бихье,
Рохьазда басандилеб
Бисалда дуца цIехе.

Бищунго рокьукъав чи
Ракьалда щив нужерин...
Щибалъ жаваб гьабила,
ГъветI къотIулев чи вугин.

Диргоги гьеб хIал буго,
Бицинищ дуе, Идрис,
Унтула ракI, гIащтIигун
Чи рохьой унеб мехалъ.

Чанги магIарулазе
РагIад кьураб берцинлъи,
Кьурабазулъ къанагIат
КъотIулеб бихьарабго.

Ва амма ансадерил
Устарлъи цебе лъейгун,
Дуца босун цIулада
ЦIияб ракI лъун батигун;

Дица рохьгин гъветIалда
ТIагъур бахъун абула,
ТIасалъугьа нужилан
ХIинчI-чаналда гьарула:

Гьадинаб махщелалъухъ
Щибго хвезе бегьилин.

Гьадинаб гьунаралъе
Гьаб гІумру назру бугин.

Живго Шамилицацин,
Дур трубка бихьигун,
Тамахьо кьеян абун,
Абунилан бицуна.

ГъутІби къотІани, къотІе
ГІицІго ансадерица, –
Устаразул кверазукь
Кинабго чІаголъула.

## ТОХТИР ЛЮДМИЛА ПУХОВАЛЪЕ
## КЬОЛЕБ ТІЕХЬАЛДА

Унтараб бакІ щиб бугеб,
Щиб дуе бокьарабин,
Щибаб нухалъ гьикъула
Дуца дида, дир тохтир.

Унтараб бакІ щиб бугеб,
Щиб дие бокьарабин,
Гьаб тІехьалда хъван буго,
ТІокІаб дида гьикъуге.

Дилъ дунял унтун буго,
Щиб дару гьабуниги,
Гьеб сахлъичІого, дие
Сахлъи букІине гьечІо.

Дилъ унтун сагІтал, сонал,
Къоабилеб век буго.
Гьеб къварид букІаго, дун
Кидаго лъилъиларо.

Дилъ унтун рокьи буго,
Макьу гьечІеб, гуккараб.
Дилъ унтараб битІухълъи –
БетІер гьорозабулеб.

Гьаб кидадай лъилъилеб,
Гьалъие дару гьечІищ?

Доктор, балагье рецепт,
Берцин гьабе гьаб гIумру.

## РЕЖИССЕР ХIАЙБУЛА ГIАБДУЛГЪАПУРОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Пардав рагьараб мехалъ,
Декорация гуро,
Дагъистан бихьизабе,
Дуниял бихьизабе!

Пардав рагьараб мехалъ,
Гьал-дол артистал гуро,
ГIадамал рихьизаре,
Гьаб гIалам бихьизабе!

## ГIОРХЪОДА ХЪАРАВУЛ, ГIОЛОХЪАНАВ ВАНЯЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Ваня, гIолохъанав гIурусазул вас,
ГIорхъода жакъа мун вукIинчIевани,
Киндай рукIинаан сверухъ гьал гъутIби,
Гьал тIанхал лъедолел иххазул лъарал?

Макьу лъалаандай дур йокьулелда,
Доб Европаялда, доб Азиялда?
Улкаялъул лъимал карандеги къан,
Киндай рукIинаан гъаримал улбул?

Ваня, гIолохъанав, гьаб гIорхъиялда
Хъатикь ярагъгун мун вукIинчIевани,
Щибдай букIинаан гьаб гIаламалъул,
Щибдай гьабилаан гьаб гIасилъиялъ?

Къаси сардил цIваби дуй салам кьолел
Ракьалъул сасалъул сабураб макьилъ;
Духъе бакъ бачIуна ворчIамийилан,
ЧIегIераб кIкIуйдукь жиб жеги гьечIилан.

Ваня, дунги кечIги – дур гьудулзаби
Гьайбатлъи цIунулеб гIорхъода руго.

Дир щибаб мухъ буго гIищкъул хъаравул,
Хъварал тIанчал руго рокьул байдаби.

## ЛАДО ГУДИАШВИЛИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Гьадинги гIаздалаб дур Душетия,
Дур кини кIикIидал, зодоб цураб куц!
Гьадинги рагIараб дур Мцхетия,
Дуца бицарабго, берцинлъараб куц!

Гуржи къарнабазул къисаби, мифал,
Дур къасдал журайгун, хIикмалъарал куц!
ХIайранал храмал, накъищ, фреска
Гьеб дур махщалица мухIканлъарал куц!

Киналго кIваричIо, цо дур «Тамарил»
ЦохIо гьумер гIела дун гIадаллъизе.
Цо гIадан кIалъаге, дур Пирасманихъ
Паракъат гIодочIун те балагьизе.

Огь, чвахи гIемераб гIатIидаб Кура,
Дур гIагарлъи лъайгун, гьелчон тараб куц!
Нус-нус чIоралдаса борчIун араб чан,
Дуца ахIарабго, аскIоб чIараб куц!

БокьанагIан гIемер гIазу баниги,
Гьал дур гIурабазда бечIалареб тIегь;
ТIаде ракь хъваниги, зани чIваниги,
Даим чIаголъулел гьумерал, берал...

Дун дур рокъов вуго. Бугеб щинаб бакъ,
Гьаниб гьечIеб дунял дида лъаларо.
Дир хирияв гIакъил, гьаб гIумруялъул
КиналгIаги кьерал кьун руго дуе.

## АРХИТЕКТОР ГIАБДУЛА АХIМАДОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

ГIабдула, ургъе дуца
Дие гьитIинаб мина,
Гьерсида нух лъалареб,

СихӀру къватӀиб хутӀулеб.

Хиянаталъ кигӀан цӀакъ
Каваби руханиги,
Щивго рокъов гьечӀилан,
Гьелъ мугъ берцин гьабулеб.

Ургъе дуца дий мина,
АхӀмакъасул къваригӀел
КъватӀибго тӀубазабун,
ТӀадвуссине гьев кколеб.

МичӀица мугъ чӀвайго лъикӀ
ЧӀамучӀлъи хутӀизегӀан,
Гьесул харбаздаса дун
Хвасарлъулеб ригь гьабе.

Дун вигьараб мехалда,
Мехтарав чи вачӀани,
Гьесда нуцӀагин каву
Кидаго батугеги.

Квешаб, къадараб къасдгун
Дир къавулъе вачӀунев,
Живго гӀадав къадарав
ДандчӀван, гьевгун хутӀаги.

ГӀабдула, архитектор,
Ургъе гьитӀинаб мина,
Горду рагьараб мехалъ
Рагьун дунял бихьулеб.

Рагъ гьечӀеб, ярагъ гьечӀеб,
Лъиего хӀинкъи гьечӀеб,
Бакъулги, бакънazулги,
ГӀищкъуялъулги цӀураб,

Рокъой цӀумур кӀутӀигун,
ЦӀумуралъ жаваб кьолеб:
Жанив вачӀа, гьоболин,
Гьудулин, йокьулейин.

Гьасда цӀа камулареб,
Кини даим кӀикӀулеб,
Дир эбел-инсул сурат

Дида цебе букIунеб.

КечIгун рагIи мухIканаб,
РагIги бокалги цIураб,
ЦIекIлъи, цIамхIаллъи гьечIеб
Гьабе магIарул мина.

## МИХАЙЛОВСКИЯЛДА ПУШКИНИЛ РУКЪ-МУЗЕЙ ЦIУНАРАВ СЕМЕН СТЕПАНОВИЧ ГЕЙЧЕНКОЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

КигIан талихI бугев Пушкин ватарав, –
Гьесие мун вуго, гьесул мун вуго.
Гьев Шекспирил гьечIо, Дантейги щвечIо,
Дозул штаталда мун гIолев гьечIо.

Лъица, дуца гIадин, кочIохъанасе
Как балеб? – Гьединав ватулев гьечIо.
Лъида дунялалда досул цIаралда
ЦIурмал, дуда гIадин, кьабизе лъалел!

Духъе щваралдаса щибаб нухалда
Дица нахул чирахъ бакунеб буго:
Пушкинил канлъи дир рокъоб букIине,
Досул бакъ кидаго рекIелъ хутIизе.

Пайда щиб мун цоги вукIаранани,
Цо дир Кавказалда Лермонтовасе...
Цогиязул рахъалъ, йохъ, абиларо –
Дир Югалъул салам дур Севералде.

## ДЖУНА ДАВИТАШВИЛИЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Джуна, дун вукIана чархида ккунин,
Кинго рекIунареб ханжар кинигин.
Дуца квер борхана, пири кинигин,
Паркъана мех араб магIарул хIара.

Джуна, дун вачIана чIваби тIутIураб
ТIармида релълъараб керенгун духъе.
Дуца квер бахъана, дир кечI гъугъана,

ЦIияб рухI бижана бахIарлъиялда.

КечIги дир букIана добго рокьуде,
Гьеб Дагъистаналда лъана, рагIана.
Дие ккараб хиси цIехараб мехалъ,
ЦохIо цIар абуна, гьеб дур букIана.

Джуна, цо-цо мехалъ дун пашманлъула,
ГьечIо тIокIаб гIилла духъе вачIине...
Гьанже дир яргъида кьаву чIваладай,
Гьанжеги дир тIармил чIваби тIеладай?!

## СВЯТОСЛАВ ФЕДОРОВАСЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Святослав Федоров,
Бищун квер гIатIидав чи,
ГIадамазе бикъараб
Бакъги къоги кьолев чи.

Кьиндада иццал гIадин,
Бецал бералги рагьун,
«Рогьарабин халатаб
Нужер сордо» абулев.

Африкалда абуна
Дида цо кочIохъанас
Кинабго берцинлъидул
Председатель мун вугин.

Япониялълъ кIалъана
Дида гьайбатай сани,
Гьаб канлъи Фудзиямил
Дур сайигъат бугилан.

Святослав Федоров,
Бищун ракI гIатIидав чи,
Гьари буго дир дуде,
Цогиги дару ургъе.

Гьеб дагьаб цIакъ къваригIун
Буго гьаб гIумруялъе;
Гьелъие ассистентлъун

Ваче дун – авар поэт.

ХIажалъун буго дару:
ГIакълудул нур свaразе,
Ццидаца бецлъаразе,
ХъантIун бакъ бикъаразе.

КIудияб кверщел-чиналъ
ЧагIи рихьуларезе,
Чилъиялъул рузазе,
ЯхIалъул нухъаязе.

Святослав Федоров,
Дур кIиго кверзукь руго
Киналго зодил цIваби,
Киналго ракьул кьерал.

Кье дагьаб, дагьаб дару
Дир кIиго гьудуласе,
Даим цадахъ рукIарал,
Цоцазда рихьуларел.

Дару гьабуге гIицIго
ГIищкъуялъ бецлъаразе.
Дир гьелъ босараб канлъи
Буссунеб гьечIин нахъе.

Дир, берцинай йихьигун,
Бецлъулин кIиябго бер,
Бадир кверал хIикматалъ
Дица дидаго чIвалин.

## ЦIУНТIАСА ЦО ГIАДАНАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Райгьанат, хIикмалъула, –
Щайзе мугIрул бихьиназ
Бухьараб гуржиязул
Ясал хъамизе сапар?

Мун гIадал гьечIониги,
Дагьал дуда релълъарал
Нилъер Дагъистаналда
Доб мехалъ рукIинчIелдай?

## ЦО МАДУГЬАЛАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Мадугьал, мун йикIана
Нолъги дир чирахъ свинчIин,
Сардаз кьижунгутIизе
БацIищ мун вугевила.

БацIищ, гIанкIищ дун вугев
Дуда лъазе, мадугьал,
Гьадал сардаз гьарурал
Гьал дир саринал цIале.

Мадугьал, мун йикIана
Жинда гIемер рагIулин,
ГIадан аскIов гьечIев дун
Дидаго гаргадилев.

Дунго, дунго вукIинчIо,
Дуниялгун вукIана
КIалъалев дун, мадугьал, –
Балагье гьаб тIехьалъухъ.

Дир чирахъул канлъиялъ,
Дир кучIдулгун бакънаца
Энергидал кризис
Ккани, мун тIасалъугьа!

## ЦО ГЬОБОЛАЛЪЕ КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА

Гьаб тIехь цIалун хадуса
ЦIидасан мун рещтIани,
Дица гьабулеб магIна
Дир гьумералъ бицина.

Гьаб тIехь цIалун хадуса
ТIокIай мун ячIинчIони,
Дица гьабилеб магIна,
Гьеб цогияб букIина.

## ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЯЛ – ПИКРАБИ

## РОКЬУЛ ТІЕХЬАЛДА

* * *

Йохъ, цохIо дилъ гуро,
ЦохIо дилъ гуро,
Цогиялъги буго
Гьадинабго цIа.
Гьелъул бицунев дун
ЦохIо хутIана.
Цогиял регIичIо,
Замана гIечIо.
Йохъ, дун цохIо гуро,
Дун цохIо гуро,
Цо чи ватиларо
Гьаб рокьи лъачIев.
Гьалъул бакъаналде
Керен чучизе,
Чагур кодоб кквезе
Цо дун хIинкъичIо.

* * *

Дица гуро, рокьул тIехь,
Байбихьараб мун хъвазе.
Дур кини цIакъ цебего
Цогияца кIикIана.

Дица гуро, рокьул тIехь,
Мун хъван лъугIизабулеб.
Дур цIадухъ жеги азар
Их хаселаз хинлъила.

Дур байданалъул гьечIо
Байбихьиги ахирги.
Дун вуго къарнабазул
Цо къодал цохIо лахIзат.

Дур ралъадалъул гъечIо
РагIал берда бихьулеб.
Дун вуго гIищкъуялъул
ГIурул гьитIинаб къатIра.

* * *

Сапаралда свакарав
Нухлулас, хIалхьи боссе,
Ищцги цIаги бугеб бакI
БукIана балагьулеб.
Дица тIолго сонаца
ТIахьал цIалулеб мехалъ,
ТIанчалъ балагьулаан
ГIицIго рокьи бугеб бакI.

ЦIалдохъан, дир тIехьалда
Рокьул тIанчал цIехоге, –
Рокьи гуреб цогияб
Цо щибго гьаниб гьечIо.
Гьединаб данде чIвани,
Дун чIагого хварав чи,
РекIараб чоца рехун
Чабхил нухда хутIарав.

## ХЪАХIАБРОСУЛЪА МАХIМУДИЛ ТIАХЬАЗДА

* * *

Дунялги заманаги
Борцунеб буго щибас;
Цояз сагIтал рорцуна,
Цояз санал рорцуна.

Дуца къокъид борцана
Дунялги даимлъиги, –
Рокьи даимлъи буго,
Рокьи дуниял буго.

* * *

Мискинав МахIмудил лъимал рукIинчIо,

Амма ирс хутIана тIолго халкъалъе.
Гьеб хазиналъ дунги гьоркьов виччачIо –
Рокьи дида лъана кочIолъе араб.

## ГIУМАРИЛ БАТИРАЙИЛ КЪОКЪАЛ КУЧIДУЗУЛ TIEХЬАЛДА

Къокъал кучIдул гIадин, кицаби гIадин,
ГIисинал буфетал рокьула дие.
Гьениб цо борхулеб нусго граммалъ
Рестораназдаса тату кьола дий.

ГIумарил Батирай, дур микь-микь мухъал,
Микьго поэма кье, кьеларо дица.
Дур кечI кици гуро, кициялдаса
Гьеб берцинаб буго, камилаб буго.

## ИНСУЛ TIEХЬАЛДА

Цеве чIухIулаан цохIо дудаса, –
Мун гьечIо, лъидаса чIухIилев, эмен?
Цеве хIинкъулаан цохIо дудаса, –
Мун гьечIо, лъидаса хIинкъилев, эмен?

Гьаб дир хабар рагIун, хабалъа яхъун,
Хирияй эбелалъ гъежда квер лъуна:
Гьанжеги чIухIа, вас, инсудасаян,
Гьанжеги хIинкъа, вас, инсудасаян.

## ИНСУЛ «ГIАДАТАЗУЛ ЖУЛ» АБУРАБ ДИЕ ГIАГАРАБ TIEХЬАЛДА

Гьанже гIадатазе гуро, дир эмен,
ГIамалазе буго дур жул къваригIун.
ГIадатазде тIаде чвахулел цIадаз
Чилъи-гIаданлъиги цIалтинабуна.

Гьанже цIакъ гIемерал нилъер чагIаца
Чадихъ цIакъ учузго кьола мацIгин цIар.
Гьанже чахтIал тана, такъсир цIикIкIана,

ТамихIалъе дур цIал цIакъ хIажат буго.

Дица жеги ханжар чархида кквечIо,
Чанилцин жегиги би гIодой тIечIо.
Ва амма эбел-яц къварид гьаюни.
КъулчIун гьабгунищ дун гIенеккун чIелев?

ЧIухIухъабаз тIагъур тIаса бахъани,
ТIаргъалбагIарахъе гIарзалъищ инев?
Эмен, рагъидаса гьал гьалдиберал
Гъоркье рехулеб халкъ гIасилъун буго.

Гьанже гIадатазул гIин кьурулебан,
ГIакълуялъул бутIрул цо къотIулел куц!..
Дица гIаламалъул модаби кьела
ГIобода цо берталъ бихьараб ратIлихъ.

Дун къварид вукIуна, КъахIиб ясазул
Къадирабазул бакъ мукъсанлъун бихьун.
Дун пашманго вуго – гьанже тIагIана
Гьолокь къеда бараб лъеберабго тIарс.

ТIоцебе пурцица хур бекьулеб къо.
Гьелдаса хирияб байрам лъаларо, –
ГIантаб теян дуца малълъараб мехалъ,
Малъал къотIулеян къотIарал килщал.

Гьанже гьел гIадатал гуро, дир эмен,
ГIасияб мех буго лъухьизе кколеб.
Магьари лъуниги, хъалим кьуниги,
Хъвалеб гIарзагин мацI, бугеб щинаб гарцI!

Лъил ихтияр бугеб йокьарай гIадан
Бокьухъе ячине йиччангутIизе?
БакIаралъул пардав, гьеб рагьаниги,
Рагьун гьечIониги гьазий бугеб щиб?

Бертаби, бертаби магIарулазул...
Вай дир гIолохъанлъи, микьабго зурма!
Гъажалда тIил кьабун, кьурдизе вахъун,
Жеги хIатIаздаса хIур тIагIун гьечIо.

Гьанжеги квеш гьечIо, кин букIаниги
Доб цебесеб тIагIам тIагIана дагьаб.
Цо тIаде цIам щвачIеб ханихъ кинигин,

Хал гьабун вуго дун дуниялалъухъ.

Дун цIияб чияраб какулев гуро,
Киналго гIадамал гIагарал руго.
ГIолохъанаб мехалъ цо миллаталде
ГIантаб бугьтан рехун, дун нечон вуго.

Дунги гьал веказул кколел хисиял
Росдада хъвагейин абулев гуро,
Амма жив-живасда жиндирго тIагъур
ТIад лъолеб къагIида мустахIикъ буго.

**КЪАРАХЪА МУХIАМАД ТIАГЬИРИЛ ТIЕХЬ ЦIАЛУН ХАДУБ**

Лъаларо, имамасул
Саназ вукIаранани,
Щивдай вукIинаан дун,
Щибдай букIинаан дир.

Амма гьаб заманаялъ
Шамил вукIаранани,
ШагIирасул гьаб бетIер
КъотIилаан цебего.

КъотIилаан кибниги
КIудияб годекIаниб,
Гирилаан кибниги
Гъваридаб кIкIалал тIинде.

Гъоба гьекъеян дуца
Гьукъараб хIарамаб лъим,
Гъоба ахIеян дуца
Берцинал ясазде кечI.

**ИНХОСА ГIАЛИХIАЖИЛ ТIЕХЬ ЦIАЛУН ХАДУБ**

Инхоса ГIалихIажи,
КIиго квер букIана дур:
Какалъул дугIабиги

Диналъул хатIабиги.

КIиабилел дур кучIдул
Киназдасаго балъго
Дудаго кквезе кIвечIеб
Рокьул рахъалъ рукIана.

Инхоса ГIалихIажи,
Дур как-диналъул кучIдул
Гьанжесел гIолохъабаз
ГIин дагьаб тIамун тола.

КIиабилел дур кучIдул,
Рокьул рахъалъ гьарурал,
Гьал ругин жидер какин
Кинацаго ахIула.

## ЭФФЕНДИ КАПИЕВАСУЛ КАГЪТАЛ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ

Цо лъалев гьалмагъасда,
Гьудуласда кинигин,
Гьарун букIана дуца,
КучIдул тун, харбал хъвайин.

Гьудулас кучIдул течIо, –
Гьеб гьесул квешаб хатIа,
Амма харбал хъвазе гьев
АхIарав дуйги гIела.

ГIадамазда щибизе,
Капиев, мун гурхIичIев? –
Цо бер балагьичIого
Дуца гьабураб гъалатI.

Дур гьудулас харбал щиб,
Пьесабигицин хъвана.
Гьир гIечIого, къучIбиги
Нижер гъуждузда лъуна.

## ПУШКИНИЛ «ПАМЯТНИК»

## ЦIИДАСАН ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ

Цебе гIадат букIана
ГIарабазул ракьалда
Бищун хIайранал кучIдул
КагIбадул къеда хъвалеб.

Къуръаналъул жуз гIадал,
Рогьалил как гIадинал,
ГIадамаз цIалулаан
Гьел, бисмилаги бахъун.

Дида гьикъараб ани,
КагIбаялъул къедалда,
Жибго Кремлиялъул
Кибго лъалел ганчIазда

Дица хъвазе букIана
Пушкиница ахIараб –
«АхIмакъалгун къацандун
Къо ине гьабуге», – ян.

## ЦО ПЕНСИОНЕРАСУЛ КУЧIДУЗУЛ ТIЕХЬАЛДА

Цаби рортун араб кIал
КIалъалаго пештIола, –
Гьедин бугилан ккола
Дур кучIдузул иш дида.

## ЦО МЕМУАРАЗУЛ ТIЕХЬАЛДА ГЬЕЛЪУЛ АВТОРАСЕ

Дуда данде чIван ругел
Машгьурал, гьунар гучал,
БахIарчиял, гIакъилал
ГIадамал – бахиллъула.

Амма гьезул барахщи, –
Жидерго гьунаралъул
Цо гьитIинаб мискъалцин
Пакъирав дуе течIел.

Дудаги гурхIичIел гьел
Лъида гурхIизе кколел?
Гуро, щал гьел? – Цо пикру
Дулъ кунчIизе гьабичIел?

КигIан цадахъ рукIарал, –
Жидейго нугIлъиялъе
Гьадинав жагьилав мун
Ракьалда гьоз кин тарав?

## РИЧIЧIУЛАРЕЛ РАГIАБАЗЕ ГIЕМЕРАЛ БАЯНАЛ ХЪВАРАБ ТIЕХЬАЛДА

БичIчIичIеб каламалъе
Щай гьал комментариял? –
БичIчIулеб кечIги гьечIин
КинабгIаги тIехьалда.

## ЦО ГIОЛИХЪАНАЛЪУХЪ РОКЬИ ККАРАВ ХЕРАВ ЧИЯСЕ ХЪВАРАБ

ГъутIбуз бутIруздаса
ГIазу кIутIана,
ГIодобе гьеб ана
Къуват гьечIого.

Къабул гьабичIо гьеб
Гьалдолеб маялъ,
Гьанже бакъ щванила,
Щай бачIарабин.

Гьединан вукIуна
Санал арав чи,
Цониги чалухай
ГIаданги йокьун.

БотIроде бан бугей
ГIазу лъачIого,
ГIолохъанго вугеб
Ххвелал гьарулев.

## ИНДИЯЛЪУЛ ОКЕАНАЛДА ХЬВАДУЛЕБ, ИНСУЛ ЦIАР ЛЪУРАБ ГАМИДЕ ХЪВАРАБ

ТIадаб хIалтIи гьечIо кочIохъанасда
Кинабго бихьизе, кинабго лъазе.
Цо ккураб бакIалда вукIананиги,
ЛъалкI тола гьунаралъ дуниялалда.

Дир эмен, росу тун, кивго вахъинчIев,
Кинабго дуниял сверулев вуго.
Дунял сверарав дун гьале санаца
ГьитIинаб дир росу ЦIадае щвечIев.

## МАГIАРУЛАЗУЛ АНКЬАЗАРГО КИЦИ ДАНДЕ ГЬАБУРАВ ДИР МУГIАЛИМ ЗАЙИРБЕГ ГIАЛИХАНОВАСУЛ РОКЪОБ ХУНЗАХЪ ХЪВАРАБ

МугIалим, чанги яргъил
Палатахъе щвана дун,
Гьаб дур гIадаб гIагараб
ГIумруялъ дида лъачIо.

ГIемерал къиматазул
Музеяхъ хал гьабуна,
Дур гъансиниб гIадинаб
Месед-жавгьар батичIо.

МугIалим, дун бакъназул
Чанги гьундухъе щвана,
Гьадинаб кеп черхалъе
Лъилго кечIалъ гьабичIо.

Кинабго гIаламалъул
ГIумрудул суалазе
ГIакъилаб къокъаб жаваб
Дур жугьабалъ кенчIана.

**ЦДЛ-алда АННА АХМАТОВАЛЪУХЪ**

## ГІЕНЕККАРАБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАБ

Дида гьай йихьана цохIо нухалда,
Цее эхетана гIасру кинигин:
Камилай, йорхатай, гъежде рехун шал,
Щийниги гьединай дида дандчIвачIо.

ЦеберагIи гуро, жеги цIар лъечIел
ЦIалана нижее жиндирго кучIдул.
Гьай дир эбелалда цо пархен бугей:
«Ахирияб нухалъ йигин жий чIаго».

«Юргъан тIаса босун, жиндир бусалъе
БачIанин хIеренго хIикматаб асар».
«Гордада речIчIараб бакъул чIоралъул
ТIеренаб канлъуе дица как балин».

АскIов чIун вукIана живго Пастернак,
Жинда гьел тIоцере рагIулел гIадин...

...Дие рес букIана гьезул квер босизе, –
Квер босичIеб – талихI, баркала, хIинкъи.
Гьелъул квер босарал гьал дир кверазда
Кин кIвелеб батIияб хIалтIи гьабизе?

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ МАШГЬУРАВ КАШАВУР АХIМАД ИЛЛАЕВАСУЛ КУЛИНАРИЯЛЪУЛ ТIЕХЬАЛДА

Гьудул АхIмад, АхIмад, дур тIохьол тIанчалъ
Ругел тIагIамазул, тIутIалъул кутак!
Гьуинабгин цIекIаб, хулебгин ччулеб,
Белъунебгин бежун жубан бугеб куц.

Жанисан магIарзул къалал рухIулел
МахIал руго щибаб хIарпалда кагътил.
ШашликIал хучдузда, хинкIал ражидалъ –
Дур харбал цIалараз къулчIулеб хIацIу.

Гъорлъе гьабулебги тIаде щвалебги –
ТIубарав кочIохъан мун кунеб жодал.
Амма дур кечIалъе киб бугеб рагIи –
Гьаб квен гьабизе жо гьороца кьелищ?

Кьурабги гIункIкIаца бугин кваналеб,
Бугебги кутуца бугин чIикIулеб.
Вагоназда жанир турулел пихъал,
Авлахъазда холеб хирияб тIорщел...

Гьанже гьал орденал талонал руго,
Тукаде щолареб халатаб ирга...
Щваразеги жаваб: «лъугIана», «гьечIо»,
«ВачIа метер, сезе» – щолареб метер.

Щола базаралде – хиралъи багьа –
Харж добго гъоркьисеб, хъасулеб гьванща...
Дуца гьанал кигIан бицананиги,
ГьечIел къулагIаби кинан къотIилел?

Къарал тукабазде гьал книжкаби
Кабинетал гьечIез киса росилел?
Ккола, улкаялъул тIагIамал дида
Дур тIехьалда гурел кирниги гьечIин.
Гьелъул щибаб тIамач столалда тIад,
Скатертги гьабун, тIамизе лъикIан.

Дида цо ханасул хабар рагIана,
Халкъ бакъун бугилан гьеседа абигун,
Гьев хIикмалъун вуго, кинан гьебилан, –
Пулав кунареб щай щибаб къойил гьез?

Дир гьудул Иллаев, хан цеве чIана,
Гьал дур тIагIамазул тIехь цIаларабго...
Чакар-макаралде кидаго ирга, –
Ирга щвараб мехалъ щолеб цо макъар...

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦО-ЦО ГIАЛИМЗАБАЗУЛ ТIАХЬАЛ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Кьвагьулеб, кьабулеб ярагъ-тIагIелгун,
ТIаде рачIунезда уйилан ккезе,
СихIирал руччабаз тIохазда гIертIал,
ГIарадаби абун, лъолел рукIана.

Гьанже нилъер цо-цо гIалимзабазул

ГӀелмуялъул тӀахьал сокӀкӀун рихьигун,
Дол цересел гӀертӀал ракӀалде щола,
ГӀарадаби ругин гуккизе лъурал.

## ЦО КУЧӀДУЗУЛ ТӀЕХЬАЛДА

РахӀму бугев бича, гӀадилав аллагь –
Досда гӀайиб чӀвазе – гьеб хӀарамаб иш.
Амма хӀикмалъула, кин дов кантӀичӀев
КечӀ мун ваккулеб кӀкӀал гурин абизе.

## ЦОГИ ТӀЕХЬ ЦӀАЛАРАБГО
## ГЬЕЛДА ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГӀАЙ

Гьаб тӀехьалъул автор унтун ятила,
Гурони, гьаб гӀархьучӀ гӀадамас хъвалищ?
Гьаб ахӀмакълъи тезе кумек гьабизе,
Кашпировский, дур сеансал гьечӀищ?

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ИЗДАТЕЛЬСТВАБАЗУЛ
## РЕДАКТОРАЗ ВА ЖАВАБИЯЛ ХӀАЛТӀУХЪАБАЗ
## ЖИДЕ-ЖИДЕР ТӀАХЬАЛГИ РАХЪУН,
## АДАБИЯТ ХВЕЗАБУЛЕБ БУГИН БАЧӀАРАБ ГӀАРЗАЯЛДА

Милица, прокурор...
Гьезухъа бажаричӀо
Гьал самогончагӀазе
ГӀадлу-низам гьабизе.

КочӀол самогончагӀи –
Жеги цӀикӀкӀун чанкӀкӀарал,
Гьезий диван гьабулев
ГьечӀо цониги аллагь.

## ГӀОЛОХЪАНАВ ХЪВАДАРУХЪАНАСУЛ
## КӀУДИЯБ РОМАНАЛДА

Живго жанив гьунареб
Гаражалда жанибе
Грузовик бачунев
Шоферцин гуревищ мун?

## ЦО ПОЭТАСУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ

Дун дуда бахиллъана,
Дуй цIогьол хIинкъи гьечIо:
Лъицаха гьаб бикъилеб,
Гьадин хIалакъаб пикру?

Мун талихIав чи вуго
ЖахIда лъилго ккеларо:
Лъица жахIда гьабилеб
Гьал гьодорал мухъазде?

ЖахIда ккани, ккела дур
ЦохIо гьеб къаркъаладухъ, –
Гьелъул цо къуват, жигар,
Жаниб щиб насос бугеб?!

## ХЪВАДАРУХЪАН-ГIАРЗАЧИЯСУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ

Инкъилаб, щайзе дуца,
Дир дуде дагIба буго,
Киналго гIадамазда
Хъвадаризе малълъараб?

Сулейманица гIадин
АхIейилан течIого,
Щибав ахIмакъасухъе
Щай къалам-кагъат кьураб?

Кагъат хвезе гьабунин,
Гьелда барахщун гуро, –
Хъварал тIахьал тIуц руго
ГIарзазул гохIаздаса.

МацIал, анонимкаби

Цебе магӀарухъ лъачӀел, –
Цересел хунжрулго щай
Гьал гӀадамазухъ течӀел?

## ЦО ГӀОЛОХЪАНАВ «ФИЛОСОФ»-ПОЭТАСУЛ ТӀЕХЬ ЦӀАЛАРАБ МЕХАЛЪ

Мун дурго инсудайищ
ГӀищкъу малълъулев вугев,
ГӀолохъанав «гӀакъил», дур
Бакъназулъ бугеб хъегӀи!

ЩагӀил хъуби гьаризе
Бархъалисел куцалев,
Хъаляналда цӀа гьечӀо, –
Дур кучӀдулъ бугеб хӀалцен!

## АХӀИ-ХӀУР ГӀЕМЕРАБ ЦО ЛИРИКИЯЛ КУЧӀДУЗУЛ ТӀЕХЬ ЦӀАЛАРАБ МЕХАЛЪ

КечӀ ахӀулеб мехалда
ПештӀезе лъугьаразул
БетӀер чӀвалеб букӀана
НекӀо магӀарулаца.

Бакъан бачунеб мехалъ
ГӀию ахӀунин абун,
ГӀин кьурулеб букӀана
НекӀо дагъистанияз.

Гьал кучӀдулъ магӀна гьечӀо,
ГӀицӀго цо пештӀей буго, –
БетӀер бухулел чагӀи,
Нужеда бихьуларищ?!

Гьасул бакънал рагӀизе
ГӀиюялъ толеб гьечӀо, –
ГӀундул кьуризе щайзе
Кьурул халкъ бачӀунареб?!

## ЦО КОЧIОЛ АНТОЛОГИЯ ЦIАЛУН ХАДУБ

Нусго поэтасул цIар,
Азарго батIияб кечI –
Цо бакIаб кирпичалда
Релълъараб гьаб тIехьалда.

Дица тIанчал регана
Иргаялда киналго,
Ункъо тайпа бихьула
Жакъасел поэтазул.

Цоял – бачIинахъего
Панаял кучIдул хъварал;
Гьелдаса мех анагIан
Жегиги лъикIго хъварал.

Лъабабилел поэтал –
РачIинахъего къудкул,
Хадур, къоял аралго,
КъвекIал цIумал лъугьарал.

Ункъабилел поэтал –
Гьадалго къадакаби,
Гьарураб къоялдаса
Михъ-мегеж хъахIлъизегIан.

БачIинахъе квеш хъварал,
Хадуб жеги квеш хъварал, –
КигIан бицананиги,
Принцип ккурал чагIи.

Ункъо батIияб гьава
Поэтазул гIасрудал, –
ГIалам, киб бугеб цIалкIу,
ЦIалкIизе кучIдулъа хIур?

## ГIЕМЕРАЛ ЧIАМУЧIАЛ ЦИТАТАЛ ЖАНИР РУГЕБ КУЧIДУЗУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛУЛЕБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАБ

Дида гIемер рихьана

Гьегьал данделъабазда,
Доклад чIалгIун, макьихун,
Кьижарулел гIадамал.

РагIана: «Гьаб лекция
Кида лъугIулеб?» абун, –
«Кино байбихьизе мех
Щун гьечIищ, гIолохъаби?»

Гьал дур накъитаз цIураб
Бакъан-кечI цIалулаго,
Дунги гъапуллъун ккана, –
Кида доклад лъугIулеб?

## ЦО МАХIАМИЛ ШИГIРАБАЗУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛУН ХАДУБ

Дур габур щай гьадигIан
ГьетIараб бугебилан,
Гьикъун буго цо нухалъ
Цояс варaниялда.

Цоги бакIал батIаго
РитIаралищ дир ругел,
ГьетIинчIеб лага гьечIин,
КIалъан буго варани.

Гьеб кIалъайги гаргарги
РакIалде щвана дида –
МахIамил щигIрабазул
МажмугI цIалараб мехалъ.

## ЦО ПОЭТАСУЛ «РОКЬУЛ ЦIА» БУРАБ ТIЕХЬАЛДА

Дуда лъалеб бугеб куц
ЦIаялъул лъим гьабизе,
Лъедасан цIа гьабулел
Цогиял ругеб мехалъ.

## ЦЕВЕ КЪОЛОХЪАН ВУКIАРАВ КОЧIОХЪАНАСУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ ГЪАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

ТIохьол байбихьулъ дуца
ГьитIинаб заманаялъ
Пионералъ къолохъан
Жив вукIанин хъван буго.
Гьанже, дур тIехьги босун,
Бакъан-къиса цIалана,
Довго къолохъан вуго,
Мун щивго хисун гьечIо.

## ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛЪУЛ СПРАВОЧНИКАЛДА

Киналго куркьбал ругез
ГьоцIо гьабулебани,
Гьеб цIунизе ракьалда
ГIадамал гIелароан.

Киналго кучIдул хъвалел
КочIохъаби рукIани,
Гьезул гьаркьазе ракьги
Зобги дагь букIинаан.

## ГIЕМЕР КIАЛЪАЛЕВ ПОЭТАСУЛ ЗОНОДА

Гьасде гIайиб гьабуге,
Гьасда нуж тIаса лъугьа,
ТIокIав кIалъаларилан
КIалалда печать чIванин.

КIалъарабги хъварабги
Гьасул хехго кIочана,
РакIалдещвезе гIадаб
Щибниги жо гьас течIин.

## ЦО КЬУРДАБАЗУЛ АНСАМБЛЯЛЪУЛ АФИШАЯЛДА

Гьаб бутIрузул мех гуро, –
ХIатIал къваригIун руго.
Гьарс!
Гьанже щай керенгин ракI? –
Кверал кIечIезе гьаре!
Гьарс!
КIалдир килщал лъун пиштIе,
Гьаракь къинабе кочIол!
Гьарс!
ТIолго театрал къай,
Танхол «Лезгинка» гIела!
Гьарс!
Дагъистан кьурдулеб куц, –
Кьижа, кьижа мун, пикру!
Гьарс!

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ПОЭТАСУЛ ЦО КУЧIДУЗУЛ МАЖМУГI ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЙ

Дида кколеб букIана
Бакъги моцIги цо бугин, –
Цо-цо миллатазул гьеб
Жиде-жидер рагIула:

МагIарулазул цояб,
Лезгиязул цогияб, –
Гьел цоцахъе рехулел
ТIагърал кинигин – кучIдулъ.

Дида кколеб букIана
КечI, мацI цо гьечIониги,
Гьими, магIу, релъанхъи
Релълъунила халкъазул.

Амма Дагъистаналда
Цо-цо тайпа рагIула:
МагIу миллияб бугеб,
Гьими миллияб бугеб.

Цоцазул босулеб квер,

Балеб къвал, цIалеб хIухьел.
ЦIедехIдерил цо хасаб,
ЛъарагIазул цогияб.

Жибго зобги рагIула
ГIоларого бикь-бикьун, –
Миллат рикIкIун гIоркь буго
Цо-цо гIеретIалда бан.

Щибасул мацIги букIа,
Щибасул цIарги букIа,
Амма цIалулеб кочIолъ
Цо республика букIа!

## «ДИР ВАС СУДАЛДЕ ККУН ВУГИН, РИТIУХЪЛЪИ ЧIЕЗЕ ГЬАБУН, ГЬЕВ ХВАСАР ГЬАВИЗЕ КУМЕК ГЬАБЕ», – ЯН БАЧIАРАБ ГIАРЗАЯЛДА

Дида кIоларо, ГIали,
РитIухълъи чIезабизе,
Гьелъий гIемерал бутIрул
ГIасрабаца хIалтIана.

КигIан кьвагьдезе ккарал,
КигIан кучIдул ахIарал?
Дунялалда лъураб накIкI
ЛъугIичIо, рикIкIалъичIо.

Дуй битIараб бокьани, –
Сурукъаб иш гьабурав,
Судалде кьезе ккола
Дур вас тамихI гьабизе.

Дуй гьетIараб бокьани –
Дуца гIарза битIун хъвай:
Дий битIараб кIваричIин,
Дир вас хвасар гьсвеян.

## ДИР ИНСУЛ ЦIАРАЛДА БУГЕБ КОЛХОЗАЛДА ЦIОГЬ, ГЬАЛМАГЪИР БУГИН БАЧIАРАБ ГIАРЗАЯЛДА

**ГЬАБУРАБ ХЪВАЙ-ХЪВАГІАЙ**

Гьаб кагъат цІаларабго,
Хабал къоноги рагьун,
КъватІив вахъун инсуца
Дида гьадин абуна:

Хъвайин гьеб колхозалде
Цо иш тІаса бищейин:
Я дир цІар бахъейилан,
Я цІогьоди тейилан.

**«ЦІВАЯЛДА ЦІВА БУГО КІАЛЪАЙ ГЬАБУЛЕБ»**

**«ГІАХЬАЛАБ ЧЕД»**

**«ГІУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО»**

**«КОНЦЕРТ»**

**«КЪО БАЩАЛЪУКЬ ЩОБДА ДАГЪИСТАНАЛДА»**

АБУРАЛ ТІАХЬАЗДЛСАН

1965 – 1990

## СОНЕТАЛ

* * *

Цо италияйги хадуй гьаюн, дун
Хунзахъе вачІани, щибдай абила?..
Цеве дун умумуз къватІив гъелаан,
КъваригІун гьечІила гьей чияр гІадан.

Амма гьанже дида мугІрул кІкІалабахъ
КІиго би жубарал лъимал дандчІвала,
Гьел, вацал кинигин, яцал гІадинан,
ГІаммаб хъизаналъулъ дида рихьула.

Цогияб ракьалъул гьал дир сонетал
МагIарул кучIдузулъ киндай рукIина?
Гьал нилъер бакълъидул бакъназ гурилан
Рокъой риччачIого къватIир гъеладай?..

Амма рокьи кканищ, кочIохъан дуе
Жиндихъго гурони гIенеккуларо.

* * *

Дица Япониялъ авар мацIалда
Дуде гьабураб кечI цIалана, гьудул.
Дида гьез гьикъана сунде гьеб кечIан, –
Бицана... Цогиги цIале абуна.

Дица Америкалъ авар мацIалда
Дуде гьабураб кечI цIалана, гьудул.
Дида гьез гьикъана сунде гьеб кечIан, –
Бицана... Цогиги цIале абуна.

Дица Африкалда авар мацIалда
Дуде гьабураб кечI цIалана, гьудул.
Дида гьез гьикъана сунде гьеб кечIан,
Бицана... Цогиги цIале абуна.

Миллионал руго нилъ, рокьи ккарал,
Дида ккун букIана кIиялго ругин.

* * *

Йокьулей, гьиндиялъ дида гьикъана:
Гьаб дур авар мацIалъ рокьи щиб жойин;
Дица жавабалъе дур цIар абуна,
ЦIер гIадин киназго такрар гьабуна.

Йокьулей, гьиндиялъ дида гьикъана:
– Пашманлъи, ургъел щиб авар мацIалда?
Абуна кечI щибан, гIумру щибилан,
Бакъ щибан, къо щибан авар мацIалда.

Дица жавабалъе дур цIар абуна,
ЦIер гIадин киназго такрар гьабуна.

Йокьулей, гьиндиялъ дида гьикъана:

– Цо рагIийищ бугеб магIарул мацIалъ?
Дица жаваб кьуна, тIолго сапараз
Цо цIар бугин дие гIагараб мацIин.

* * *

Гьанже дир ракIалъул бугеб щинаб ццин...
Бищун божараца дир божи чIвана,
Цебесеб недегълъи сундего гьечIо –
Бищун рокьараца дир рокьи чIвана.

Дихъ балагьун руго кIичIарал мугIрул:
КIикъого сон барав бурутIин абун.
Дидехун гьетIула сардил кьураби:
Кьижа, мун кар хъахIаб лъимерин абун.

Дидехун кIалъала макьида Каспий:
Рокьи цебе бачIун, ццин кватIанин дулъ.

Огь, дир кватIараб ццин – мун квасул хвалчен,
Дур хиялищ ккараб хъала бахъизе?
Хъазмил къадал руго дуда церехун,
Цебего гIадинан бетIе гIурда тIегь.

1963

* * *

Зобазул сурмиял салмагазда тIад,
ТIубан къоялъ гIиял къунцIарал гIадал,
ГIарал руго квасул сам-самун унел,
Цо тайпа гIодобе, цоял – гIебеде.

Кьурдасан парсахъе, гьагьазда жаниб
Гьеб квас баччун унел руччаби гIадин,
Бихьула хьухьазул кIирекъаб хьвади...
Доздасан бецIцIулеб цIадал гIетI буго.

ЦIалтарал сияца накIкIазул тIингъал
ТIад ретIунел руго, къвалал даларал.
Ахаде хурдузде рехараб пардав
Гьаниб цIан бихъула, доба тIотIола.

Дирго церегосел кIочарал ругънал, –
ЦIидасан ригъунищ, – унтулел руго.

* * *

Жакъа нус-нус цIалкIаз цадахъ цIалкIана
ЦIорол пиринчI бецIал гьалбадерие.
Гьелъул пуланалъе гьалдана кIкIалал,
КIкIуйдул хьухь беролел хьагал кинигин.

Кьурун хъалиянгун, хъатикь гъецI-гелгун,
Гъасда пупудана гьетIараб кьуру.
Кьабулеб жергъенищ, пулеб щвантIихищ, –
Гьаракь цолъун буго цIадгин городал.

Гьезухъ гIенеккарав, рагьда тахида,
Тамахаб макьу щун, кьижун ккана дун.
ВорчIигун батана белъанхъилеб бакъ,
Бакъараб гьелъ квана кинабго пиринчI.

ГьечIо цIер, гьечIо рагъ, городал ругънал,
Дир рекIеда гIадин, гIечуда руго.

* * *

Рагьдухъ цIадал къирщи рагIула дида,
Къоролай егараб бусадул гIадаб.
РахIат гьечIеб пулан, маххул тIохалда
ТIенкъелеб буго гьеб Морзил азбукалъ.

МугIруздасан гIарзалъ рачIарал, кватIун,
Канцеляралги къан, къватIазда руго;
Гостиницабазда бакIги щвечIого,
Шагьарги вокзалги борцунел руго.

ТIадерахъи барал гьурмал суратал
Гьелъ рахъулел руго гордал цIералда.
Пашманаб художник, мун щай бачIараб
Гьаниб шагьаралде, дуе кеп гьечIеб?

Гьединаб тIепараб тIинкъиялдаса
ТIадмагIарул ихаз бохуларищ мун?

* * *

Руго тIахьал сокIкIун, сервизал гIадин,
Цо кисаялиго росанин абун.
Берцинаб гъадриниб гъуд буго гIарцул,

ГIодов чIаян кьола цо лъалареб квен.

Дица лъикIин, уян абунаниги,
Амма тIагIам гьечIо чIамулеб жодул.
ЧIухIарал бакалахъ полпида букIа,
РекIунаро дида гьеб лъалареб лъим.

Дица кочIол хIара, хIатIги бахъ-бахъун,
Бархъалисез хъаба гIадин гьабула.
Хъабиниб тIун бугеб тIагIамги дунги
ТIоцере дандчIвачIо, цоцада лъала.

Цогияб кIваричIо. Воре лъиялъе,
МугIрул кочIол хъаба хъвалин кIутIбузда.

* * *

Гьал жалго рачIана, дица ахIичIо
БахIараб мехалда хъварал дир кучIдул.
Дий бокьун букIинчIо гьалгун кIалъазе,
КIутIби дир гьороца рукIана ракъван.

Дица гордал къана, гьал къватIир инчIо,
КъваригIун гьечIищан абун кIалъана.
Дун цIакъ велъанхъана гьал саринazда,
Цинги пашманлъана гьал ракIалде щун.

Кьурабалъ рукIана накIкIазул боял,
Бана кватIичIого цIадги гороги.
Дун вахъун семана гьал сариназде,
Жакъа рекъоларел дирго бакъназде:

Нужеца рикъарал къоязул рогьел
КъваригIун вугин дун, нахъе кьейилан.

* * *

Мун дир макьу гуро, дир маргьа гуро, –
Маргьаби рицана, макьу кIочана.
Бицун лъугIуларо кIудияб рокьул, –
КIочене рес гьечIо гьаб гIищкъул ругъун.

Мун дир анищ гуро, дир хиял гуро, –
Хиялал щущана, анищал гьечIо.
Анищ цо букIуна цо мун йихьизе,

Цогияб букIуна жеги йихьизе.

Мун дир кечIги гуро, кучIдулги тела,
Дур калам рагIизе, гIумруялъ дица.
Щийха мун? Лъаларо... ГIумрудул талихI,
Щибаб лахIзаталъе хIинкъараб пикру.

Мун данде чIвазегIан чIагоги хутIун,
Хвел буго мекъаб жо тIабигIаталда.

* * *

Огь, дун вилун вуго, дун вилун вуго,
Дуда вихьулев дун – жеги дун гуро.
Дун батIияв вуго, цогияв вуго,
Цо рогьалида дун рагьила дуца.

Гьеб мехалъги дуда ратизе руго
Дир гьалго beралги гьалго кверални;
Ва амма дир гьаракь рагIила дуда
Жегиги рагIичIеб, цойги батIияб.

Жакъа бакъанида накIкIил рохьилгун
БукIана дир накъит гьалъул хIакъалъулъ.
КIвар бугеб харбида ниж ругеллъи лъан,
ЛъикI рукIаян абун, ана нахъе бакъ.

Дунго хутIана дун. Дида бичIчIана,
Метер ворчIулев дун батIияв вукIин.

* * *

Жакъа, къоабилеб октябралда,
Дагьаб гуро, гIазу гIемераб бана;
Къаси сардилъ гуро... Цойидасанго,
Радал бакъ бухIараб къалъул гIужалда.

Бана гIазу жеги лал бокъиналде,
МагIардаса гIиял гIодой щвелалде.
Бана тохлъукьего, тылалде роржун,
Тушбазаз рехараб десант кинигин.

Гьеб тIохде бахана, рагъиде щвана,
Гьеб магъилъе ана, дир лъалкIал рахчун.
Дун лъилъун бахъараб хур гIадин вуго,

Хуриб цо хутIараб тIор гIадин вуго.

Ракъван руго кIутIби пулеб гьороца,
Гьуинаб кьочиялъ риччун рукIарал.

* * *

Бищун цебе гьури бачIинахъего.
РечIчIана рорхатал гъутIбузул каралъ.
Кар ккун кIобокIана керчаб берцинлъи,
Квераз цIан гьурщана тIанхазул месед.

Гьедин даимаб рагъ, гьора ахада
Рахъун чIун рукIана гIисинал гъутIби.
Гьел рихьичIогонищ, рихьананиги,
КIвар гьабичIогонищ тарал гьороца?

Гьури,.. цIер бетулеб тIабигIаталда
ТIепун чIарал гьезухъ балагьана дун.
Гьадинаб хIинкъараб цIуниялдаса
ХIалхьи-рахIат гьечIеб борхалъиго лъикI.

Биччанте цIад базе, гьури пештIезе, –
БетIер унтуларо бетIер гьечIезул.

1965

## ХIИКМАТАБ ЛАХIЗАТ

... Дида цебе чIола хIикматаб лахIзат.
*А. Пушкин*

* * *

КIиялго къацандун, жеги рекъечIеб,
Рекъезе къасд бугеб лахIзат букIуна.
Щив цеве кIалъалев цоцадаяли,
Цоцазухъ балагьун гьоркьан рукIуна.

Гьеб хIайранаб лахIзат, дур тIелхазулъан
ТIинкIула, цо къатIра дир бадиб чIола.
Дица берзул къатIра, маржан кинигин,
Кодобе босула, «щиб дуй?» гьикъула.

Щиб диян жегиги: лъаларев дуда

КIалъан пайда гьечIин гьеб гирун уна.
Гирун унеб гьелъулъ – хутIараб ццинги,
Хадуселде хьулги, хвечIеб божиги.

Рекъелалде цебе ахираб магIу, –
Бакъ щвелалде цебе щенон унеб цIад.

* * *

Гьале гьаб рахъалда дир мина буго,
Доле доб рахъалда дур мина буго.
КIияздаго гьоркьов гьадин дун вуго:
Гьури – цин мугъалда, цинги – гьурмада.

ВачIуна дун духъе, щола дур кIалтIе,
КIутIилин, бухилин рахараб нуцIа.
Цинги цебе чIола нилъер ккараб кьал,
Кьурун нахъ вуссуна дирго рокъове –

Рукъалъул кIалтIе щун, кIул балагьула,
КIоларо рагьизе гьаб рагьу дида;
Дур берал цере чIун, сурат цебе чIун,
Сири бан черхалда, вуссуна духъе.

Балагье гордухъан гьегьаб рахъалде
Гьороца чIвачIвалеб цо гъветI бихьизе.

* * *

Гьанже дун кечIалда тIад хIалтIуларо.
КечI букIинчIо, гьечIо, букIине гьечIо.
Буго бакъ, буго къо, буго къасимех,
Буго бекьулеб хур, балеб гIазу, цIад.

Буго гъугъадиги, буго пириги,
Гьимиги, магIуги, нилъер дагIбаги.
Буго баккулебги тIерхьун унебги,
Буго тIегьалебги бечIан холебги.

Буго хвел,.. гIемерал, гIемерал соназ
Руго гIадамалги буго гIумруги,
ГIурччинал, хъахIилал карачалаби,
Гьелчолел, чвахулел иххалги мехал.

Гьелда киналдаго кечIан абула –

КечI букIинчIо, гьечIо, букIине гьечIо.

* * *

Дица хасалихъе мерхьарал тIанхал,
ТIадруссун рачIана, их бачIарабго.
Дица тIунин абун, гьеб гIайиб чIвачIо,
ГIурччинал квачIал гьез дир гъежда лъуна.

Дир чу чан нухалда гIидраги мерхьун,
ГIурул чвахиялда жаниб чвердараб.
Цинги дун цIидасан тIадвуссаравго,
Басандана гIидра, гIайиб-дагIба тун.

Дица хурдул тIуна, тIугьдул ретIана,
Дун тIураниги цIад дида къочана.
МунгIан рекъоларей бакъ данде чIвачIо,
Дур гIадаб халатаб хасел бихьичIо.

Дие мун йокьула гIунгутIи гьечIей,
Дир гIунгутIабазда тIасалъугьа мун.

* * *

Бицинищ, цогиял гIемерал руго,
ЦохIойин абуни, цохIо мун йиго,
ЦохIо азаралъги, анцI азаралъги,
Азарго цогиял миллионалъги.

Нусго улкаялда, континентазда,
Кинабго, кинабго гьаб гIаламалда
Бищун гIажибаб дур юссин буго,
Ясберазул лъалеб цо кунчIи буго.

Кверазукь гьунареб, гьез бахчулареб,
Гьанже-гьанже гъалал къотIун хараб кар,
Каранда рахараб щуябго маргъал,
Маргъал бекун нилъалкь лъураб цохIо тIанкI.

Бицинищ, цогиял гIемерал руго,
Гьезие хисана мун сабаблъун дун.

* * *

Тохтир, дуца дие бюллетень гьабе,

Унтун вуго гьанже гьагаб хIасраталъ.
Гьаб дир унтиялъул тарих халатаб,
Гьаб дицаги хъвачIо, дуцаги хъваге.

Дие рецепталъе дуца хъвай, тохтир,
Йокьулелъул гьурмалъ кунчIараб гьими.
Дуца дарманалъе дий гьекъезе кье
Кьунсрузукь кIиго бер, къеч буссунареб.

Гьебмехалъ сахлъила, саламалъила,
Салам кинабниги гьаб гIаламалде,
Гьебмехалъ хваниги, гьеб бицинаро,
Гьабе дуца дие бюллетень, тохтир.

Гьеб дару гьечIони, дур аптекалъул
Дие пайда гьачIо, дун лъилъиларо.

* * *

Дихъе чи виччаге, дун унтун вуго,
Данде къарал берал рагьулел гьечIо.
Черх буго судулеб, дун жахIавго те,
Тохтир, диде тIаде инсан виччаге.

Йиччанани, йиччай гIицIго цо гIадан,
Гьал дир гIузрабазул рентгенлъун йигей.
ЯчIине йиччан те цо магIарулай,
Цинги бакIал тIелхал тIадагьлъила дир.

Гьелъул кверзукь буго дир рекIел хьвади,
Электрикалъул кардиограмма...
Дир цIаялъул борхи, биялъул чвахи
Гъолда бараб буго, балагье, тохтир.

Дихъе чи виччаге, йиччай цо гIадан,
Дир гIумрудул гъансил кIул кодоб бугей.

* * *

Хамизалъ, гьатIаналъ – ункъо тIубайгун,
Унтарахъе тIаде чагIи риччала,
БачIуна гьенибе тIогьол квацIигун
Кибалиго тараб гIумрудул бутIа.

СагIат ункъоялде их больницалда, –

Бице, бице дида, берцинаб квацIи,
Мун тIолеб квералда гьаб тIогьол хIубал
Унтулеб хIалалда хIунсанищ нагагь?

Бице гьел кверазул ва гьелъул гьурмал,
Гьоркьоб щибго тоге, кинабго бице:
Кинан гъой йикIарай, щиб гъолъ абураб,
Нижер азбаралда их кинаб бугеб?..

... Хамиз ун, рузман къо тIаде бачIана,
ТIогьал квацIигун дун вуго харбида.

* * *

Хирияй, дур тIугьдул речIалел руго, –
БечIалебцин гьечIищ магIарухъ рии?
Гьаниб хъахIилаб зоб гьазие гьечIо,
ХъахIаб хъабаялъур жанир лъун руго.

Лъадалъан раккарал гьезул бутIрузухъ
Балагьун вуго дун, унтарахъ гIадин.
Гьалги, гьелго гIадин гIумруялдаса
ТIун гьанир рачIана, речIалел руго.

Гьазул тохтир анищ, дару гьабизе
Дунялалда бищун гьайбатаб бижи.
Амма гьал цо-цо ккун бутIрулги далун,
Дунги пашман гьавун речIалел руго.

Гьадинаб жо гIумру, гIолеб, бечIалеб,
РачIа гьеб нилъеца каранде къалин.

* * *

Гьаб больницаялъул коридоразда
КенчIола мех-мехалъ багIараб игIлан.
Щуго рагIи буго гьоб игIланалда:
«Сас те, унеб буго операция».

Вуго гьанив хирург хвелгун гIумрудал
ГIорхъода къеркьелев къасиги къадги.
Гьасул нусалда гъоркь лъай босараб черх
Лъилъиладай, унго, лъилъилародай...

Дийги бокьун буго, хирияй гьудул,

Гьаб панаяб сарин дуе хъваалелъул,
НуцIил кIалтIа базе багIараб игIлан:
«Сас те, унеб буго операция».

Дида ккола дунги вугин гIорхъода
ГIумрудалгин хвалил, – рихьиладай нилъ?

* * *

Диде гIайиб чIваге, мун кьижарайго,
Кьурун чирахъ дица свине гьабичIо.
Дуда рагIулареб куцалда дица
Гьаб кечI хъвалеб буго: «Дий мун йокьула».

Диде гIайиб чIваге, дир сапаразда
Саламалъул ругьел дица битIичIо.
Сардидаги къадги, киве щваниги,
Щурана дир кIутIбутз: «Дий мун, йокьула».

Диде гIайиб чIваге, дун гIедегIана.
Диде гIайиб чIваге, дун кватIун ккана.
Ва амма кидаго каранзул рекIелъ
БикIун буго дица: «Дий мун йокьула».

Диде гIайиб гьабе, дуца гурани
Дица абунани: «Дий мун йокьула».

* * *

Кинабго букIана лъикI нилъер рокъоб,
Гьагъай гIадан ячIун чIунтизабуна.
ЯчIана, кIечIана, кIал жиржидана,
Нилъер кIиязулго нодо букIкIана.

Кинабго букIана квеш нилъер рокъоб,
Гьагъай гIадан ячIун къачIа-кIатIана.
ЯчIун балагьана, бетIер хьвагIана,
БатIияб гвангъараб чирахъ бакана.

БукIана цIер, гьури гьаб нилъер гьаниб, –
Гьагъай гIадан ана, ихдал нур чIана.
БукIана бакъ рещтIун нилъер рагъиде, –
Гьагъай гIадан ана, гIазу хъван бана.

ЯчIунейгин уней, огь, гьагъай гIадан,

Нилъер гIумруялъулъ гIорул кьода чIун.

* * *

Гъежда, хулжалги ран щибасул кIалтIа
КIудияв налъулав сверулев вуго.
Къо – цояб гIагалъуб, сордо – цоялъуб,
Сонал, сонал дихъа рахъулел руго.

Дун киве аниги, дир сапарал гьес
СукI-сукIун ракIарун росулел руго.
Дир заманаялъул гIоразул кьоял
ГIелилан цо-цоккун кьвагьулел руго.

Дица гурхIел гьечIев гьев налъуласда
Кинабго босеян абулеб буго.
Амма гьудулалда аскIоб балеб къо
Къокъ гьабугейилан гьарулеб буго.

Гьес гIин тIамуларо, кIетIола сагIат...
КIкIалахъа эхебе ана дир гьоко.

* * *

Сайигъат гуро гьаб нилъее гIумру,
Гьеб бецIизе ккола кидаго даим.
Нилъей сардал, къоял къарзалъ кьун руго,
Нахъе кьезе кколин, кьурал кинигин.

Нилъее цо рогьел чIобого кьечIо,
ЧIалгIаде гIемераб кьун батаниги.
Рагьун рахъиналде къала пардавал
Къоязул, сардазул театралда…

Балеб буго гIазу гьаб гIаламалде,
ГIицIал гьутIбузда тIад сорола хIанчIи.
Гьезда гIурччинаб их ракIалдещола, –
РикIкIада хутIараб нилъер къого сон.

Дица цIунилаан мун сундасаго, –
Унел соназдаса киндай цIунила?

* * *

Такъсиралда рекъон тамихI гьабунн,

Туснахъ букIинаан кинабго дунял.
Амма бугогури батIияб диван
Божулги, рокьулги, макьуялъулги.

Гьеб диваналъул тIехь кибниги гьечIо,
Гьаб каранзул рекIелъ хъван батичIони.
Даим биунареб гIазу гуро гьеб,
ГIумруялъ рогьинчIеб сордо гуро гьаб.

Дуца диван гьабе дир такъсиралъе
Нилъер рогьел ахIун, их ракIалдещун,
Ралъдал рагIалалда хъахIаб ганчIида
ХъахIлъи рехизегIан чIараб мехалъе.

ГIищкъул законалъул кодексал цIале,
ЦIидасан кенчIела нилъер гъасда цIа.

* * *

Дица сариналде сверараб хIасрат
НусцIуса цIалана дур рахъалъ хъвараб
ЦIакъал чагIи руго гьал гIенеккарал –
ГIайиб лъицаниги гьабичIо диде.

Дица дуде бугеб панаяб рокьи
Ракьалда бицана, балъго гьабичIо.
Лъилго жахIда ккечIо, гьал цогиязул
Цоги жеги бице абун ахIдана.

Гьал цогияздасан, цонигиялъул
Цо нухалъ бицани ццин бахъуней мун...
Гьал гIемараздасан цо гIаданалде
Дица кечI гьабуни квеш букIуней мун!

... Гьанжеги разилъи свана дур гьурмалъ.
Махсара, махсара, махсара буго.

* * *

Дица тIокIаб гьанже гьаб ракьалда тIад
Рокьул рахъалъ гуреб цо мухъ хъваларо.
Хъваралги тIолалго тIутIун рухIила,
ТIокIаб щибго гьечIо хIасрат гурони.

Дир цIакъго гIемераб заманищ бугеб,

ГӀеме-гӀемераб жо бицун мех чӀвазе?
ГӀела мун цохӀо цӀва цо дир гӀумрудай,
Цоги гӀумру кьуни, гьелъийги гӀела.

Цоги гӀумру гьечӀо, букӀаралъулги
Нахъехун хутӀана халатаб бутӀа.
Хасел бачӀиналде цӀул-цӀа, хӀалухъен
ХӀадурулев гӀадин вуго гӀедегӀун.

Гьеб цӀа дие гӀела даим гӀумруялъ,
ГӀищкъу хутӀун щибго, гьеб щайтӀан буго.

* * *

Дуца цӀакъ битӀараб гьабуна, гьудул,
Нилъер гьалбал нухарегӀулеб мехалъ,
Дида бахъараб щцин цогидаздаги,
Цо дие течӀого тӀубан бецӀана.

Нилъер гъотӀол гӀаркьел тӀолаян абун,
ТӀад рещтӀарал хӀанчӀи роржинаруна.
Ана гъол рахъ-рахъалъ, нахъ-нахъ балагьун,
Жидер гӀайиб щибан, гӀаламат гьабун.

Духъ бугеб газаргъо, цо речӀчӀарабго,
ИчӀабго ракӀ чӀвалеб, – чӀвай, ниж киналго.
Амма чӀор каранда щвараб мехалъги.
Щуриларо дица, дур гурони цӀар.

Гьанже гьалбал, ана, дун цо хутӀана,
Щцин сасинегӀан мун семе, хирияй.

* * *

Гьаб гордул цӀералда цӀадал къатӀраби,
Къаси нужей бокьун щиб бугеб, бице?
Гьадинги гьечӀин дий бачӀунеб макьу,
Гьадинги дир рокьи бугин рикӀкӀада.

Рагьулареб горду, нужеца гӀадин,
Дицаги бухана хайир щиб гьелъул?
Доре акикье а, хӀанчӀаз гьекъезе,
Дуца гьабулеб щиб гьаб больницалда?..

Дир угьди рагӀунищ, ана цӀад нахъе,

Гьелъул лъалкIал руго цо лъабго къатIра.
Лъабалъго абуна, жалги инила,
Амма гьари бугин, гьалмагъ, дудейин:

Дунялалда чанги къварилъи бугин,
Къварид гьаюге цо дур магIарулай.

* * *

Дун росдал вас вуго, доба буго яхI
Доба бахIарчилъи, доба чIарал махI,
Дир чIаголъиялъул гьулакгин кини,
Дир гьалдолеб ракьул иццгун гъансито.

Дун росдал вас вуго, нилъер доба ЦIада
ЦIвабзазул гIемерлъи, гьезул чIахIалъи;
Гьединал рихьичIо, киве щваниги,
Гьанир шагьаразул забазда дида.

Дун росдал вас вуго, гьелъин батIаго
БатIиял ракьазда, Индиялъ, Туркалъ
Тамашаяб хасаб асар букIунеб,
Росдал тIалаялъул, кIкIуял рихьигун.

Дун росдал вас вуго. Гьенисан, буго
Гьаб дир хIасраталъул хIакъикъат дуе.

* * *

Хирияй, гьабго щиб, щвана мугIрузде,
Щаяли дун кIочон, бана тIаде цIер.
Цинги мун ячIана, тIасалъугьаян,
ТIаде бакъги ахIун, кьуна гьелъ салам.

Щвана дун гьитIинго лъалел рохьалъе,
ЛъачIо дун цониги гъветI-тIамахалда.
ТIаде мун ячIана. Киналго хIанчIаз
КечI ахIана нилъей, жиб-жиб гьотIода.

ВачIана гIагараб Каспи ралъдахъе. –
Карачалабазул хIал хисараб куц!
Цо дун кIкIвине гIадин цере гьелчана,
Цинги мун ячIана – гIодой риччана.

КIиялго гьечIони гьаб дунялалда,

Дун кивго лъаларо, мун лъалей йигищ?

* * *

ВукIана Ругъжаса Элдарилавин
Аваралъ машгъурав цо гIищкъул шагIир.
ГIищкъу хIинкъи гьечIев гьасул букIана
ЧIахъадерил росдал цо ясалъухъ ккун.

Ясалъул букIана залимаб тухум,
ТечIого гьез, кьуна гьай цойгиясе.
Цогияв яхI гьечIес нилъер бахIарчи
Берталъе ахIизе витIана чапар.

АхIи нахъ чIваларин, ЧIохъе щваравго,
ЧIухIбуз гьасий кьуна гьакълил цIураб лълъар. Лълъараниб жубараб загьру лъаниги,
Лъим гIадин гьекъана, – гьедин хвана дов...

... Кьураб лълъар борхулеб – магIарул гIадат,
Дир гIумруялъул лълъар дица борхила.

* * *

Дица ракьул гIалам бикьула, гьудул,
Рокьи бугездеги ццин бугездеги.
Цинги гьеб кIиябго асар лъаларел
Аслугун кьучI гьечIел пуланаздеги.

Гьел цо пуланазул бицинецин щай,
Дица раччун ругел, хулжал рихьулищ?
Гьез дир гъуждул гуро, керен кIвекIула,
КIиябго гIаг буго цоцаца цIалеб.

Гьелъул цебесеб гIаг гIищкъул цIун буго,
ГIумруялъ гьеб дица дуе баччула.
Дица бичуларо, бич-бичун кваргун
Дуде кодой бала рокьул хазина.

Гьаб цо цциналъул, гIаг тун буго дица
ТамихIалде цIазе дирго такъсирал.

* * *

Дир эмен вукIана магIарул шагIир,

Досул рагІул къимат лъалеб росабалъ,
РагІаби рукІинчІо, кІулал рукІана
КІудияб хазина лъурал гъансазул.

Азарго кечІ хъвана гьес гІасруялде,
ГІалибегил гьвецин гьоркьоб биччачІо.
Амма гІумру цадахъ тІамурай гьудул, –
«Дир панаяй эбел, гьелде кечІ хъвачІо.

Гьедин щайдай абун хІикмалъаразе
Дос жаваб гьабуна, гьелъухъ гІенеккун:
Лълъадуй, рецц гьабулев – гьев ахІмакъ вугин,
Эй какулев чиги хІалихьат вугин.

... Мун рецц-кечІалдаса камилай йиго,
Какани дие хІакъ батизе буго.

* * *

Босе дуца цІалкІу, цІалкІе дир гІумру,
ГІемераб хІур гъина, хІажатаб гьечІеб.
Доба бакІарараб, гьаниб хъирщараб
КигІан гІучІ-къул бугеб, къваригІел гьечІеб.

Босе дуца цІалкІу, цІалкІе цІидасан
Дир ихал,  дир мехал, дир гьаркьал, кьерал...
Цо хъаталъе мугьал ратила дуда,
Гьел хІажалъиларо, хІелказ квине те.

Босе дуца цІалкІу, цІалкІе нахъойги –
Цо гьитІинаб маржан гьениб кенчІола.
Гьеб кодобе босе, гьеб тІаса бацІцІе, –
Гьениб бакун буго кинабго гІумру.

Дуца гьалда цІехе, мун лъил кколебан,
Дур цІар ахІила гьелъ, дун хІайранлъараб.

* * *

Дулъ испаниялъул цо расен буго,
Мексикаялъул цо руссин буго.
Мун дагьай индияй габур борхигун,
Мун дагьай гуржияй кар халеб мехалъ.

Дагьай парижанай, доб Парижалъул

Ясазул гьайбатлъи бихьана дида,
Дагьай японияй, дозул хIеренлъи,
ХIасратай йокьулей, гьеб лъала дида.

Кинабго гьайбатаб дуда релълъуна,
Мун релълъуна гIицIго цохIо дудаго.
Цогиял камилал кир рухьаниги,
Йихьула гьезулъ  мун, дир магIарулай.

Амма мун йихьигун рихьарал щинал,
РихьичIел кинигин, кIочона дида.

* * *

Чанги сапаразда свердизе ккана,
МагIардеги щвана, гIодойги щвана;
ГIищкъулгIан халатаб сапар батичIо,
Свераби гIемераб, сухъмахъ хIинкъараб.

Сапарал рукIана, саринал гIадин,
ГIакъилал, къваридал, кепал, гьайбатал.
Дида рокьул гIадаб кьур-кьурун араб
Ахир гьечIеб сапар жеги батичIо.

Дун гIумруялъ вуго гьеб сапаралда,
Цоял тIадруссараб, цоял руссинчIеб.
Дун гьениса кивго вуссине гьечIо,
КигIанго халатаб гьеб букIаниги.

Гьениб нух къосани, къаси сардида
Бакараб дур чирахъ дида бихьула.

* * *

Мун йиго цIунейин дицаго дунго,
Дунго цIунанани мун кинан цIунилей?
Гьадинги гIамераб замана банин,
Гьадинги балагьаз дун гьаркьов танин.

Чан гьудул вукIарав рекIей хирияв, –
Хвана гъол нилъ жеги данде чIвалалде,
Нилъер бертинни щиб жидергоябцин
Жеги бихьилалде, жеги лъалалде.

Ана гIолохъаби, ана гIолилал –

ГІемерал, гІемерал, дуда лъаларел.
Дихъги бажаричІо балагьаздаса,
Цогияз дун гІадин, гІащикъал цІунун.

Дунго цІуни щиб жо? ГІела дие мун,
ГІаздалъ къан вукІина дуе бакъ боссе.

* * *

Дур бадиб бетараб цо магІил горо
Гаргадана дида: Гьаб дур гІайибин.
Дуца макьу тараб сордо бачІана:
Мун сабаблъун гьоле гьой кьижичІилан.

Дур ботІрол каралъул кьер сверараб рас
Семана: Гьаб дуца гьабураб бугин.
Дур свакараб гьурмал пашманаб сурат
Балагьана: «Гьале дур хІалтІи» абун.

Дун хІадур вукІана ракІ унтун, хвезе,
РакІалде рачІана талихІал ихал,
Дур релъи, дур гьими, гьуинал къоял,
Гьез абула: Нижги мун сабаблъунин.

Сундульго дир гІайиб, амма гІенекке:
Дурги буго гІайиб – дун гІащикъ вукІин.

* * *

Щай матІуялъуе ялагьарайго,
Гьел батІиял расал рахчулел дуца?
ХІориде гьетІараб гьотІода тІаса
ТІаде балеб гІазу щибизе лъухьун?

Пашманлъуге, гьудул, хаселалъулги
Цо хасаб жиндирго берцинлъи буго.
ТІоцебе дуй балеб гІазуялъ дие
ГІажаибаб асар гьабулеб буго.

Дидени гьеб гІазу некІого бана,
РакІалда хутІана хирияб гІидра;
Амма дун гІумруялъ квачан, сорочІо,
Кидаго дир гьаниб буго дур хинлъи.

Рахчуге, хирияй, гьел хъахІал расал,

Хасалилги бугин гӀураб берцинлъи.

* * *

Доб зодихъ щивасул буго хасаб цӀва,
Хадуб аскӀоб лъезе цогияб гьечӀеб.
Амма зобал цӀурал хутӀанщиназухъ
Хал гьабунин, цӀваялъ гӀайиб чӀваларо.

Рохьоб букӀуна гъветӀ батӀи-батӀияб,
БатӀаго бокьулеб гьезда гьоркьоб цо.
Дун гӀодов чӀоларо цониги гъотӀокь,
Цо-цо мехалъ рохь чӀван хьвадананиги.

Цо гӀаданги йокьун, цоги гӀадангун
Цадахъ сагӀат балев гьерсихъан вуго.
Ва амма цогиял азаргоязда
Абулел рагӀаби хиянат гуро.

ЦохӀо гьудул йиго, хутӀарал – гьалбал,
Гьаб хабар бицана цо хераб хъвекалъ.

* * *

«Гьагъай цогияй щий?» Гьей цояй йиго.
Дудехун щцин бугей – гьей дида лъала.
Цоги гӀадан йиго дуниялалда
Дудаса йохарай – гьей дида лъала.

Лъабабилей йиго мунги лъаларей,
Нилъер ургъел гьечӀей – гьей дида лъала»
«Кин гьел дида лъарал?» «Дудасан лъана,
Лъабайго гьей гӀадан дулъги дандчӀвана.

Гьугъуй цоялдехун цо-цо мехалда
Дурги щцин букӀуна, – дида гьеб лъала.
Гьай цогиялдаса цо ихдалилаб
Рохел букӀуна дулъ – дида гьеб лъала.

Лъабабилей йиго дуда лъаларей,
Дуе ургъел гьечӀей, – гьеб дида лъала».

* * *

Дудехун щцин бугей гьагъай цоялда

Дун цо-цо велъула, цо-цо гурхIула.
Ццидаца чIваниги гьер дур гьайбатлъи
Гьалда букIунаро, гьеб дида лъала.

Дудаса йохарай гьай цогиялда
Дица дир разилъи лъазе гьабула.
Мун йихьун хадуса цо рохел лъачIел,
Нух къосарал рукIин – гьеб дида лъала.

Гьай цо лъабабилей жеги мун лъачIей, –
Мактабищ рагьилеб гьалъие дица?
Щибго абиларо, абун пайда щиб,
Гьалда рагIиларо, – гьеб дида лъала.

Дир гIищкъуялъ дие гьукъулеб буго
Дир рокъоб абизе къватIиб абулеб.

* * *

Дудаса кIудиялъ гIинде щурани,
Дир гIумрудул бицун, – хIикмалъуге мун.
Гъолъул жахIда буго, жий цее щванин,
Щай жий гьоркьой тарай гьаб рокьиялъин.

Гьай дургун гIелцоялъ, цин-цияб гьеж ккун,
Дир рахъалъ бицани, дур ццин бахъунге.
Цадахъ мунгун яхъун нахъа хутIарай
Хиял ккана гъолъул къисас босизе.

Дудаса гьитIинай гьабги добгиян,
Дир рахъалъ гьанчани, щибго абуге.
Гъойги хIинкъун йиго духъ гIадаб гIищкъу
ГIумруялъ лъилниги жиндихъ ккеларин.

ЦIакъ ццидалал чагIи гьаб гIищкъу щвечIел,
ГIинтIамуге гьезухъ, гьале рогьана.

* * *

Гьаб документазул замана буго,
Дица хъвалеб буго дуе расписка.
Босе гьеб кодобе, цIале ракьалъе:
«Йокьана, йокьула, йокьизе йиго».

Рокьуца тIад къарал тIолго налъаби

ТIуразе гьарила цо хутIичIого.
ГIищкъул законалъул щибаб бутIа дуй
МутIигIав вукIина тIолго гIумруялъ...

Гьаб цохIо дур бугеб документалда
Дица чIвалеб буго гургинаб печать.
Печаталъул хьолбохъ гъулбас гьабула:
«Дун ЦIада росулъа Расул ХIамзатов».

Дир гъулбас, дуда лъа, гьаб Дагъистаналъ
Тасдикь гьабун буго буго соналъе.

* * *

Гьаб рокьул институт, академия,
АнцI-анцI факультетал, нусго кафедра...
Рохел, талихIалъул, къварилъиялъул;
Къоял-сардал – дарсал, сонал – докторал.

Унго, бугеб щинаб гьалдолеб асар, –
Гьаб институталда вуго гIумруялъ.
Гьаниб конкурсалъул киналго балал
Кколелдаса цIикIкIун росана дица.

Амма кигIан гIемер дун цIаланиги,
ГьабгIан лъугIулареб гIелму бихьичIо.
Дарсазде кватIичIо, гъалатI лъаларо,
Гъоркь хутIун ватула цого курсалда.

Огь рокьул институт, мун лъугIун дие
Диплом кидал щвелеб?.. БетIер хъахIлъана.

* * *

Гьаб институталъул студентазе,
Рии бачIаниги, гьечIо каникул.
Гьанир экзаменал щибаб сагIаталъ,
ЗахIматал суалал даим белтазда.

Гьезий жаваб кьезе кьижичIел сардал,
Я кьиндал, я ихдал гьечIеб выходной.
Гьаниб гIищкъул къимат, къасдазе зачет,
Физикадул гIадаб рокьул формула.

... Гьаниса, цо соналъ ральдахъе инин,

Отпускаги босун щвана Югалде.
Амма щибаб къойил чвахун цIад бана,
ЦIидасан ракIбухIун дун тIад вуссана.

ГьечIо асаразе отпуска дие,
Гьеб босани, нагагь, бала чвахун цIад.

* * *

Рилълъа дида цадахъ кафедраби чIван,
Кинабго дир рокьул дунял бихьизе.
Гьале жагърафия, балагье карта,
Нусго улкаялда кенчIана хIасрат.

Гьале история хал гьабун, бихье,
Балагьалъан ана чIар гIадин рокьи,
Гьале медицина, чан гIузру лъураб
ГIищкъуялъ дир чорхолъ – дараби гьечIо.

Гьаб астрономия – цIвабзазул гIелму,
Дицани цIалана даим кIиго бер.
Дие цохIо гьелъухъ академикан
Абураб цIар кьезе тIадаб букIана.

Амма дун цIаралъе гIоло хIалтIичIо,
ХIасраталъул гьечIеб кафедра гьечIо.

* * *

Роялалда нахъа гIодовги вукIун,
Гьал клавишазда квалквадаравго,
Дида ккана дунго вугин Шопенин,
Дуде бугеб рокьи гьаркьаз шурулев.

ХъахIал клавишал, кир рукIаниги,
РикIкIадасан ахIе араб дир рогьел,
Рогьел бачIарабго нуж гьелда чIоге,
Нахъ буссине гьабе гьуинаб макьу.

Музыка, дур гьаркьал цолъизе риччай
Цо кIкIалахъе унеб иццазул лъаргун.
Лъарал рагIалалда кIигIаркьелаб гъветI –
Гъунел руго тIанхал, буго октябрь.

... Роял гIенеккана!. Шопенги ана.

Щиб жоха хутIараб? – Хиял, хаслихълъи!

* * *

Ленинградалъул хъахIаб сардида
Цо нухалда кьодухъ пашманлъана дун,
Сордо бачIаниги къо лъугIулареб
Гьаб къагIида гьечIин Дагъистаналда.

Гьадинан вукIадго ракIалдещвана
РикIкIадисеб Гъуниб, гъутIбузукь Болъихъ,
Я гIурул рагIалда, я Каспиялда
Кверал ккун нилъеца рогьарал сардал.

Дида рекIелъ руго гьадал сардазда
Дур гьумер, дур берал, щибаб гIаламат.
ХъахIал сардал нилъер гьечIел ратани,
Гьеб кинабго дида кинан бихьараб?

Огь, Дагъистаналъул дир хъахIал сардал,
Нуж гIадал камилал кирго рихьичIо.

* * *

Дун – къоябго соналъ дур туснахъалда,
КъватIиве ворчIула нагагь, къанагIат,
Цо-цо лъицаниги гьудулзабаца,
Гьедун рагIиги кьун, тIадеги восун.

Амма къватIив ворчIун, цо къо букIуна,
Гьадин лъикIин абун ракIалде ккараб.
КIиабилеб къоялъ тамахлъула ракI, –
Дур туснахъалдаса гьечIо лъикIаб бакI.

Гьединан рокъоса къватIиб араб гьве
Гьанибе хIапдола, доба сентIола;
Цинги къасиялде кавудал кIалтIа;
КIутIбузда мацI бахъун, гьеб лъухьардула.

Дун – къоябго соналъ дур туснахъалда,
ТамихI халат гьабе хвезегIан дие!

* * *

Мун берциналъ лъикIай лъикIалъ берцинай,

Дуца дун цIунана кьурул рагIалда.
ЦIуничIо дидаса лъикIал цогиял,
Церого гIуруца росун ана гьел.

ВукIинаан дунгун гIодов чIун МахIмуд,
Муица гьереси бицинчIебани.
Загьру гьекъон хвана дов Элдарилав,
Ана цогиясе досул йокьулей.

Гьелни кочIохъаби, кечI гьабилалде
Камуна рокьуца гуккарал васал.
Рогьалил харида хирияб раса –
Хеккого бакъвалеб хIасрат батана.

Мун берциналъ лъикIай, лъикIалъ берцинай.
Дуца дир гIурдада цIунана роса.

* * *

Огь, магIарулазул гIакъилаб гIадат:
Яс цоги бакIалде унеб мехалда,
Эбелалъ гьелъухъе бакун кан кьолеб,
Щиб квач бачIаниги гьаб цIунейилан.

Дида кIочонаро, гьаб нилъер гъасда
Дуца басандизе гьеб гьабураб куц.
Дир рокъой бачIароб хазиналда гъорлъ
Гьеб гIадаб хирияб букIинчIо, гьечIо.

Кинидал рухI буго бегараб лъимер,
Беразул рухI буго я магIу я нур.
Гьаб дир хIасраталъе киналго соназ
Дуца бакараб кан буго цохIо рухI.

Гьеб кенчIелаб буго, кIалъалеб буго:
Нуж кIияцаго дун свине тогеян.

* * *

Къокъаб жо батана гIурччинхарда щуб,
ГIемер мех балалде гъоб бакъвараб куц.
Къокъаб жо батана нилъер «далалай».
«Дулаялъ» хеккого гъоб хисараб куц.

ГIемер мех баларел гьалбал ратана

Гьал нилъер гъутIбузда рещтIарал хIанчIи.
Дица гьал хIанчIазда, харда щубалда,
Хадуб далаялда гьикъулеб буго:

«Гьадин гьава цIехон унеб, хисулеб
Хасият щиб нужер, цо хIал кколареб?»
Щубалъ жаваб кьуна, бакъул хIалила;
ХIинчI кверзукь пархана, квач дандчIванила.

«Далаялъ» ахIана: жиб хисичIила,
Нужго хисун гьечIищ, хал гьабейила.

* * *

ЦIородасан алмаз унеб кинигин,
Унеб буго гама ралъадги хъвалхьун.
КIийиде бикьизе гьабун буго гьелъ,
Гьелчолеб, чвахулеб лъадал гIатIилъи.

Цо рахъалда буго, бакъуца кьураб
Кьер-кьераб сайигъат – сурмияб, хъахIаб;
Гьенир карачелал, берталъ тIамураб
ТIансаялда гIадин, руго кьурдулел.

Цагияб рахъалъан тIаде къулани, –
Къварид буго ралъад, рагIдукь буго гьеб;
Гьенир карачелал речIчIарахъдула,
РорчIизе, яцазул бертин бихьизе.

Унеб буго гама дуниял къотIун,
Дурги дирги рохел-къварилъиялъул.

* * *

Дуда бихьарабищ чIалу хъухъалеб?
Дица хъухъана гьеб гьитIинго чанги.
Хъухъан, бутIа гьабун, батIа лъолелъул,
БецIцIулеб цIулал лъим щола ракIалде.

Огь, гьаб хъухъадиро, агь, гьалъул гажал,
Огь, гьалъул кьир-кьиди, гьалъул къалъ-къалъи!
КъотI-къотIун балеб куц, лага-лага ккун,
Кинабго къаркъала халатаб чIалул...

Хирияй, гIумрудул хъухъадироялъ

Хъвалхьун ралел руго гьал нилъер сонал.
Гьезул сокIкIун лъурал хъарщахъ балагье, –
Гьаб хъухъадиродал хъантIи, гIасилъи.

Мех бахъанагIан, гьаб буго гIедегIун,
Амма буго гIищкъу гьелъ хъухъалареб.

* * *

Рохьор ругеб мехалъ, гъотIохъ балагьун,
ГъотIода ахIдолел хIанчIахъ гIенеккун,
Нилъеда кIочана, чаранги бухун,
Чияс гьаб къотIизе къачIалеб гIащтIи.

ГъветI къотIула, уна цониги гIоралъ,
Амма добго гIащтIи бачIуна данде;
ГIагьан цояб гьаракь, агьан дандияб
Иргадал букIуна гьал кIиязулго.

Гьудул, нилъер гIищкъу гьитIинго чIараб,
ГьетIараб гъветI буго дица цIунараб;
Гьеб цIадаб лъелилан, гIащтIалги росун,
Гьесардула цо-цо ццинги жахIдаги.

Амма дица хъвараб цо игIлан буго:
«Цогиязе гьаниб нух гьечIин», – абун.

* * *

Жакъа – мун гьаюраб гIадатияб къо...
Гьаб гIумру, гьаб дунял – дун хIикмалъула:
Мун жеги гьайичIеб, мун жеги гьечIеб
Гьаб ракьалда заман, кин гьеб букIараб?

Лъиде Пушкинина шигIраби хъварал?
Шамил сундуй гIоло, унго, вагъарав?
Кин рогьел бачIарб, мун йорчIичIого,
Ихдалил нур чIараб, мун ячIинчIого?

Дида бичIчIуларо, ячIа цо, бице,
Жакъа къо щвезегIан, щиб арал векал?
Аб историялъул соназул къиса
Цоги мехалдасан кин байбихьулеб?

Рихьея дур берал, – гьениб дир дунял.

Рихьея дур кверал, – дир куркьбал, гIумру.

* * *

Руго дурги дирги цо-цо сагIатал:
Цоцада кIалъачIел, гIенеккун чIарал,
Нилъалзукь кверал чIван, я рокъоб гъасда,
Яги бецIлъи лъолеб ралъдал рагIалда.

РукIуна кIалъани, кинида лъураб
Лъимер борчIилилан, хIинкъарав гIадин,
РукIуна кIутIани, тIармида рарал
Гьал тIеренал чIваби тIун инел гIадин.

Нилъер гьеб сас гьечIеб сагIтил сабрудалъ
Соназул хIайранал хIисабал руго.
Гьениб пикрабазулъ дуда рагIила
РагIабазулъ гьечIеб панаяб асар.

ГьечIо чIей гьечIого хъудулеб гIорцин, –
ГIенеккун рукIинин цо-цо сагIаталъ.

* * *

Балагье, дуниял, рогьалил харбал,
Халкъул гIаламалъул лъимал моцIрода,
Хиялал щваралъуй щвараб нилъер век, –
Дица мун щавкъалда дандкъалей йиго.

Балагье, дуниял, ахирал харбал,
Хвел, балагь бикьулел цIиял бомбаби,
Кибе унеб бугеб, унго, гьаб гIалам? –
Дица мун хIинкъадго дандкъалей йиго.

Дир хиял букIуна кватIичIого нилъ,
КIиго билет босун, Марсалде инин.
Ва амма рагIула ракьалда кьвагьи.
Ва амма гьелчола гьалаг океан.

Ракь багъарулеб куц! Кире нилъ унел? –
Каранде мунги къан, балагьун вуго.

* * *

Йилълъа, магIарулай, нилъер рокьигун

Ракьалда свердизе кІиялго цадахъ.
ЦохІого чуялда яги пилалда,
Ялъуни гьадинго лъелго къвалги бан.

Йилълъа, лъарал рахун, йилълъа гІор къотІун,
ГІурччинал рохьазул расалъаби чІван.
Йилълъа, къункърабазул къокъагун цолъун,
Къасдазул хІасратал куркьбалги рорхун.

Гьаб нилъер рокьуда данде чІвараб щцин,
Циндасанго хІинкъун, хІеккинародай?!
Нилъер хІасрат бихьун, хІилла, жахІда, рагъ
Жалго жидедаса нечолародай?!

... Дида чанахъанас цебе бугеб чан
Чанги нухалъ биччан толеб бихьана.

* * *

Огь, кигІан рикІкІада бугеб Киота!
Дица Китаялда гьабураб ваза
Гьениса босана сайигъаталъе,
Лъимер кинигинан карандеги къан.

ХІасратги махщелги цолъун гьабураб
Гьеб цебесеб тІагІел, – хІикмат, берцинлъи
БукІана паркъелеб пианиналда,
Пуланаб, захІматаб къо бачІинегІан.

Гьеб къоялъ тохлъукье, щиб гьабунали,
Щущан ана, ваза, – гьеб угьдараб, куц.
Нилъер квер хъвачІого, клавишаца
Цо бакъан бачана, чара къосараб.

Гьаб дир рокьиялъул нухлул кІодолъи,
КІочонаро дида бекараб ваза.

* * *

Дуда бихьарабищ боязул парад:
Полкалда хадуб полк, пулеб музыка,
Орденаца цІурал цІутІарал курмул,
ЩІа пирхулеб куцалъ борхулеб гали...

Дие бокьун буго парад гьабизе

Гьай дуниялалда рокьи ккаразул;
БагIараб площадь, гьенир рачине
ГIищкъул гвардиял тIолго веказул.

Гьениб тIоцебесеб кьерда кIиялго,
Кьабун гали босун, цере рилълъунел. –
... Цо гьеб букIинаан кIудияб сурат,
Сородизе тIолго дунял тIамулеб.

Амма окопазухъ гьалдолеб рокьул
Парад букIунаро, площадь гьечIо.

* * *

БахIарчилъи, гьунар, свак гьечIеб хIалтIухъ,
ХIукмуялда рекъон, орденал кьола.
Гьанже газетазда бакI гIолеб гьечIо
ГIагараб улкадул указал лъезе.

Кьолел щапакъатал гIемерлъун руго,
Амма гIищкъуялъухъ гьел щолел гьечIо.
Гьелъул орден, медаль букIарабани,
БукIинаан керен кенчIелеб нилъер.

Берцинлъидул медаль дуда балаан,
Божилъидал медаль дие кьелаан.
Бергьенлъидал орден – дур кереналда,
МутIигIлъидул орден – дир кереналда.

Амма жибго гIищкъу – гIумруго гIадаб
ГIагараб шапакъат, гьеб щвани, гIела.

* * *

Ракълил заманаялъ, рагъ гьечIел соназ
Рагъул маневраби рукIуна цо-цо.
Нагагъ къо бачIани, къачIан рукIине,
КъваригIун ратила гьел улкаялъе.

Амма руго цо-цо рокьи гьечIого,
Рокьул маневраби гьарулел чагIи.
Гьел дида дандчIвана гьадил танказда,
Гьаркьахун хъудулел хъулбузул кIалтIа.

Рагъ бачIуна, уна, армиялдаса.

Мех щварабго солдат рокъов вуссуна,
Амма гІищкъуялъул полкалда вугев
Гьениса гІумруялъ нахъ вуссунаро.

Дун рокъул офицер маневралъ гьечІо.
Гьал пагонал дица думалъ ран руго.

* * *

Армиялда буго цо къо, гьа балеб
Жиндирго полкалда цебе солдатас,
Хирияб улкаги элъул байрахъги
Гьаб дуниялалда бацІцІад цІунизе.

Улкаялъ тІад къалел тІолго амруял
Ахиралде гІунтІун тІуразаризе,
Балъголъи рагьани, хияналъани,
Хвелги нагІанаги къабул гьабизе.

Дида ккола, гьудул, рокьиялъулги
Бугин армияги, бугин улкаги.
Дун гьезул рагъухъан, дица гьа бала
Приказал тІуразе, дир хІасраталъул.

Балъголъи рагьани, хияналъани,
Хвезе нагІанадул бегІерал хучдукь.

* * *

МацІалги ракьалги, рикьулел гІадин,
Рикьун кьун рагІула гьал гІадамазе:
ГІамалал, гІадатал, хасият, асар,
Нусабго батІияб тІабигІат, сурат.

Цоязе лебаллъи, цоязе хІинкъи,
ХІеренлъи гьадасе, гІасилъи гьасий;
Даим къваридав гьав, къойил вохун дов,
Чи рикІкІун щибасе щвана хасият.

Дун талихІав вуго дуниялалда,
Дие кьураб асар дуе икс гуро;
Гьелда магІарулаз гІищкъу абула,
ГІурусалъ цоги цІар рагІула гьелда.

Гьеб асар бачІараб гъасде гІумруялъ

ГІасилъи, гьереси рещтІине гьечІо.

* * *

Бицуна, аллагьас зодаса гІодой
Биччан бугин гъамас рахсидаги бан,
Гъансиниб бечелъи тІаса арабгІан
ТІаде бачІунила, камуларила.

Гьеб бичІчІулареца бачІун батила
Барахщи, гьереси гьаб гІаламалде.
Дидайин абуни дуниялалалъул
Гьеб тІабигІат лъана мун лъаралдаса.

Дица щибаб къойил барахщичІого
Бугеб щинаб рокьи кьола дуе, ма!
Амма гьеб кидаго дилъ тІагІунаро.
ТІаде жеги цІилъун, цІикІкІун бачІуна.

Дир гъансиниб бугеб хазина босе,
ХвезегІан кидаго гьеб дагьлъуларо.

* * *

Гьаб махсара, гІадат... гІолохъабаца,
БахІарай унелъул, къотІноб гІер ккола,
Кие яхъарайин, документ кьейин,
Дур мурад, къасд щибан, гьелъий нух кьола.

ТІасанищ яхиней гІералдасан гьай,
Я гІодое къулун, гъоркьанищ иней?
Ялъуни нух ккурал мехтизе гьарун,
Гьел гуккунищ щвелей щолеб бакІалде?

Гьеб цо магІна гьечІеб гІадат батичІо,
Дида гьеб бичІчІана гьанже мех ингун.
Нилъер гІумрулъул гІищкъул сверуда
ГІерал цере ккурал цо нухалъ гуро.

Амма цоцазухъе, кире кканиги,
КватІичІо щвезе нилъ цІараб мехалде.

* * *

ГІемерал хІалтІарал, рагъда рухІарал,

Ругънал щварал, щокъал, ригь арал чагIи
РитIула улкаялъ пенсияги кьун,
Парказда жидерго домино хIазе.

Ялъуни бакIарун бухIанщинабгун
РакIалдещвеязул мемуар хъвазе.
... Дица рокьиялъе кьунщинал сонал,
Гьелъул рагъда буго ругъназулъ керен.

Амма киданиги гьеб херлъуларо,
Хваниги пенсия гьелъ босуларо.
Парказда домино дица хIаларо,
ХIалхьуе путевка – гьеб дие гуро.

Рокьи – гьалдолеб цIа, лъугIи, гьечIеб кечI,
Кинал мемуарал гьелъул рукIунел!

* * *

Дида кIочонаро дур азбаралда
ГIаздалаб рогьалилъ гIащтIиги хIехьги.
Дур бажари лъазе бокьун бугилан,
Якьадалъ бичIизе кьуна дихъе гьеб.

ГIащтIи гIадинаб хIехь, хIехь гIадаб гIащтIи,
ГIелалъул ясалгун балагьарай мун.
Дир къуваталъ гуро, рокьул къуваталъ
Бакьулъаги къотIун, цIадаб лъуна хIехь.

Гьанже сонал ана, амма гIумруялъ
ГIащтIигун хIехь кьола дихъе бичIизе.
ХIехь гIадинаб гIащтIи, гIащтIи гIадаб хIехь, –
ХIал бихьула даим дир гIищкъуялъул.

Амма, жеги дуца абизе ккечIо:
Гъасда цIа бакизе цIул гIолеб гьечIин.

* * *

МахIмудилги дирги ккараб бицинищ?
КочIохъанасухъе щвана цо нухалъ;
Бицана гьесие дур хабар дица, –
Хабалъа вахъана кIудияв гIащикъ.

Дица гIарз гьабуна, кумек гьарана,

КочIолъе унарин дир хIасратилан.
Дица кIул цIехана гъамас рагьизе,
Меседил асарал – хазина лъураб.

МахIмуд гIенеккана дир гIарзаялъухъ,
ГIодоб лъуна кодоб букIараб тIамур,
ТIасалъугьайила, кIолеб гьечIила,
КIул жиндихъги гьечIин гьеб гъамасалъул.

Гьей батIияй, лъачIеб, дида рагIичIеб
РагIи гьечIин тIокIаб. Салам бицейин.

* * *

БахIарай унелъул, гIери речIчIулеб
ГIадат буго цо-цо магIарул росулъ.
Гьей щвараб мехалда, кавудал кIалтIа,
КIутIбузда тIад гьоцIо хъвала цогияз.

Гьединан ццидалги лъикIлъиялъулги
КIиго гIуж дандчIвала гIумрудул гохIда.
Цоялъ лъазабула: гьаб гIери жеги
ГIемераб речIчIизе бугин нужеда.

Цогиялъ гьарула: гьаб гьоцIо гIадин,
Гьуинаб букIайин нужер гIумруйин...
Хирияй, цо нухалгь гуро тохлъукье
Нилъер талихIалда гIери речIчIараб.

Амма дур кIутIбузда бахараб гьацIул
Гьуинлъи кидаго хутIана дие.

* * *

Лъар бикьулеб мехалъ кьодухъ чIанищ мун,
Бикьун унеб гьелъухъ пашманлъичIищ мун?
КIиго боржунеб хIинчI батIалъулелъул,
Цо батIияб асар гьабичIищ дуе?

Дир вукIана гьудул, лебалав принц,
Гьесул принцеса йикIана цоги.
Хадуб щиб жо ккараб? Гьел ратIалъана,
БатIи-батIияса нухал рикьана.

Дица принцасда, гьикъулеб буго:

Гьа, кинаб хIал бугеб, бице, дурилан,
Принцас абуна: гьанже жив вугин,
Гьалагаб рагъдаса вуссарав гIадин..

Ва гьелдаса нахъе хвана дий принщ, –
Гьаб «рагъдаса» даим дун вуссинаро.

* * *

РикIкIад Кубаялда, карнавалалда,
ГIищкъул королева йищулеб мехалъ,
Дида, Кавказалъул кочIохъанасда,
«Дуца щий йищулей?» – абун гьикъана.

Цересан паркъана, бакъ-моцI кинигин,
Бакъул улкаялъул синьоринаби.
Цояздаса цоял руго берцинал,
Бадиб цIа, лага, черх – кинай йищилей?

Гьез канлъи босун ун, бецлъарав дица
Берал данде къана, ракIалдещвана
Щаяли Дагъистан, дир синьорина, –
Дица королева щийго йищичIо.

Гьей магIарухъ йиго цеего йищун,
Цоги къиралай дий къваригIун гьечIо.

* * *

Цо тIубан батIияб бокьун буго дий,
БихьичIеб, рагIичIеб, лъачIеб, букIинчIеб,
Лъицаго малълъичIеб, дица ургъараб,
Цо лъицаялиго радио гIадин.

Цо батIияб рагIи, магIна, тIабигIат,
ЧIалгIен гьечIеб бакъан къваригIун буго.
БатIияб гьоркьоблъи гьал гIадамазе
ГIолезул, херазул, ясал, васазул.

Цо батIияб гIумру, батIияб гIалам,
ГIакъилаб, берцинаб, ццингун кьал гьечIеб.
Гьеб батIияб лъала, лъикI балагьани,
РикIкIадегIан гьечIо, аскIоб батила.

Ятана гури мун, мадугьалихъ цун,

Бащдаб дунял сверун вуссарав дида.

* * *

Аралдаса дагьаб хутIана нилъей,
Хвезе бокьун буго дудаса цеве.
ЦохIо гьари буго, мун пашманлъуге,
Дир лъикIай, дир сахай, дир къанагIатай.

ГьечIого рес гьечIей, цIакъ захIматаб ирс
Дица толеб буго, талихI гьечIей дуй.
Дир тIубан лъугьинчIел, переводчиказ
Гьарунилан абун, бицунел мухъал.

Дудани гьел лъала, шапакъатал дий
Дагьал кьунин абун, кьал букIуна дур.
Дицани кьелаан цо дур шуридахъ
Шведазул тIолго академия.

ЙикIунге гьедигIан лъикIай ракьалда,
Дун гIадада хвела дур хиялаца.

* * *

Мун йикIинчIейани букIинаандай.
РекIее цоги кеп, батIияб рохел?
Мун йикIинчIей ани, лъие гIоло дун
Дунялалъул рокъов къварилъилаан?

Лъихъдай судилаан гьал саназ керен,
Киндай вагъилаан сардил макьугин.
Лъида гьарделаан, лъий гьедилаан,
Гьуинал рагIаби лъий  щурилаан.

Мун йикIинчIейани, букIинаандай
Гьаб бакъги, гьаб рукъги, хъахIаб сордоги.
ВукIинаандай дун, дуниял, гIумру,
БукIун батаниги, ракIалда гьечIо.

Хирияй, зобалхIа, талихI бугев чи,
Тире тIолго дунял, дидаса гьечIо.

* * *

Дир гьудул, цIакъ хIинкъун вуго жакъа дун,

Санал ина, ина нилъги нахъе цун.
Цадахъ рукъизе нилъ къисабаздаса
Росарал некIсиял гIащикъал гуро.

Рокьи ккараб гIумру халатаб гьечIо,
Хекко пирхун уна гьеб пири – лахIзат.
КIинусго сон бараб гъеду бихьана
Ва амма вихьичIо цониги Башир.

Дун ун мун хутIигун, хирияй, якке
Ралъдал рагIалалде, нилъ данделъарал.
Гьезул карачелаз дуда гьикъила:
Доб панаяб лахIзат рекIелъ бугищан.

ЦохIо гьари буго, гьезий жаваб кье:
Дида рекIелъ бугин хIикматаб лахIзат.

* * *

Дие мутIигIлъизе дуй бокьичIони,
МутIигIлъеян абе авар кочIохъан.
Буюр, буюр, – дица дур нусго амру
Абун бахъиналде тIубазабила.

Дица дуда цере мугIрул сокIкIина,
Седон киналниги кьураби лъела.
Дица ралъадалги океаналги
Иргаялда дуда цере рачина.

Дуда дун лъаларо, дилъ къуват буго,
Къоло щуго улка бихъун дуй кьела;
Гьел дагь ратанани, дагьалги кьела
Кьили магIардаса Китаялде щун.

Дуцайин абуни цохIо гьими кье,
Гьеб багьаяб буго дунялалдаса.

* * *

Дир гIайибал рицун гIарзалъ яхъине,
Кив ватарав хIаким, хIайранай «тушман»?
Гьал дир гьалатIалги гьалмагъиралги
Кинаб диваналде дуца ахIулел?

Дуда аскIоб дие дуниялалъул

ООНалъул пред. гьадингояв чи.
Гьал ассамблеязул хIукмаби дица
Цо дур хIухьелалъухъ киналго кьола.

Мун дир диванчиги, прокурорги,
Гьоркьо-гьоркьоб цо-цо дир адвокатги.
Дур гьал законазе мутIигIлъичIев дун,
МутIигIлъулеб кодекс кибехун бугеб?

Мун дир президент, гIумруялъ тарай,
ГIарз дуца гьабизе гьечIо щивго чи.

* * *

Дуда лъалагури, дий рокьуларо
Рокьул гуронани цогиял культал.
Дида рихун руго, хъулухъ хал гьабун,
Хъазам кьололелги, хъатал чIвалелги.

Сон лъалев вукIинчIев, кресло кьуни,
Киналго мутIигIав гIакъил вахъунаа
Хъудула, хъудула хъулухъалъул культ,
Хъулухъ араб мехалъ, уна гьеб нахъе.

Гьел культаз хисана чанги хасият,
Хирияб гIумрудул рикъана къоял,
Къулизе гьаруна бокьа-бокьарал,
Бакьулъа рекарал гьаказда релълъун.

... Дир цохIо культ буго дуниялалда –
Даим дун хисичIей, дир хирияй мун.

* * *

Метер нилъ рилълъина, дуе бокьани,
Дунял рагIалалде кIиялго цадахъ.
Цогияв щивниги дий хIажат гьечIо,
ХIажимурад рекъав вахъананиги.

Рилълъина кIиялго, кIалъала хадур,
Хабар гьеб мехалда битIун чвахила.
ГьетIараб батила нахъа хутIараб,
Нахъияз бицараб, нилъеда лъачIеб.

Нилъилан абуни, цоцахъ балагье,

Цого чагIи руго,.. огь, гIабдалзаби!..
ГIиссинлъи харбазул хиялаздаса,
Хехлъи зигарадул, гогьлъи гIищкъудал.

Бакъул жулги гьабун, гьал накIкIал лъухье,
Бихьизе дуниял, гвангъизе гIумру.

* * *

Гьал театразул болъабазухъан
БатIи-батIияб халкъ бахунеб мехалъ,
МатIуялда жанив балагьана дун, –
Огь, бохдул, огь, бохдул гьал руччабазул!.

Гьал театразул пардавалги къан,
Къокъал антрактазда тира-сверулел,
Гьал пачазабазухъ балагьана дун, –
Огь, берал, гьумерал, рагьарал гъуждул!

Гьаб тахшагьаралде, театр лъугIун,
Рахъана къватIире,.. гIаздалаб сордо,
Рукьалда хураб рукь, цо кIалъачIо нилъ,
КIалтIе щвараб мехалъ, абуна дица:

ЦIакъ лъикIаб театр букIанин абун, –
Метер мунго айин абуна дуца.

* * *

Гьал театразул пардавал, гьудул,
АзарцIул рагьула, азарцIул къала.
Амма гIумруялъул пардав абуни,
Гьеб цохIо рагьула, гьеб цохIо къала.

КъваригIун бугебищ рокъоб театр,
ТалихIги тIагIамги букIунищ гьелъул?
Гьал сценаязда артистал хола,
Амма гIумруялда гIадамал хола.

Доба – режиссерал, постановщикал,..
Гьанир щалго гьечIо нилъго гурони.
Гьал театразул лъабабго сагIат,
Соназул музыка батIияб буго,

Мун гьелъухъ гIенекке, гьелъухъ гIенекке

ГIажаибаб бакъан, огь, рагIуларищ?!

* * *

Сордоялъ хиялалъ йикIун ятила,
Хабар ккана радал нилъ кIиязулго,
Дуца байбихьана: – Кив вугев «герой»?
– Квеш гьечIо, щиб жо? – ян гьикъана дица.

– Гьа, кеп бугищ дуе?
                                        – Киса кинаб кеп?
– Нолъ компаниялъул куклабаз кьураб.
ЩIакъ вукIанин дозда сверухъ, лъугьун мун,
Сундул бицунгIаги нуж релъанхъарал?

– Гьалъулги долъулги – дида кIочана.
– Хехго кIочон руго... Киса, щалха дол? –
– Щалали лъаларо, лъикIаб халкъ буго.
– ЛъикIалгун вукIа, – ян ана мун нахъе.

Цинги нахъ юссана, кIиябго квералъ
Ккун бетIергун, къулун дун вихьаравго.

* * *

Мун битIарай гьечIо, битIарай гьечIо,
Гьагъал цогиязухъ, балагьичIого,
Мун йичIчIизе, лъазе кин дида кIвелеб,
Кидаго гьадинан дуда ругьунав?

Цоги улкабазде ккечIев чиясда
Кинан къимат лъалеб нилъер бакIалъул?
Цогидал рукъзабахъ къо тIамичIезда
Нилъер рокъоб бугеб бакъ бихьулеб.

Дуе щиб бокьараб, гьал цогиязе
Ццинищ дица кьелеб, дилъ щибго гьечIеб?
Дилъ бугеб хIеренлъи хIажат батани,
Щибизе гьеб бахчун, биччай босизе.

Хирияй, дир хIасрат дуй камиларо,
Кидаго абуге: гьагъал, долила...

* * *

Дий гьагъалги гьечIо, долалги гьечIо,
Дунялалда гIицIго цохIо мун йиго.
Гьагъазда гьоркьосан цояй йищани,
Гьеб буго хиянат, ханжар къватIиб цIай.

Амма миллионал дие рокьула,
Дагьа-дагьал дуда релълъарал рукIун.
Дур гьайбатлъи дие гIемерлъун буго.
ГIемеразулъ бугеб гьеб дагьлъун буго.

Буго дир Дагъистан, хирияб тIалъи,
ХутIараб цогияб буго дуниял.
Дунялалда цоги ватIан абизе,
БатIияб ракь гьечIо, тIокIаб кибниги.

Мун дур хиялазул хасаб континент,
ХутIарал лъачIого, кин дида лъалей?

* * *

Япониялъ буго жагадул байрам,
Жакъа дун гьениве ахIун вукIана,
Дица жаваб кьуна жага щай диян,
Жагаялъ релъарал дур кIутIби лъарав.

Дербенталда буго цIолбол байрам къо,
Дихъе ругьел щвана гьенив вачIаян.
Дица тел кьабана кIоларин абун,
КIиго горо цIолбол, дур берал гIелин.

Индиялда, буго цIаязул байрам,
Дир цIа дильго буго дуца бакараб.
Болгариялъ буго роза тIогьол къо,
Дир тIегьалда гьечIо дур гуреяб цIар.

Нус-нус байрам къоял гьаб дунялалда, –
Байрам къо мун йиго дир гIумруялда.

* * *

Доба, Западалъул кабареязда
Кивабго черх рагьун кьурдула ясал;
Дида гьезул гIицIлъи ракIалде щола,
Гьанже цо-цо шигIру цIалараб мехалъ.

Доба, Востокалда чанги руччаби
Чадраялъулъ руго нилъер векалъги;
Гьумер бахчарал гьел церетIамула,
Цоги тайпа кучIдул ргIараб мехалъ.

Дица саринazда гьарулеб буго:
Гьайбатай дудасан мисал босеян.
Чадраялъ бахьинаб гьумер бахчуге,
Нич рехун черхалъул гIицIлъи рагьуге.

ТIамуге пештIезе гьал балагьарал, –
Риччай паналъизе гьал гIенеккарал.

* * *

Рагъулал полказул байрахъал руго,
Гьалагал цIаялъги цадахъ росарал,
Жидее гьедарал, гьаб гIумру кьурал –
Гьезда дирги буго дагьа-макъаб би.

Гьезул цIваялда гьоркь руго паркъелел
Гьайбатал рагIаби, гIалам сверарал.
Гьеб даимаб ахIи: Дуниялалъул
ЗахIматалъул лъимал, нуж цолъейила.

ГIищкъул полкалъулги букIуна байрахъ,
Гьебги ккун кIиялго руго рилълъунел.
Огь, гьеб гвангъулеб куц, гьеб паркъолеб куц,
Гьелда дирги буго дагьаб гураб би.

Гьениб цIваялда гьоркь хъван буго дица:
«Дунялалъул рокьи ккарал, цолъейин!».

* * *

ГIищкъул улкаялъул камилай пача,
Кида биххун унеб дур монархия?
Гьаб къоабилеб век, къо бачIун гьечIищ
РачIине, руссине республикалде?

Дун, дур колония, кида дуца дий
Бащадаб ихтияр, эркенлъи кьелеб?
Дун дур Африкайищ? – Африкалдацин
Ккараб щинаб хиси, хал гьабе дуца.

Яги мун хIинкъунищ, ихтияр кьуни,
Анархия нилъер лъугьине гурин...
... Огь, дуда кIолеб куц, калам гьечIого,
Дун кверде восизе, асир гьавизе.

Кеп букIунищ дуе гьаб киналъулго? –
БукIунеб батани, теха гьединан.

* * *

РачIа хъвазе къаси, гIодорги рукIун,
ГIищкъул улкаялъе конституция.
ГIуцIилин хIукумат гьаб хIасраталъе,
Мун председателлъун, дун секретарлъун.

Цингиги гьарула, портфель те дие
Лъабго министерлъи босун хIалтIизе.
Гьаб дур талихIалъул, дур сахлъиялъул,
Хадуб дуе хIинкъи, гьукъиялъулги.

Дие хIажат гьечIо, дуцаго гьабе
Финансазул хIалтIи, магIишат, даран.
ЙикIа тIадегIанай командущийлъун
Киналго гьал нилъер рагъул ишазул.

Гьединаб хIукумат, конституция
Киб батилеб улка къабуллъулареб?!

* * *

Авиценацаян, рагIана бицен,
Рецептал кочIохъе хъвалел рукIанин.
Цинги Орфейица дару гьабизе
Панаяб музыка бачунаанин.

Йохъ, дун тохтир гуро, дида лъаларо
Дараби гьаризе гьал унтаразе.
Амма лъала рецепт ццидал чIоразе, –
ГIищкъу буго цохIо, цогияб гьечIо.

... Тохтирзабаз хъвала унтул тарихал,
Томал руго гьезул щибав чиясе.
Дица хъвала тарих гьаб хIасраталъул,
Инсаниялъул гIузру чучизе.

ЯчIа мун кидаго дир аптекалде
КигIан бокьаниги рокьи босизе.

* * *

Ихдалил мухбирал – дир милъиршаби.
Хасалил мухбирал – мугIрузул цIумал.
ЦIадгин бакъ – гIумрудул корреспондентал,
ГIасилъи, унти, рагъ – хвалил мухбирал.

Руго улкабазул ва пикрабазул
Азарго батIиял корреспондентал,
Ахириял харбахъ хъизан-рукъ толел,
Хъвазе жо лъан хадуб лъимал кIочонел.

Гьезул гьаркьал, цоцалъ данде кколарел,
Ккола дунялалъул киналго волназ.
Киб биххулеб бугеб, гIуцIулеб бугеб
ГIаламалъ регулел руго газетал.

«Рокьи» – ян абураб казият гьечIо,
Кир рахъилел дица дир макъалаби!?

* * *

Дилъ, дур хIисабалда, дида лъалареб
Лъабнусго миллиард гIунгутIи буго:
Дуе дун – гIумрудул тIалаб гьечIевги,
Дуе дун – рукъалъул ургъел гьечIевги.

Дулъ, дир хIисабалда, къаси ургъана,
ЦIакъ мекъабги буго тIекъабги буго.
Цодагьаб рекъечIеб ццинги дулъ буго,
Даимаб контроллъи дида дур буго.

Амма дур мекълъиги, квешлъиги, ццинги
Цогиязул рокьухъ кьеларо дица.
Дур бадирчIваялги выговаралги
Руго цогиязул орденал дие.

... Гьаб Дагъистаналъул гIаздалал сиял
ГIурччинал байдабахъ хисичIо дица.

* * *

РикIкIада чияр бакI, кIиялго цадахъ, –
Дуца дир бахъине гьабун тараб ццин.
Гьадинай мун йикIин кидаго лъачIо,
Кинав ахIмакъ гьаний мун ячарав дун?

Дун кIалъалев гьечIо, кIалъазе гьечIо,
КIиго сагIат буго мун гаргадилей:
Гьал чияр чагIазда щибилан ккелеб,
Щибниги хIал лъазе гьабугейила.

Гьанив балагьейин, дове вуссаян,
Дагъистан гIадинаб ракь гьечIищ гьаниб?..
Дун балагьуларо, ракIалдещола,
Щибго хутIичIого, ккараб кинабго.

... Лъабиде бикьула дица дирго ццин:
Цо дуде, цо диде, цо дунялалде.

* * *

РагIана, цIалана, цIар бугел чанги
БахIарзал жидее гIоло камурал,
КучIдузулъ рехсарай, харбалъ бицарай,
Берцинай мадоннал суратгин къисмат.

Мун гьелда релълъарай гьечIо, дир гьудул,
Гьей йиго цодагьай дуда релълъарай.
ГIицIго хIикмалъула, кин гьелда лъараб
Дур камиллъи боссе мун гьайилалде?

Рихьана, дандчIвана дунял тиридал,
Дун пана гьарурал гьайбатал ясал.
Гьел синьориназда мун релълъунаро,
Синьоринал дуда релълъуна жалго.

Амма цо тамаша, дудаса рикIкIад
Дур гьайбатлъи боссе гьал кин кантIарал?

* * *

Дур гъажалда – дир квер, дир гъажалда – дур.
Данде балагьарал гьал нилъер берал.
Кьурабазул лъимал – нилъ Парижалда
Бащдаб свараб канлъукь руго кьурдулел.

Кибалиго рикIкIад нилъер Дагъистан,
Дунял рагIалалда гIагараб росу,
Нус-нус мацI бицуна гьаб Парижалда,
ГьечIо цониги бакI гьаб авар лъалеб.

Дида ккун букIана, жакъалъизегIан
Гьаб бакъан, гьаб къурди чияр бугилан. –
Нолъ компаниялъул куклабаз къураб,
Чияраб цониги къурди батичIо.

Цоцазул гъуждузда кверал ругони,
Кинабго дуниял Дагъистан буго.

* * *

Духъ балагьун вуго. БатIа-батIаго,
БутIа-бутIа босун, хIисаб гьабуни,
ГьечIо хIикмалъизе цогиялъ гьечIеб
Цониги батIияб тIокIаб дур щибго.

Кверал руго кверал, кваркьаби гуро,
Берал руго берал, гьел цIваби гуро,
КIутIби, руго кIутIби кIалтIа бугеб тIанкI
ТIокIаб дур гуребги дандчIвана дида.

Амма гьеб кинабго данделъарабго,
Дуда рекъолеб куц, – гьечIо гьединаб.
Берал, кверал, гьумер! Гьаб хIикмат кинаб –
Кидаго гьадинаб хIайранлъи лъачIо.

Гьелъин духъ балагьун, цо рас хисани,
Дун хвелев кинигин, хIинкъун вукIунев.

* * *

Лъимерлъун вукIаго гьалдолаан ракI,
Праздик щвезагIан гьелъул хиялаз;
Хадуб, гьеб бачIингун гьелдаса вохун,
БачIун гьеб арабго, элъухъ пашманлъун.

Мун дие праздиик! Дир ракI гьалдола
Дуца данде чIвалеб къодахъ хал гьабун;
ДандчIвараб мехалда, гьелдаса чIухIун,
ДандчIван нахъе ингун, элъухъ пашманлъун.

Мун дие праздиик! Гьаб гIумрудул нух
Лъабиде бикьула ракьалда дица:
Духъе вахунебги, эхей унебги,
Борхалъуда мунгун данде чIвалебги.

Дица анкетазда, дур пиша щибан
Гьикъарабго хъвала: «рекIел гьали», – ян.

* * *

Лъалищ, Хелсинкалда аскIоб цо шагьар?
Инсан жанив гьечIеб, туристаз цIураб,
Тарихалъе бугеб. Гьениб дандчIвана
ЧIухIарал финазул архитектура.

Дир, хиял лъун буго шагьар гьабизе,
Гьудул, кIиязулго тIокIав чи гьечIеб.
Гьелъие проект хIадураб буго, –
Дуца хIетIе лъурал киналго бакIал.

Нилъер росдал мина, хьвадарал къватIал,
КъватIир улкабазда рещтIарал гьундул,
Гьайбатал бульварал, ралъад, океан...
Огь, Париж, Рим, щиб жо! – Шагьар гьале гьаб!

Гьеб шагьаралда цIар букIина «Рокьи», –
Гьеб биххизе гьечIо. РачIа, туристал.

* * *

Доб Рималъул музей, Мадоннал сурат,..
Сорона дир лугбал, гьелъухъ хал гьабун,
Мунги хIикмалъана гьелда цее чIун,
Цо сагIаталъ гуро, тIубараб къоялъ.

Дуда тIокIаб щибго бихьулеб гьечIо,
Бадир жеги магIил гаралцин руго.
Микеланджелода жахIда ккун хъвараб
Рафаэлил сурат мунголъи лъанищ?

Гьале музей къана, къватIир рахъана,
Къаси макьилъ дида Мадонна йиго
МагIарул мацIалда мунлъун кIалъалей,
КIиябго квер буго гьелъ дихъе кьолеб...

Дида бичIчIичIеб жо цохIо хутIана, –
Хал гьабурай щайзе мун духъго гIемер?

* * *

Гьаб дир рокьи лъачIей, дир ццин босеян,
Цо нухалда гуро хиял гьабураб,
Вахъун билет босун самолеталда
Сибиралде ине дуе квешезе.

Дир пикру букIана, гьениб рикIкIада
ВукIинин цониги балеб ГЭСалда,
Батилин цониги рекъараб хIалтIи,
Рукъги балагьилин чIезе гIадатаб.

Дида цебе чIана, дун валагьизе
Дуниял тирулей талихI къарай мун.
ТIасалъугьайилан, жий мекъи кканин,
Рокьой дун ахIизе хIелхIедилей мун...

... Гьедин дун вукIаго, ана мун нахъе,
Вахъана дун хIинкъун мун ялагьизе.

* * *

Мун кьижун йикIана, дуда бихьичIо,
Дагь-дагь ккун, рогьалилъ ралъдал гохIдасан
Гургинаб, багIараб, гIажаибаб бакъ
ГIаламалъул рокьой къалъун бачIунеб.

Дун хIайран гьавуна. Цо гьитIинаб хIинчI
Гьелда тIад сверула, хьолбокъан уна,
Амма зоб-ракьалда, ма, босейилан,
Нус-нус маржанги бан, уна бакъ борхун.

Ралъада зигардула, лъимер анилан,
Ахада хутIула доб гьитIинаб хIинчI.
Барахщи лъалареб гьайбатаб чирахъ,
Гьалъ щущала, кибго канлъи, хинлъи, нур.

Дунги паналъана гьелъул бутIа щун,
Ма, гьаб дуе кьела, кьижарай, йорчIа.

* * *

ТӀубараб сордоялъ хъудана ралъад,
ХъахӀал гӀабсал гӀадин рукӀана, цӀваби;
Хадуб мех арабго, бакъул хъахӀлъиялъ,
Хъатал цӀун, чвантинир лъуна гьел тӀолго.

Гьедин бачӀун рогьел, рагьун гордугун,
Гаргадула дунгун щибаб нухалда:
Гьаб дуниялалда щиб бокьарабин,
Ракьалда дур мурад дие бицеян.

Щибаб рогьалида дица гьарула
Дуе рохел, хинлъи, дуй сахлъи, санал.
Гьарула, цӀунейин мун йигеб куцалъ,
Квешлъи, унти, херлъи, лъазе тогеян.

Щибго дий гьаричӀо, гьарула дуе...
Уна рогьел нахъе, хъудула гӀумру.

* * *

Дун халат кьижичӀо гьаб къаси сардилъ,
Амма къокъаб макьилъ бихьараб щинаб...
Бихьана цо кьуру, парсахъа тӀаде,
Гьенив дуда хадув харун унев дун.

Хадуб гамаялде буссана кьуру,
Цо расаялда дун лъедана духъе;
Дуде гӀагарлъулев дун вугеб мехалъ,
ДандречӀчӀула дида гучалъ карачел...

Зодор цурал гъутӀби, гӀисинал хурдул,
ГӀаздада кӀиялго, гъугъдузулъ борохь.
БихьичӀеб хутӀичӀо. Хварал, чӀагоял...
ЧӀвазехъин вукӀаго, ворчӀана хӀинкъун...

... ЯчӀана мун дихъе, дица абуна:
Дир гьудул, гьаб гӀумру макьу бугилан.

* * *

Гьал аэродромал, вокзалал, портал,
РикӀкӀада рикӀкӀунел дир нухал, мехал...
Щиб балагьулев дун дуниялалда?
Дида мацӀ лъаларел континентазда?

Щай дие Африка, бакъищ бихьичIеб
Дида доба рокъоб, Дагъистаналда?
Бахуна Гималай даимаб гIаздалъ,
ГIечIогонищ Кавкав зобазда цураб?

Гьал транзисторал гIадал гьотелахъ
Гьабулеб щиб дица чияр ракьазда?
Телевизоралъухъ лъимал кинигин,
Кив балагьулев дун, щиб къваригIун дун?

... Дида лъана: дица цо дунго вуго
Дуе валагьулев щибаб нухалда.

* * *

Гьаб кIиго хъаравул, кIетIолеб сагIат,
Гьалъул сариназда дир ццин бахъана.
Духъе гIедегIарав диде гьитIинго
Гьалъ ахIана назму: замана щвечIин.

Гьаб кIиго хъаравул, кIетIолеб сагIат,
Гьалъул сариназ дун вохизавуна!
Духъ чIалгIарав дие: кIутI-кIутI, кIутIилан,
Дой кIалтIа чIун йигин, гьалъ кечI ахIана.

Гьаб кIиго хъаравул, кIетIолеб сагIат,
Гьалъул сариназ дун къварид гьавула,
Мун аскIой гьечIого, дунго гьечIев дун, –
Дур их унеб бугин, буго гьаб дида.

Дунял мутIигI гьабе, мутIигIлъулареб
Гьаб тIагIелалъул кечI, щибилеб гьалда.

* * *

Дидаги лъачIо дун гьадинав вукIин,
Гьале нусго тушман цо дида данде:
Ццингун гьереси, мацI, унтаби, рагъал,
Ругънал, цIаял, мехал – мун теларилан.

Дун гьезул боязда, ярагъ гьечIого,
Гьаб дирго рокьигун велъулев вуго:
«Киналго рукъила, дунги вукъила,
Дир гIищкъу букъизе бугищ нужер хоб?

Хварал гIадамазе занаби чIвала,
Зани бихьизабе дир хIасраталъе.
Дир рокьи, тушбаби, нуж щущазарун,
Щвела кици гIадин цогиязухъе.»

Ракь багъаре абе, зоб гъугъай абе, –
Буго гъветI азарго соналъ бакъвачIеб..

* * *

Аман герб гьабуни гьаб хIасраталъе,
Гьелъул горсверуда дур суратги лъун.
Гьеб свериялда тIад тIугьдуд гъорлъ ругел
Дур гъалалги риччан гьоркьоб цIва лъезе.

Аман гимн гьабуни гьеб гIищкъуялъе,
ГIаламал рахъун чIун щавкъалъ ахIизе:
ХIасрат бугин бищун тIадегIанаб жо,
ТIокIаб гьелде щвараб щибго гьечIилан.

Аман байрахъ ани гьаб рокьиялъе,
Кибго парпадулеб, нусго кьер бугеб.
БагIараб гьеб – къеркьей, хъахIаб гьеб – рекъел.
ХъахIилаб, тIогьилаб – пашманлъи, рохел!

Халкъал рачIинаан гьеб улкаялде,
Политикияб бакI кьейилан гьарун.

* * *

Замана кIудияб гIащтIичи буго,
ГIадамал, щибниги гIайиб гьечIого,
Питна бекьичIого, рагъ гьабичIого,
БачIун «чIвалин», абун хабалъ лъола гьелъ.

Ва амма рагIана, гIащтIичиясги.
ГIащтIи борхилалде цебе гьикъулин:
Гьанжн мун иналде, бищун ахираб
Абейила цохIо дур бугеб мурад.

Дун гIемер ургъана, щибдай абилеб
Ахирияб нухалъ дица ракьалда?
Щибго абиларо, абулеб щинаб
Абуна гIумруялъ гьаб гIищкъул цIураб.

Абуни, абила къадги сардилъги
Салам бицейилан дуда дир рахъалъ.

* * *

РакIалда букIахъе къанагIат ккола,
Кинабго батула цо батIияса.
Бала цIад бакъалъухъ балагьаразе,
Бакъалъ бакъвала ракь цIад гьарулезе.

РакIалда букIахъе къанагIат ккола, –
РакIалда букIана цоги батIияб...
Цинги цойидасан мун данде чIвана,
Дица гьебмехалда поезд хисана.

Хисана дир сапар, хисана дунго,
Дунялалде цоги замана щвана;
Дун гьаб талихIалда божулев гьечIо,
Гьав дун гурин абун букIуна щаклъи.

РакIалда букIахъе къанагIат ккола, –
Дие ккараб гIадин ккечIо лъийниги.

* * *

Мун йиго ракьалда, йокьулей гьудул,
Гьеб гIола, хутIараб – гьадингояб жо.
Руго гьел дур берал, руго гьел кверал,
Кинабго цогияб – гьадингояб жо.

Руго гьадал цIваби дуе ракарал,
Мун гьечIони, гьудул, гьел цIваби гуро.
Руго мун яхунел нухлул свераби,
Цогияб хутIараб – гьадингояб жо.

Буго гьаб дур улка дун жанив вугеб,
Буго ЦIада росу, буго Дагъистан.
Буго дур пашманлъи, буго дур рохел,
Цогияб хутIараб – гьадингояб жо.

Дуе гьечIеб гьечIо дие ракьалда,
Бугебги гьеб буго гьадингояб жо.

* * *

Мун даимлъиялъе дуниялалда
ЛахIзатлъун вукIине хIадур вуго дун.
Босуге гьеб сурав, цо хIукму къотIе, –
Дица дуе гIоло гьаб гIумру кьела.

Лъала, дунялалда рагIигун гIумру
ГIадамазул гьанже учузлъун буго.
Амма кигIанго гьеб хиралъаниги, –
Дица дуе гIоло гьаб гIумру кьела.

Дудеян абуни, цо гьари буго,
Гьадин дунялалда дица цIуничIеб;
ЦIуне мунго даим ургъелаздаса, –
Дица дуе гIоло гьаб гIумру кьела.

Бокьанани метер, бокьани жакъа
Дица дуе гIоло гьаб гIумру кьела.

* * *

Мун арал ихазул ракIалдещвейги,
БукIунеб хасалил хиял-хIисабги,
Жакъасел къоязул къасдги тIалабги, –
ТIокIаб пикру гьечIо дур гуронани.

Дица гьеб цебеккун абичIо дуда,
Гьанжеги кидаго абилароан,
Жакъа гьел дур тIелхал тIуркIичIелани, –
ТIокIаб пикру гьечIо дур гуронани.

КватIараб мех бугин, кьижа, хирияй,..
Хекко щай яхъарай, свакарай гьудул?
Дир кIиябго хъатикь хъахIлъараб бетIер,
ТIокIаб пикру гьечIо дур гуронани.

Гьаб дуниялалда чан тIалаб бугеб, –
ТIокIаб пикру гьечIо дур гуронани.

* * *

Дир тIокIав чи гьечIо, гьудул, дуй гIоло
Дуэлалъ ахIизе, дунго гурони.
ДицагIан лъицаго къварид гьайичIей,
ГьечIо дунго гIадав дир кивго тушман.

ГьечIо чи семизе мун сабаблъун дир,
Сабру гьечIеб керен куна хIасраталъ.
Кинабго дунялги дунги – кIиялго
Дур  кIалдир ралагьун руго жахIда ккун.

Дуца тIаса бахъун хъахIаб кIаз рехе, –
КIиго чи дилъ вугев рекъоларищ цо?
Яги дуй вокьичIев чIван рехе дуца,
ЧIагояв дилъ щиван дидаги лъазе.

Ялъуни балагье, дуда лъачIого,
Мун йикIине гурин кIиго батIияй.

* * *

Мун жаний щвелалде гъасда цIа бакун,
ЦIунила дица мун квачаялдаса.
Дуе бакъ баккила, цIваби раккила,
ЦIунила дица мун бецIлъияласа.

АхIила дуе кечI, бицина хабар,
Хвасар гьавила мун чIалгIеналдаса.
Дуе макьуялъе аххлъун вукIина,
Унтаби соролел сабабал хъвала.

Дица кверал кквела, каранде къала,
Дур къварилъи дица дийго босила.
СогIал ргIабиги хъачIаб каламги
ХъачIазухъе кьела, дуе кьеларо.

Бице гьаб ракьалда яги доб зодихъ
Дуе бокьараб щиб? Кьолон буго чу!

* * *

Нилъер лъабайго яс,.. гьезул анлъго гъал
Иргаялда ххала дуца рогьалилъ.
Хадуб матIуялъуб дагь кьер хисарал,
Дурго расал рихьун, пашманлъула мун.

Нилъер лъабайго яс – лъеберго килищ,
Лъеберабго хIули нилъер хIанчIазул.
Гьел лъухьулел дурго кверахъ хал гьабун,
Хиялазда цо-цо пашманлъула мун.

Нилъер лъабайго яс – лъабнусго анищ.
Анлъго тIокIкIараб ицц – тIанчIазул берал.
Гьездаса йохарай дурго тIелхалъан
ТIинкIун уна магIу, – пашманлъула мун.

Нилъер лъабайго яс, гьел лъабазулъго
Мун лъан тамашаяб асар буго дилъ.

* * *

Цебе гьарулаан, гIайиб ккарабго,
Кин букIаниги мун тIасалъугьайин.
Цоги нухалъ гIайиб ккараб мехалда,
ГIенеккун чIолаан рагIи гьечIев дун.

Гьанже лъабабилеб гIайиб ккана дир,
Кидаго мун тIасалъугьунге дида.
Дур лъикIлъи, хIеренлъи хIехьечIев дица
ХIухьел боркьараб кьварараб тамихI.

Дица гьедин дуда абулеб буго
Аман дур хIикмалъи, огь дур хIалимлъи!..
ГIайибаз даларaб дир бетIералда
Дуца бахъараб квер, огь гьелъул хинлъи!

Огь, кисан босараб гьеб сабру дуца?! –
Суд гьабе, гьарула, дир такъсиралъе.

* * *

ГIундузда дур кIилкIал – кIиябго цIумур,
КIиго цIолбол горо – дур матIуялъуб.
Мун гьаний юссуна, дое кIичIула,
КIалтIе яхъунелъул нахъ балагьула.

Дица берцин ругин абула дуда,
Уна мун разиго дунял дур гIадин...
Дида ккун букIана, кIилкIазул дуде
Дур гьезухъго гIадаб гIищкъу бугилан.

Гьале гIемруялъул санал сверана,
Сардида пашманлъи рещтIана духъе.
Амма кIилкIал даим гьимулел руго,
Гьезий ургъел гьечIо лъица раниги.

Гьезул гьеб хиянат... Дур ццин бахъинчIо,
Цониги ихалъ мун йохизайидал.

* * *

ЧIужугIадан, дие дуниялалда
Гьудуллъи гIечIони, вачIина духъе.
Инаро лъихъего.. Дур гIадаб хIасрат
ХIасил лъилго гьечIо, духъе вачIина.

Духъе вачIина дун къварилъи ккани, –
Къварилъи дур гIадаб кIудияб гьечIо.
Рохел бокьанани дуда гьарила, –
Гьеб дур гIадаб дида лъилго бихьичIо.

Рокьи бокьанани, лъикIлъи бокьани,
Лъихъего инаро, духъе вачIина.
Дулъ барахщи гьечIо, кверзул гIатIилъи,
Кинабго дулъ буго, духъе вачIина.

Дуе гIоло дица тIад лъураб тIагъур
ТIаса бахъиларо, духъе вачIина.

* * *

Лъабго гIилла буго гIолохъабазе
Лъалиниса ханжар къватIибе цIазе.
ТIоцебесеб гIилла – гIагараб ВатIан!
Гьелъул къисматалде къо ккараб мехалъ.

КIиабилоб гIилла – чIухIухъабаца
ЧIужутIадан къварид гьаюраб мехалъ.
Лъабабилеб гIилла – цоги хутIараб,
Хвезе тIокIаб гIилла хIелказе буго.

Лъабго гIилла буго кочIохъабазе,
Кодой тIамур босун, бакъан тIамизе:
ГIагараб ВатIанги, чIужугIаданги,
ГIумрудул цогияб хутIанщинабги.

Дирги гьел гурони саринал гьечIо,
Цогиял хIелкаца ахIеян абе.

* * *

Лебаллъи чиясул сунца борцунеб? –
ЧIужугIаданалде бугеб балаялъ.
Намус, яхI чиясул сунца бицунеб? –
ЧIужугIаданалде бугеб балаялъ.

ГIумру-мех чиясул сунца борцунеб? –
ЧIужугIаданалде бугеб балаялъ.
КечI-бакъан чиясул сунца борцунеб? –
ЧIужугIаданалде бугеб балаялъ.

– ЧIужугIаданалъе щиб роцен бугеб
Борцине кинабго гьелъул тIабигIат?
– Дида гьеб бихьичIо, дида батичIо,
Дунялалда гьечIо гьединаб роцен.

Борцинищ гIарщуналъ цIадулаб гIищкъу,
ЦIалищ килояца берцинлъи, гьудул?

1971 – 1972

* * *

Свакараб камиллъи, лъукъараб лъикIлъи,
Лъутун чав кинигин, черх тун унеб жан.
Жакъа дир ракI бухIун бугеб куц унго,
Адабият, дуе кьечIел сагIтазухъ...

Сородулеб канлъи, квачалеб анищ,
Ричч-риччун къанцIулел къасдал, хIисабал,
Цинги бакъ гьелегьун ракъван рекулел
Пикрабазул ругънал, ургъалил рукьби.

Кьурул мацIалдасан цIцIаназул сухъмахъ,
ЦIалеб буго хадуб хиялазул чу.
Цабзаз кIветI кванала, килщал хIанчIула,
ХIикматаб заман, дуй ахIичIел кучIдухъ.

Амма буго цIагIел цIа рехулеб дилъ –
ЦIан бахъинчIо дица дирго хъалиян.

* * *

Дие кьун букIана кIудияб дунял,
КIиябго чIва бараб тIамур кинигин.
Дида цебе лъуна лъачIеб эпоха,

Ишаз, цIаяз, цIараз цIурмал кьабулеб.

Дица гьал киналго календаразул
Аза-азар тIамач тIуна дир мехалъ.
Дие кьуна гIумру. Бекьилъа «гIабдал»,
Дов дур гIащикъасе щвечIо гьединаб.

Амма щайха дица, дунго хутIигун,
Цо квер чIвалеб бадиб, цояб – каранда? –
Гьанже баче дихъе доб цIахIилаб чу,
Вазунев чи лъазе чабхил кIкIалабахъ.

Огь, кIудияб улка, унго, дур лъикIлъи,
Щибаб лъимералъул кини кIикIулеб.

* * *

Дунги щвана дове, доб Космосалде,
КучIдул дир рукIана дора церего.
Доб борхалъудасан, гIумругун дунял,
Дица дуде дирго салам битIана.

Дица салам кьуна, дир гIищкъул улка,
Дур щибаб гъветIалъе, щибаб тIоралъе,
Гъора гаваназул тIолго гумузе,
ТIугьдузе, иццазе, ПатIиматазе;

Доб Испаниялъе, Финляндиялъе,
Палестинаялъул дол лъималазе,
Доб Хиросималъе, Хунзахъ ЦIадае,
Хур лъилъулел ругел магIарулазе.

Дида ккола росу, Дагъистан, дунял
Дунгун космосалъул гамида ругин.

* * *

Гьаб чирахъ ургъарав Адиссон гуро,
СагIат ургъарав чи – вуго дие чи.
Гьелъухъ балагьичIев гуро талихIав, –
Дир тушманасе кье гьединаб рохел.

Амма тушман дие дунго ватана,
Дагьа-макъав гурев, цIакъ гIужде щварав.
Гьал дир саназулги дир цIаязулги

ГIорцIараб гьудуллъи, гьакълил свераби!

ЦIогьор дунго гIадав гIемер дандчIвачIо.
Гьез рикъарал бакънал, русса нуж дихъе.
Ва амма хъачагъаз хъамураб боцIи,
БецIаб нохъода лъун, нахъе кьоларо.

Дида рихьула гьел хьимун тирулел, –
ТалихIал сагIтиде балагьуларин.

* * *

Дун, дица лъалкI течIин, дица бакI кквечIин,
Гьаб керен бухулев нухлулав гуро.
Дирги рукъ букIана, бакъан букIана,
Дирги бакъ букIана, жегиги буго.

Дица чияр жергъен жиндирго цIадухъ
Гьаб дирго цIаралъе боркьизабичIо.
Дун чIвалел хъатаца гIинкълъизавичIо,
ГIадалал реццаца бецлъизавичIо.

Амма букIаниги, бищун аслияб,
Авар Атлантида – ЧIикIаб кинигин,
Карачелабазул тIинда хутIана, –
ТIад лъедолел руго ракIалдещвеял...

РакIалдещвеязул кIудиял гуми –
КIудиял къасдазул гIисинал русби.

* * *

Гьанже дун чIваразухъ, йохъ, гIодуларо,
ЧIагоязда хадув вуго гIодулев.
ЧIвалел хвана рагъда, чIагоял руго
ЧIвалел иргаялда чIегIерал ишаз.

Гъоб гъоркьарокъосан тIохде вахингун,
ТIагъур чан гьудулас гьетIун тIад лъураб!
Баркала дуй, гьими, гьереси – грим,
Гьал карьеристазул куц бахчаралъухъ.

Къаси воханагIан радал угьдана,
Радал воханагIан къаси угьдана.
Эбелгин лъадиялъ лъухьарал гъуждул,

Гъудуца гьезда тIад чIварал кваркьаби.

Огь, гьел пархолел куц, къвакъвадулел куц!..
Кинабго бичIчIана – кIваричIо тилмач.

* * *

Гъугъдузулъ бугеб чIинкь, кьурулъ чанил тIинчI –
Гьанже дун дагь щола духъе, дир ЦIада!
Щобде ралагьарал рак чIварал къадал –
КъанагIат бихьула Авар Эллада.

Амма дихъе гьалбал рещтIараб мехалъ,
Гьел, цIар цIехсечIого, ЦIадай рачуна:
Гьале дир хазина, хал гьабейила...
Париж кье – кьеларо гьаб цо дир кьуру.

Нагагь марсианал рещтIананиги,
Бищун берцинаб бакI бихьизабеян. –
Дуца билет босе самолёталда
Доб ТIасагIурдаде – дир Тебердалде.

РачIа, синьоритал, тиризе ЦIадай –
Таледо ракIалдещвела нужеда.

* * *

Лал бокъун букIинчIо доб хасалихъе,
Хунзахъ гIурус нухда дун эхетидал...
Хур лъилъун букIинчIо дир тIалъиялда,
ТIасамагIаруллъи нахъ толеб мехалъ.

ТIохазда бакъвалеб чIаралъул махIалъ
Цин чIаян, абуна, цин «а» абуна.
Заготскоталъул цо грузовикалъ
Городалъул кIалтIа рещтIинавуна.

Доб мехалъ жегиги гIужде щвечIев вас
ГIодизе вахъана – киб бугеб росу?
ГIемер нухал лъарав, шоферас дида,
Дур росу гьечIеб бакI гьечIин абуна.

Ана, ана санал сапаралъ, кучIдулъ –
Дир кини кIикIулеб рагIула кибго.

* * *

ГIанлъулел, рорлъулел кьурул свераби,
Кьвагьун гIодой унел ганчIал, тоботал.
ТIасаги, гъоркьаги, бакьулъги гIуру,
Росдад цо-цо кIалтIа кIиго цIадал хIор.

ЦIад балеб мехалда иххаца цIолел
ЦIигьулдерил къватIал – дир Венеция.
Цинги кIиябго ицц, цебесеб иццда
Цо кьурда эхетун авар бихьинчи.

Унел, рачIунел гьас ахIулел руго
РахIаталъе жиндир иццухъ чIанилан...
ЧIаго гьечIониги, дир эмен гIадин,
Гьалбал гIемерав чи магIарухъ гьечIо.

Гьелъин магIарулаз гьазда абулеб,
Жидер гIумруялъул гIакълудал нурин.

* * *

МухIумил МахIамад – мадугьал, гьудул,
Вилълъа дол парсахъе цIцIани хьихьизе.
ЦIадал ралел руго, гуре махIаби,
ГанчIалги цере лъун, цо хIор гьабизе.

Вилълъа, доб БуцIраве гIанхвара кквезе,
Гьелъул тIонги ччукIун, чадихъ хисизе,
Хундерил базаркъо – къачIан бугищ тIил,
ТIогьиса бегIерун гIечуда чIвазе.

МухIумил МахIамад – мадугьал, гьудул,
Гьоркьоб кIияздаго хутIанщинаб мох,
Хадуб кIикъого сон – дуда лъачIо гьел, –
Савуялъ зонода бицунеб буго.

Унго, ругел щинал чIахIиял гIунхрул
ГIадамазда гьоркьор гьанже, МахIамад.

* * *

Абула, рагIула мугIрузда ругин
Нусгоялда хадуб сон барал чагIи;
Гьеб цIакъ тIинчIаб заман гъеду-цIумалъул, –

ЦIехезе ккун буго кинав щивали.

Дун рарал санаца гIурав чи гуро, –
ГIумрудул багьаяб букIуна лахIзат.
Цо ясалда къвал бан, кечI ахIун хадуб,
Хваниги гьабсагIат сан гьабиларо.

Саназулъ гуро иш, ишазулъ буго, –
Дун рокьуда гIуна, дун кьалда гIуна.
Баркала къоязе, къояздасаги
Къойил дида лъарал лъикIал чагIазе.

ГIемер векал рараб гьотIохъ хал гьабун,
Хиялалъ вуго дун, гьалъ пихъ кьунадай?

* * *

МагIарул Лаура, пайда щиб, унго,
Петрарка вижичIев нилъер росабалъ.
Мун «Гьайбатай Дама» Дагъистаналъул,
Дуда данде ккечIев, мун лъачIев Блок.

Авар Дездемонал къисмат, шигIрабалъ
Шекспир вукIинчIев цо драма хъвазе.
Марьямил гъалазда чахтIил къагIида
Цо чи вачIинегIан лъачIо рагьизе.

Гьаб дица ахIулеб гьоркьохъеб буго,
Рокьи дир гьитIинаб гьечIонаниги, –
ВачIина мугIрузде цо цIияв гIащикъ
ГIораз арал ясал хвасар гьаризе.

ВукIине ккола гьев мугIрул поручик,
Гьев тун, цогиязда дун рази гьечIо.

* * *

МагIарухъги буго
ГIураб берцинлъи.

*МахIмуд*

Цебе букIун буго гьаб КьилимегIер
Кьвараравнухлулас рекIараб айгъир;
Рокьи балагьизе дунял сверулев

Гьев Дагъистаналде щун вуго ихдал.

РещтIун вуго гьанив, тIагIун вуго гьев:
ТIелекьищ, Гьолокьищ, Хунзахъ, ЦIадайищ?..
Кинай Марьямида гьев данде чIварав? –
Гьесухъ балагьун чу гIасрабаз буго...

Гьединан бицуна, цоги абула.
Айгьир, Аваристан данд чIвараб мехалъ,
ЧIухIиги, ияхIги, бахIарчилъиги
Гьаниб бугин абун, цо багъаричIин.

Гьаб, кьурде буссанин жиб кьуриларин,
Гьаб тIалъидал бугин тIинчIаб берцинлъи.

* * *

Огь, хабар лъачIого рагъда хутIарав,
Хал гьабун буго духъ гьавураб росу.
Гьудулзабаз чIваралъ мун рехсоларо, –
ЧIагоязда гьоркьов рикIкIуна жеги.

Амма гьанже руго гIемер кьерилал,
Кьалда гьечIониги, адрес лъаларел.
Алиментаздаса хIинкъарал гIадин,
ХIалтIудаса рахчун цIогьод женжелел.

Гьазул ругьел гьечIо, щолеб ругьелги
Рогьояб батула, эбел нечола, –
Рагъда хутIи лъикIан, хабар лъачIого,
Гьазул ишаздаса, огь, хвенех, чудкил!

Дир кечI, магIарул цIар чIухIад цIунулеб
ЦIудул рахъалъ буго – ругел гьел чанги!

* * *

МагIарул росаби, нужер гIорхъаби,
ГIаздалъ гьечIониги, ратулел гьечIо.
Гьел гIатIилъун, гьанже нужер тIохазда
ТIолабго дуниял хъатиниб буго.

Дир гьитIинаб ЦIада, кIудияб рагъда
Дуда ругънал лъана тIолго Русалъул.
Доба Варшавалда, Будапешталда

Нужер васазул хоб, хундерил эбел.

РикIкIад океаналъ гамида ана,
Гамида цIар буго «ЦIадаса ХIамзат».
«Салам дуде, эмен», «Хъвашгелди, дир вас!» –
Дунялги дир ригьги жубан бугеб куц.

Дий гьанже ЦIада цо росу гуро,
Гучаб, цIияб дунял – ЦIадастан буго.

* * *

Къулана, къулула дун Западалъе –
Петраркал сонетал, Гейнел саринал...
Лувралде щварабго, Шопен рагIигун,
Сервантес, Дон Кихот – гьел дие гIумру.

Къулана, къулула дун Востокалъе,
Доб японияльул лъабго мухъалъе;
Нахъа – кIиго гьоко, цебехун – цоги –
ЦохIо гьебги буго гIураб хазина.

Къулана, къулула дун Севералъе,
ЧIухIарал финазул кверзул махщалий.
Къулула Югалъе, – ХIапизил газель,
ХIаямил рубаял, Исфаган, Шираз...

Гьелъ мун дагьлъуларин дида кIалъала:
Довасан дир Пушкин, гьанисан МахIмуд...

* * *

Емельян Пугачев, гьанжегIаги щай
Шамил дурго гьудул гьавичIев дуца?
Гьадав башкирияв Салават гIадин,
Цадахъ вачунарев дагъистанияв?

Лъабалго рагъана пачазабигун,
Гьоркьов цояв тезе рогьояб гьечIищ?
Досул бахIарчияб чарамул хвалчен
Чалмаялъищ дуда бихьизе течIеб?

ГIурусал, башкирал, дагъистаниял –
Даимал тушбаби пачазабазул...
Дур тарихал хъвалел руго, Пугачев,

Памятникал рала Салаватие.

Амма Шамилил цIар цIализе кьейгун,
Щай гьумер кьерхунеб, кьунсрул рукIкIунел?

* * *

МахIач – чуялда тIад Каспи рагIалда...
Военком, дуца рухI мугIрузе кьуна.
Амма жеги цо-цо «гIалимзабазул»
ГIарзаз паракъалъи дуй толеб гьечIо.

МахIамад ХIажияв, гамаги бачун,
Гитлерил боялгун хвалилаб рагъда...
Гьесда тIасан почалъ хъамулеб кагъат,
Кулакасул васин... дос гьеб цIаличIо.

Шамилги абула мацIаз лъукъанин,
МахIмуд чIваравги, гьел гьерсаз гьусана,
Пулан, орден боссе арав инсуда
АицIо гIарз дандчIвана гIарабистилан...

МагIарухъ, щиб гордухъ цIа гвангъаниги,
ГанчIал речIчIулезе чIейго гьечIебищ?!

* * *

Дагъистаналъул халкъ, дагьал миллатал,
Дуда лъараб щинаб дир гIумруялда.
Цин рухIаниялин хъахIлъарал мугжул
Хъаладухъ рихьана цере къотIулел.

Доб дир школалда аскIоб букIана
Туснахъ кинабгIаги «кулаказ» цIураб.
Гьезда гъорлъ вукIана дир инсул гьобол,
Цо Гьарадарихъа кечI ахIулев чи.

Хадуб буржуязул миллатчагIийин,
МахIачхъалаялъул салулъ рукъана
Инкъилаб гьабурал комиссарзаби...
Каспиялда гьикъе сардазул бецIлъи.

Граждан рагъазул цо ругънадалъун
Лъана лъадуда рос – Муслим Атаев.

* * *

Россия, гьарула Пушкиний гIоло,
Киналго гьунарал-ишазе гIоло,
Дуца гъоб Таврида татарахъе кье –
Гьеб инкъилабалда рекъараб буго.

Эбел-эмен ками каранлъ бухIула, –
Квешаб бухIи буго лъимал ратIалъи...
Амма ватIан тезе, тIубан халкъни щиб, –
Щобда зазалъецин захIмат букIуна.

Россия, дун щвана доб Крымалде,
Щибаб гъветIгин гьабу гъозул бицунеб.
Дида кечI рагIана дозул васазул –
«Руссинин» гурони цогияб гьечIо.

Россия, гьарула Лениний гIоло, –
Дур кIодолъи лъала, лъимал рокъор те!

* * *

Дида кIочонаро цин Бакуялда
Цо гIадан ячIана дида аскIое;
КочIохъан, вилълъайин жинхъе гьоболлъухъ,
Цо жанавар бугин бихьизабизе.

– «Кинаб жанавар гьеб?» – жанив лъугьана,
Жирун кIалгун буго дандчIвалеб гъалбацI.
Ясалъ, хIинкъугейин, гьелда къвал бана,
ГьабгIан лъикIаб гьудул лъаларин, гьечIин...

Гьоркьоб хасел ана, хабар бачIана,
Дур гьобол хванила, гъалбацIил цабзакь...
Огь, гъарим, гьаб гIумру, жирулел цаби,
Гьел дагьал дандчIвачIо «гьудулзабазулъ».

Амма гьаб кечIгин цIар, мугIрул гIаздада
ГIухьбуца цIа гIадин, цIунана дица.

* * *

МахIмудий пандур, тун, кодоб гIансагун,
Ккана пикру ЧIанкIал гьижраялъ ине.
Панаял бакънал тун, чIумалги росун,

Гьас сапар бухьана цоги ракьалде.

Рокьиги талихIги магIарухъ гьечIин,
Гьеб балагьизеян бана сардилъ как.
Дове  Босфоралде туркалъе инин,
Тана БакьагьечIиб хадуб балагьун.

Гьанисаги ана, довеги щвечIо, –
ШагIир ватIалъана, гьев нуха хвана...
Хирияб Дагъистан, дур къисматалъул
Къисадул бутIалъун хутIана ЧIанкIа.

Хасел щвелалдего цIорораб дур гъветI
ЦIидасан тIегьана Дагъистаналда.

* * *

Гучаб Россиялъул кIудияв пача
Полтавалъул герой, хъазмил рекIарав,
ТIоцевесев Петр, дуца порталъе
Гьаб дир Каспиялда цIар чIван тана бакI.

Дуе цIакъ баркала, амма цо гIайиб:
ГIагараб Русалъе доб Европалде
Горду рагьулелъул, дуда кIочана
КIудияб гьечIеб дир гьитIинаб хIужра.

Гьанжеги гьеб даим рагьун-къан буго,
Рогьине кидаго биччалеб гьечIо.
Европа – Азия бикьулеб гохIда
Гьоркьоб буго даим гьаб дир Дагъистан.

КIиябго рахъалде гордалги рагьун,
Гаргазе виччай дун дуниялалда.

* * *

МахIачхъалаялда вукъана эмен, –
Халкъалъул шагIирги гьанив лъикIилан.
Буйнакскиялда эбелалъул хоб –
Хвараб бакIалда лъикI, зани чIванилан.

Цояв вац хутIана Балашовалда! –
Балагьаб рагъуца тараб жаназа.
Цояв Крымалъул зодихъ вухIарав –

Карачалабаца бицунеб гьечIо.

Гьедин бихxун ана дир хъизан, хъазан, –
Даим тIеренлъулеб тIалаялъуб кIкIуй.
Дида кIудияца абулеб буго,
Инсул гъасда свине тоге цIайилан.

ЦIа свинеб-свинареб дида лъаларо –
Дун гьавураб росулъ, гьарула, вукъе!

* * *

Дир Каспий, дур тIинда хутIанщинаб гуч.
Дур хвалил хIукмаби хъуй-дагIбаялъе.
Дунялалда кверщел щванин ккаразе
Карачалабаца гьабураб тамихI.

Чан цIарал кIочарал, кигIан цIа свараб, –
БукIун бугеб щинаб сусурги чIахIги.
ЧIахIиял гумиян гIисинал русби
ГIумрудул гаваналъ гогьдарарал куц.

Кинабго тIерхьана, ана тIиналде,
Амма тIадбуссана бищун хIакъикъаб, –
Ралъдал рагIаллъуда, кьурул сияллъун,
Кьуруларо даим ХIамзат, Сулейман.

... Лъаларо цониги кечI хутIилищ дир,
Каспий, дур полпилаб тIинда гъанкъичIеб.

* * *

Росу тун унелъул, нухарегIарай
МагIарул эбелалъ абуна дида:
Дир вас, гьаниб лъикIаб добе босеян,
Дир вас, доба лъикIаб гьаниб босеян.

Гьал нилъер росабалъ, Дагъистаналъул
Берцинабгин лъикIаб лъараб куцалда
КучIдузулъ ахIана Дуниялалъе,
Кинабго ахIизе хIал кIвечIониги.

Дунялалъул рокъоб лъараб гIакъилаб
ХIакъикъат бицана Дагъистаналъе.
Дида квешал халкъал кирго дандчIвачIо,

Квешлъабаз чанги дир черх зураниги.

Дица дирго чIагIа, чIачIагун жубан,
Жегиги гьекъечIо – бетIер унтула.

* * *

НекIсияб Россия, нижер мугIрузде
Мун кодор тIугьдулгин гуро бачIараб.
Жеги ганчIаздацин дур ругънал руго, –
Рохьазда гъачагъаз гъураб щинаб цIа!

Дуца, дур поэтцин гьанив витIана,
Поручикасул чин гъажалдаги бан:
Шамилил гуллиде бадиве айин,
Шамилил хонжроде данде чIайилан.

Ва амма Шамилил тIухьиялъ гуро,
Дурго чIухIухъанас чIвана кочIохъан.
Досул дуэлалъул пашманаб ахир, –
Гьениб дица даим къулула бетIер.

Ва къалъуда бакъукь Дагъистаналда
Дов макьилъ вихьула магIарулазда.

* * *

Гучав Ирчи Казак, гIагарав шагIир,
Шамхалас мун ахIун чапар вачIана.
Амма дур бакънаца Таркидал гьундухъ
Гьезул бетIергьаби рохизаричIо.

ВитIана Каспи тун, Сибиралде мун, –
Сарин туснахъалъуб чIечIо, тIурана.
ТIадвуссараб сардилъ дур «тIамуралъул»
ТIуна лъабабго чIва, – чIвана мун балъго...

Гьеб къиса рагIарав дун хIикмалъана.
ХIисабаз, суалаз пашман гьавуна.
Цинги ццидаххана, хадув велъана,
Халкъги кочIохъанги кинан чIвалелан.

Щибаб хъумузалъул чIвабзаца дие
ЧIечIого бицуна Ирчи Казакан.

* * *

Гьал къваригІел гьечІеб къецалъ, дагІбаялъ
Къоял питнаязда тІамулел ругел,
Пикру гьитІинлъигун, гьаракь кІудиял,
КІалдиб полоп барал трибуначагІи...

Телевиденияз гьоркьор толарел,
Поэтал, лъида нилъ релълъарал ругел?
НилъгІаги гурищ гьал, гІорги чвахун ун,
Чабхида ганчІазулъ хъудулел лъарал?

Яги Шаляпинал операялъ тун,
Эстрадабазда жал хъегІдолел ругел,
Нилъ гурищ тІегь бечІан, кагъталги тІутІун,
Гьал дахІаялилан, махІал сунтІулел?

Гуро, цо-цо гьедин вихьула дунго
Панаял кучІдузул квертІахелазулъ.

* * *

Жакъа канлъи свана, берал бецлъана;
Бице, Аллагь, дица гьабилеб дару?
Аллагьас абуна цо лъабго рагІи, –
Лъабалдаго цадахъ Дагъистанилан.

Цинги цойидасан канлъи бачІана,
Кинабго дуниял дие гвангъана;
Дицаги абуна дир лъабго рагІи, –
Лъабалдаго цадахъ Дагъистанилан.

Жакъа гъугъадана, гъугълъун гІинкълъана,
ГІагараб кечІ дида рагІулеб гьечІо.
Кинаб балагь, унго? – Аллагьас дида,
Дагъистанин абун, гІинде щурана.

Гьебмехалъ щобазул гьаркьал рагІана,
Гьал ракьал, гьаб рокьи бакънаца цІуна.

* * *

ГьетІарал, кІичІарал кочІол нухазда
Километра рикІкІун, чан ГАИ бугеб.
Бакъан-шигІруялъул шоферзаби гьез –

«ПештIолел хIанчIаца» чIезарулел куц!

Дир гIищкъул мухъалда цояс хIучч цIана, –
ЦIалаца йокьулей юханин ккана.
Цо-цо мехалъ тIубан тIехь-кечI борлъула,
Доб кабинеталда кIалъалин хадур.

Дирго гъветIги гьурщун гъарал пикраби –
Гьеб пихъ колхозазул бугин абула.
Гьезул бикъун хадуб хIакъ букIунарин,
ХIалихьатал цIогьаз хъамун рагIула.

Огь, гьал ГАИязе унеб магъало, –
БитIун май кочIолъе бачIараб мехалъ!

* * *

*СагIид Кочхюрскиясде*

Мурсал ханас ццидакь, бухIун хIара цун,
ХIасратав СагIидил берал рахъана, –
Гьанже риччай дуца чIегIерал берал
ЧIваркьезе гьаризе дир бикадейин.

Берал рахъаниги кочIохъанасул
Канлъи тIураб буго гьал гIасрабазе.
Лезгиязул гIищкъул гомерзабаца
Гулла, алхинчIого, речIчIула гIужда.

Чанги санал ана, СагIидил бакъназ
Сорозе гьаруна гьайбатал ясал,
ГьечIо гIищкъуялъе гIумруялъ бецIлъи,
Берцинал кучIдузе даим канлъукълъи.

СагIид Кочхюрский – берал рахъарав,
Дур бералин ккола киналго цIваби.

* * *

*Етим Эминие*

Дагъистан – дур эмен, улка – дур эбел,
Етим Эмин, бице кин мун бесдалав?
ХIасратал бакъназул берцинаб хъизан,
Бице, кин мискинин абизе кIвараб?

Киналго лезгиял цоги вацалгун
Цадахъ руго гъора дур асаразулъ.
Бесдалазул рокъоб цIа хехго суна.
Хинлъи веказ буго дур кочIол нижей.

Дир инсул эменги хекко камуна,
Гьесулги эбелалъ кини кIикIичIо.
Амма Кавказалъул хIасратал мугIруз,
Василан, кочIохъан каранде къана.

Бесдалавин дуда абуна, шагIир,
Бесдалазда гурхIун ахIарал кучIдуз.

* * *

Кидаго вихьичIо гьедигIан гьитIин,
Гьаб океаналда аскIов гIадин дун...
Азарго сон бараб гьалъ дие къаси
Рицарал къисаби, рачарал бакънал.

Дун гьалда бицунев дир ццин-къецалъул,
Дун къварид гьавурал гьудулзабазул...
Сон дий кьураб гIазаб, гьелъул квешлъидал, –
Гьеб киналдаго тIад кIарун белъула.

Я пашманлъи гьечIо, я хIикмалъичIо,
Дун хIакъир гьавунин, гьалъул ццин гьечIо,
КигIан кьвагьдаралин – ругин кьураби.
КигIан гьурал пурал, – гьал рохьал ругин.

Гьеб дуда кьабараб балагьалъул цIал
Бюро погодалъул гьалатIин тейин.

* * *

*Муслим Атаевасде*

Гъункараб лага-черх, загьираб гьумер,
Петр Первоясул гIадинал берал.
Гъуждул кьуруларо, кьураби – мисал,
Кьабун майин цебе босулеб гали.

Доб мехалъ рукIинчIо кIичIал погонал,
Гьанже кинигинан генералзаби,

Амма рагъул кIкIуйдулъ хутIаравани,
ХутIилаан маршал – Муслим Атаев.

Гьедин дий бицана щибаб гIумруялъ,
ГIарани Хъаладухъ щибаб ганчIица.
Гьединан бицана Белоруссиялъ,
Дол цо комбригасул кенчIолел ромбаз…

Муслим, лъебералда анкьабилеб сон
Доб Октябралда бихьичIо дуда.

* * *

*Нажмудин Самурскиясде*

Доб инкъилабалъул гьалдолел рагъаз
Цониги гьужумалъ мун чIварав ани,
ЧIухIараб памятник Каспи рагIалда
Гьаб дир Дагъистаналъ дуе балаан.

Мун киналго соназ мугIрузе гIоло
ГIумруялъ таричIо, даим къеркьана.
Къаникье мацIаца инчIев анани,
Агасиев гIадин хутIилаан мун.

Дур чIагоялъиялъул, дур гIумруялъул
ГIайибал ратана тарихчагIазда...
Унго, киналгIаги бахIарзалищ гьал
БахIарго къанабакь рукъизе кколел?

… Жегиги гьитIинго эменгун цадахъ
Цо нухалъ вихьана мун ЦIада росулъ.

* * *

РукIана, рукIана ГIалихановал,
Жал ругин хундерил ханзабийилан.
Хадуб цун рачIана Атаевалги,
Инкъилаб гьабурал ниж ругин абун.

Доб Гьарадерихъа пуланай гIадан,
Гьелъие батIалъи щибниги гьечIо.
Хунзахъе щола гьай щибаб хамизалъ,
Щибниги къваригIел жиндир тIубалин...

ТIадюссун унелъул, дир эмен цIехон,
Эбелалъул гъастIа рещтIуна пакъир.
Цо-цо хинкI кванала, цинги как бала,
Кумек гьечIин, ХIамзат, дур назмабазул...

... Амма гьаб соналда гьарадерихъев
Гьедулев дандчIвана, дихъе космосан.

* * *

*МухIамад Танкаевасе*

КIочанищ, генерал, кIиго аварав
КIиййихъе бикьараб доб Берлиналда
ДандчIвараб доб август: «салам», «здравствуй!» –
Цоцазул росарал кверал цолъана.

Орденал, погонал, кенчIолел цIваби,
«Киса мун, генерал?» – цIехана дица.
ЦIаял лъараб Рейхстаг аскIоб паркъелеб, –
Гьидалъа вугилан абуна дуца.

* * *

*И. Сталиниде*

Дос рагьараб горду къалеб букIинчIо,
Дос къараб нуцIида кIутIулароан.
Жеги горо-цIерги досдаса хIинкъун,
Яги хIурмат гьабун, нахъе унаан.

Щивасда кколаан кидаго даим
Дов жиндихъ, макьу тун, валагьун вугин.
Макьилъги чан нухалъ тIуркIун рорчIарал,
Досул чакмабазул чвархъи рагIун нилъ.

МагI къабулаан дос, кьурун бахъизе
ЦохIо лъиданиги кIолареб куцалъ.
Квар бухьунаан дос, гьанжелъизегIан
Гьеб бичулел буго, бичун бахъинчIо.

Кверазда бичизе хIал кIолеб гьечIо,
КIалалъ бичизеги бидул цIун буго.

* * *

*Маршал Рокоссовскиясде*

Маршал Жуковасул цIар бахъаниги,
Гьасул цIадул хинлъи буго дир рекIелъ.
Пушкинида аскIов Лермонтов гIадин,
ГIумруялъ гьал цадахъ рихьула дида.

Ворхатав, гIадатав, гIамал гьайбатав,
ГIурусазул поляк, паназул гIурус,
БагIараб площадь, фронтал нахъ тун,
Гьениб квачIид чIана дур чIухIараб чу.

Доб Кремлиялъул къадазда цебе,
Къурал тушбабазул байрахъал рихьун,
Полководец, дуда цере тIамичIищ
ТIоцебе дуца чу кьолорал ихал?

Гьанже мун вихьула даим векаца
Бергьенлъидул тIохда, тIолго ракьазда.

* * *

*Маршал Жуковасде*

Цин художниказул выставкаялде
Оставкалда вугев маршал вачIана.
КIиго полковникгун, адъютанталгун
Иргадал суратахъ гьав валагьана.

Цояб гьоркьоб тана, цояб кIвар кьечIо,
КIиго-лъабгоялда аскIов лъалхъана.
Москваялда аскIоб гIаздакь береза, –
ГIемераб мехалда балагьун чIана.

... Гьале Жуковасда солдат Теркинил
Тамахьо бухIулеб сурат дандчIвана,
Цо лахIзаталда гьав гвангъун гьимана,
ЦохIо гьесухъ гурев гьав балагьичIо.

ХъахIлъараб бетIерги Теркиний къулун,
КъватIиве ана гьав: «Солдат, дуе рецц!»

* * *

*Ленаеги, Галяеги Гагариназе*

«Доб къоялъ рукІана Турсун-Задегун
Тегераналда ниж – кІиявго шагІир.
Ниж шагьазул шагьас къабул гьаруна,
КъваригІел букІана кІалъа-балъазе.

Гьениб лъазабуна Пехлаваница,
ГьабсагІат тел щванин, Гагарин хванин.
Ниж гьелда божичІо, щиб батиларин,
Шагьзаби – ругьунал гьерсихъабиййин.

Амма нахъвуссингун, шагьас абураб
«У» – батун, гирана дир магІил горо...
Гьаб нилъер векалъул космосалъул цІва,
Кинго дов холарин абуна дица.

Шагьал тІолго хвела, тІадегІанаб кечІ –
Кидаго хутІила нилъер ГАГАРИН.

* * *

*АбутІалиб Гъапуровасде*

Унтарав, херлъарав шагІирасухъе
Щвана дун ваккизе кин вугеяли.
Вуго гьав бакъ гьечІеб гьитІинаб бокІнилъ,
Бакъулаб гІатІидаб кабинетги тун.

Гьикъана, гьас дие жаваб гьабуна:
Жив добехун ине куцулев вугин.
Доба канлъи гьечІин, доба кечІ гьечІин,
Доба кабинетал, телефон гьечІин.

Дида щибго гьанже бихьулеб гьечІин,
Бараб заманалъул цо-цо къо гуреб.
Дица кІиго лалу, цадахъ букІараб,
Цо вехьасе телин, цояб дуй телин.

КІиябго цолъани, цониги къоялъ
Цо бакъан цІилъилин Дагъистаналъул.

* * *

ВукІана цо устар Унсоколоса

АхIулгохIда мюрид имам Шамилил.
Шамилил букIана кIудияб амру,
КIалдиб цо цIалеб жо бихьарав чIвазе.

Сардида устарас жиндир махщалил
Муштукалъ балъгого тамахьо цIала.
Гьев тамихI гьабизе имамасухъе
АскIосел гIадамаз нухарегIула.

Шамил балагьула, Гъойсу гьелчола,
ГьабсагIат цо бетIер къотIизе бугин.
РахIму гьечIев имам, муштукги босун,
Махщалихъ балагьун дагьав лъалхъула.

Цинги велъанхъула, тамахьо кьейин,
Гьаб трубкалдасан дицаги цIалин.

* * *

Йохъ дица цIуничIо, дица цIуничIо,
ЦIада лъезегицин копиял течIо
Дица дир инсухъе, эбелалъухъе,
Гьудулзабазухъе дагь хъварал кагътал.

Гьел рукIана гIицIго нижер жанисел, –
Жугьаби гьезие рекъезаричIо.
Дида лъалароан пакъир эбелалъ
Гьел гъансинир жанир цIунизе рукIин.

Цингиги лъадуца жиндаго лъалел
Руччабазе цIадухъ цIализе рукIин...
Гьеб рагIараб мехалъ, кагътал, хъвайги тун,
Телефон босана дица кодобе...

Кагъталин абуни цохIо руго дир
Даим хъвалел кучIдул – дур черхалъул хIал.

* * *

«ЦотIалаял ригьзал, нужер гьундузул
Гьадин гъваридаб кьучI щай гIадамазе? –
ГIодоб тIиндасеб рахъ гьитIинаб гьечIо
ТIадехун гьарурал гьал къасдаздаса.»

Дие жаваб кьуна мугIрул гIадамаз

ГIумру дол веказда язихъ букIанин.
Амма божулаан цIиял кьерилаз
Гьаб кьучIда чIахIиял гьундул ралилан.

КьучI гъварилъанагIан гъутIби даимал, –
ТIолго – аслу гьечIеб чIунтула, хола.
Добе космосалде чи инароан,
Ахада гъваридаб кьучI гьечIебани.

Дирги цониги кечI букIинароан,
НекIо умумуца кьучI течIебани.

* * *

Дун хIикмалъулеб жо пачалихъ буго,
КигIан бикъаниги мукъсанлъулареб.
Гъоркьан къотIаниги тIаде бачIунеб,
Кинаб тIарадасан биччараб рахас?

Цинги хIикмалъула – улкадул бокал,
КигIан гьекъаниги, гьеб дагьлъуларо.
«Ма лъугIанин» – абун гIодолъелалде,
РагIула чулчулун чвахулеб, цIолеб.

Цояз бекьулеб хур, цояз хъвалеб кечI,
Цоял космасалда, гIагараб улка.
ГIункIкIал, гъецI гьечIин ккун, руго дур гъасда,
Гъол кигIан ккуниги ккун рахъунаро.

Нус-нус бояздаса цIунараб улка,
Гьал цIогьалищ гьанже бищун гучаб халкъ?

* * *

– Дир ракI цогиязде гурхIалил цIураб,
ГурхIулареб щайзе мунго дудаго?
– Щибав жинда-жинда гурхIун хадуса,
БухIулеб дунялалъ щиб жо гьабилеб?

– Дир кечI, кигIан мискин дуца цIунарав,
Мунго цIунулареб гьаб цIадудаса?
– Щибав жинда-жинда гурхIун хадуса,
Гьаб халкъалъул гIалам лъица цIунилеб?

ГIемерал хаселал хутIун гьечIо дий,

Амма хвел бачIинин сородиларо.
Хвезе бегьулаан жеги цевего, –
Ццин чан данде чIвараб гьудулзабазул!

Хадур лъимал гIуна, кечI, рокьи лъиа, –
Киназго цIунизе ккола гьаб гIумру!

* * *

Петраркал сонетал, Пушкинил кучIдул –
Гьездаса махIрумаб мех букIана дир.
Джоконда лъаларел, гьелъий къуличIел
Къарнаби рукIана магIаруласул.

Дий музыкаялъул гьундул рукIана
Гьал дие рокьулел – ункъабго Гъойсу.
Цояб кьурда речIчIун, цоялъуб кьабун,
Кьурул рагIалазда гьезухъ гIенеккун.

ГIемераб, гIемераб рагIичIо, лъачIо,
ГIемераб камилаб кватIун бачIана.
Кин букIананиги талихIав вуго, –
Луврагун Эрмитаж дица тирана.

МагIарул кьерилав, кьурдун яхъингун,
Кверaлда къочана Улановалъул.

* * *

Росулъ гIуру гуреб, гIор чIван нух гуреб,
ГIумрудул рукIана цогиги иццал.
Бакъул ЦIада росулъ дилъ цIа кунчIана
ЦIорол севералда Челюскиница.

Рагъигун тIох гуреб, къватI, школ гуреб,
Цересел къасдазда кваркьаби гъуна.
Квасквасул улкадул Мамлакатихъе
Дица кагъат хъвана кутакаб гIищкъул.

Дир гьитIинаб заман, гьалмагъ Чкалов,
Хасан, Испания – дове витIе дун.
Дица тIоцересел дирго назмаби
Доб мехалда хъвана, кIочон толаро.

БахIарзал-поэтал доб заманалъул –

Дозулъ букIана дир кинабго гIумру.

* * *

Сталинградалъ дихъе хабадаса ракь кьуна, –
Хал гьабеян гьалъухъин, бачIинин духъе назму.
Белоруссия, Хатын, гьениса рохъо кьуна, –
Гьаб кьогIаб сайигъатин рухIарал росабазул.
Хиросималъул мэрас дий чIваразул хIур кьуна, –
ХIисаб гьабе, кочIохъан, кIочон тоге гьабилан. Ленинградалдасан гьитIинаб чадил мочIу, –
Гьаниб чияс баччараб ичIнусго ракъараб къо.
Чехалъ, Лидициялда немцаз чIварай ясалъул
ЯсикIоги данде къан, къваридго магIу тIуна.
Балашовалда аскIоб цо росулъ вацасул хоб,
Гьениса бачIараб ракь буго ЦIада дир рокъоб.
Балагь лъачIеб рукъ гьечIин – кирго хъахIал къункъраби,
Къварилъи кIочонгейин – тIолго улбузул бакънал.

* * *

Ясал берцинлъула – цо хIинкъи рагъул.
Васал берцинлъула, – цо хIинкъи рагъул.
Лъимал гIолел руго, азарго гьулак,
Гьезде къулун улбул, – цо хIинкъи рагъул.

Ургъулеб ва хъвалеб буго поэма, –
Гьениб щибаб тIанчилъ цо хIинкъи рагъул.
КIетIолел сагIатал, ахирал харбал,
Хуриб бугеб тIорщел, – цо хIинкъи рагъул.

Музыка, музыка, кинабниги зал
Кодой босун буго, – цо хIинкъи рагъул.
Цоцазда балеб къвал, «къо лъикI, хирияй»,
«Дуе нух битIаги», – цо хIинкъи рагъул.

ТIолго гIаламалда чIваразул занал, –
ЧIвазе заман щвечIищ гьаб хIинкъи рагъул!

* * *

Къаси нахъалъагIан сунареб фонарь,
Цере лъун гIакъилал гIумрудал тIахьал...
Гьадин цеве чIола дида дир эмен,
Цогиял кьижараб сардил гIужалда.

Гьасул фонаралъул панаяб канлъи
Киналго  щобазде щолеб букIана.
ТIехьалъул, кечIалъул бегIераб пикру
МугIрул рахун эхей унеб букIана.

Фонаралъул нурги кочIол чIухIиги.
ЧIагоязе тана гьас унеб мехалъ.
Дидаги абуна: «Гьале хазина.
ХвезегIан гьаб канлъи свине тоге», – ян.

Художник, дир инсул сурат гьабулев,
Дуда гьеб фонарги тIехьги кIочонге.

* * *

МахIмуд, бице дида дур Марямил хоб, –
Кинаб хабзалалъ гьеб бугеб лъаларо.
– Рокьи ракьулъ лъолищ, щиб цIехолев мун,
ЦIвабзазухъ балагье дой йихьизе мун.

– ЦIвабзахъ балагьула, киналго дойищ,
Киназдаго гьоркьой цойищ дой йигей?
– Киналго дой йиго, дун цохIо вуго,
Цадахъ тIамур буго, тIокIаб жо гьечIо.

Гьаб цо тIамуралъул кIиябго чIваялъ
КIиго цIар абичIо, цо гуреб даим.
ЦохIо дой, нусцIуса хисарданиги,
ЦохIо цIар азарго цIваялъе кьураб.

ТIолго костелабахъ кидаго, даим
Кодоб лъимерги ккун цо эбел йиго.

* * *

Цо-цо дида ккола, гьаб дунялалда
Яги цо я кIиго кочIохъан вугин:
Цояб хIакъаб буго жибго тIабигIат,
ГьебгIан тIадегIанаб дида лъаларо.

Гьелъул гьаркьал, кьерал, махщелгун гIакълу,
ГIодой биччараб сас сундухъ хисилеб.
КIудияб океан, огь, цо музыка,
Гьав художникасе хвел букIинаро.

КIиабилев поэт жиндир тIармида
Гьаб тIабигIаталъул мацI лъарав вуго.
Гьелъул гьунаралъул, гьелъул цIвабзазул
ЦIадул бутIа каранлъ рещтIарав вуго.

Гьедин гьечIонани, киналго чагIи
КочIохъаби руго, жеги лъималги.

* * *

Дир кIиго кечI буго, кIиго тIехь буго
ТIолабго гIумрудул, кинабго цIалул:
Цоялда цIар буго «бокьулин» абун,
Цоялда цIар буго «бокьуларилан».

Бикьун буго гъотIол кIиябго гIаркьел:
Рокьул тIегьалъулги ццидал зазилги.
Бокьула гьаб гIищкъу, бокьула чилъи,
Чудказда щибилеб – долги рокьилищ?

Дир тIармил кIиго чIва «У!» – ян, «Гуро!» – ян
Гаргадилел руго цоцазда даим.
Дица берциналда «у» – ян абула,
Дица сурукъалда «гуро» абула.

Дуда, гIумру, рекъел, дица абула,
ЛъарагIам кинигин, коп яхшийилан.

* * *

Дица сариналда даим гьарула,
Дур сурат гьабеян жеги камилаб.
Дур калам, дур гIамал, кьури, балагьи,
Берцин гьабейилан гьеб бугелдаса.

КечIалъ жаваб кьола, жинда кIоларин,
Жинца ургъанщинаб дуде щоларин.
ШигIруялъ абула, гьал дир хIисабал
Гьеб дур хIакъикъаталъ къезе гьарулин.

Дудаса рикIкIада дуде хъвараб кечI,
Духъ балагьаравго, бихъун рехула.
Нухаца, рагъадаз, цIвабзаз малълъараб,
Мун аскIой ккарайго, кинабго суна.

Йигелдаса лъикIай мун ургъараб кечI
Кибниги букIинчIо. Дун вуцIцIун чIола.

* * *

БачIунге дихъе, кечI, дун гьечIеб мехалъ,
Дида цадахь хвезе хиял батани;
БачIунге мун, рокьи, ракьулъ дун лъейгун,
Ракьалда хутIизе къасд гьечIонани.

Гьаб рукъги, гьаб къедги, лъарги кIваричIо,
Лъалел гIадамазе хIажалъичIони.
Дида батарабгин дица цIунараб
ЦIа буго цебесеб Прометейил.

КечIалъгин рокьиялъ абулеб буго:
Духъе рачIинчIого чIезе кIоларин;
Ниж жеги хутIилищ, хутIиларищан
Хадусел санаца гьабилин диван.

Рукъзалги, къадалги, лъарги кIалъана,
Лъимал ругев инсул лъалкI билуларин.

* * *

ГIараниб школа, Хундерил хъала, –
Доба хутIана дир анкьабго класс.
Общежитиялъул къадал газета,
Къо лъикI, тIоцебесеб дица хъвараб кечI.

Доба доскаялда, дий мун йокьулин,
Дица сардилъ хъвалеб, хъвагIалеб жугьа...
Цо нухалъ хъвагIазе гьеб кIочарав дун, –
Нечон, дарсалги тун, лъутулей дарман...

Дун хадув вортула махсарайилан,
Вореги инсуда бицунгейилан.
Гьеб рагIун батана, гIин кьурана дир...
ГIарани школа, дой Хьиниса яс...

Амма кигIан гIемер ккараб гIищкъуялъ
Гьал гIундул цIацIарал багIарлъизегIан.

* * *

Буйнакскиялъул педучилище –
Гьенир дарсал гуро дир рекIелъ ругел.
Дида кIочонаро общежитие –
АнцIила анкьго вас кьурул тIалъидал.

Цогияб рукъалъуб ясазул къокъа...
Къаси ниж унаан бецIал ахакье;
Радалиде кIутIби жагаялъ релъун,
Дол «жирулел» кIалал кIочон толаро.

Гъол гъазанищезул хъаравулзаби
Тохлъизе гьаризе букIараб гьунар.
Гьанже заман ана, общежитие
ТIолго улкаялда буго курсалъул.

Огь, жагаялъ гуро, биялъ релъана
Рагъул байдабазда васазул кIутIби.

* * *

Гамлетгун Отелло вукIинчIониги,
ВукIана артистлъун театралъул.
Айгъазил, Хучбарил роль кIвечIониги,
Суфлерлъи букIана букIараб пиша.

Дица дир рукIнида гьабураб калам
Король Лирас такрар гьабураб щинаб.
Щибго гIайиб гьечIей Дездемонагун
Дица дунго чIвана чIегIерал квераз...

Огь, Авартеатр, дур суфлер гьанже
Поэтилан вуго кивго тирулев.
Амма дир суфлерлъун гIумруги, ракьги,
Рокьиги, гIищкъуги, пикруги буго.

Гьез щурараб буго дица ахIулеб,
Азарго батIияхъ гIенеккичIого.

* * *

«МагIарул большевик», авар газета,
Унго, рукIанщинал редакторзаби.
Дун – литхIалтIухъанас хъварал саринал.
Гьез хъвагIарал щинал... багIараб щакъи.

Гьаниб къокъ гьабеян, гьаниб къачIайин,
КигIан багъардараб гьецI гьаб каранда;
Нужеда щибниги кечI бичIчIуларин,
Дица нахъе росун рихъулаан гьел.

Жакъа бахъичIони, метер бахъилин,
Унаан гьудулгун гьесий цIализе.
ЦIалулеб букIана хъахIилаб ралъдай,
ХъахIал чайкабазе, кьурул сиязе...

... Гьоркьоб заман ана, гьанже бичIчIана –
КучIдул къачIанагIан къокъал лъугьана.

* * *

Типографиялда хIарпал рищулел
Машинаби руго, роялал гIадин...
Информбюроялъул лъазаби гIадаб
ЛъачIо дол соназул дида музыка.

БухIулеб Грозный, дун митингалда
МугIрул гIолилазул рахъалъ кIалъалев,
Трибунаялда дир кьабураб зар
Кьурабаца буго такрар гьабулеб.

Дун кIалъана кочIол рагIабаздалъун,
РагIаби рукIана магIал гIадинал.
Гьанже дол кIкIуйдулал саназул назму
Дагьабги кIвар бугелъ кIочене гьечIо.

Ва амма бухIулеб доб шагьаралда
АхIараб кечI дица каранде къала.

* * *

*Дир тохтиралъе махсара*

Дун унтараб мехалъ, гIолилай тохтир,
Дуца дир гIезегIан тIалаб гьабуна.
Гьанже дун сахлъигун, «саламги» гьечIо,
Палата тарабго, дуца тарав куц!

Цо-цо мехалъ ккола, унго цIидасан
Унтун лъикI гуродай, дуда бер чIвазе.
Амма гьелдасаги лъикI букIинаан,

Лъилъарал кIиялго кIалъа-ралъазе.

Гьадин балагьеян, додин гьабеян,
Дида абунщинаб дуца абизе.
Гьаниб унтулищан,  кин бугеяли,
Мун дида кинигин, дуда квалквазе.

Гьеб мехалда унтул бицинароан,
Берцинлъиялъ гIадин дун лъилъуларо.

* * *

*Гавриил Илизаровасе*

Гавриил, кIоларищ операция
Унтараб пикрудай гьабизе дуда?
Гьаб унеб векалъул чирахъул канлъукь
Киналго мехазул рукьби регъезе.

Лъукъарал къасдазул къварилъиялъе
КъваригIунбуго цо хасаб больница.
Гуккарал хIисабал сахлъизарулел
Сабазул аптека гьечIищ кибниги?

Гавриил, дицайищ бицинеб дуда,
Дуцаги дурго цIар кьурдун босичIо.
Огь, пианистазул чIинтIарал килщал,
Огь, кочIохъабазул гъанкъарал бакънал.

Гавриил, кIоларищ операция
Унтараб рокьуе гьабизе дуда!

* * *

Гьанже дир гьоркьоблъи заманалъулгун
Релълъуна бакараб гьаб бокалалда.
Дун дир мехгун рекъон, гали лъолаго,
Галадулев вуго – лъукъ-лъукъараб чан.

Щибаб свериялда авария ккун, –
Автомобилалъул гьегьал ремонтал.
ГьечIо запчастал дир чорхол лугбузул, –
Чара хун дирго ракI лъола хъатиниб.

«Гьа, бице щиб дица дуда гьабилеб?»

Дун паракъат теян жаваб кьола гьалъ.
«Жагъалаб замана, лъукъараб дунял,
Дуда хIал кIолебищ паракъат чIезе?»

«КIолареб батани, щайзе зигардун,
Биччанте бекизе, бокал кинигин».

* * *

Мех щвана, дагьаб гIун, гIенеккун чIезе,
ГIезе ккун буго дий, дир захIматаб кечI:
КечI хъвазе кагъатги, щакъи-къаламги,
КъваригIараб мехги, шавкъги, гIищкъуги.

Цоги щиб? – Цогияб цогияз гьабе,
Гьунарги махщелги бикьун кьун буго.
Щивасул жиндирго цо бутIа буго, –
Цо бетIералъ тIолго тIаде босуге.

Дураб дуца гьабе, дираб дие те,
Дунял ккураб оцол лълъурдул гуро нилъ.
Бархъалисел риччай хъуби гьаризе.
Палугьаби кьурде Цовкраялдаса...

Амма гьари буго – дун  гьаб гIумруялъ
ГIомо борлъулезде гъорлъе витIуге.

* * *

Цоцада лъаларел, цIарги лъаларел
Ругел щинал цIумал хъахIилаб зодихъ.
Жалго жидеда чIун харбал рицунел
Ругел щинал хурдул гIурда тIепарал.

Гьвеялде данде гьве бачIунеб мехалъ,
БачIинахъе рагъуй гьел гъулгъудула.
Гьайбатал чуялцин цересан уна,
Цоцазе салам кьун, цо кIалъачIого.

Гьедин, щив лъидаян лъаларел чагIи
Чан ругел гIагараб дуниялалда...
Гьелдаса лъикI гурищ хабал заназда,
Халкъалъ жидер васин, цIар бикIарав чи.

Унтиги, херлъиги, хвелги бищила

Хабар-цIар лъачIого тIагIиналдаса.

* * *

Гьал бакъул чIоразул чIвабиги гьарун,
Пайда щиб бачине дуе цо бакъан.
Гьал карачелазул клавишал хъван,
Дуе кечI ахIизе, океан – керен.

Азарго сон барал сияз абулеб.
Цо авар мацIалде буссинабизе.
Гьал цо чвахиязул перевод гьечIеб
Бокьилаан шигIру дуе щуризе.

Рудакил мехалъул чинарадул гъветI,
Гъолъухъ балагьана тIубарал сагIтаз.
Цинги баянлъан таджик, фарс мацIалъ
Поэтахъе къуват киса щвараян.

Огь, гучаб тIабигIат, дур харил сумлъун
ХутIаниги дие гIун букIинаан.

* * *

Вилълъа Парижалде, Камалил Башир,
Керен цIунцIрахунел ясал дандкъазе;
Гьелгун васандунин рас бортиларо
Гьеб дур ботIродаса, къотIулебни щиб.

Йилълъа Миланалде мун, ГIанхил Марин,
ГIасияб магIарул рокьул бицине,
Дур ахIулеб кочIохъ кIал букъулеб щиб, –
Гранд опералъул тIугьдулъ йикIина.

Михъал кьуре гьанже, ХъахIабросулъев,
Хъамизе ккеларо мадмазель дуца. –
Жинго дуда хадуй хачазе йиго,
Хирияв, ячейин дун магIарухъе...

Огь, магIарул рокьи лъалареб Париж,
Парижалъул рокьи бегьичIел мугIрул...

* * *

Мун дир гIищкъуялъул гIасияй цIогьор...

Дир цIодорлъиялъул цIоб гьечIей хъачагъ.
Дуца цо хIеренаб рагIи абигун,
ХIур лъугьунеб, къокъаб дир бахIарчилъи.

Дун вукIуна ралъдалъ гъанкъилин дунго,
Гъарим нахъ вуссуна, цIад балеб бугин.
Дун вукIуна цIадай кIанцIизе вугин,
КIкIуй гъасдаги батун, вортула нахъе.

Мун йикIуна дида шигIраби хъвайин,
Щай дие гIакълугин лебаллъийилан…
Лебаллъи бугелъуб гIакълу гьечIилан
ГIакълу бугеб мехалъ лебаллъи гьечIин,

Гьеб кIиябго гьечIеб кечI кин, букIунеб?
Дун ккун вугеб гудур!.. Ралъдал кIодолъи!..

* * *

Кин букIаниги дун кочIохъан вуго,
Кагътил, къалмил гуро, къаси гьаб сардил.
Сарин дица хъвачIеб цо гьалдолеб куц! –
Дир каранда жаниб буго Бухенвальд.

Бухулеб гьаб цIумур, дур цIарги, ахIун,
ЦIуне гьаб дунялин, цIуне гIумруян,
Дир гIагарай гьудул больницаялда
Операциялъухъ балагьун йигин.

Хирург, гурхIел гьечIев, кин дуда кIвелеб
Кодой нус босизе... дун нуцIил кIалтIа...
КIиабилеб нухалъ гьаб гIаламалъе
ГIумру кьолеб бугеб кьогIаб гIорхъода.

Унтараб дуниял, унтараб гIасру,
Операциялда унеб дир гIумру.

* * *

Бице, дир хирияй, нилъ унеб мехалъ,
Авар миллаталда щиб жо гьарилеб?
Щиб нилъер васият гьал росабазе?
Бищун аслиязул цояб хъван тела:

КIудиял гIуниги, рахьдал мацI лъачIел

Нилъер лъималазда тIасалъугьайин.
Гьелъий гIайибиял гьел гурин ругел, –
Гьороде бадире роржинчIин хIанчIи.

Амма нилъер гIадат гьез рехун тани,
Рахине гьарейин АхIулгохIалде...
Унтараб, лъукъараб лъимер каранда, –
Койсуялъул тIинда имамасул яц...

Бице гьезий гьелъул, магIарул гIамал
Гьаб цо гIаламалда даимлъиялъе.

* * *

Дунялалъе гIелеб гIищкъу кьуниги,
ГIелила гьебилан абичIо дуца.
ГIаламго хинлъилеб бухIи кьуниги,
Гьугьудула кверде квачалей йигин.

ГIасрабазе гIелеб рекIел хазина
Хадусел гIелазе щибниги течIо.
ШигIраби киналго цо дуе хъвана,
Хъалим дагьаб бугин зобал кIалъана.

Дида тIасалъугьа, кIочон батана –
Мун кIудияй йикIин гIаламалдаса.
ГIайиб ккана дида, кантIана хадув –
Мун хирияй йиго дунялалдаса.

Дида тIасалъугьа, гIумруги кечIги –
Кинабго дагь бугин дуй хъалималъе.

**«КУЧIДУЛ»**

АБУРАБ ТIЕХЬАЛДАСАН

1979

**ЭЛЕГИЯБИ**

* * *

– Элегия, щиб жо мун?
– Щобда дуда бихьичIищ
Рохьалдаса тIураб гъветI
Гъарим лъараде къулун?

– Элегия, щиб жо мун?
– ГIурда дуда дандчIвачIищ.
РикIкIад гIурччинал мугIрухъ
Балагьун пашманаб чу?

– Элегия, щиб жо мун?
– Дол кьурабалъ рагIичIищ
МагIарул чагъанадул
РакI чапун унеб наку?

– Элегия, щиб жо мун?
– ШигIру буго дун гIищкъул;
Дур рукIкIада хураб кун,
Хонжрода бугеб накъищ.

* * *

– Дир пашманлъидул яс, сонетазул яц,
Бице, элегия, киса гьобол мун?
Щиб газаргъодал чIор, кинаб тIармил чIва?
Дур кини кIикIараб бакIги ракIги щиб?

– Дун цIакъ рикIкIадасан бачIараб хIанчIил
ХIули буго гIемер векал нахъ тараб.
Гьиндустан, Сирия, СагIадил Шираз…
Дир щвантIих угьдичIеб улка-ракь гьечIо.

НекIсияб Рималъул, Элладаялъул
Рокьулги кьалулги кьодухъ гIодана.
Чан сордо рагьараб Овидил бусахъ! –
Ронсарил гъансито, Шиллерил гордал.

Щапулеб буго цIад, Рейналда Гейне,
Шеллил йокьулелъул нуцIил кIалтIа дун.
Гьаб дир Востокалъул форма ретIана
Франгаз, испаназ, лорд Байроница.

Россия – Батюшков, Кавказ – Лермонтов...
Духъе кватIана дун, Дагъистанияв.
Риххарал росаби, согIал кьураби,
Кьодухъ зигардараб герсида дун.

– РикIкIадисеб гьобол, цIакъго гIагараб
ГIодоб чIа дир гъасда, элегия мун.
Азарил соназул гIищкъул нух тараб,
ГIедегIуге ине Авар гIорги тун.

* * *

– Элегия, тохлъукье дихъе бачIараб гьобол,
Дургун гьудуллъи ккана кидаго гIумруялъ дир.
ГьанжелъагIан щибизе, дуниял сверараб мун,
Дир мугIрузде бачIинчIеб, киб кьо биххун хутIараб?

– Лъала, магIарул рокьи, ракьагин гьан бухIулеб,
Амма гьелъул кучIдузул ретIел цойги букIана.
Къалам гьечIеб халкъалъул гIищкъул шигIрудул бакъан,
Щвараб гIурул гIадинаб, низам гьечIеб букIана.

Дун щвана МахIмудихъе, кIутIана гьес тIармида,
Марьямида тIад чIвалеб чIинчIу гурин гьабилан.
РещтIана дур инсуда, велъанхъана кочIохъан,
Дир ишал гIемер ругин, вас гIуравго бачIайин.

– Элегия, дицаги дур роценал хисана. –
– Хасият цIунанани, гьелъухъги дуй баркала.
Дицаги гьаб дуниял цого ратIлилъ сверичIо,
МагIарул бакъаналда рекъезабун ахIе дун.

* * *

– Рокьи, бице дида дур
Къайицадахъал кинал?
Кинабго гIумру гъежда
Дуцагойищ баччилеб?

– Дир гьудулзаби руго,
Гьел гьечIони – гьечIо дун:
РитIухълъи, божи, намус,
Хисулареб лебаллъи.

– Рокьи, бице дида дур
Тушманзаби щал кколел?
Дуе хIалхьи толебищ
ХIенсолеб хъачIаб зазалъ?

– Дир тушманзаби руго
Даимал цIарал лъалел:
Гьаб цIукIаяб сороди,
СихIру, жахIда, гьереси.

* * *

– Рокьи, бице дида дур
Гьаб хIикматаб балъголъи?
– ХIурматал дур улбузул
Лебаллъудахъ балагье!

– Рокьи, бице дида дур
Гьаб хIикматаб балъголъи?
– ХIайранал дур яцазул
ГурхIелалъухъ балагье!

– Рокьи, бице дида дур
Гьаб хIикматаб балъголъи?
– ХIасратай гIолилалъул
Берцинлъидахъ балагье!

Рокьи, бице дида дур
Гьаб хIикматаб балъголъи?
– Бицун бажаруларо,
Руччабазухъ балагье,
Руччабазухъ балагье!

* * *

– Нуха бахъараб рокьи,
Нахъ балагьизе лъалхъе.
– Щай?
– Нахъехун рокьул руго
ЦIакъ рикь-рикьарал нухал.
– Лъала.

– Нуха бахъараб рокьи,
Цебе балагье, лъалхъе.
– Щай?

Цебехун рокьул руго
Кьур-кьурарал свераби.
– Лъала.

– Нуха бахъараб рокьи,
Рахъ-рахъалде балагье.
– Щай?
– Рахъ-рахъалъан балагьун
Буго духъ азарго бер.
– Руго.

– Нуха бахъараб рокьи,
Гьанже чода цIал кьабе,
Кьолоний гьудулги лъун,
Гьаб гIумру берцин гьабе!
– Савол!

* * *

Огь, дида гIумру лъана,
ГIемер сонал ран гуро,
Цо квер каранда лъейгун,
Гьеб гIищкъу букIин лъайгун.

Огь, дида гIищкъу лъана,
ГIемер бакI сверун гуро,
Дур кIалдисан рагIараб
Цо-кIиго рагIудасан.

РагIиги кечIги лъана,
Кинидахъ ахIарал тун,
Киналниги хутIарал
Дур хиялаз, пикрабаз.

Дир ругел пикрабиги
ГIемерав цIалун гуро.
... ГIор чвахун унеб буго
Дур бицунаго дие.

* * *

Дида рагIаралдаса
Дуца хIисаб гьабураб
ХIакъикъияб батана,
АскIове щвараб мехалъ.

Дида бихьаралдаса
Дуда ракIалде ккараб
Камилаб букIин лъана,
НакIкI нахъе араб мехалъ.

Гьаб дир гьедиялдаса
Дур гьариялъул къуват
Гьанже бичIчIана дида,
ГъутIби тIогьиллъаралго.

Дица ахIаралдаса
Дур кIутIбуца щурараб
Лъана гIакъилаб букIин,
ГIазу бараб мехалда.

* * *

Мун гьайигун, кинидахъ
КечIалъ дуда гьарана:
Гьайбатайги йикIанин,
ЧIухIарайги йикIанин.

Гьайбатайги йикIана,
ЧIухIарайги йикIана.
... Огь, дур ахIичIел, гьалбал!
Пашманлъиги ургъелги.

Мун гьайигун, дур гъасда
Маргьабаца гьарана;
Лебалайги лъугьайин,
ЦIодорайги лъугьайин.

Лебалайги лъугьана,
ЦIодорайги лъугьана.
... Огь, дур цIадуде даим
Гьал цIадал чвахарал куц!

Мун гьайигун, дур рокъоб
Макьабаца гьарана:
Гьерсидаса цIунеян,
МацIидаса цIунеян.

Гьерсаз дуй течIеб хIалхьи,
ХIинкъи дуда лъанщинаб!..

Бакараб чирахъалда
Чанги гамачI речIчIана.

* * *

– ГIодор чIая, дир сонал,
Щиб жо нилъер букIараб:
Бищун берцинаб, лъикIаб,
РекIелъ даим хутIараб?

МугIрузда гIазу биун,
ГIорал гIемерал щвана;
ГIищкъугIан берцинаб жо
Цоги нилъер хутIичIо.

ГIодоб чIая, дуниял,
Щиб дуца нижей тараб:
Бищун щулалъи бугеб,
Щиб кьуниги кьолареб?

– Чанги кьвагьиял ккана,
Чанги кьватIиял ккана;
Цо рокьул кьуру буго
Кьурулареб, щулияб.

– ГIодор чIая, пикраби, –
Дир панаяб кечI, бакъан, –
Гьуинабги кьогIабги
Бищунго щиб батараб?

– Чанги хаслихълъи лъана,
Чанги хурдул ракъвана;
РокьигIан гьуинабги
ГьебгIан кьогIабги лъачIо.

* * *

Дида гъикъулеб буго
Нилъер бакъан рагIараз:
Мун йикIинчIейани дун
Щивдай вукIинаанин.

Вай гIадамал, гIадамал,
ГIадаллъи рагIабазул! –
Мун ятизе гурищ дун

Дунялалде вачIарав?

Дида гьикъулеб буго
Нилъер къиса рагIараз,
Нагагьлъун мун гьечIони,
Гьабилеб щибан дица.

Вай гIадамал, гIадамал,
ГIадаллъи суалазул! –
Мун цIунизе гурищ дун
Дунялалда хутIарав?

* * *

– Веказул цIадираби,
Щиб жо цIалел нуж ругел?
– Цо рахъалъ – рокьи, хIасрат,
Цо рахъалъ – бащдаб дунял.

– ТIолго дунял кьуниги
Дица рокьи кьоларо;
Гьелъие цIайи гьечIо, –
ЦIадираби, къай базар.

– ГIаламалъул гIаршунал,
Щиб жо борцунел ругел?
– Керен цIураб рокьиги
Ракь цIураб хазинаги.

– Дир тIолго хазинадахъ
Хисулеб гIищкъу гьечIо.
Рорцаруге гIадада, –
ГIаршунал, те гьеб даран.

* * *

Нилъ рукIана кIиялго,
Осетия кинигин,
Цо кIудияб мегIералъ
КIийиде рикьизарун.

Югалдасан дур сарин,
Севералда дир гьаракь,
Гьал дандерижиязул
ХIикматал телефонал.

Цояб рагIи рагIула,
Цояб рагIулеб гьечIо.
МагIарде пулеб гьури,
Почалъул хIинцаб хIасрат.

Гьеб дие дагьаб буго,
Гьеб дие гIантаб буго;
ГIорал рикьеян абе,
Рокьи цолъизе ккола.

Гьавадул гIелмудалги
ГIищкъул техникадулги
Вулканалъ гIанлълъулареб
ГьечIо цониги кьуру.

Нилъеца Кавказалъул
СогIаб мугIрул каранда
Канлъуеги гIищкъуйиги
ГIатIидаб тоннель лъуна.

Гьанже нилъ данделъараб
Дагъистан гIадин руго, –
Нилъер Югги Северги
Цолъараб республика.

* * *

– Дица гIемер бицунищ,
Гьал гIадамаз абула.
Мун дир рекIел гIинтIийин,
ГIумруялъул канлъийин.

Мун рекIел гIинтIи гуро,
Жибго тIубан ракI йиго.
ГIумрудул канлъи гуро,
Кинабго гIумру йиго.

Дица гIемер бицунищ,
Гьал гIадамаз абула:
Мун дир кьуркьбал йигилан,
КечIалъе бакъан йигин.

Мун дие кьуркьбал гуро,
КечIалъе бакъан гуро;

Мун жибго хIинчIги йиго,
Мун жибго кечIги йиго.

* * *

Гьанже маркIачIуда мех,
РикIкIад хутIана рогьел;
Лъукъараб чанил биялъ
Релъарал хурдул, ганчIал;
ХIанчIил магIу тIинкIарал
ТIанхазул гъадараби...
ТIоцебесеб доб дандчIвай
РакIалдещвана дида.

Гьанже дир хасел буго,
ХутIана рикIкIада их;
Сапарал, самолетал,
Кваркьабазда гъоркь накIкIал;
Ахада, кибалиго
КунчIулел, сунел цIаял...
Дида цебетIамула
ТIарамагъасеб дандчIвай.

* * *

Нухлулав, бице дида
Каранлъ дада вугищ дур?
– Вуго.
– Вугониги, бегьула,
Дулъ гIакълу, къуват буго.

– Нухлулав, бице дида
Каранлъ баба йигищ дур?
– Йиго.
– Йогонанн, бегьула,
Дулъ ияхI, рахIму буго.

– Нухлулав, бице дида
Дур рекIелъ даци вугищ?
– Вуго.
– Вугонани, бегьула,
Дулъ бахIарчилъи буго.

– Нухлулав, дур гьеб рекIелъ
Гьобол, мадугьал ругищ?

– Руго.
– Ругонани, бегьула,
Дулъ адаб-хIурмат буго.

– Нухлулав, гьеб дур рекIелъ
Хирияй гьудул йигищ?
– Йиго.
Йигонани, бегьула,
Дулъ рокьи, хIасрат буго.

Дур щуго килищ буго
Кверзуеги заруйги, –
Вахъа, Дагъистанияв,
Кинабго дунял свере!

* * *

Гьанже дун кинигинан,
Каспиялъул рагIалда
Цо кочIохъан вукIана
ХъахIлъараб бетIералъул.

Самедилан абуна
Эбелалъ, гьав гьавигун.
Вургунилан абуна
Улкаялъ, гьев кIалъайгун.

КIалъай гьесул букIана
РекIел гIищкъудул рахъалъ.
ГIащикъ – Вургун рагIула
Азербайджан мацIалда...

... Гьаб ракьалда Самед цо,
Цогияв вукIинаро,
Амма кидаго даим
Дун дуе Вургун вуго.

* * *

Рокьи, кинал дурнавал
Дуца дие кьун ругел? –
РикIкIада бугеб ургъел
АскIобе бачун лъола.

Рокьи, кинал дурнавал

Дуца дие кьун ругел? –
АскIоб букIараб талихI
РикIкIалъизе гьабула.

ГIищкъу, кинаб цIер бугеб
Балагьизе дуца кьун? –
Дир хIасратаб ищц буго
Океанлъун гьелчелеб.

ГIищкъу, кинаб цIер бугеб
Балагьизе дуца кьун? –
КIудияб пожар буго
ГьитIинаб цIадул кунчIи.

Рокьи, кинаб сагIат дур
ЩIакъ батIаго хIалтIулеб? –
ХIинцлъи хъаравулазул
Йокьулей гьечIеб мехалъ!

Рокьи, кинаб сагIат дур
ГIажаибго кIетIолеб? –
ГIедегIун хIалтIулеб куц
Йокьулейгун дандчIвайгун!

* * *

Щиб жо жанги къуватги?
Щиб жо кколеб къаркъала? –
Гьеб чодулги букIуна,
Чилъи – гьеб гIищкъу буго.

Дун хутIана, хутIила,
Доктораз цIунун гуро,
Гьезухъ дий дару гьечIо,
Дир сахлъи рокьи буго.

Щиб жо бахIарчилъи, цIар?
Щиб жо хIинкъи гьечIеб хвел?
Гьедин хIелкалги цо-цо
Цоцалъ ран рагъун хола.

Дун хвани, хвезе вуго,
ГIадалаб рагъда гуро,
Гьаб гIумруялъ дий кьураб
ГIищкъул бокалги гьекъон.

* * *

Манзилалъ дудаса тIей,
Гъеб дагъаб балагь буго.
Дун духъе нахъ вуссина,
Дур хIисабал дилъ руго.

Заманалъ дудаса тIей,
Гьебго дица хIехьела.
Заманаби сверула,
Нилъер сагIат букIина.

Цо-цо квач, гьури речIчIун
БачIараб гьогьеналъул
Пашманлъиги бахчила, –
Нилъерги их букIина.

Амма цониги къоялъ
РакIалъ дудаса тIуни.
Цун аскIов вукIаниги,
ТIокIав дун гьечIилан те.

* * *

Щибаб къо бачIунаго,
Дица пикру гьабула,
Гьале гьабсагIат бугин
Дир гIумру байбихьулеб.

Щибаб кечI бачIунаго,
Дица хиял гьабула,
Гьале гьанже бачIанин
ТIоцебесеб кечI дихъе.

ЧанцIул духъе щваниги,
Дида, ракIалде ккола,
Космос сверун гьабсагIат
Вуссунев вугин духъе.

Дида бичIчIулеб гьечIо
Гьаб къо лъугIулеб букIин,
Къасиго рогьалил кечI
Дица ахIулеб букIин.

* * *

Гьал гIадамаз абула,
ГIумрудул лълъарги борхун,
Сахлъи-щулалъиялде
Щолеб бечелъи гьечIин.

Дица гьезда абула,
КигIан сахлъи кьуниги,
Керен унтараб гIищкъу
Дица гьелъухъ кьеларин.

Гьал гIадамаз абула,
ГIумрудул лълъарги гьекъон,
Эркенлъи, паракъалъи –
Гьеб бугила хазина.

Дица гьезда абула,
КигIан тархъан таниги,
Дир туснахъ – хIалхьи гьечIеб
ХIасрат гьелъухъ кьеларин.

Гьал гIадамаз абула,
ГIумрудул бицунелъул,
ГIемер сонал кьегийин,
Гьеб бугила дуниял.

Дица гьезда абула,
КигIан сонал кьуниги,
Цо сагIат мунгун бараб
Дица гьезухъ кьеларин.

* * *

Дур бицен рагIарабго,
Цодагьалъ рахIат хвана,
Цо жий лъаян, нахъасан
Бадиб квер чIвараб гIадин.

Дур гьаракь рагIарабго,
Дагьабги рахIат хвана,
Дида цо макьу бихьун,
Сундеян лъачIеб гIадин.

Цингиги гьимулелъул

Гьурмал дангъва бихьана,
Гьелдаса нахъе дие
Сонаца рахIат хвана.

Сонал ана, гьайбатаб
ТIабигIат гIамал лъана...
... ТIокIаб дие гIумруялъ
РахIат букIине гьечIо.

* * *

Ракъварал гIицIал гъутIбуз
ЦIехола гьаб ракьалда,
Жидер пахруяб ретIел
Щиб гъансиниб бугебан.

Ракьалъ жаваб гьабула:
Жиндида лъаларилан;
Гьеб лъадахъ балагьула
Салулъе тIерхьун унеб.

Лъадал гIатIилъабаца
Зобалазда гьикъула;
Гьениб багIарараб бакъ
БакъинегIан свердула.

Дица лъида гьикъулеб
Дир пашманлъидуй гIилла?
Мун гьанисан яккула,
Мун доехун тIерхьуна.

* * *

Замана – хехаб поезд,
Гьелъ цадахъ унеб щинаб,
Унарилан рикIкIунеб
БукIараб талихIаб их.

Амма кире щваниги,
Щиб хасел бачIаниги,
ХутIула къасд – гIищкъудал
ГIагараб станция.

ГIумру – хехаб самолет,
Гьелъул куркьбаз хъвалхьуна

Кидагоян рикIкIунеб
БукIараб къваридаб накIкI.

Амма кир свераниги,
Сордо тIаде щваниги,
ТIагIунаро берзукьа
Дир рокьул аэродром.

Гьал сонал – хехаб гама,
Гьелъ ралъдал гIатIилъуда
КигIан гIемераб тараб
ГIолохъанлъи, машгьурлъи!

Амма кигIан гIемераб
Карачел гьелчаниги,
Кидаго букIина дилъ
РекIел гIищкъудул гавань.

* * *

Рагъул ругънал щвараца
Кереналда рукъарал:
Колодкаби рихьана,
Жидерго унтул бицун.

ГIищкъул ругъун щвараца
Кереналда ран хадуб,
Колодкаби гIеларо
ГIузрабазул бицине.

Рагъда цIар босараца
ЦIваби рала каранда.
Гьел кенчIола, гьабураб
Гьунар, лебаллъи бицун.

ГIищкъул цIар босараца
ЦIваби каранда рани,
Керен щиб, зоб гIеларо
Лебаллъидул бицине.

* * *

Дица рагIи кьеларо
Гьанже ккун хадусаги
Хабар, цIа, цIадалдаса

ЦIунизе рокьул мина.

Бижанщинаб гъотIода
ТIегьгин пихъ букIунаро.
АхIанщинаб кечIалъул
Кваркьаби рукIунаро.

Дица рагIи кьеларо
Гьаб гIищкъул сангаралде
Унти, херлъи гьукъизе,
Хасалие нух къазе.

Биччай гьаб гIумруялда
Азарго гIазаб лъазе, –
Данде гьал цабиги къан,
КъулчIила кинабгIаги.

Унтиги херлъиги щиб,
Жеги хвелги бигьаяб.
Рогьо кIетIоге абе
КIиязулго нуцIида.

КIетIезе гьеб лъугьани,
Лъухьила дица ханжар...
... Хвел, метер гьеб къо щвани,
Жакъаго дун къаникь лъе!

* * *

КватIараб сардил заман,
СагIат кIетIолеб буго:
Кьижизе заман щванин,
Щай мун вегуларевин.

Дица жаваб гьабуна:
Кинго макьу щоларин,
Йокьулей гьудулалъ дун
Жакъа къварид гьавунин.

СагIат кIетIолеб буго,
Гьеб багьаяб ишилан,
Азарил соназ гьедин
БукIанин, кьижайилан.

Дица жаваб гьабуна:

Кинго макьу щоларин,
Йокьулей пашман танин,
Гьелъулъ дир гIайиб кканин.

СагIат кIетIолеб буго,
Гьебги букIараб ишин
НекIо заманалдаса
ГьанжелъагIан, кьижайин.

Гьединан соназ вуго
СагIтилгун харбида дун.
Сордо кьижизе уна:
Кьижараб къо борчIизе.

Дуде кечI гьабулелъул,
Гьаракь бакъвана щокъроб,
Цо лъукъараб хIинчIалъул
ХIинкъараб бакъан гIадин.

Гьаб гIумруялъ киналго
РагIарал щинал кучIдул
Дие дур гьаракь буго,
Гьеб гуреб цоги гьечIо.

Дур сурат гьабулелъул,
Сородула дир кверал,
Квачараб гьорол къоялъ
ГъотIода тIанхал гIадин.

ТIолабго дунялалда
Дида бихьараб, лъараб
ГIицIго дур сурат буго,
Цоги берцинлъи гьечIо.

* * *

Цо гьими букIана дур,
Гьеб гьурмал дангъваялда;
Гьеб гIумруялъ цIунизе
БукIана рекIел божи.

Дихъан гьеб бажаричIо,
Бана цIад, бана гIазу.
Мун гIодарал къоязул
Къварилъи лъана дида.

Цо магIу букIана дур
ТIелхалъан гирун унеб;
ТIокIаб гьеб биччаларин
БукIана ракIалъул гьа.

Дихъан гьеб бажаричIо,
Хис-хисулеб дуниял...
Дур бадиб цIаги буго,
Дур бадиб цIадги буго.

* * *

Нилъее цIарал кьуна
ЦIунизе умумуца:
Дуе цIвабзахъ балагьун,
Дие цIадухъ балагьун.

Хадуб батIи-батIиял
ЦIарал кьуна гIадамаз:
ТIохде яхарай дуе,
Нухде вахъарав дие.

Дир рахъалъан абуна
КватIичIого гIащикъав;
КочIолъ дур цIар щуригун,
ШагIирилан абуна.

Дун гIащикъ ватанани,
ГIищкъу буго дуда цIар.
Дун шагIир ватанани,
ШигIру буго дуда цIар.

Умумул мекъи ккечIо,
ГIадамал мекъи ккечIо;
Унеб буго гьаб гIумру,
ГIолел руго гьал лъимал.

Нилъеца гьезий цIарал
ЦIвабзахъ балагьун кьола,
Нилъеца гьезда цIарал
ЦIадухъ балагьун лъола.

* * *

Гьал гIадамаз абула,
ГIумру цохIо кьун бугин;
Цогиязул лъаларо,
Дирни гьеб кIиго буго.

Цояб – эбелалъ кьураб,
Цогияб дуца кьураб, –
Цо кIудияб чода тIад
КIиго чи унев буго.

Гьал гIадамаз абула,
Дунял цохIо кьун бугин;
Цогиязул лъаларо,
Дирни гьеб кIиго буго.

Цо инсуца бицараб,
Цоги мун лъайгун лъараб,
КIиго чу бараб гьоко,
Гьелда тIад унев вуго.

Гьал гIадамаз абула,
РакI цо гурони гьечIин;
Цогиязул лъаларо,
Дирни гьеб кIиго буго.

Цо каранда кIетIолеб
КIиго хIанчIил кIиго кечI, –
Кинабго кIиго буго
Мун данде чIаралдаса.

* * *

Гьанже гьал поэтазул
Философал лъугьана;
Дунни факталгун вуго,
Гьелда цIар рокьи буго.

Рокьи буго кIиго дир,
КIиго лъугIулареб кечI,
Кинабниги гIумруялъ
ЧIечIого ахIаниги.

Цо гIумру щиб, щуго кье,
Гьебги махIий гIеларо,
ГIалам берцин гьабулей

ЧIужугIадан еццизе.

Цо къуват щиб, къого кье,
Гьебгицин дагьаб буго,
Гьай дир йокьулей йигей
Ракьул бицун кIалъазе.

Цогиял гьаркьал руго,
Цогиял гьурал руго...
КIиябго кваркьи буго
Рокьулги, хIанчIил гIадин.

Гьанже гьал поэтазул
Философал лъугьана;
Дунни фактaлгун вуго,
Гьелда цIар рокьи буго.

* * *

Дир сонал, сонал, сонал,
Дир риияɫ, дир ихал,
Ана данде рортун нуж
Ахада хутIарахъе.

Дир хIанчIи, хIанчIи, хIанчIи,
Дир кучIдул, дир саринги,
Цо-цоккун роржана нуж
Хадур рачIунезухъе.

Дир хиялал, дир бакънал,
Дир гIищкъу, гIищкъу, гIищкъу,
ГIолилазул гордазухъ,
Чагъана хъвалел руго.

Нуж сонал, сонал, сонал,
Сверун бетIер хъахIлъана.
Нуж ясал, ясал, ясал,
Додинго бахIар руго.

* * *

ХIанчIаз цIунула куркьбал,
Куркьбаз цIунула хIанчIи.
Дир кваркьаби – дир рокьи,
Нилъ цоцаца цIунула.

Гъансито цIунулеб цIа –
ЦIа цIунулеб гъансито.
ХIасрат – каранлъ бугеб цIа,
Нилъ цоцаца цIунула.

Кинrealда лъимер лъикI,
Лъимадуе кини лъикI,
Кинидахъ кечI – дир рокьи,
Нилъ цоцаца цIунула.

Зодихъ гвангъарал цIваби,
ЦIваби ракарал зобал.
ТIадегIанаб цIва – рокьи,
Нилъ цоцаца цIунула,

Лъадаца ракь кинигин,
Ракьуца лъин кинигин,
Чияс ияхI кинигин,
ИяхIалъ чи кинигин.

Дир ияхIги, чIухIиги,
Дир гIумруги, дунялги,
Дица рокьи цIунула, –
Рокьиялъ дун чIван лъола.

* * *

Чундузги, хIанчIацаги,
Хурдузги, канлъиялъги
Кинаб кечI ахIулебан
Цодагьалъ гIенеккилин:

«ХъахIал сардал нусцIул лъикI
ЧIегIерал къояздаса.
Къадалъ лъезе гамачI лъикI
Хабада къанидаса.

Къвал базе йокьулей лъикI
БакIаб ярагъалдаса.
Гъежда лъезе лъимал лъикI
ТуманкIалъ кIвекIизегIан».

Хабада ругел заназ,
Зодихъ ругел цIвабзаца

АхIулеб кечI бичIчIизе
Цодагьалъ гIенеккилин:

«БагIараб биялдаса:
БилбагIараб чагъир лъикI,
Чияр бакIал росзегIан,
РакIал роси нусцIул лъикI.

Ракьул гIорхъабаздаса
ГIорхъи гьечIеб рокьи лъикI.
ЦIорораб хонжродаса
ЦIа гIадай йокъулей лъикI».

Рохелаз, къварилъиялъ,
Гьезда къвал бан дицаги
АхIулеб кечI рагIизе
Цодагьалъ гIенеккилин:

«Зодой рахун рехулел
Хвалил бомбабаздаса
Хур бачIине цIадго лъикI,
МагIарда гIазуго лъикI.

Кьалул кIкIуялъ чIвазегIан
ЧIвазе лъикI гIищкъул цIаялъ.
ГIищкъу рекъон ккечIони,
РекъелгIаги нахъ чIваге!».

* * *

Йилълъа дунгун, дица мун
Кий щваниги цIунила,
Квешлъиялъе дур кIалтIа
КIал рагьизе теларо.

Дун вукIина хъаравул
Дур макьу-хIалхьиялъул;
ХIинкъи бачIун кIетIани,
НуцIида кIулал рала.

Йилълъа дунгун, гьури-накIкI
Бакъул жулалъ лъухьила;
Дур берцинал хIатIазда
Цо хIарщ хъвазе теларо.

ЦIунила дур хIеренлъи
ХIилла-рекIкI мацIалдаса.
Биччаларо хIур хъвазе
Дур хIасратаб цIаралда.

Йилълъа дунгун, гьале дун,
Дуй кьела тIолго рохел.
ТIаде пашманлъи щвани,
Гьеб бичIчила дицаго.

Дир гIурччинаб генул гъветI,
Горо бани, бай диде, –
Дица зоб-ракь хъвалхьина,
Дуй бокьараб гьабизе.

* * *

Мун диде семаниги,
Дун дуде семаниги,
Дур рагIаби согIлъани,
Дир рагIаби цуллъани;
Цоцазда кIияздаго
Гьоркьобе гIазу бани,
Гьеб – дир гIайиб, дир гIайиб,
ГIайиб дур щибго гьечIо.

Мун дида елъаниги,
Дун дуда велъаниги,
Мун дидаса аниги,
Дун дудаса аниги;
Ун бачIунеб къоялъул,
БечIалеб гьайбатаб тIегь,
Гьеб – дир гIайиб, дир гIайиб,
ГIайиб дур щибго гьечIо.

Мун мекъи йикIаниги,
Мун тIекъай йикIаниги,
НусцIул дудаса къей лъикI,
Цо къоялъ бергьинегIан.
Дир чодул габуралда
Гвермендо балеб гьечIо,
Гьайбатай чIужугIадан,
Гьеб гIайиб – дир, дур гуро.

* * *

Дир берцинай, рекъезин.
*ГIумархIажи*

Дида бихьана цо гъветI,
Гъарим жибго хутIараб.
Хабада бугеб гIадин,
Буго гIодой далун гьеб.

Зобалазде гьардола,
Гьаб ракьалде къулула.
Гьелъул кьварилъи унго! –
Гьудул, рачIа рекъезе.

Дида бихьана цо чан,
Цогияб аскIоб гьечIеб.
Гьелъул гьаракь рагIигун,
МагIу хIалалъ къулчIана.

Гьелъие рохь рохь гуро,
Гьелъие лъар лъар гуро,
ГурхIана ракI гьеб бихьун, –
Гьудул, рачIа рекъезе.

Дида бихьана цо чу,
Цадахъ гьалмагъ гьечIого,
Цо гьакил бер бекараб
Пайтоналъухъ балагьун.

Гьеб чанги, чуги, гъветIги
Дир черхалда бугеб хIал.
Гьудул, рачIа рекъезе,
Гьудул, рачIа рекъезе.

* * *

Дие цIурмал рокьана,
Гьаб рокьуе зваргъолел.
ЦIваби, цIаял рокьана,
Гьаб рокьиялъ кенчIолел.

Дие хIанчIи рокьана,
Рокьул бицун ахIдолел.
Дие гъутIби рокьана,
Рокьул бицун щурщулел.

МугIрул гIазу бокьана,
Гьаб рокьи лъан гIодараб.
ГIорал, лъарал рокьана,
Дир рокьи босун унел.

Гьал поездал рокьана,
Самолетал рокьана,
Сапаралде рахъарал
Нилъ цоцахъе рачарал.

Дий Петрарка вокьана,
Дие Пушкин вокьана,
Дие ХIапиз вокьана, –
Нилъер рокьул бицарал.

Дие дунял бокьана,
Дие гIумру бокьана,
Гьаб гIищкъуялъ нилъее
Гьадинан берцинлъараб.

* * *

– Бищунго бархатабги
Бахине кIоларебги
КIудияб мегIер кинаб
Дуниялалда бугеб?

– Бицунеб рагIудаги
Гьабулеб ишалдаги
Гьоркьосеб мегIер гIадаб
КIудияб мегIер гьечIо.

Амма дица цебего
Рокьул айгъир кьолона:
Гьеб мегIер бахинчIого,
Хваниги дун чIеларо.

– Бищунго гъваридабги
Бищунго гIатIидабги
Гьаб гIумрудул сверуда
Кинаб гIор данде чIвараб!

– Нилъер къасд цо рахъалда,
Рес цогияб рагIалда,

Цебесан чвахулеб гІор,
ГьебгІан гІатІидаб лъачІо.

Амма дица расадул,
Парусал рорхун руго;
Дун гІоралъ восаниги.
ГІищкъуялъ гьеб бахина.

* * *

Дир каранда буго цІа,
КигІан гІазу баниги,
Цо нухалда бакараб,
Киданиги сунареб.

Дир хирияй, гьайбатай,
Гьеб мун йиго, мун йиго.

Гьаб дир рекІелъ буго гъветІ,
Чан хаслихълъи щваниги.
Щибго тІогьиллъулареб,
Цо тІамах бортулареб.

Дир хирияй, гьайбатай,
Гьеб мун йиго, мун йиго.

Рогьалилъ ахІулеб кечІ,
Къаси бицунеб маргьа,
Сардилъ бихьулеб макьу,
Дир гьедиги дир какги...

КиналгІаги мун йиго,
Кийго даим мун йиго;
ТІокІаб щибгІаги гьечІо,
Гьей мун йиго, мун йиго.

* * *

Мун гьанже лъимер гуро, –
Щайха бахІараб гьурмал
Гьими хисун мех-мехалъ
Гирулеб магІил горо?

Дуда доба рикІкІада
НакІкІ бихьулищ хІоразда? –

ХIинкъуге, гIумруялда
ГIищкъул бакъ тIерхьунарин.

Мун херлъулейги гьечIин, –
Щайха хирияб лага,
Хаслихъе гъветI гIадинан,
ГIодой далулеб цо-цо?

Мун къварилъунищ йигей,
Къо, рии унеб бугин?
Къварилъуге, ракьалда рокьи,
Рокьи, их тIагIунарин.

* * *

РикIкIад Мозамбикалъул
ГIурхъи нахъ толеб мехалъ,
Дида цадахъ хутIана –
Алута Континуа!

Киналго дандчIваязда,
ЧIегIераб зарги борхун,
АхIула Африкаялъ –
Алута Континуа!

Гьел рагIаби рачIана
Дир рекIелъе, кочIолъе:
Дир какги дир саламги –
Алута Континуа!

Гьезул магIна бичIчIана
МагIарул къагIидаялъ:
«Гьаб къеркьей лъугIун гьечIо» –
Алуга Континуа!

Гьел дие гIагарлъана,
Африкаялда цадахъ
Зарги борхун ахIилин –
Алута Континуа!

АхIилин гIумруялъул
МугIрузул тIогьаздасан
ТIолго гьаб гIаламалъе –
Алута Континуа!

Гьаб къеркьей лъугӀун гьечӀо,
Гьаб гӀумру лъугӀун гьечӀо,
ЛъугӀиларо гьаб рокьи –
Алута Континуа!

Гьаб цебе лъолеб гали,
Цадахъ чорхолъ бугеб цӀа,
Дица угьулеб хӀухьел –
Алута Континуа!

* * *

Ва, некӀсияв нухлулав,
Васко да Гама, дуца
Гьаб ракь рагьун батичӀо
Рокьи, ритӀухълъиялъе.

Гьаниб карачелазда,
Кинабго гъветӀ-рохьалда
ХӀанчӀил, чанил, чиясул
Чанги бидул лъалкӀ буго.

Дунни, гьанив ракьазе
Рокьи кьезе вачӀуна, –
Дир гьечӀо кочӀол гуреб
Кибниги батӀияб лъалкӀ.

ХӀанчиеги, чанийги,
Чиясеги бицунеб
ГьечӀо цо гӀищкъул гуреб
Дир гӀумруялъул хабар.

* * *

Дида рагӀана, дунял
Гьанже бугеб гӀадинаб,
ГӀемер миллион соназ
Цебехунги букӀанин.

Гьеб ццидаца цо нухалъ
Гуро биххараб, хвараб.
Гьеб хабар хӀакъ гьабула
НекӀсиял памятниказ.

Дида рагӀана, дунял

Чанго нухалъ чIунтараб,
ЧIаго гьабулеб бугин
ГьанжелъагIан рокьуца.

Гьаб хабар хIакъ гьабула
ХIасраталъун лъималаз.
ЧIухIула, гьезул цоял
Гьаб ракьалда нилъ рукIун.

* * *

Чанги дагIба букIана
ГIалимзабазда гьоркьоб:
ГIумру бугищ рикIкIада
Гвангъараб доб моцIрода?

Дунни божун вукIана
ГIащикъазул кучIдузда,
ГIумру гьечIеб гьайбатлъи
Гьеб букIине рес гьечIин.

МоцIродаса ясазе
Васаца тIегь бетIилин,
Доба гьабураб чагъир
Гьекъелин рокьи ккараз.

Амма гьанже хIакълъана,
Цодагьаб ракI бакъвана.
Бакъанги кечIги гьечIеб
Канлъи доб букIин лъайгун.

Поэтаздаса гьанже
ГIалимзаби бергьана.
Добаса ганчIал росун,
Вуссана ракьалъул чи.

... Огь, МахIмуд, МахIмуд, МахIмуд,
МоцIрода гIумру гьечIо, –
МоцIан щайзе абураб
Йокьулелъул гьурмада?!

* * *

Дун вахун вугелдаса
Жеги вахине кколеб

Борхатаб буго мегIер,
Рорхатал руго накIкIал.

Вахинадай дун гьенив,
Вортиладай кIкIалахъе?

Дица бакаралдаса
Каранлъ жаниб бугеб цIа
Жеги бухIараб буго,
Жеги гвангъараб буго.

Гвангъиладай дуе гьеб,
Гурони свинадай гьеб?

Дир рекIелъ бугелдаса
Дица дуе ахIараб
Дагьабги, мукъсанабги
Буго нусго нухалда.

КIвеладай гьеб ахIизе
Яги гьаракь къинадай?

ТIасан балагьун тоге
Дир рокьул гъамасалъухъ.
Гъварилъуде балагье, –
Бугеб щинаб хазина!

Дуда гьеб батиладай,
БитIун къимат лъаладай?

* * *

Рокьи ккаразда гьоркьор
Ццидал гIорал рукIуна,
Амма гIищкъуялъ рарал
Рорхатал кьоял руго.

Нилъ рикьизе гьарунги,
Гьалагаб гIор чвахана;
Гьаб рагIалде дун рехун,
Доб рагIалде мун рехун.

Йокьулей, рачIа цадахъ,
Цоцахъе квералги кьун,
Цогиялги рилълъине

Холареб кьо гьабизе.

РачIа кьоял гьаризе,
РачIа кьоял гьаризе.

Рокьи ккаразул нухал
Чанги иххаз риххана,
Амма хадуб гIелалъе
Гьел гIищкъуялъ къачIана.

Нилъер нухдеги чанги
Чабах баччизе ккана;
Гьаб ахаде дун рехун,
Доб борхалъуда мун тун.

Йокьулей, рачIа, цадахъ.
Цоцахъе ракIалги кьун,
Цогиялги бахилаб
Берцинаб нух гьабизе.

РачIа нухал гьаризе,
РачIа нухал гьаризе.

ЧанцIул иццгIащикъазул
Бакъвараб, къеч хьвачIого.
Чан хIасратаб цIа свараб
ЦIад-гороялъ, гьуриялъ!

Йокьулей, рачIа цадахъ,
Цоцазе гIумруги кьун,
ГIищкъул цIаял ракизе,
Рокьул иццал рагьизе.

РачIа цIаял ракизе,
РачIа иццал рагьизе.

* * *

Дун Индиялде щвана,
«Щиб рагIараб?» – гьикъана.
Щибго дида рагIичIо
Мун цадахъ йилълъинегIан.

Америкалде щвана,
«Щиб бихьараб?» – гьикъана.

Щибго дида бихьичIо
Мун цадахъ йилълъинегIан.

Африкаялде щвана:
– Щиб бичIчIараб, щиб лъараб?
– Щибго лъачIо, бичIчIичIо...
Рилълъа кIиялго цадахъ.

Мун хьолбохъ гьечIеб мехалъ,
Гьаб дунял рагIуларо,
РагIараб бихьуларо,
Бихьараб бичIчIуларо.

* * *

Кавказалъул мугIрузда
Машинаби рихьана,
ГьетIарал нухаздасан
Рехун кIкIалахъ щущарал.

КIичIарал сухъмахъалъан
Унел дир гIищкъул кучIдул,
Ккеладай авария,
Щвеладай мурадалде?

Нью-Йоркалъул къватIахъ
ЧIварал хIанчIи рихьана,
Рорхатал гьундулъ речIчIун,
Гьениса гIодой ртун.

Ццидал рорхатал гьундул...
Гьезда речIчIун, ракьалда
Гьаб нилъер рокьиялда
Бихьиладай къварилъи ?!

* * *

Дир рукIана рохелал,
Цоги дуда лъаларел;
Цинги мун данде чIвана, –
Киналго гьитIинлъана,
Киналго гIисинлъана,
Киналго гIоралъ ана.

Дир букIана къварилъи,

Цебе дуда рагIичIеб;
Цинги мун лъараб мехалъ,
Рахъ-рахъалъ тIурун ана, –
ТIаде кIудияв щвейгун,
ГIисинал лъимал гIадин.

Дир рукIана саринал,
Мун щвелалде ахIарал;
Мун лъарайго киналго
РукIанщинал кIочана, –
Зодихъ къункъра бихьигун,
Къудкул гIадин хутIана.

* * *

Цо-цояца абула
Рокьи бецаб жо бугин, –
Жалго бецал ратила,
Бицунайищ гьел ругел?

Рокьул гIадинал берал
Цониги хIанчIил гьечIо,
Гьезда гIадин хIайранго
Гьаб дунял бихьуларо.

Цо-цояца абула,
Рокьи гIинкъаб жо бугин, –
Жалго гIинкъал ратила
ГIадалал «философал».

Рокьул гIадинал гIундул
Цониги чанил гьечIо,
Гьезда гIадин панаго
Гьаракь, кечI рагIуларо.

Цо-цояца абула,
Рокьи гIантаб жо бугин, –
Жалго гIантал ратила
ГIищкъу лъачIел ахIмакъал.

РокьулгIан гIащикъаб ракI
БукIинчIо, букIинаро,
РекIаралги лъелавги
ГIищкъу лъачIони гьечIо.

* * *

Дун вачIуна, киналго
Дур гьудулзаби уна;
Дица гьабураб квешлъи
Щиб гъозие букIараб?

Щибалъ гIилла батула,
Жал гIедегIун ругилан.
Цоялъул рос вуссанин,
Цоялъул вас хутIанин.
Гьаб гIумру

Мун ячIуна, киналго
Дир гьудулзаби уна;
ГьадигIан цIакъ дудаса
Щибизе гьал хIинкъулел?

Щибас гIилла батула,
Жал гIедегIун ругилан;
Хехго рахъине кколин,
Нахъа жеги кIалъалин.
Гьаб гIумру!

* * *

– Дун виччай, рекъон гьечIо,
Дур гьудул тIойитIизе,
Гьелда пальто ретIине,
Лифт гьелъие рагьизе;

Цинги къватIиве вахъун,
Гьелъий такси батизе.
Гьобол рикIкIада йиго,
Жийго кин гъой йиччалей?

Дуца жаваб гьабуна.
Нилъ цадахъ рилълъинилан,
Цо чашка гьаб чаялъул
ГьекъезегIан чIайилан...

... Унел руго лъабалго
Цадахъ машинаялда,
Цоцазда кIалъачIого, –
... Велъулев лъида шофер?

* * *

– Бищунго гурхIилеб щиб?
– БахIарлъи, рокьи гьечIеб.
КIиябго квер къотIи лъикI,
Гьеб къварилъи лъазегIан.

– Жегиги гурхIилеб щиб?
– БахIарлъи гьечIеб рокьи.
КIиябго бер бахъи лъикI,
Гьеб балагь дандчIвазегIан.

– Бищун жахIда ккелев щив?
– ГьитIинго рокьи ккарав,
Гьелдасаги цIикIкIун жив,
Гьеб цIа свине биччачIев.

Дидаго гурхIиларо,
БахIарлъи буго рокьул, –
Гьал бералги кверавалги
Камизе гIилла гьечIо.

ЖахIда ккезе чи гьечIо, –
Дир дилъго жахIда ккелищ?
Жакъа каранлъ бугеб цIа
ЦIакъ гьитIинго пархана.

* * *

Цебе рокьи – гьукъараб,
Бикъун дагь-дагь босараб,
Къаси гордухъан щвараб,
Пардавалъулъ бахчараб.

Гьелъул, тIохазде вахун,
Бухун щиб, хъван щиб тIамур,
ТIолго Дагъистаналъе
Бицана МахIмудица.

Гьанже нуцIби рагьараб,
Магьариго лъолареб
Рокьи гьал шигIрабазулъ
Щай пардавалъулъ бугеб?

Щий йокьулей дуй, Муса?
Дуй, ГІабасил МахІамад? –
Ясал гІемерлъун руго,
Марьям йихьулей гьечІо.

* * *

Доба Цейлоналдайищ
Я цоги бакІалдайищ,
Берцинлъидухъ босулеб
Хасаб налог рагІула.

МагІарулай, гьединаб
Гьаниб букІарабани,
Финагентаз кигІандай
Каваби рухилаан?!

Доба Япониялълъищ
Яги Кубаялдайищ,
Камиллъиялъухъ щолел
Шапакъатал рукІуна.

РекІел гьудул, гьединаб
Кавказалда букІани,
КигІандай гІолилазул
РахІат хвезе букІараб?!

* * *

Дуца дида гьикъуге
ГІумруялъул дир мурад,
Дида гьаб бугин абун,
Гьеб бицине лъаларо.

Дун солдат гуро дуе,
Генераллъи бокьарав, –
Рокьиялъ дун вачунеб
Космос дида лъаларо.

Лъала гьеб кинаб бугеб,
Буго цІакъго гьайбатаб.
Панаяб гІищкъуги ккун,
Квешаб мурад букІинищ?

Дуца дида гьикъуге

Мурадалде унеб нух.
Гьелда киве дун щолев
Щибго дида лъаларо.

Дун академик гуро,
ЦIиял ракьал рагьулев, –
Рокьул картаги босун,
Сапарахъ валагьичIо.

Лъала, гьаб бихх-биххараб,
ХIинкъараб букIаниги,
ХIасраталде лъураб нух
Дица хисизе гьечIо.

* * *

РагIун букIана дида,
Радал къватIив вахъингун,
КъотIной, лъел гIеретIги цIун,
ЧIужугIадан дандчIвани,

Дуе къоги лъикIлъулин,
Дуе нухги битIулин,
Хасалил хIинкъи гьечIин,
Гьуразул зарал гьечIин.

Лъаларо гIеретIгунищ
Дир гIумрудул рогьалилъ
Дида мун данде чIварай? –
Дида гьеб нух батана.

ГьетIарал рукIаниги,
Дида гьел нухал лъачIо,
Пероналда сверулей
Дур сурат цебетIамун.

* * *

Гьунар дагьал шагIирал
Философал лъугьуна;
Гьезул батIи-батIиял
Кандидатал лъугьуна.

ЛъугьинчIел гIащикъзаби
Ракълилгун гьудуллъидал

Гьегьал комитетазул
Членаллъун лъугьуна.

Амма рокьи гьечIого
Гьабураб рекъел дие
Дуниялалъул рокъоб
ЦIан камураб квен буго.

КечIалъул бакъан гьечIеб
Философия дие,
Гьекъейгун, макьу речIчIун,
Кьижулеб чагъир буго.

* * *

РикIкIада сапаразда
Сардилъ кьижараб мехалъ,
Макьилъ мун йихьичIого,
Цойидасан ворчIани,
Гьелъ цодагьалъ хIинкъунищ,
Яги хIикмат гьавунищ,
Дун, гьал бералги кIвекIун,
КIиабизе кьижула.

Цосина гьеб мехальги
Макьилъ мун йихьичIони,
Дун кьижунцин вукIинчIин,
РакIалде ккола дида.
Нолъ дун инев вукIарав
БетIерги ккун, ургъула;
БатIиязда гьикъигун,
Гьелги балагьун чIола.

* * *

Тегераналъул базар...
Дица хина босана
Расазул доб букIараб
Гъалазул кьер хисизе.

Дуе хина, щибизе? –
Херлъулареб цо дару
Дида лъала, дир гьудул,
Гьелда цIар буго рокьи.

Диеги докторазул
Рецептал цIикIкIун руго,
ЩIороберал санайил
Хисизе кколел руго.

Цо гуреб дару гьечIо
ГIолохъанлъи цIунулеб! –
ЩIороберал рачIого,
Ралагье рокьул бераз.

КIудияв кавказияв,
Дир гьобол Гулиаца
Хъвана абхазиязе
Азбука гIолохъанго.

Цинги гIемерал соназ
Гьес жиндирго гьитIинаб
ВатIаналъул хIакъалъулъ
Хъвана хIайранал тIахьал.

Бищунго ахиралда,
ГIумру лъугIулеб мехалъ,
АхIана гьас гIищкъул кечI
Жиндирго йокьулелде.

... Диени дир азбука
Даим тIолго гIумруялъ
ГIищкъу букIина цохIо, –
Цогияб букIинаро.

* * *

Больницаялде щвейгун
Щибас бицунеб хабар
ЦохIо унтул букIуна,
Огь, гьезул цо чIамучIлъи!

Дицани, гIузрабаца
КигIан гIазаб кьуниги,
ЦохIо гIищкъул бицуна,
ГьебгIан гIагараб гьечIо.

ГьутIбузул ахалъуда
Хасалил гIазу хъвачIел,
Жеги гIурччин хутIарал

Хурдул рихьула дида.

Гьез асар гьабулеб куц!
Гьел хурдузда релълъуна
Дир хиялал дур рахъалъ
Гьаниб больницаялда.

* * *

Бицуна гьал гIадамаз:
Гьанже холел чагIазе,
Хисун, гIолохъанаб ракI
Лъолеб бугин хирургаз.

Дуца дир каранлъ лъуна
ЦIакъ гьитIинго цоги ракI, –
Цебе лъил букIараб гьаб,
Гьадинан гIищкъул цIураб?

Цогиял ракIал лъурал,
ГIемер мехалъ хутIичIо.
Дунни хвечIого вуго, –
Огь, мунго кинай хирург!

Хваниги, черхгун ракьа –
Ракьулъ лъезе гьечIо ракI...
Рокьи ккаразул каранлъ
ЦIумурлъун кIетIей абе!

* * *

Дир рокьул дандерижи,
Мун бугеб гIажаибаб!
Дица цояб абула,
Дуца цоги абула.

Дун – рокьи, гьавайилан,
Мун – гьудул, дунялилан.
Дун – йокьулин абулев,
Мун – божулин кIалъалеб.

Дун вуго гIищкъуйилан,
Мун буго гIумруйилан;
Дун канлъийин, мун бакъин,
Дун цIайилан, мун цIвайин.

Унтунилан дун вуго,
Даруйилан мун буго.
Дир талихI-рохелан дун,
Дир чIухIи-хIикматин мун.

Дица лазат абула,
Дуца кепан абула.
Дун – кечIин, саринилан,
Мун – свери-бакъанилан.

Лебаллъиян дун вуго,
РитIухълъиян мун буго.
БатIиял гьаркьал руго,
Рокьул дандерижи, дур.

БатIиял гьечIин абун,
Дандерижи кIалъала:

БатIа-батIа абулеб
ЦохIого рагIи бугин;
Рукъалъул цололъ лъолел
ЦохIого ганчIал ругин,
Цого ралъдалъ гьелчолел
Карачелаби ругин.

* * *

Дун балагьун чIун вуго
Мун балагьулел щобахъ.
Огь, берцинал руго дол!
Огь, берцинал руго дол!

Дун гIенеккун чIун вуго
Мун гIенеккулел бакъназъ.
ГIажаибал руго гьал!
ГIажаибал руго гьал!

Дица кодор ккун руго
Дур кагъталги лъималги.
Огь, камилал руго гьал!
Огь, камилал руго гьал!

Дица ахIулел руго
Дуца ахIарал кучIдул.

Кирго гьечIо гьел гIадал!
Кирго гьечIо гьел гIадал!

* * *

«ЧIужугIадан» – гьаб рагIи
Цо рагIаниги гIола –
ГIадан чоде вахине,
МугIрул рахун вуссине.

«ЧIужугIадан» – цо нухалъ
Гьай йихьаниги гIола –
Гьаб гIумру хиралъизе,
ХвезегIан гьей йокьизе.

ЧIужугIадан, мун рагIун,
Дун космосалда вуго,
Кинабго дунял сверун,
Духъе воржунев вуго.

ЧIужугIадан, мун йихьун,
Дие гIалам цIилъана,
ЦIадул, гьорол, пиридал
Щибниги хIинкъи гьечIо.

* * *

БукIуна цо-цо дагIба
Дирги гьинал рекIелги,
Цо-цо гьогьен ккарабго
Нилъ кIияздаго гьоркьоб.

Дир хIисабаз бицуна
Дирго бугеб цциналъул.
РакI жанисан пархола:
«ГьечIин, гьечIин, гьечIин гьеб».

Дир хиялаз абула
Инин гьанже дудаса.
Гьинал ракIалъ абула:
«Мун рикIкIаде щвеларин.»

Дица цаби рукъула,
Мекъи йигин мунилан.
РакIалъ бакъан бачуна:

«Вай, далалай, далалай.»

Дица кверал дандкъала,
ТIолго кучIдул рихъилин,
Каранда жаниб ракIалъ
Жеги цIиял рехсола.

Дица кьунрул рукIкIуна,
ТIокIай мун йокьиларин, –
РакIалъ тIамур бачуна:
«ТIадеги цIакъ йокьилин.»

БукIуна гьедин дагIба
Дирго гьинал рекIелги, –
Щибаб нухалъ дун къолеб
Къваридаб далай, далай...
Къуватаб жо буго ракI!

* * *

Мунги дунги – кIиго чIва
ЦохIого тIамуралъул;
Гьезул цояб тIунани,
ТIармил бакъан къотIула.

Мунги дунги кIиялго –
КIиго бер цо гьокодал;
Гьезул цояб бекани,
Гьоко цебе унаро.

Мунги дунги – кIиго гIоркь
Гьаб гIумрудул гьецIалъул;
Гьезул цояб гьечIони,
Цоялъ магI бахъуларо.

Мунги дунги кIиялго
КIудияб рокьуй гIурал.
Мун гьечIони, гьечIо дун,
Гьури вуго цого цо.

* * *

Дир гIищкъул гьоко ана
Гьалагал нухаздасан,
Ахада гIор хъудулел

ГӀасиял кьурабахъан.

Гьаб дир бетӀер сверулел
Свералаби рукӀана,
Амма дир ракӀ сорочӀо,
Дица сапар хисичӀо.

Рокьул самолет ана,
Сверухъ накӀкӀ букӀаниги,
Кьерхараб гьава бугин,
Гьелъул дий бицаниги.

Дир рокьул аэродром
Кьурул рагӀал букӀана,
Амма цо кьер босичӀо,
Дица маршрут хисичӀо.

* * *

Вас гьавунин рагӀигун,
Росулъ туманкӀ кьвагьула:
Кьураби гӀенеккейин,
Цоги бихьинчи щванин.

Яс гьаюнин абигун,
Босун жергъен кьабула:
Байдаби, гӀолей йигин
Гъал кьуризе кьерилай.

Гьелъул магӀна бицинищ? –
МагӀарул божи буго.
Гьеб божи чӀван хадуса
ЧӀегӀерлъаги нилъер къо!

Васги ясги данделъун
Берталъ цадахъ кьурдигун,
Кьвагьдола зодой, гӀодой,
Зурма пун, чӀвала къали.

Гьелъул магӀна бицинищ? –
МагӀарул гӀищкъу буго.
Гьеб гӀищкъу чӀван хадуса
ЧӀунтаги нилъер дунял!

* * *

Абула, рокьул кини
Кидаго ракI бугилан;
Щайха дир ботIронибги
БатIияб пикру гьечIеб?

РагIана гIищкъуялъул
Гъансито каранлъ бугин;
Щайха дир кинабго черх
Чапун гьалдолеб бугеб?

Щай бугеб рокьул бухIи
Щибаб ракьа-гьанада?
Щай гьелъул кунчIи бугеб
Бераздагин гьурмада?

Щай кIутIбузги мацIальги
Гьелъ малълъараб щурулеб?
Щай бохдузги кверазги
Гьелъ абураб гьабулеб?

Балеб буго гIищкъул цIад
ГъотIол щибаб тIанхиде.
ГьечIо дир рокьул цIаялъ
Гьоркьоб тараб цо лага.

* * *

Бицинищ, бищун квешал
Карьеристал ракьалда? –
Рокьи гьечIеб мехалда
Рокьул роль хIалел руго.

Гьел артистал гIемерал
ДанчIванин гIумруялда,
Кагътил къотIун гьарурал
ТIугьдузул махI сунтIулел.

НекIого цIа сваниги,
Гъасда кверал хинлъулел.
Щибго кеп гьечIониги,
Щавкъалда кечI ахIулел.

Коньякилан чаялъул
Чашка гьекъон мехтулел.

Рукъалъул кIул щвезегIан,
КIалтIа, гордухь угьдулел…

Гьез гуккарал рихьана
Хадуб керен бухулел.
... Дие коньяк тIе рокьул,
ТIину гьале, мокърукь бакI.

* * *

Йокьулей, мугъ рехуге!
Мугъ гьурмадаса лъикIин,
Дуда ракIалде ккани, –
Мун гьелъулъ мекъи йиго.

Баккулеб бакъалъухъги,
ТIерхьунеб бакъалъухъги,
ТIохил рагIалде яхун,
БалагьичIищ жеги мун?

Йокьулей, нахъе унге! –
Цадахъ лъикI рикIкIадаса.
Гьеб лъачIони, лъа дуда:
Мун гьелъулъ мекъи йиго.

РатIалъулел лъарахъги
Цоцалъ журалезухъги
Цо борхатаб кьурдасан
БалагьичIищ жеги мун?

Йокьулей, кьенсер-нодо
БукIкIунге, иту тIаме! –
Цциналдаса рокьи лъикI,
Гьеб лъачIей мекъи йиго.

БацIцIадаб цIорол матIу –
Дурго гьурмахъ балагье,
ЩIер кьватIараб, гъурараб..
Цинги гъолъухъ балагье.

* * *

Буго апатит абун
Хасаб, батIияб гамачI,
БатIиял цайги-цойги

ГанчIада цIакъ релълъараб.

Гьеб ганчIил бусен гьечIо
МугIрузда тун, кибниги.
Гьелъул кунчIи босарал
РукIуна ахадаги.

Дир апатит мун йиго,
МугIрузда данде чIварай;
Цогиял гьал гьайбатал
Дуда релълъарал руго.

Гьеб дур кунчIи босарал
Гъозухъ дун балагьула.
Гьол мун гуро, мун гуро,
Гьол копияби руго.

Гьединал данде чIвана
Дунялалъул музеяхъ,
Джокондахъ хал гьабун
Гьарурал суратазулъ.

* * *

Дида кьижизе кIвечIо, –
КIочон тарал суратал
ЦеретIамула дида
Цоялда хадур цоял.

Дида кьижизе кIвечIо, –
КIочон тарал гьумерал
Гьимула, зигардула
Цоялда хадур цоял.

Дида кьижизе кIвечIо, –
КIочон тарал саринал
Дир кIутIбуца щурула
Щибаб рагIи-рагIи ккун.

Балагьун рачIуна гьел,
Дир кечIги йокьулейги, –
Макьу нижеца дуе
Кидаго тезе гьечIин.

* * *

Абула, мегIералде
МегIер кколарин абун, –
Нилъее гьел цолъула
Нилъ цадахъ ругеб мехалъ.

Абула, чвахулеб гIор
Араб нахъ буссунарин, –
Руссана тIолго гIорал
Нилъ гIагарлъараб мехалъ.

Абула, арал сонал
ТIокIал такрарлъуларин, –
Дие гьел такрарлъана
Дир талихI дандчIварабго.

Абула, кIицIул гIакIа
Цо гIинкъазе ахIулин, –
Дица дир гIищкъул сарин
НусцIул ахIулеб буго.

* * *

Гьал мугIрузе щиб ургъел,
Дунги гъовги гьечIони?
Амма мун гьечIеб мегIер
Гьадингояб гохI буго.

Дол ралъадал тIурала,
Дунги гьавги гьечIони;
Амма мун гьечIеб  ралъад
Гьадингояб хIор буго.

Гьадал зобазе щайзе
Дунги гьал цогиялги?
Амма мун гьечIонани,
Гьениб цIва кунчIиларо.

Гьал веказе, кучIдузе
Дунги батIиялги щай?
Амма мун рехсечIеб кечI
Мех чIвалеб чIанда буго.

* * *

Абула кочIохъабаз
Рокьул кор кочIолъ бугин,
Щайха дир харбазулъги
Цогияб хиял гьечIеб?

Абула гIадамаца
ГIищкъуялъул ригь бугин:
Рогьелги, къаси мехги,
Ихги, гIаздал хаселги.

Амма рокьул цIа свараб
Сордо дихъе бачIинчIо.
Амма гIищкъу херлъараб
Хасел дица бихьичIо.

КинабгIаги бокьула,
Бокьулареб бакI гьечIо.
Кинабго – гIажаибаб,
ГIайиб чIвазе тIанкI гьечIо.

Рокьи, мун берал берцин,
Рокьи, мун гьумер берцин,
Рокьи, мун гьаракь берцин,
ГьечIо, гьечIо мун гIадаб.

Йокьулелъул каралъул
ЦохIо расцин кьеларо
Цогиязул гъалазухъ,
Кинан гьел кьураниги.

Йокьулелъул цо рагIи,
ЦохIо расцин кьеларо
Цогиялъул кучIдузухъ,
Кинан гьел ахIаниги.

Рокьи, мун кьури берцин,
Рокьи, мун свери берцин,
Лага берцин, черх берцин, –
Бицун бажаруларо.

Йокьулелъул цаби лъикI
Цогидал кIутIбуздаса.
Гьелъул хIетI хисиларо
Нусго балериналъухъ.

Гъуждул, габур, лага-черх...
Бокьулареб бакI гьечIо.
Гьайбатлъи, гIажаиблъи...
ГIайиб чIвазе тIанкI гьечIо.

* * *

Рокьул планал гьечIо,
Гьеб кунчIараб цIа буго;
Гьединаб жо гIумруялъ
Жеги дида бихьичIо.

Рокьул бюджетал гьечIо,
Гьеб гвангъараб цIва буго;
Гьединаб цIва забазда
Дир беразе кунчIичIо.

Рокьуй судиял гьечIо,
Жибго – судалъул намус;
Нилъер дагIба-къецалъе
Гьелъ къотIула хIукмаби.

Гьеб – жибго прокурор
Киналго гIайибазе.
Гьеб – жибго адвокатги
Киналго такъсиразе.

Рокьуй гIиллаби гьечIо,
Гьарун, ахIун щоларо,
ГьикъичIого бачIуна,
Бадибе магIу гIадин.

Рокьул мурадал гьечIо,
Гьелда расчет лъаларо;
Нилъеца цо ургъула, –
Гьелъ цогияб гьабула.

* * *

Дур бицунеб рагIигун,
Дагьаб хIисаб гьабуна.
Гьел хIисабал хисана
Хасалихъе къасдаз, хьулаз.

Цинги мун йихьарайго,

Дихъе хиял бачIана.
Гьоркьоб мех араб мехалъ,
Гьеб ахада хутIана.

Хадуб мун дагьалъ лъайгун,
Дихъе рокьи бачIана.
Огь, бараб щинаб гIазу!
ГIищкъу даим хутIана.

* * *

Вай берцинай, берцинай,
Ццидахунге, гьарула,
Цабзаздаса гьел кIутIби
ГIагарда гьарун ругин.

Гьаб дагIбаги чIухIиги
ЦIакъ чIалгIунел жал ругин,
ЧIвала пикру, гьайбатлъи
Гьел чIегIерал гулбуца.

Вай берцинай, берцинай,
Ццидахунге, гьарула,
Дуда гьими рекъола,
Гьурмал рукIкIабаздаса.

Гьаваялдацин накIкIахъ
Къварид балагьула чи, –
Щай нилъер рокъоб бугеб
Бакъ жулица лъухьилеб?

Вай берцинай, берцинай,
Ццидахунге, гьарула,
Гьелъ дие кьолеб гIазаб,
Гьеб дица бицинаро.

Дие бокьулареб жо –
Дур рокьуда лъураб тIанкI.
Дир берцинай, берцинай,
Ццидахунге, гьарула.

* * *

Гьал митингазул рокьи,
Телефоназул къочи,

Почалдасан рачIунел
Кагътазулъ бугеб хIасрат...

Киб бугеб гьаб, киб бугеб?
Цо-цоккун дандчIварабго,
Цогиязе гьебги тун,
Гьудул, рилълъа кIиялго.

Сон дуде кечI цIалана,
Киназго хъат кьабана.
Диде гьимарал щинал
Гьумеразул берцинлъи!

Гьанже гьол кире арал?
Чвахун унеб буго гIор,
ГIадан-чи гьечIо аскIов, –
Гьудул, ячIа дихъе мун.

Яги букIараб щинаб
Гьаб макьилъищ букIараб?
Яги макьида дунго
ГьабсагIаталъищ вугев?

БачIун буго дихъе кечI,
ЩIакъ пашманаб, гьайбатаб.
Гьабги гьеб метерисеб
Митингалъейищ бугеб?

Чвахун унеб буго гIор,
Гьелчола карачелал.
Гьудул, дун цохIо вуго, –
Цо квер босизе ячIа.

* * *

Москва – гьитIинаб росу,
Мун гьений гьечIеб мехалъ.
Росу – Москвагин Париж,
Мун гьении йигеб мехалъ.

Василий Блаженый,
Триумфалъул арка
Нилъер мугIруздаз руго,
Мун гьений йигеб мехалъ.

Океанлъун гьелчола
Чундузул берал – хIорал;
Волга буго росдал лъар,
Росулъ мун йигеб мехалъ.

Гучал аэродрамал
ХIанчIил бусаби руго
ХIайранал дол кьурабахъ,
Мун гьений йигеб мехалъ.

Гьаб дир гьаракь къотIула,
Мун аскIой гьечIеб мехалъ.
Дун – Пушкинги МахIмудги,
Мун аскIой йигеб мехалъ.

Дир ракI хIинкъун букIуна,
Мун рикIкIад йигеб мехалъ.
ГъалбацIги циги чIвала,
Мун цадахъ йигеб мехалъ.

* * *

Абула, их бачIунин
ХIанчIил гозодахъ сумалъ;
Диени горду рагьун,
Мун ялагьун, бачIана.

Берциналгун гьайбатал
Гьал руччаби кидаго!

Абула, рии щолин,
Зоб роцIигун цIцIел берлъун;
Дир рии карачелалъ
Дуца балеб квачI буго.

Берциналгин пахруял
Гьал руччаби кидаго!

Нахъ руссунел къункъраби,
Бащадаб лъилъараб хур,
Хаслихълъиялъул тIанхал,
Дур гъуждузде ротарал...

Берциналгун гьайбатал
Гьал руччаби кидаго!

КъватIиб кисанго гIазу,
Мун юссуна рокъое;
Дуца пальто кIутIула,
Гъурмалъ бугеб багIарлъи!

Берциналгун пахруял
Гъал руччаби кидаго!

Радалги мун къиматай,
Къадеги мун гвангъарай,
Къасиги бецIлъуларей,
Сардилъги гIажаибай...

Берциналгун гъайбатал
Гъал руччаби кидаго!

* * *

Большой театралда
Къаси опера буго;
АхIулеб буго сарин,
Холей йиго дир Кармен.

Киналго сценазда,
Пардав къалелде цебе,
Къанщулел руго берал
Ромеолгин Джульеттал.

Руго театралда
Лейлайги Мажнуналги,
Туртида лъун раччулел,
Цого хабалъ рукъулел.

Йиго, рокьул хIакъалъулъ
Бакъан тIамулел кIутIби
Кварица рукъун, Марин
ГIакъубаялъ зурулей...

Рагьулел, къалел руго
Къисабазул пардавал.
Гьудул, театр гуро,
Рокьи гьаб гIумру буго.

Рокьул режиссер гьечIо,

Гьелъул автор – цо аллагь,
Артисталгин суфлерал,
Сурат, гIаламат буго.

Театразул пардавал
Сордойил къайин абе,
Свине гьечIо векаца
Бакараб гIищкъул чирахъ.

Бокьани кIутIби рукъе,
Бокьанани къаникь лъе,
КъотIиларо панаяб
Гьаб рокьул кечI кидаго!

* * *

РагIал батулареб гIор,
ГIорхъаби гьечIеб улка,
Мун лъана гIемеразда,
Лъиданиги бичIчIичIо.

Рокьи, дида кколаан,
ГIицIго рокьи гурони,
Ракьанда мун мутIигIаб
Къуват гьечIилан абун.

Щайха дида бихьулеб,
Гьайбаталъийлан абун,
СихIираб гьересигун
Гьим-гьидилеб мун цо-цо?

Щайха дида бихьулеб
Ццидалав къарумасда,
Мун къварид гьабунагIан,
Къвал базе бортулеб мун?

Щай дуца, гIакъил абун,
ГIабдал каранде къалев?
ХIинкъараб къаркъаладуй
Къаси бусен тIамулеб?

Рокьуца жаваб кьуна:
Жиб цо-цо бецаб бугин,
Дирго цIоробераца
Цо-цо гуккун батулин...

Дие берал рагьараб
КъваригIун буго рокьи, –
Ракьалда дун гордухъан
Гуро валагьун вугев.

* * *

Чанги рохелал руго,
Чанги талихIал руго,
Рокьул талихI гIадинаб
ТалихI дида лъаларо.

Чанги къварилъи буго,
Чанги гIакъуба буго,
ГIищкъул гIакъуба гIадаб
Къварилъи данде чIвачIо.

Чанги такъсирал руго,
Чанги такъсирал руго,
Рокьулъ гьереси гIадаб
Такъсир дида лъаларо.

Чанги тамихIал руго,
Чанги тамихIал руго,
Рокьуца рехунтейгIан
ТамихI дида лъаларо.

Чанги инжилъи буго,
Чанги ягъзинлъи буго,
Рокьулъ  хIинкъи гIадинаб
ХIалихьалъи лъаларо.

Чанги квешлъаби руго,
Чанги квешлъаби руго,
Рокьи хисараб ццингIан
Цойги квешлъи лъаларо.

* * *

– Щай гIадамал рагъулел?
– Рокьуда гьикъичIого.
– Щай кьалул цIаял ругел?
– Рокьуда цIехечIого.

– Щайзе туснахъал ругел?
Щайзе такъсирал ругел?
Щайзе тамихIал ругел?
– Рокьуда цIехечIого.

– Щайзе Кипр бикьун бугеб?
– Рокьуй мутIигIлъичIого.
– Щай ццин, гьереси бугеб?
– Гьебго рокьи гьечIого.

– Щай Атлантида хвараб,
Ралъдал тIиналде араб?
Араб гьеб батулареб?
– Рокьи къваригIун буго.

– Щибизе гьал гIадамал
Гьаб гIаламалда холел?
– Цоял рокьи гIечIого,
Цоял рокьи гьечIого.

– Щай бакъ бугеб, къо бугеб,
Рекъел, их, гIумру бугеб?
– Рокьулгун гIакълу данд бан,
Гьелда гьикъун, гьелъ гвангъун...

Гьудул, рокьуда гьикъун,
Гьабилин дунял, гIумру.

* * *

– Гьаб гьури щиб, гIазу щиб?
– Гьезда нилъ рихьичIого.
Мунги дунги.

– Гьаб ракь бакъвараб щайзе?
– Гьелда нилъ ричIчIичIого.
Мунги дунги.

– Гьалда щай, гIодой къулун,
Къваридго ругел чагIи?
– Мунги дунги гьечIого.

– Щай колониял ругел,
Расистал, диссидентал?
– Мунги дунги гьечIого.

– Палестина, Израил...
Унго, гьаб дагIба кинаб?
– Мунги дунги гьечIого.

– Китаялъул аби щиб?
Албаналул кьвари щиб?
– Мунги дунги гьечIого.

– Щай Освенцим лъугьараб,
Хиросима бухIараб?
– Хирияй, нилъ рукIинчIо.

– Щай руччаби угьдулел,
Бихьиназ квер хIанчIулеб?
Щай эбел зигардулей,
Лъимадухъги балагьун?
– Мунги дунги гьечIого.

– Гвангъараб моцIрода щай
Щибниги гIумру гьечIеб?
– ГIащикъал нилъ кIиязго
Доба сордо бачIого.

ЦIакъ рокьи гIолеб гьечIо
Гьаб нилъер гIаламалъе.
Мунгун дун гIолел гьечIо
Гьаб нилъер гIасруялъе.

* * *

Рокьул талихIги буго,
Рокьул гIазабги буго.
КIиябго хIехьоларез
ХIисаб гьабуге гьелъул.

ТалихI букIун хадуса,
ТIокIаб кIудияб гьечIо.
ГIазаб букIун хадуса,
ТIокIаб гIасияб гьечIо.

Дида лъана цо талихI,
ЦохIо дуда бер чIвайгун.
Цинги бихьана гIазаб,
Кин дуй гьелъул бицинеб.

Дица тохтиралдаса
Дирго унти бахчана.
Дару гьечIел дир ругънал
Ригъизе дагь хутIана.

Хадуб щиб жо гьабилеб? –
Угьдизе бегьуларо.
Рокьул гьоркьохъан витIун
Гьаб векалде бегьилищ?

Дица цинги бицана,
Цо их-рохел букIана.
Цингиги гIазу бана,
Дир гIазаб цIилъун ана.

Гьедин буго гIумруялъ
ГIазабгин талихI рокьул.
КIиябго хIехьоларес
ХIисаб гьабуге гьелъул.

Рокьул талихIги буго,
Рокьул гIазабги буго.
КIиго гьир баччун буго.
Гьезул кинаб захIматаб?.

* * *

Буго ракълил комитет
Гьаб халкъул гIаламалъул.
Дие рекъел гIоларо,
ГIищкъу буго дир бакъан.

Амма рокьул комитет
Ракьалда гIуцIун гьечIо.
ГIасрабазул гIащикъал...
Гьезул мажлисал гьечIо.

Гьедин букIарабани,
ВукIинаан дун даим
Дагъистаналъул рахъалъ
Бищун цебесеб къерда.

Буго континентазул
Кверазул зар гьабулеб.

Гьудуллъидул комитет, –
Дие гьеб дагьаб буго.

Дир гьалдолеб ракIалъе
ГIищкъул къваригIун буго,
ГIаламалъе кенчIолеб
Цо континент гьабизе.

Гьедин букIарабани,
ВукIинаан кидаго,
Кавказ, дур цIаралдасан
КунчIараб цIа гIадин дун.

* * *

Хирияй, хирияй, вай дир хирияй,
Дуе лъугьараб щиб, гIодой чIун бице?
Дур берцинлъи жакъа дуца лъий кьураб,
Берцинаб дур калам киб кIочон тараб?

Дун гъединав гьечIо, гьединав гуро,
Дир ритIухълъиялъул бетIер чIинтIуге.
Гьел жал гьерсал руго, гьел мацIал руго,
Дурго гIакълуялъул мукъулукъ ккоге.

КIочанищ нилъер их, кIочанищ рии? –
Рокьул гIидраялде гьеб гIазу баге.
ГIищкъул лъим гьекъараб гьайбатаб бокал
Бекуге, регъезе захIмат букIунин.

Хирияй, дун лъикIав, тIокIавин гуро,
ТIадаб налъи дуда гьечIо дун вокьи,
Амма гьари буго, гьаб дир рокьуда
Дур щаклъи ккогейин, щиб жо кканиги.

* * *

Дуца тIечIищ, лъаларищ
ЛъабгIин щиб жо гьеб кколеб?
Дица гьел гIемер тIуна,
Щибаб тIамах-тIамах ккун.

ТIоцебесеб – дир асар,
КIиабилеб – гьеб намус,

Лъабабилеб – хIисаб-къасд, –
Огь, магIарул гIураби!

Гьаб лъабабго гьечIони,
ГьечIо дунги дир кечIги.
РачIа лъарал рагIалда
ЛъабгIин тIезе цоцазе.

ТIоцебесеб – дир асар,
КIиабилаб – гьеб намус,
Лъабабилеб – дир пикру,
Огь, дир панаяб рокьи!

Дида гьанже бичIчIана,
ЛъарагIазул пандрида
Лъабго чIва гьечIонани.
Щай бакъан рекъолареб.

Дир гIумруялъул пайтон,
Гьелда бараб лъабго чу, –
Дир лъабго ригь, лъабго гьа.
Лъана, бихьана дунял.

ТIоцебесеб – гьеб асар,
КIиабилеб – гьеб намус,
Лъабабилеб – гIакълу-лъай,
Огь, дир гIумрудул лъабгIин

* * *

ТIаде хвел щвараб мехалъ,
Херлъарав магIарулас
Гьалда зар бихьун буго,
Балагье гьалъухъилан:

Гьал дир лугби росеян,
Гьал дир рукьби рухIеян,
Амма дир рокьи даим
Гьаб ракьалда хутIилин.

Рокьи цIакъ чIагояб жо,
ЧIван гьеб бажаруларо.
Гьеб лъолеб къорги гьечIо,
КъотIулеб нусги гьечIо.

Хабалъ тIупананиги,
ТIохазда кечI ахIула.
Нухда кьоял рухIани,
Кьурулъги харун уна.

Рокьи цIакъ бахIараб жо,
КигIан сонал раниги.
Азарго ругъун щвараб,
Рагъазулъ гьеб бергьараб.

Лъукъ-лъукъараб, унтараб
Гьеб цIидасан сахлъана.
ЦIадулъги кочIохъабаз
Йокьулилан щурана.

Рокьи цIакъ чIухIараб жо,
Гьеб чIинтIани, чIинтIула
Жалго гьал гIащикъаца,
ГIищкъул мустахIикъ гьечIел.

Амма дихъе хвел щвани,
Гьелъул хвенхада цебе,
Хал гьабе, гьалейилан,
Гьаб зар бихьила дица:

Гьал дир лугби росейин,
Гьал дир рукьби рухIейин,
Рокьул рохъо гьабизе
Духъан бажариларин.

* * *

Бакъараб Ленинград
Горсверуда сонаца
Рокьул цIаялъ хинлъана
Хвелалдаса цIунана.

Сталинградалде
ТIаде ралел бамбаби...
Йокьулелъ хъвараб кагъат
Каранда солдатасул:

Освенцималъул печал...
Гьений чIварай ясалъул
ЯсикIоялъул берал:

Рокьи, рокьи, рокьиян.

ЧIунтараб Хиросима,
ЧIарал сагIтал, замана...
ЧIаго бугин гIищкъуян,
Руго кагътил къункъраби.

РухIанщинал росаби,
Белоруссалъул рохьал...
Руго цIурмал званргъелел,
ЦIунун бугин рокьиян.

ЧIвазе къотIарав грек,
Гвоздика хъатикь ккун,
Судиязде гьимула
Пуланзаби нужилан.

Рагъдаса руссаралги
Рарал сонаца чIвала,
Амма чIваби тIолареб
ТIамур буго дир рокьи.

Заманалъул харицел,
Гьелъ киналго рецула.
Дир кодоб бугеб ярагъ –
Даим кьаву чIвалареб.

* * *

ГIащикъзаби, щибизе
ГIемерал гьедарулел,
Йокьулелъул кьунсрузукь
Кьелин Самаркандилан?

Рокьиялъ нужедаса
ГIемер жо гьаруларо;
ГьечIеб Самаркандги тун,
Бугеб канлъи, хинлъи кье!

Рокьи ккарал, щибизе
Нуж гIемерал гьардолел?
Гьадал зобаз, ккве маян,
Кинаб цIва нужей кьелеб?

ГIищкъуялъ нужедаса

Зобал цIехолел гьечIо.
ЦIва свине тоге гъасда,
ТалихI кье йокьулелъе!

Дун гьедичIо, Стамбул
Босун аскIоб лъелилан,
Амма тIелхалъан магIу
ТIинкIизе биччаларо.

Дун гьардечIо, зодосан
Месед-гIарцул цIад байин,
Амма дица цIунила
ЦIороялдаса рокьи.

* * *

Дида рагIун букIана
РагIалде иш ккарав чи,
Операция гьабун,
Тохлъукье хвасарлъигун,
Хирургас, печатьги чIван,
Гьесий документ кьолин,
Гьанже мун дунялалда
ЦIидасан гьавунилан.

Кинида дун вукIана
Щибго лъалареб лъимер,
Лъималалъ дун вукIана
Кибго рехсей гьечIев вас.
КучIдулги дир рукIана,
НекIого кIочон тана.
Ихдал дур квер босигун,
Киналго тIутIун рана.

Дир церехун рукIарал
НекIсиял гьудулзабаз.
Гьезда данде чIваравго,
Диде бутIрул хьвагIана:
Дуца хисизавурав
Дун лъачIогури абун,
Дун батIияв вугила,
Дун цогияв вугила.

Дуца дие гьабураб
ГIищкъул операциялъ

ГIумру цIилъизабуна,
Дунял хисизабуна.
Дица дуда гьарула,
Печатьги чIван, документ:
Гьанже Расул ХIамзатов
ЦIидасан гьавунилан.

* * *

РокьулгIан квеш букIунел
РукIунаро гъалатIал.
Дица бадиб чIваларо,
ЧIахъаги мун, хирияй!

Дун мунгун къацандунин,
Кидаго бергьинаро.
Гьеб рагъда бергьин дие
Рогьо буго, цIар гьечIо.

Рокьи тIасалъугьуна
Ккарал гъалатIаздаса.
Дуцаги бадиб чIваге,
ЧIахъаги мун, багIар бакъ!

Дуе дун мукIур вуго,
Мун кидаго бергьуна;
ДагIбадулъ чIел босарай,
ЧIахъаги, дир рагъухъан!

* * *

Космонавтал, космонавтал,
Гьел нужер апаратал,
Океаналъул тIину
Суратги бахъун кьолел.

КигIан гъваридаб бугеб
Гьаб рокьиялъул тIину? –
Ракьалда гьелъул сурат,
Гьабун бахъунеб гьечIо.

Тохтирзаби, тохтирзаби,
Рентген, кардиограмма,
Кинабго чорхолъ жаниб
Жиб-жиб гIаламат лъалеб...

КигӀан батулареб жо
Гьаб гӀищкъул гӀузру бугеб?
Чан дару кьураб макьий,
Кьижизе кӀолеб гьечӀо.

ГьитӀинаб рекӀелъ бугеб
Гьаб кӀудияб дуниял.
КӀудияб рекӀелъ йигей
ЦохӀого цохӀо гӀадан.

Дуниял лъананиги,
Гьей лъазе кӀолей гьечӀо, –
ЛъачӀониги – хирияй,
Лъананиги – йокьулей.

* * *

Нилъеде регӀарав чи
Чияр гъоба щай цӀехон? –
Жидерго цӀалкӀил бакъан
Буго булбул щибасе.

Нилъер дагӀба къварилъи
Лъие хӀажалъун бугеб? –
Щибаб хӀинчӀ жиндий щвелеб
Могьол пикрудалъ буго.

Нилъер унтул бицунел
Жидерго росохъ руго,
ГъастӀа, гъозул «гӀакъилаб»
Накъиталъухъ балагье.

Цояб бетӀер кӀичӀула,
Цояз кӀутӀби тӀутӀула.
Цогияз гьадин лъикӀин
ПиштӀун наку бачуна.

Гьедин лъикӀ гьечӀин абун
Лъицаниги абуни,
Дуда лъалеб жо гьечӀин,
Гьевги гӀад-хочӀ гьавула.

Нилъей диван гьабизе
Дунялалда чи гьечӀо.

Нилъецаго къотIизин
Гьал цо къецазе хIукму.

Гьаб дунял-гIаламалда
Рекъел бокьарал чагIи,
Рокъоб кьал гьабичIого,
Гьуинго рукIайилан;

Цере ругехъ хал гьабун,
Мисалал рачинчIого,
Росдал рагIалалдеги
Цо-цо балагьейилан.

Гьеб хIукму тасдикъ гьабун,
Доле цIваби кенчIолел...
ЩIаги бакун гьаб гъасда
КIиялго гIодор чIелин.

**«МУГIРУЛ ВА ГIАТIИЛЪАБИ»**

**«ЦIВАЯЛДА ЦIВА БУГО КIАЛЪАЙ ГЬАБУЛЕБ»**

**«КУЧIДУЛ»**

**«МАГIАРУЛ КЪИСА»**

**«ГIУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО»**

**«КОНЦЕРТ»**

**«КЪО БАЩАЛЪУКЬ ЩОБДА ДАГЪИСТАНАЛДА»**

АБУРАЛ ТIАХЬАЗДАСАН

1963–1990

## ЭПИГРАММАБИ, МАХСАРАБИ, САТИРАБИ

## ЦО ПОЭТАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ГЬЕСУЛ ЭБЕЛАЛЪ АБУН БУГО

Жегиги гьулакалда
Васасе бокьараб жо,
Гьес цо кIал рагьулаго,
Лъалеб букIана дида.

Гьанже гIенеккун йиго
Васас хъварал кучIдузухъ,
Кинго лъазе кIоларо
Гьасие бокьараб жо.

## ЧИЯР МУХЪАЛ ХЪАМАЛ ГЬАРУЛЕСДЕ

Дур гIи-боцIулъ рихьула
Чанго сахал чахъаби,
Амма дида гьел цере
Цоги рехъалъ дандчIвана.

Дур асаралъ дандчIвана
Чанго панаял мухъал,
Амма гьел гьарун руго
Жеги мун гьавилалде.

## ЦО ХIИНЦАВ ПОЭТАСДЕ

Абула, къанагIатаб
Къиматаб букIунилан, –
КъанагIат гуронани
Дуца гьаричIо кучIдул.

Амма кучIдул цIаларав
ХIисаб гьабулеб буго,
Гьаб хIалтIи думалъ тани,
Дуе лъикI букIинилан.

## МАЦI КВЕШАВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

Дуца цаби гьечIого,
ХIанчIулеб буго, гьудул, –

КIалдиб килищ лъуниги
Ккеларо пайда кинго.

Кверал, бохдул гьечIого,
Харулев вуго кьурде...
Хал гьабе, доб щобдецин
Щвеларо мун кидаго.

## ЛЪАРАГІ ТЕАТР БУХІИЯЛДЕ

Цо гьудуласул пьеса
ЦIалараб заманалда,
ЦIадабе кIанцIун буго
ЛъарагIазул театр,

ХIалалъ йокьуларей яс
Ячеян лъугьаралго,
Хвалчен жиндаго чIварав
Цо гIолихъан кинигин.

## РАХЬДАЛ МАЦІАЛДАСА ПЕРЕВОД ЦЕБЕ ККОЛЕВ КОЧІОХЪАНАСДЕ

Жеги гIураб ракьалда
ГъотIода тIегь балалде,
Москваял кинан дур
Курак барщараб, бице?

Жеги дол кьурул парсахъ
Бусен лъун бахъиналде,
Россиялде кин арал
Дур кочIол маккал роржун?

## ЭРКЕНАБ КЕЧІАЛДА ХІАЛ ГЬАБУЛЕСДЕ

Дур кIудияб черхалда
Данде щолареб рачел
Щибизе хIалалъ борчун? –
Цо рекъараб балагье.

Дуца ретІунеб гвердел
Данде щолареб габур
Щибизе хІалалъ рахан? –
Маргъалал тІутІун ина.

## КІАЛ БУКЪАРАЙ МАРИНИДЕ
## ПЬЕСА ХЪВАРАСДЕ

Дуца пьеса хъвана
Дой ГІанхил Мариниде,
ГІищкъул назму сабаблъун
Наибас кІал букъарай.

Халкъалъ абулеб буго,
Нибасул мекълъиян, –
Дур букъичІеб щай гьес кІал,
Маринил букъичІого?

## ЦИН БАКЪАН ХЪВАН
## КЕЧІ ГЬАБУЛЕВ КОМПОЗИТОРАСДЕ

Дуца бахІарай абун,
ЧІухІараб ратІлид къачІан,
Гьай херай къоролай щай
Росасе кьолей йигей?

Дуца булбулан хІанчІий
ХІайранал куркьбалги кьун,
Мимидулеб кету щай
КечІ ахІизе тІамулеб?

## ДИЦА ЦЕБЕККУН РЕЩЦАРАЛ КУЧІДУЛ
## ГЬАНЖЕ ЩАЙ КАКАРАЛАН
## КАГЪАТ БАЧІАРАСДЕ

Дида гьитІинаб мехалъ
Гьинилан ккун букІана;
Гьанже хал гьабурабго,

Хвараб хъанхъра батана.

Найил тIулбиян абун,
ТIаде къулун вукIана, –
Къалазда жанир регун
Херал тIутIал ратана.

## РАДИОЯЛЪ ЖИНДИР КУЧIДУЛ АХIУН ВЕЦЦАРУЛЕСДЕ

Дида рагIун букIана
Радиоялъ бицунеб
Картошка бекьулеб куц, –
Гьеб дур кечI букIин лъачIо.

Дун гIенеккун вукIана
ХIанчIазул фермаялъул
ХIалтIи беццулеб мехалъ, –
Дур сарин букIун буго.

## ДИДА ЖЕГИ БИХЬИЧIЕБ ЖИНДИР ТIЕХЬ БАХЪЕЯН КАГЪАТ БАЧIАРАСДЕ

ЙихьичIого яс аби –
НекIсияб гIадат буго.
Дуца гIайиб гьабуге,
Дида гьедин кIоларо.

РекIинчIого чу бецци –
Гьеб букIараб жо гуро.
Дида рагIичIеб кочIой
Хъат чIвазе дун тIамуге.

## ЦО ХЪВАДАРУХЪАНАСУЛ ЧIУЖУЯЛДЕ

Цо-цояз цIалула кучIдузул мухъал,
ЦIодорай йиго гьай, гьалъ рикIкIун тола.

Поэтасул тIолго тIахьазда гьоркьоб
ТIаса бищула гьалъ сберкнижка.

## ГIЕМЕРАЛ ТЕМАБИ, ЖАНРАЛ ХИСУЛЕВ ПОЭТАСДЕ

Цо дуда релълъарав чи лъала дида;
ЛъагIа-лъагIалиде лъудби хисулев.
ГIилла гьикъарабго гьес абулаан:
Лъимер гьабуларин пуланалъилан.

Ахиралда тохтир балагьаравго,
Живго вукIун вуго кIудияв пулан;
Гьедин ватичIони мунги, товарищ, –
Цо тохтирасухъе ваккун лъикI гурищ?

## ИРЧИ КАЗАКИЦА ЖИНДИРГО ХIАКЪАЛЪУЛЪ ПЬЕСА ХЪВАРАСДЕ АБУРАЛ РАГIАБИ

Дида Сибиралъул туснахъ бихьана,
Тушман Шамхаласул цIалал рихьана.
КъотIулеб бетIералъ абун букIана:
Ирчи, гьаб кIочараб бихьугегиян.
Амма дур пьеса бихьараб мехалъ,
Бихьанщинаб гIазаб дида кIочана.

## КIИГО ЦОЛЪУН ЦАДАХЪ ХIАЛТIАРАЛ АВТОРАЛ РАТIАЛЪАРАБ МЕХАЛЪ

Базарал риххула, колхоз бикьула,
Бертин бакьулъ росас лъадиги тола.
РатIалъунин абун нуж пашманлъуге, –
Гьоркьор лъимал гьечIин нужер рикьизе.

## ПОЭТАСУЛГИ ЛЪАДУЛГИ ГАРГАР

Поэт лъадиялде семулев вуго:
Дир саринал дуца рухIун ругилан.
Лъадуца росасда абулеб буго:
Рес гьечIин лъеда цIа рекIине абун.

ХIикматаб рохелгун цIалдохъабаца
ЩIияб хабар росулъ бицунеб буго:
Лъиcаниги къабул гьаричIел кучIдул
Къабул гьабураб печь рагIанищилан.

## ЦО ХУДОЖНИКАСУЛ ВЫСТАВКА

Дур выставкаялде ккезегIан дида
Кидаго бичIчIичIо. Гьанже бичIчIана:
Щайзе гIадамасул сурат гьабизе
Гьукъулеб букIараб бусургьан диналъ.

## ХАЛАТАЛ ЦЕБЕРАГIИЯЗУЛ АВТОРАСДЕ

ГIадамал ракъун руго,
Гьекъезе бокьун руго;
Гьас халатаб тост абун,
Тату хвезабун буго.

Шашликалъе гьан буссун,
ТIилазда тIад чIван буго.
ТIубараб къо буго гьав
ЦIадуе цIул бичIулев.

## ЛЕРМОНТОВАСУЛ АСАРАЛ АВАР МАЦIАЛДЕ РУССИНАРУРАСДЕ

Лермонтов Мартыновас
ЧIванин рагIун букIана,
Амма магIарулазе
Дуца гурони чIвачIо.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦО МИНИСТРАСУЛ ЛЪАБКЪОГО СОН ТIУБАЯЛДА БАН

ТIадегIанаб Совет, гьарула дуда
Гьав Дагъистаналъул министрасе
«Совет Союзалъул халкъияв артист»
Абураб цIар кьейин юбилеялде.

Гьас анцIабго соналъ цIакъ махщалида
Министрасул роль гьабулеб буго.
Бищун тIадегIанаб категоридахъ
Кколеб харж цебего босулеб буго.

## ИНДИЯЛДА ШАГIИРАЗУЛ КЪЕЦ БИХЬУН

Дида бичIчIуларо
ШагIиразул къец.
Кинаб магIна бугеб
Гьаб дагIбаялъул?

Бергьарасдаса къей,
Гьеб рогьо гуро.
Къурасдаса бергьин,
Гьеб гьунар гуро.

## ЖИНЦАГО ХЪВАЛЕЛ РУГЕЛ КУЧIДУЗУЛ БИЦУН, ГЬЕЗИЕ КЪИМАТ КЬЕЗЕ БОКЬУЛЕВ ЦО ГЬАЛМАГЪАСДЕ

БукъичIеб чухъида рукъи букIинчIо,
Дур бакъназда чIвазе бугьтан лъаларо.
Гьезул цохIо лъикIлъи – дуца бицун тей,
Гьел дуца хъван хадуб букIинеб базар!

## КОЧIОХЪАБАЗУЛ МАЕВКА

Цо поэтазул къокъа
Маевкалда рукIана,
БитIун лълъарал цIолаго,

ЦIад базе байбихьана.

ЦIалтун риччун рецIцIулел
ШагIирзабаз абуна:
Нилъер шигIрабалъ лъачIин
Гьабго щинаб лъим букIин.

## ЦЕВЕ АРТИСТ ВУКIАРАВ ЦО ПОЭТАСДЕ

Дуца театралъул
Институт лъугIараб лъикI!
Артист дуде вахарав
МХАТалдацин гьечIо.

ДуцагIан гьунаралда
Поэтасул роль хIачIо.
Гьура, браво, чIахьа!..
ЧIвазе те дун дуе хъат.

## НУХАЯЛДА ХIАЖИМУРАДИЛ ХАБАЛ ЗАНИ ЖИНДА БАТАНИЛАН ДОКТОРЛЪИЯЛЪУЛ ДИССЕРТАЦИЯ ХЪВАРАВ ЦО ГIАЛИМЧИЯСДЕ

Наиб ХIажимурадил
Жиндица хоб рагьанин,
Жакъа цо дервишие
Докторлъи кьун рагIула.

Гьеб «балъголъи» рагьарал
ЦIалараб халкъ батани,
ЦIер гIадинан Дагъистан
Докторазул цIелаан.

## ЦО ЧIАМУЧIАВ КОЧIОХЪАНАСУХЪ ГIЕНЕККАРАБ МЕХАЛЪ

ГIенекке, кутакалин
КучIдул дуца цIалигун.

Кинабго черх мичIица
Бухулеб бугин ккана.

Лугбал пулх-пулхун унеб
Гьеб гIузру дагьин тана, –
Мун кучIдул цIалулевищ,
ЦIулакьо бекулевищ?

## ЗИГАРДУЛЕВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

БетIер унтун бугилан
Зигардуге, дир пулан.
Дур бетIер сах гьечIолъи
Дур сариназ бицунин.

Сабабго балагьуге
Дуца гьеб унтиялъе, –
Авиценадагицин
Дару дуй батиларо.

## ЦО ХЪАНТIАРАВ ПОЭТАСУЛ ХВЕЛ

Гьасий хабар бицана:
Хварал ясазда цадахъ
Цебе букъулаанин
Гьезул меседгун гIарац.

Гьеб рагIигун, хвана гьав, –
Хабалъ шигIраби хъвазе,
Щийниги цо рес бугей
Яс жиндийго ячине.

## ЖИНДИР ВАСАСУЛ КУЧIДУЛ РЕЦЦУН КIАЛЪАЗЕ ВАХЪАРАВ ИНСУДЕ

Кинида вас гIодигун;
ГьесулгIан гIагараб кечI
Дуй кидаго букIинчIо, –
Нижеда мун вичIчIула.

ХIамицацин абичIищ,
КIартилгIан лъикIаб гьаракь
Гьаваялда боржунеб
Булбул хIанчIилцин гьечIин.

## АНТРАКТАЛЪУЛ ЗАМАНАЛЪ ТЕАТРАЛДА ККАРАБ ГАРГАР

Дида гьикъулеб буго
Пьесалъул авторас:
Бищун щиб бокьарабин
Къаси театралда.

– Дие бищун бокьана
Гьоркьоб букIараб антракт,
БухIараб Индиялда
Эркандишен кинигин.

## ГIЕМЕР ЖИВГО ЖИНЦАГО ВЕЦЦУЛЕВ ЦО ПОЭТ КАВКАЗАЛДАСА МОСКВАЯЛДЕ ВАХЪАРАБ МЕХАЛЪ

Дуца гьабураб щиб? – гьаб Кавказалда
Дур кочIол бицунев цо хутIичIо чи.
Цо вукIарав мунги рикIкIаде ана,
Дур асарал гьанже лъица реццилел?!

## КIИГО ТАЛИХI КЪАРАВ ЧИ

Дур роман цIаларабго,
Редактор кIалъан вуго:
КIиго талихI къарав чи
Вугин гурхIизе кколев.
Цояв гьезул мун вугин,
Хъвадаризе лъугьарав,
Гьелдасаги цIикIкIун дун
Гьеб цIаличIого гIечIев.

## ЦО АВАРАЗУЛ ПОЭТ
## ГІУРУС МАЦІАЛЪ ХЪВАДАРИЗЕ
## ЛЪУГЬАРАБ МЕХАЛЪ

Авар мацIалъ абуна,
Иншааллагьин абун,
Гьав поэтас дун тарай
ТалихIаб мех бачIанин.

ГIурус мацIалъ абуна:
Гьав аварав чIезаве,
Гьадингоги гIун ругин
Дий гIазаб кьолел «гьалбал».

## ЦО РЕДАКТОРАСДЕ

Вас хIинкъунгутIизе хIулиги бихьун,
Гьарулел рукIана некIо сунатал.
Гьебго хIалалъ буго дуца санайил
Гьал дир сариназе сунат гьабулеб.

## ЖИНДИР ХАБАЛ ЗОНОХЪЕ РАЧІУН
## КУЧІДУЛ ЦІАЛУЛЕЛ ГІОЛОХЪАБАЗДЕ
## АШУГ СУЛЕЙМАНИЦА АБУРАЛ РАГІАБИ

ГIолохъаби – къолохъаби,
Къаникь дие макьу те!
Гьеб гьури гIемер лъараб
ГIумрудул чи вугин дун.

Хабаде дун кIудияхъ
ГIенеккизе унаан.
Гьал нужер гьаркьал чIаго
ЧIалгун рукIана дида.

## ЦО ПОЭТАСДЕ

Хвараб цIар-гъунаралъе
Занаби чIвалел ани,
ЧIаго вукIаго дуда
Вукъараб хоб бихьизе!

## ГЪЕВГО ПОЭТАСДЕ

Поэтаз хвалий кьола
Ракьаги къаркъалаги.
Дур къаркъала хутIана,
Хвалие гъунар кьуна.

## ЖИНДИЕ КУЧIДУЛ ЦIАЛЕЯН ВАЧIАРАСДЕ

Дуе кучIдул цIализе
Дун, кIвахI тун, хIадур вуго,
ХIинкъула хадуб дуца
Дуралгоги цIалилин.

## ЖИНДИЕ ТIЕХЬ ГЪАРАРАВ ЦО «ГЪУДУЛАСДЕ»

Дуй тIехьни дица кьела.
ТIад хъвазе жо лъаларо...
ТIамуге аллагъасда
Цебе гъерсал рицине.

## ГЪУДУЛЛЪИ ГЪЕЧIЕВ ЧИ ХВАРАБ МЕХАЛЪ

Мун хванилан бицана, –
Харбида божиларо.
Жеги гъавилалдего
Гъаб ракьалда чи холищ?!

## РУГЪУНАБ ХIАЛТIИ ТАРАВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

Дур кочIол тIолго махщел
ГIиязул букIун буго, –
Цадахъ гьел гьечIеб мехалъ
Щибго бичIчIулеб гьечIо.

**«РОКЬУЛ РУГЪУН» АБУРАБ ТIЕХЬ ХЪВАРАВ АВТОРАСДЕ**

«Тохтирзабаз» абуна:
Дур каранлъ бугеб ругъун
Хехго регъезе бугин,
Ургъел гьабугейилан;
Дур макьу, пульс квеш гьечIин,
Кванде гъира-щавкъ бугин,
ШигIрабальги унтидул
Цо гIаламат батичIин.

**«ИХ» АБУРАБ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСДЕ**

Сверухъ накIкIал, гIазу, хIарщ,
ГIунулев вуго цIорон, –
Гьадинаб квачараб нух
Киданиги бихьичIо.

**ЦО МАЦIИХЪАНАСУЛ КIАЛ ЧIВАРАБ ГIУРЦIМАДЕ**

Гаргадилел рагIана:
ГIорцIен тIекъаб хIайванин, –
ТIокIаб рекъараб хIалтIи
Чуялъгицин гьабичIо.

**ЦО ГIАЛИМЧИ-ПОЭТАСДЕ**

Ботаникгун ахихъан
Цоцалъ къацандун руго
Цо тIегь рагьулеб сагIат

БатIа-батIаго бицун.

ТIогьоца абун буго,
Ахихъан бергьанила...
Бегьиларищ цодагьав
Гьесухъ мун гIенеккизе?

## ГЬАДИН БИГЬА БУГО

Батирайил, МахIмудил,
Сулейманил саринал
Руссана кицабазде
Нилъер Дагъистаналъул.

Гьанже гIолел поэтаз,
Кицабиги ракIарун,
КучIдул гьарулел руго, –
Щай къо бихьизе гьабун?

## ХIАЖИМУРАДИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ХЪВАРАБ КИНОСЦЕНАРИЙ БИЧЧАЧIЕБ МЕХАЛЪ

Дур бетIерги къотIана,
Къаркъалаги бухIана;
Заманаги хисана,
Хаселалги сверана.

Амма гьанжелъизегIан
Лъаларо щай хIинкъулеб,
ХIажимурад, дудаса
Гьаб Госкино, гьаб «Мосфильм»?!

## ТЕАТРАЛДА «АХIУЛ-ГОХI» ПЬЕСА ГЬУКЪАРАБ МЕХАЛЪ

«АхIулгохI» бихьарабго,
Цо ахIмакъав хIакимас
АхIи бахъинабуна
Кинабго улкаялда.

Гьесул цо телефоналъ
Бахъулеб Щулалъул гохI
Щибун лъабго моцIица
ЦIунараб магIарулаз?!

## «ГIУМРУЯЛЪУЛ БАГЬА» АБУРАБ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСДЕ

ГIумру гIадин багьаяб
ГьечIо дуниялалда.
Гьеб бичун боссе кIолев
Бечедав чи вахъинчIо.

Амма щай гьелъул рахъалъ
Хъварал дур кучIдуздаса,
КигIан учуз кьуниги,
Кьурун руссунел чагIи?

## «КЪВЕКIАБ ЦIУМ» АБУРАБ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСДЕ

Чанги кучIдул рукIана
КъвекIал цIумазул рахъалъ,
Гьадинаб къадкил чIичIи
Киданиги рагIичIо.

ГъалбацIил кутак бицун
Кету мимидулеб куц,
Дур кучIдул рагIичIезда
ГIумруялъ бичIчIиларо.

## УЗБЕКИСТАНАЛЪУЛ РАХЪАЛЪ КУЧIДУЛГИ ХЪВАН ВАЧIАРАВ ЦО МАГIАРУЛ ПОЭТАСДЕ

Дур гIурччинаб чаялъул
БатIалъиго бичIчIичIо,
Мучаридул гьабураб

МагIарул чаялдаса.

## ЦО ПОЭТАСДЕ

Индеяв, жиндиего
Вас гьавураб мехалда,
Мадугьаласул бадив
Балагьулин абула.

ГIадамаз, дур сариналъ
Сахаб пикру кунчIани,
Киса босараб лъазе
Чияр тIахьал регула.

## ГIУНДУЗ ХЪВАЛЕЛ ТIАХЬАЛ

Китаялда рагIана
Цо гIадан йигин абун;
ГIундуз тIахьал цIалулей, –
Гьелда хIикмалъиларо.

Гьале къоябго соналъ
Цо гIадан йиго нижер,
ГIундуца тIахьал хъвалей,
ТIокIаб щибниги гьечIей.

## ЦО ХУДОЖНИКАСДЕ

Меседалъ къачIараб чIухIараб рама –
Дур суратал гьенир рихьараб мехалъ,
Гьундузул тахида гIодов вукIарав
ГIабдаласул сурат цебетIамуна.

## ТIУБАРАБ СОРДОЯЛЪ

ТIубараб сордоялъ сунаро чирахъ,
Сарин хъвалев вуго нилъер МахIама.

Амма хъвараб кочIолъ цо цIали щай,
ЦIалулезе гьечIо щибниги канлъи.

## БИЦЕ ДИЕ

– Бице дие, гIадамал,
ГIалил кечI кин бокьарагб?
– Нижеца кин бицинеб? –
Килщал гIинда чIван рукIун,
ЦохIо рагIи рагIичIо
Гьес цIалулеб кечIалъул.

## ЦIОРОБЕРАЗ КУМЕК ГЬАБИЧIО

Дур кучIдул цIализе кIунгутIиялда,
Йохъ, цIороберазул гIайиб батичIо.
Гьел нусцIул хисана, – цIер чIвараб гIортIа
ГIодор ккечIого ниж рорчIулел гьечIо.

## ТЕАТРАЛДАСА ХУДОЖЕСТВЕННИЯБ ХIАРАКАТЧИЛЪИ ЦЕБЕ ККОЛЕЙ ЦО ЧIУЖУГIАДАНАЛДЕ-КОЧIОХЪАНАЛДЕ

Нагагь захIмат унтани,
Киехун мун кIанцIилей,
Цониги кIодохъейищ
Я тохтиралъухъейищ?

## ЦО ХУДОЖНИКАСУЛ ВАС ХУДОЖНИКАСДЕ

Дур эмен вукIана гучав художник, –
Хал гьабун вуго духъ, гъосда релълъуна:
Лагаги, гьумерги, кIиябго берги,
КIалъайги, рилълъинги – гъовилан ккола.

Унго, унеб мехалъ инсуда дуца
Дагьа-макъаб гьунар щайзе гьаричIеб?

Жиндир гIакълуялъул ирс бикьулелъул,
Гьоркьов виччагеян щайзе абичIеб?

## РЕЦЦ

ГIалица дур кечIалъе
Кутакаб рецц гьабуна,
Киданиги гьадинаб
Жинца хъвачIилан абун.

ГIали мекъи вукIинчIо,
Гьел дур бакънал реццарав, –
Гьев пакъирасда лъала
Живго кинав кочIохъан.

## КАЛЕНДАРАЛЪУЛ КОЧIОХЪАБАЗДЕ

Дида бихьана цо тIегь,
«Кубадул гIищкъу» абун,
ГIажаибго берцинаб,
Амма хекко бечIалеб.

## КIИРЕКЪАРАЛ АВТОРАЗДЕ

Цого гIаркьалида чIун
КIиго хIинчIалъ кидаго
КечI ахIуларин абун,
Абулаан магIарухъ.

Цоги дида рагIана,
КIигоял гIахьаллъараб
Такъсиралъе судияс
СогIаб гьабулин тамихI.

## ЦО ПОЭТАСЕ «ХАЛКЪИЯВ ПОЭТ» АБУН ЦIАР КЬУРАБ МЕХАЛЪ

НекIо лъикI букIаниги,
Лъабго-ункъо гIунгутIи
Дур кучIдулъ батуларел
Критикал рукIинчIо.

Гъанже бокьухъе ахIе, –
Дуда тIад калам гьечIо, –
Критиказул мацIал
Дуе гъанже рукъана.

Гьез кIалдиб лъим босана, –
Дур кочIол лъикIлъи гуреб,
Квешлъиялъул, бицунеб
Цебе замана – гьайда.

## ДУЦА БИЦЕ ДИЕ

Дуца бице дие, цIухIамил рачIалъ
ХIули меседилаб гагу кин ккураб?
Гьебмехалда дица, дуе бицина,
Кин поэт вахъарав гьав МухIамадил.

## КЪИСАС

(*цо поэтасде*)

Мискин, дур заман чIвана
КучIдуца, къисабаца;
Къоял, сардал дагь тана
Пайда бугеб ишалъе.

Амма мун къварилъуге,
Дуца къисас босана, –
Къисабалъги кучIдулъги
Цо чIагояб бакI течIо.

## ЦЕНЗОРАСДЕ

Дун балъгояб, бахчараб

Бакъалда тIибитIулев, –
Мун тIолго гьеб бакIарун,
КъвачIадул кIал бухьунев.

Дун гордалги нуцIбиги –
КIиялго рагьейилан, –
Мун, кIиялго къалилан,
КIалтIа эхетун вуго.

Кинандай нилъ кIиязго
Цадахъ гIумру гьабилеб?

## ГIОЛОХЪАНГО МАХIМУДИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ХЪВАРАБ ЭПИГРАММА

Меседил гIадал нах, гIарцул гвангвара
ГIадада кидаго хвелароан дур,
Чияхъе бухизе мугъ рехичIого,
Дурго тушбабигун вагъаравани.

## ГЬЕБ ЦIАЛАРАБГО, ИНСУЦА ДИДА АБУРАЛ РАГIАБИ

МахIмудил яхIалъул, бахIарчилъидул,
Досул пасихIлъидул, гьунар-кечIалъул
Цо гьитIинаб бутIа дуе щванани,
Щибниги абизе рагIи дир гьечIо.

## ЦО КЪИСА

Рищватчи хIалтIудаса,
ЦIогьорлъи гIун бугилан,
ЦIияв чи вищейилан,
Нахъе гъолев вукIана.

Халкъалъ жаваб гьабуна,
Жидее гьевго тейин, –
ТIаде вачIунев цIияс
ЦIакъго кутак гьабилин.

Гьав гьанив вицалъанин,
ЦIияв хIалакъго вугин.
Гьесги мацI бахъун хадуб,
Нахъе жо хутIиларин.

## РАКIАЛДЕЩВЕЙ

Дуде гIемерал гьаби
ТIаде хIапдолеб мехалъ,
ХIинкъугеян абуна
Инсуца цо нухалда.

Ахиралда гъол жалго
Цоцалъ рагъизе ругин,
Ругънал унтараб мехалъ
Дуда лъехьезе ругин.

* * *

Лъадиги лъабго ясги –
Ункъо критик рокъор.
Щив дида критика
Квеш букIунин абулев?

Гьаз дир гIунгутIабазул
Бицунеб щинаб гIемер...
Гьадин мутIигIлъун чIарав,
Цо бетIер борхуларо.

## АБУТIАЛИБИЛ ЦIОРОБЕРАЛ

Дица АбутIалибий
ЦIороберал росана,
Гьав цIакъ рази вукIана,
Гьанже щибго бихьулин.

Хадуб анкь гьаркьоб инчIо,
ПонцIон ццидакь ватана.
Дица щибан гьикъидал,
Гьас пашманго абула:

– Щай, Расул, дуца дие
ЦIороберал росарал? –
ЦIализе кучIдул кьунин
Пенсионераз дихъе.

## ЖИЙ ДАГЪИСТАНАЛДЕ ГЬОБОЛЛЪУХЪ АХIЕЯН ДИДА АБУРАЙ ЦО ГIАДАНАЛДЕ

ХIинкъун вуго, хирияй,
Мун ячIани, магIарухъ
Дуде гуреб цогияб
ЦохIо кечI букIинарин.

ХIинкъун вуго, хирияй,
Мун йихьараб мехалда,
Дуй гIоло цоцалъ рагъун
Ругъназ цIелин миллатал.

ХIинкъун вуго, хирияй,
Росабаз лъудби телин,
Цониги рекъел чIвачIеб
Рукъ, хъизан букIинарин.

ХIинкъун вуго, хирияй,
Хунжрул тIокIал кидаго
Лъалинир рукIинарин,
БукIинин согIаб дуэль.

## ЦО ЖИНДИЕ КЕЧI ХЪВАЯН АБУРАЙ ГIАДАНАЛДЕ

Дур хIахъалъулъ дица кечI
Кутакалда хъвалаан, –
Гъав Козловский вуго
Нилъ кIияздаго гьоркьов.

Дир авар мацI цIализе
Мун академик гуро, –
Нилъей кучIдул щибизе,

РачIа цо-цо къвал базе.

## ДУЕ ЛЪАЙ КЪВАРИГІУН БУГИН АБУРАБ МЕХАЛЪ, СУЛЕЙМАН СТАЛЬСКИЙ – НИЛЪЕР ГОМЕР ЦІАЛАРАВ ЧИ ВУКІИНЧІИН ЖАВАБ КЬУРАВ ПОЭТАСДЕ

Киналго бецал гуро
Гомераллъун рукIарал,
Киналго гIинкъал гуро
Бетховенал рукIарал,

Киналго рекъал гуро
ХIажимурад вукIарал,
Киналго хIанчIи гуро
КъвекIал цIумал рукIарал.

## «ПОЭТАСУЛ СЕРИЯ» АБУРАБ СУРАТАЗУЛ ВЫСТАВКА ГЪАБУРАВ ХУДОЖНИКАСДЕ

Дуца къеда ван вуго
Кього батIияв поэт,
Гьел рихьаралго дида
Жакъа ракIалдещвана:

Росулъ васал, ясазе
Паспортал кьолеб мехалъ,
Гьезда чIвазе суратал
Рахъулев цо фотограф.

## ЦО КЪАНАГІАТАВ КОЧІОХЪАНАСДЕ

ДандчIвала цо-цо ясал,
Цо-цо гIунгутIи бугел, –
Цоял берцинлъи щвечIел,
Цоял цIодорлъи гьечIел.

Амма цо гIаданалъулъ

Киналго гІунгутІаби
ГІадамазул цолъулеб
КъанагІагІаб жо буго.

ДандчІвала цо-цо шагІир,
Цо-цо гІунгутІи бугев, –
Цояв пасихІлъи гьечІев,
Цояв пикруялъ тарав.

Амма, мун кинигинан,
Киналго гІунгутІаби
КучІдузулъ данделъарав.
КъанагІат данде чІвачІо.

## КІИГО ШАГІИРАСУЛ ДАГІБА

Цояв семулев вуго:
Гьел дур сариназдаса
Сардилъ, мун кьижаравго,
Къалазул сванхи лъикІан.

Цогияс жаваб кьола:
Дур гьаракь рагІизегІан,
Панзил бокьоб букІунеб
ГІергІедиго лъикІилан.

ГІадамал хІикмалъула:
Нуж щай къацандулелан,
Нужеца бицунеб жо
ЦохІоги мекъи гьечІин.

## ЖАХІДА

Унтарав, гІумру арав,
ГІакъилав композитор,
Клавишазде къулун,
Пикруялда вукІана.

РакІалдаго гьечІого,
Гьесухъе гІер гІадинав
ГІолохъанчи вачІана

Живги композиторан.

Нотаби цере лъуна,
Цингиги хъван бачана.
Херав композиторас
Гьеб квеш бугин абуна.

ГІолохъанчияс кІичІун,
КІалги цІутІун абуна;
ЦІияб гьунар дандчІвайдал,
Дур дихъ жахІда кканилан.

Унтарав композитор
Пашманго валагьана,
Дур гІадаб жан-гучалъухъ
ЖахІда лъилгоги ккелин,

«Нартасул гІадаб лага,
Багьадурасул сахлъи,
Багьана щибго гьечІо...»
– Гьас валидол гьекъана.

## КУЧІДУЗУЛ ЦО ВЕЧЕРАЛДАСА ХАДУБ

«Кто виноватилан»
Герценица гьикъана.
«Гьабулеб щибан» абун,
Чернышевский вуго.

«Хварал рухІалин» абун,
Гоголица жубана,
«Живой трупин» абун,
Толстой цеве чІана.

«Гъеду гъадихъе» анин,
Пушкиница абуна.
Гьезул кІалъай рагІана
Цо-цо гІенеккаразда.

ЦІалулел руго кучІдул
КочІохъабаз цоцалъ чІван;
Клубалда цого цо
Кьижун сторож вуго.

## ПОЛОП

Цо магIарул кочIохъан
Пиво гьекъезе ана,
Полоп бугин гIицIабан
Гьес гьелде гIайиб чIвана.

Пиво бичулев чияс
ГIодов виччан абуна,
Дур асаралъгIан гIемер
Гьаниб полоп гьечIилан.

## БУЦIЦIА, КIАЛ, БУЦIЦIА, КIАЛ

Дида кIочон толаро
КIудияв МахIамил хъат,
ГIемерал кIалъалезул
КIаркьен звархилан чIвалеб.

Цо гьереси борчIани,
Гьедарани, хъудани,
Хъапасги бахинабун,
Гьас ахIулеб букIана:

«БуцIцIа, кIал, буцIцIа, кIал,
БуцIцIинчIони, чIвала, кIал.
ЧIварх, чIварх, чIварх, чIварх,
ЧIварх... буцIцIа, кIал!»

Гьанже дуниялалда
ЦIогьал гьедарулел куц!
ЦIукIаби, рагъ лъугIигун,
РукIун ругел героял!

Цо стакан гьекъараз
Гьабулеб кIалзул базар!
Гьаракь гьечIел кочIохъаз
Керен бухун толеб куц!

Митингал, трибунал,
Тамашаяб къец, дагIба,

Даим собранияби,
Цоцалъ ран оратарал.

Огь, кIудияв МахIама,
Дур хъат анищан ккана,
Хъапасги борхизабун,
Щай гьезда абулареб:

«БуцIцIа, кIал, буцIцIа, кIал,
БуцIцIинчIони, чIвала, кIал.
ЧIварх, чIварх, чIварх, чIварх,
ЧIварх... буцIцIа, кIал!»

Нилъей гIодоб биччараб
ГIакълу къваригIун буго.
ГIадамаца рахIатIин
ХIалхьи гьарулеб буго.

РагIула доба-гьаниб
Пачалихъазул кьвагьи.
Гьал политиканазул
Оркестр хъудулеб куц!

Гьегьал эфирацаги,
Печаталъ, киноялъги
Квенги макьуги чIвала, –
Ракьалда гьечIеб низам.

Гьаб хIаладда хъудизе
ХIоринир хъазалищ нилъ?!
Хъапас къваригIун буго
КIудияв МахIамадил:

«БуцIцIа, кIал, буцIцIа, кIал,
БуцIцIинчIони, чIвала, кIал.
ЧIварх, чIварх, чIварх, чIварх,
ЧIварх... буцIцIа, кIал!»

## КIИЯЗЕГО НАГIАНА

Чудук тIасан ахIдола,
Борохь гъоркьан кIалъала, –
КIиялго – ниж гьалеян,

Гьобол тIаса вищеян.
Дица жаваб гьабула:
КIиябго малгIун бугин, –
КIиялъего нагIана,
КIиялъего нагIана.
Жив цIакъавилан цIогьор,
Жив цIакъавилан цIукIа,
Цоцазулъ къацандула,
Дица гьезда абула:
ГIадада къацандуге,
КIиявго ягъзин вугин, –
КIиязего нагIана,
КIиязего нагIана.
Ярагъ гъугъалеб буго,
Жиб гIащикъаб шагIирин,
Рагъ гIергIедилеб буго,
Жиндий гIумру бокьилин.
Огь, нилъеда гьел лъала,
Гьез кIал чIвачIеб бакI гьечIо,
КIиялъего нагIана,
КIиялъего нагIана.

## ЦО БИЦЕН

Цо сордоялъ, бицуна,
Милица тохлъарабго,
Борхатаб ганчIил хIуби
ХIамзатица танилан;

Хъазмил гьавурав поэт,
Гьениса гъоркье лъугьун,
Каспиялъул рагIалде
Сулейманихъе щванин:

Гьесие саламги кьун,
Цебе мехалъ кинигин,
Цадахъ свера-тиризе
Шагьаралъул кьватIал чIван,
РачIайин абунила,
Араб, бугеб гIумрудул
ГIакълу-ургъел бикьизе.

Мармар гьецIол сиялда

Сулейман кIалъанила,
КIоларин, ХIамзат, жинда
Вахараб мегIер тезе:

«Дун гьаниса камуни,
Гьанир харизе къачIан,
Цо гурин, къокъа бугин
Гьанжесел къайисазул».

ХIамзат нахъе вуссана
Жиндирго сиялъухъе,
Цо дагьав жо хутIана
КватIизе мугIрул шагIир. –

ЦIумалъ тараб кьурда тIад
Гъеду къвакъвалеб гIадин,
Цо къокъав поэт вуго
Гьаб сиялде харулев.

## ЦО КЕЧIАЛЪЕ МУЗЫКА ХЪВАРАВ, ГЬЕЛЪ РАХIАТ ХВАРАВ ПОЭТАСДЕ

Дур цо кечI машгьурлъана, –
Киналго музыкантал
Гьанже зуре, дир гьудул,
Замана лъийго тоге.

Мочохур батун хадуб
ТIехIаб рече кидаго,
КигIан нахъе гъуниги,
Нахъеги гьениб уна.

## ЖИНЦАГО ХЪВАРАЛ ГIЕМЕРАЛ ТIАХЬАЗУЛ КЪАДАРАЛЪ КЪАДРУ ГЬАБИЗЕ БОКЬАРАСЕ

Къо гьоркьоб биччачIого,
Гъеду къвакъваданиги,
Ихалъ гIинтIамуларо –
ГIаздалъ букIуна дунял.

ЦохIо, гохIдеги бахун,

Гагу ахIдараб мехалъ,
Гордада кIетIола гъветI,
Дун тIегьалеб бугилан.

Дуца гьаб щибаб кьойил
ТIахьал къватIир риччайгун,
Къвакъвадулеб доб гъеду
РакIалдещола дида.

## ДИР КУЧIДУЗУЛ ЦОГИЯЗДАСА КВЕШАБ ЩИБ БУГЕБАН АБУРАВ ПОЭТАСДЕ

Гъудузул гьаркьал цохIо,
Гьел цоцазда релълъуна, –
Цогиял квешаздаса
Квешаб шигIру гьечIо дур.

## ЖЕГИ ЦО КЕЧI ГЬАБИЗЕ ГЬУНАР ГЬЕЧIЕВ ГIОЛОХЪАНЧИ БАЧIИНАХЪЕ ПОЭМАБИ, РОМАНАЛ ХЪВАЗЕ ЛЪУГIАРАБ МЕХАЛЪ

БитIараб нухдаги бох къуркьарав мун
КъачIалевищ вугев КьилимагIарде?
Ункъо мухъ жегиги рекъон гьабичIев,
Гьанже роман хъвазе хъат лъухьулевищ?

АбутIалибица абун букIинчIищ,
(Дов вукIана лъикIав гьалайчи – устар)
Цо балухъ гьабизе кIоларев чияс
КIудияб хьаг, хъазан гьабугейилан?

## ЛЪИКI АХИРАЛДЕ ЩУН ЛЪУГIИЧIIОГО, КЕЧI ЛЪИЕГО ЦIАЛУГЕЯН ДИДА МАЛЪЛЪУЛЕСДЕ

Костюм букъулев чияс,
Рекъон бугищан лъазе,
Нахъарокъов вачуна,
Черхалда гьеб борцуна.

Дицаги гьудуласе
Цо-цо нухалъ цIалула,
Ахир рукIкIен чIвалелде,
ЧIалхарал бакIал лъазе.

## ТIАСАН ЧIУХIУН КЪАЧIАРАБ, ЖАНИБ МАГIНА ГЬЕЧIЕЛ КУЧIДУЗУЛ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСДЕ

Борхатаб берцинаб гъветI,
Огь, тIанхазул гIемерлъи!
ГъотIода тIил кьабула,
ТIаде вахун квашола.

ТIадвуссуна цо горо
Пихъалъул батичIого...
ГьечIо пандрида чIваби,
ГьечIо рекIел гъасда цIа.

## ВЕЦЦАРУЛЕВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

Мун, кочIол гарцI, кивеги
Даим кIанцIелев вуго.
Мун, кочIол къверкъ, кидаго
Къур-къур бачунев вуго.

ГарцIида кколеб буго
Кинабго мегъ жиндирин.
Къоркъода кколеб буго
Кинабго хIор жиндирин.

## ГИПНОЗ

Абула поэтаз гипноз гьабулин,
Гьеб щибали дида лъалеб букIинчIо, –
Жакъа дур кучIдузухъ гIенеккарасда
Макьу речIчIарабго, бичIчIана, лъана.

## ПОЭТАСУЛ СУРАТ

Художникас цо шагІир
Жиндихъего ахІана,
ТІад къан бугин Союзалъ
Дур сурат гьабизеян.

Поэт, метер, метерин,
ГІаракъиялъ виччачІо, –
Цинги гІурцІмадул сурат
Художникас гьабуна...

Гьал кІияздаго гьоркьоб
Щибго батІалъи гьечІин,
БутІрулги цохІо ругин,
ГІамалги цохІо бугин.

ГІурцІмал гьесдаса къураб
Гьаракь-бакъанги гьечІин,
Мекълъиги кІичІардиги
КІиязулго релълъунин.

## ЖИНДИРГО ЦЕРЕСЕЛ КУЧІДУЗДЕ КВЕРГИ ХЬВАГІУН, ЦІИЯЛ РЕЦЦУН ЦІАЛУЛЕСДЕ

Йиччан тарай лъади лъикІ йихьуларо,
Гьелъул гІунгутІаби гІемер ратула.
Амма гІадамаца абулеб буго:
Гьей кІочарай йигин цІияй ячарай.

## КОЧІОЕ АНКЬГО ГЬИЖАГИ БУГОНИ, ГЬЕЛГИ РАГІАБАЛЪ РЕКЪОН РУГОНИ, ГЬАБ ГІОЛАРИЩАН ГЬИКЪАРАВ «ГЬУДУЛАСДЕ»

КочІое рагІи рекъей гІоларо,
МагІнаги къваригІуна.
КочІое магІнаги гІоларо,
Бакъанги къваригІуна.

КочIое бакъанги гIоларо,
Гьеб бачине тIамурги къваригIуна.
КочIое тIамурги гIоларо,
Гьеб бачине чиги къваригIуна.

Бачунев чиги гIоларо,
ГIенеккаралги къваригIуна.
Гьезги къабул гьабунищ,
Цогияхъеги анищ,
Росулъги букIанищ,
Шагьаралдеги щванищ –
Гьеле шигIргу, гьеле кечI.

## «ГIИСИНАЛ ЛЪИМАЛ» АБУРАБ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСЕ

ХIатIазда заз къачIел,
МичIалъ рацIичIел,
Ккарал гIайибазухъ
ГIундул кьуричIел

ГIисинлъимал дида
Дагъистаналда
ДандчIвачIо кидаго –
Дуда дандчIванищ?

## ЖИЙ ГЬАЙИИН, ДОЙИН АХIДОЛЕЙ, ЗИГАРДУЛЕЙ ЦО КУЧIДУЛ ХЪВАЛЕЙ ГIАДАНАЛДЕ

Мимидунилан катил
КочIохъан лъугьунаро.
КигIан хIапданиги гьвел
Музыкант бахъунаро.

ХIиллаяб хабар бицун,
Гъадил нису щваниги,
Нус-нус санал сверана –
Царал устар лъугьинчIо.

## ЦО ПЕРЕВОДАЗУЛ ТIЕХЬ ЦIАЛАРАБ МЕХАЛЪ

ЛъикIаб тIехь букIинаан, –
КIиго гIунгутIи буго,
ГIайиб лъида бугебан
Дида лъазе кIоларо.

Цояца пловалъул
Гьабун буго тIидул карщ,
Цо-цояз тIидул карщил
Плов гьабулеб буго.

## ГIУМАРИЦА ЖИНДИР КЕЧI БИКЪУН БУГИН ВАЧIАРАВ ГIАЛИДЕ

БотIрода гьечIеб тIагъур,
КигIан тIаделъаниги,
ТIаса бахъизе, ГIали,
ГIумарида кIвеларо.

Гьединаб хIалакъаб чу
Бикъиларо, гьудул, дур.
Гьеб хIама, пайда гьечIеб,
Гьабзазе хъун батила..

## ЦО-ЦО ТIОЛГО КЕЧIАЛЪЕ КВАЛКВАЛ ГЬАБУЛЕЛ МУХЪАЛ НАХЪЕ РЕХИЗЕ БАРАХЩАРАВ ПОЭТАСДЕ

Доба АхIулгохIалда
Рагъ гIасилъараб мехалъ,
ГIалибегиласул квер
Лъукъун далдалун буго.

Гьес гьеб жиндий вагъизе
Квалквал гьабунгутIизе,
ТIун гIодобе рехана –
Барахщуге мухъазда.

## ЖИНДИР КУЧІДУЗЕ ЦЕБЕРАГІИ ХЪВАЯН ВАЧІАРАСДЕ

Бисмила бахъунилан
Квен гІемерлъуларилан
ГІандисесул рагІаби
РагІун рукІинчІищ дуда?

## ЦОХІО ДИЕ ГУРОНИ ЦІАЛУЛАРЕБ АБУН, БАЛЪГОЯБ КЕЧІ ЦІАЛИЗЕ ВАЧІАРАВ ПОЭТАСДЕ

– ЦІалуге дие кечІ, гьабсагІат дихъе
Дир гьудул, мадугьал вачІине вуго.
– Досий цІализеги буго хасаб кечІ,
Хехго вачІинадай, вачІинародай?

– ЦІалуге дие кечІ, кватІизе гьечІо,
Гьание цо гІадан ячІине йиго,
– Гьелъий цІализеги буго хасаб кечІ,
Хех ячІинадай дой, ячІинародай?

– ЦІалуге дуца кечІ, дихъе гьабсагІат
Нилъер председатель вачІине вуго.
– Гьесий цІализеги буго хасаб кечІ,
Хехго вачІинадай, вачІинародай?

– ЦІалуге дуца кечІ, гьабсагІаталда
Гьве бачІине буго тиризе араб.
– Гьелъий цІализеги буго хасаб кечІ,
Хехго бачІинадай, бачІинародай?

– ЦІалуге дуца кечІ, гьеб рагІарабго
Гьвеца мун хъамила, хъанда кинигин.

## КІУДИЯБ ХЪУЛУХЪ ЩВЕЙГУН, ХЪАЧІЛЪАРАЙ МАГІАРУЛАЛЪУЛГУН ГАРГАР

– Гьайбатай магІарулай,
КІудияб хъулухъалда
Дур хъачІлъиги ццинги щиб,
Щай гьеб дуй къваригІараб?

– Нус-нус саназ бихьиназ
Гьабураб къварилъидухъ
Гъездаса къисас боссе
Бокьула гьанже дие.

## РАГIИ ГIЕМЕРАВ ПОЭТАСДЕ

РагIи гIемерлъани, гIакълу бецIлъула,
РагIаби цIад гуро, цIикIкIине тоге.
РагIабаз магIарда гIи хьихьуларо,
Ра́гIи рагIи́ гуро, боцIуе баге.

РагIи кигIан гIемер абунаниги,
ГIор уна кьодухъе кьуркьудилаго.
РагIи гIемер кибго гьерсилъ букIуна,
Гьеб бугеб кечI бухIун, рохъо лъугьуна.

## «ЦIВАБЗАХЪЕ ВОРЖИНИН ЖИВАН» КЕЧI ХЪВАРАВ ПОЭТАСДЕ

Гьудул, мун цIвабзахъе
некIого щвана,
Шушбузда тIад дуца
гьел хъатикь ккуна.
Дур росу, гIагарлъи
хал гьабун буго, –
Хекко мун цIвабзахъа
вуссунарищан.

## КIИГО ЦАДАХЪ ХЪВАЛЕЛ РАТIАЛЪАРАБ МЕХАЛЪ

КIиго палугьанасе
Цо кварида бакI гьечIо, –
Цоясда цояв тункун,
Цадахъ гIодой ртана.

Цоясул бох бекана,

Цоясул квер къуркьана...
Цинги рекарал бутӀрулъ
Цо тӀинкъ пикру батичӀо.

## ЖИВГО ЖИНДАГО ЛЪАЛАРЕВ КОЧӀОХЪАНАСДЕ

Гьас жиндирго бицана,
Рецц гьабун, жакъа къоялъ.
Къаси дица регана
Гьасул кочӀол жугьаби.

Дица хӀикмат гьабуна:
Гьадин живго лъаларев,
Лъабабилеб классищ,
Унго, гьас лъугӀарабин?

Дие жаваб гьабуна,
Гьев жагьилав чи гурин;
Амма живго жиндаго
Поэтасда дагь лъалин.

## ОЛИМПИАДАЯЛДА

Олимпиадаялда
Цида бер кӀутӀарабго.
Дида цеветӀамуна
Цо магӀарул кочӀохъан.

Гьелъул бакӀал галабаз
Горсвери гьабурабго,
Пархан ракӀалде щвана
Цоги магӀарул шагӀир.

Гьеб хадуб магӀуги тӀун,
ГӀодизе лъугьарабго,
Дица пикру гьабула
Цогияв поэтасул...

Гьеб ци релълъинчӀев поэт –
ЩӀакъ дагь гурони гьечӀо, –

Гьелъул квачIалги куцги
Руго гIемер кучIдузул.

## ЦО ГАРГАР

Цо пиша лъаларев, я иш лъаларев,
Лъаларев чиясда гьикъана дица,
Бице, киданиги квартIаги нилъги
Кодобе босанищ дуцайин абун.

Гьав кIарун велъана, квартIаги нилъги
Кодоб гьечIеб заман дир букIинчIилан,
Щибаб монеталда гьаб дир чвантинир
Гьел чвархъелел ругин, хъудулел ругин.

## ЦОГИ ГАРГАР

Тохтирас гIайиб чIвана:
– КочIохъан, дуцайила
Медищина щайила
ШигIрабалъ дагь рахсолеб?

ШагIирас жаваб кьуна:
– Дудаги, гьалмагъ тохтир,
Адабият лъилъулеб
ЛъачIин жегиги дару.

## КУКРЫНИКСАЗ ГЬАБУРАБ ДИРГО КАРИКАТУРАЯЛДЕ ХЪВАРАБ

Гьалда щайзе абулеб
Карикатурайилан?
Кибниги цониги бакI
Цо дир гуреяб гьечIин.

Гьаб кIудияб мегIерги
Биххун щущараб карги –
Кукрыниксаз гIадин дир
БитIун сурат бахъичIо.

## ЖИНДИРГО ВАСАСУЛ КУЧІДУЛ РЕЦЦУН ГЬЕСУЛ ИНСУЦА БАЧІАРАБ КАГЪТИЕ ЖАВАБАЛЪЕ

Жегиги кинидаго
Дур вас кIалъараб мехалъ,
ГьесулгIан гьуинаб мацI
Дуй Пушкинил букIинчIо,

Гьанже гъос кучIдул хъвала,
Кинал гъол рукIаниги,
РекIелъ дур росиялда
Расги хIикмалъиларо.

## ЦО КАЗБЕКИЛАН ЦІАР БУГЕВ КОЧІОХЪАНАСДЕ

Дуе цIар кьуна битIун, –
Щай гьал гIажаиблъулел?
ГIазу буго дур кочIолъ,
Казбек-магIарда гIадин.

МугIрул тIогьалги рахун,
Боржуна цо-цо пикру, –
ЦIудул тIалъи щвечIолъи
ТIутIазул мунагь гуро.

## «ИЗВЕСТИЯ» ГАЗЕТАЛДА ЦО ПОЭТАСУЛ КУЧІДУЛ ЦІАЛАРАБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАБ

Пушкин – «Известиялда»
АскIов вахъарав поэт,
Нахъе ваче гьаниса
Живан гьарделев вуго, –

Жакъасеб газеталда
Дур кучIдул цIаланилан,

Киданиги гьединал
РихьичІин, рагІичІилан.

## ЦО ДАГЬАБ ЗАМАН ЧІВАЗЕ ВИЛЪЛЪАЙИН ДИДА АБУРАВ ГЬУДУЛАСДЕ

Ле, секундал чІвалев чи,
Дуца сагІталги чІвана, –
Цо дагьаб гьекъон чІезе
Гьудуласда кІоларо.

Ле, сагІатал чІвалев чи,
Дуца саналги чІвала, –
ГьитІинаб жо бикъарас
КІудиябги бикъула.

Ле, санал чІвалев гІадан,
Дуца гІумруго чІвала, –
ГІурулъе уна гьоко,
Гьеб бачине лъачІони.

Цо кверда балеб сагІат
Билани пашманлъулев,
Щай мун пашманлъуларев
Рии, их билулелъул?

Дагьаб боцІи цІунизе
НуцІида кІулал ралев,
Щай кІулал гьечІел рокъор,
Бакъги къоги цІунизе?

## ДАИМ КЕПАЛДА ВУКІУНЕВ ЦО КОЧІОХЪАНАСДЕ

– Щиб мун радалги, къадги
Къоялъ кепалда вугев? –
Поэма лъугІана дир, –
Жаваб кьуна шагІирас.

– Щибаб бачІараб къоялъ
Поэма хъван лъугІулев

Поэт лъалареб дунял
Щибан, хIикмалъана дун.

## ЩИБАБ ЛЪАГІАЛИДЕ ЛЪАБГО-УНКЪО ТІЕХЬ КЪВАТІИБЕ БИЧЧАЛЕЙ ЦО ГІАДАНАЛДЕ ХЪВАРАБ

Ургьиб лъабго моцI балеб
Лъимер гьабулей гIадан,
Гьай гIадинай йихьичIин,
Хьим-хьидула гIадамал.

«Цо нухалда гважуца
ИчIго гьабулеб таращ», –
Тамаша гьабугеян,
Гьалъ хъвала цIияб роман.

## ЦО ПОЭТАСУЛ ТІАХЬАЗУЛЪ БИЩУНГО КИНАБ БОКЬУЛЕБАН ГЬИКЪАРАБ МЕХАЛЪ, ГЬЕСУЛ ЧІУЖУЯЛЪ КЬУРАБ ЖАВАБ

Дида гьасул кучIдузул
Киналго асаразул,
Сберкнижка гIадин,
ГIагараб тIехь дандчIвачIо.

Дида гьеб тIолабгIаги
ТIубан рекIехъе лъала,
РикIкIине бокьанани
Жеги макьилъги кIола.

## ЦО-ЦО КОЧІОХЪАБАЗДЕ

Кепкал чвархъолеб мехалъ,
Чвантил зваргъи рагIигун,
Гьазул черх сородула,
Гьазул кверал тIеркIола.

КучIдул хъвалеб мехалда,
Цо берцин къапуларо:
Къалам жибго хIалтIула,
ХIалхьуда бетIерги тун.

## ЦО ИНСТИТУТАЛДА ГIИТIИНАБ КЪИСА

Кверзул щуябго килищ
Каранда чIван, гьарана
Гьас, жиндир яс йосеян
Институталдайилан.

Ректор, анцIабго килищ
Каранда чIван, кIалъана:
КIоларин гьей йосизе
Гьадин барахщарав дур.

Хадуб гьоркьоб сон инчIо, –
Судалда вуго ректор,
АнцIго килищг борхун,
Киналго гьал кьелилан.

Судияс жаваб кьола,
Щуго килищги борхун, –
Щуго сон кьелин дуе,
Гьединав барахщарав.

## ЦО «ГIАКЪИЛ» РАКIАЛДЕЩУН ХЪВАРАБ

Гьанже гьаб гIумруялда
ГIадамахъ хал гьабигун,
Алжан кьун таги пакъир,
Цо «гIакъил» цеве чIола.

Гьес абулеб букIана:
Нилъейго санагIатаб
СихIру, хIилла гьабуни,
Щибго хIакъ букIунарин.

Цоги гьас абулаан:
ТIадчIун, ургъун бицани,

ТIубараб оцол багьа
Цо-цо гьерсил букIунин.

Бищунго гIаламалда
ГIадамазе хирияб
Цин гIагарлъи бугила,
Цинги боцIи бугила.

Амма цо-цо гIагарлъи
ГIарцуца нахъе цулин.
ГIакълу тIехьалда гьечIин –
Гьеб чвантиниб букIунин.

Ахир дос абулаан,
Гучаб пачалихъ бугин,
КигIан бикъананиги
Щибго мукъсанлъулареб.

Гьанже гьаб гIасрудахъги
ГIадамахъги хал гьабун,
Алжан кьун таги пакъир,
Дов «гIакъил» цеве чIола.

Гьединазул гIемерлъи,
ГIасияб хьвада-чIвади...
ГIагараб улкаялъухъ
Пашманго балагьула.

ГIемерал бахIарзаца
Би тIурал щобил тIугьдул,
Лъица нуж тIолел ругел,
ТIад чIун мерхьунел ругел?!

## КЪАЛАМ БИЛАРАБ МЕХАЛЪ

(*диего хъвараб*)

Дир къалам, щакъиян дун,
ШигIру хъвазе ккун бугин.
ШигIру гьардолеб буго,
Дуда гьеб батугеян.

## ЦО ГЬУДУЛАСУЛ БИБЛИОТЕКАЯЛДЕ

Дур рокъор ругел щинал
ХIалхьи босулел тIахьал,
Пенсиялде кинан гьел
Киналго цадахъ арал?

Гьурмада канлъи лъачIел,
ТIанчазда бакъ бихьичIел,
Мужалатазул вацлъи,
Гьезул цоцада релълъин.

Дуца тIехь босулелъул,
Цадахъ натIиги босула,
Гьелъул жилдал, рорцине
Жиндирго шкафалда.

## ЦО-ЦО ЖИДЕРГО ХАЛКЪАЛЪУЛ ТАРИХ

Гьасул бетIералда тIад
ХIалтIанщинав чи, унго:
Эбел, эмен, гIагарлъи,
ГIакъилал мугIалимал.

Малълъизеги малълъана,
Абизеги абуна,
Институт, лекцияби,
Бицараб щинаб хабар!

Гьаб ботIрой хъварал щинал
Приказалгин хIукмаби,
Чан хIалбихьи букIараб,
ХIасил щибниги ккечIо.

Баркала, парикмахер
Дур махщел – кIукьмахалда –
КIвана гъаримаб бетIер
Цо батIияб гьабизе.

Гьаб тIасанго, кинигин
Жанисанги къачIани,

Жалго МахIмудгин ХIамзат
Гьасухъ хIайранлъилаан.

## РУКЪ ГЬЕЧIЕВ ПАЧА

*Пачаясул роль хIалев Дагъистаналъул цо артистасде*

Сценаялда гьасул
ЧIахIиял гьундул руго,
Гьав пачаги, гьав бегги,
Гьав шагьги, ханги вуго.

КинацагIаги гьасий
Хъулухъ гьабулеб буго,
Гьасул хъатил гьаркьихъе
Кьер гьабун чIолел руго...

Хадуб пардав къарабго,
Къаси сордо арабго,
Къойил райсоветалъул
КIалтIа вихьула артист:

Гьалмагъ председатель, дий
Цо гьитIинаб рукъ кьейин,
Вуссине бакI гьечIого
Дун «пача» тогейилан.

Гьарун гIарзаялда тIад
Резолюция лъола:
Пачаязул мех анин,
Артистазе рукъ гьечIин.

## ЦО ЦЦИДАЛАЙ КIАЛБАЗАР ТIАДЕЛЪАРАВ ГЬУДУЛАСДЕ

Баркала, дир гьудул, дуца цогиял
Гьаб цо цциналдаса эркен гьаруна.
Гьеб пулеметалда дурго керен цун,
Кинабго полк дуца хвасар гьабуна.

Нижеда речIчIизе щибго цIуничIо,

ТӀолго цӀурал къучӀби дуде чӀехьана.
Къаси анонимкай, къад гӀарз – кабинет...
Критикаялъе цоги чи щвечӀо.

Мун вукӀинчӀевани, щивдай кӀкӀвинаан
Гъоб кӀалалъ, гъоб мацӀалъ, бацӀилал береаз?
Аза-азагр борхьил загьру босарай,
Залим йихьуларищ? Цо алас, алас!

## ЦО ХЪВАДАРУХЪАН – «ЦӀАЛДОХЪАН»

– Дуца щиб тӀехь цӀалараб,
ЦӀияб, лъикӀаб щибилан,
ШагӀирасда гьикъана
Гьасул мадугьалзабаз.

ШагӀирас кӀал жирана,
Жив гьедин регӀун гьечӀин, –
Рес къотӀани, къанагӀат
Дирго къиса цӀалулин.

## ГЪУДУЛ-ГӀАЛИМЗАБИ

*Цо-цо гьанжесел «историказ», «гӀалимчагӀаз»*
*гьарурал хъвай-хъвагӀаял цӀалараб мехалъ абурал рагӀаби*

ЧӀварал бахӀарзазул берал рикӀулел,
Гъудул гӀадин, руго гьал гӀалимзаби.
Хабалъ рукъаразул къанал рекулел
Къоял рачӀун руго историкахъе.

РикӀкӀадал соназда рикӀкӀад щапарав
Шамилие макьу биччалеб гьечӀо.
Доб ХӀажимурадил къотӀараб бетӀер
ЦӀидасан къотӀизе къваригӀун руго.

Шамил вугевани гьаб гӀасруялда,
ГӀелмабазул канлъи вукӀинаан дов.
Шамилил мехалда гьав гӀалимчияс
Нодо бекилаан, как бан, гьесие.

ХIажимурад жакъа вукIаравани,
ВукIинаан Берлин босулезда гъорлъ.
Наибасул мехалъ гьав цо тарихчи
ВукIинаан гьесул чуялъул малакь.

Кавказалъул рагъул гъалмагъиралъул
Гъудуллъун, чудкаллъун рукIинаан гьал.
МагIарулал рукIа, гIурусал рукIа, –
РикIилаан берал чIварал васазул.

## ЦО-ЦО ЖИДЕРГО ХАЛКЪАЛЪУЛ ТАРИХ ГIАД ГЬАБУН КIАЛЪАЛЕЗДЕ

Эмен гьекъаравго, гьесда релъизе
Гьалбал ахIун руго цо МахIамица, –
Балагье гьасухъин, гIадамал, нужан,
ГIад-хочI гьабун буго хъахIлъараб мегеж.

ВачIарав кIудияс кIичIараб гIанса
Босеян бан буго гьав МахIамида, –
МагIарухъ мун гIадаб инжитаб рижи
БижичIин, инсуда тIад велъанхъулев.

Нилъер тIалъиялъул гьалдараб тарих
Гьалагаб букIанин, гIантаб букIанин –
Дида данде чIвала цо-цо гIалимзай,
ГIинде шляпаби тIадеги риччан.

ВачIа мун, кIудияв, кIичIараб гIанса
ГIажалалде гъурал гьезда маян бай, –
МагIарухъ нуж гIадал рижиял гьечIин,
Рижараб тIалъуда тIад хьимхьидулел.

## ЖИДЕЦАГО СВЕРАРАЛ РИКIКIАДИСЕЛ УЛКАБАЗУЛ БИЦУН, РЕЦЦ ГЬАБУН ХЪВАДАРУЛЕЛ ЦО-ЦОЯЗДЕ

МагIарухъ аби буго
Кивехун ананиги –
АхIмакъ цIодорлъуларин,
Яман яхшилъуларин.

Щиб кьурда рещтIаниги,
Киб гъулдухъ ахIданиги, –
Гъеду гъеду букIунин,
Гъолъул цIум лъугьунарин.

## ЖИНДИРГО КУЧIДУЛ ЛЪАЛАРЕВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

ЦIализе кIоларел гьал
КIварал кин дуда хъвазе?
Дуцаго кунараб чед
Чияе щайзе кьолеб?

## ЦО ЦIАКЪ ЩАВКЪАЛДА ШИГIРАБИ ЦIАЛУЛЕВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

Зар букъун, кверал хьвагIун,
Керен цIутIун, кIал кIичIун,
Дуца цIаларал кучIдул
Кодой росана дица.

Цинги гIодой рехана, –
ГIазугин цIорой буго,
ЦIалулелъул бугеб цIа
Хъвалелъул щай букIинчIеб?

ШигIру гIагараб дие,
ГIищкъуялда гьабураб,
ГIодой виччан цIалулеб,
Блокица кинигин!

## «ДИР КУЧIДУЛ – ДИР ЛЪИМАЛ» РУГИН АБУРАВ КОЧIОХЪАНАСДЕ

Дур кучIдуз, дур тIанчIаца,
КигIан мех ургьиб бараб,
Кинида рущиналде
Пуланзаби хунищ гьел?

Хунги гьел ратиларо, –
Хваразухъ чIегIер бала,
Бадиб лъилниги магIу
Гьел тIагIанин бихьичIо.

Амма рихьана цо-цо
Дагьалъ гурхIарал чагIи –
Дуца гурел цогияс
Щай гьол гьаричIелилан.

МахIмудил кинигинан,
Бугеб рухIалъ ахIизе,
Батирайил кинигин,
Кицабазде руссине.

## ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛЪУЛ ЦО-ЦО ЧЛЕНАЗДЕ

ГIурцIмадул, хIежалде ун,
ХIажичи лъугьунаро, –
Членлъун росанщинал
Гьел шагIирзаби гуро.

## ЛЪАДУДА ЖИНДИР КУЧIДУЛ РИЧIЧIУЛАРИН ГАРГАДУЛЕВ ПОЭТАСДЕ

Мун щай рекIекълъулев, дур лъадиялда
Дур кучIдул лъаларин, гьел ричIчIуларин? –
Гьел ричIчIаралани, гьел лъаралани,
Лъадуца дур рокъоб къо балароан.

## КIУДИЯБ КЪАГIИДАЯЛЪ ЮБИЛЕЙ ГЬАБУРАВ ГЬОРКЬОХЪЕВ ПОЭТАСДЕ

Бече гьабунин абун,
Оц хъун рагIула цояс, –
Эв ракIалде вачIуна
Цо-цо юбилей бихьун.

## ХІИНКЪАРАВ КОЧІОХЪАНАСДЕ

... Бицуна, Шамилица,
Кьалда мурид хIинкъани,
ХIал лъалеб жо чабхъада
Чиясухъан кканани,
Гьесул мугъалда нахъа
Чухъаялда букъулеб
ХIамил тIенкелалдаса
ТIураб рукъи букIанин.
Гьаб цо кочIол чабхъеналъ
Каранлъ ракI хIинкъулезе
ХIамузул тIенкелазул
Рукъи букъун лъикI гурищ? –
Балагье гъовин абун
Кинасдаго вихьизе,
Вихьараз вихьичIезда;
Кисан-кибго бицине.

## ЦО ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ ХЪИЗАНАЛДЕ

Нужер тIахьал рахъизе
ЦохIо басма гIеларо –
Росас хъвалел романал,
Лъадул кучIдузул харчIал.

Лъимал – цояв критик,
КIигояв драматург...
Нужер гьвегун кетуялъ
КечI, къиса хъваларебищ?

## ЦО РИЩИЯЛДЕ

ХIатIазул бутIрул гьаруна,
БутIрузул хIатIал гьаруна.
БутIрузда кIочана
ХIатIал рукIараб мех.
ХIатIазда кIоченчIо

БутӀрул рукӀараб мех.

## СТАМБУЛАЛДА СУЛТАНИЛ ГАРЕМАЛДЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАЛ РАГӀАБИ

Гаремалда жаниб
Как балев Султан,
Дуца бицуниб щиб
Дов аллагьасда?

ХӀарамазул рокъоб
Къуръан цӀалулев,
Дуца цӀехолеб щиб
БетӀергьанасда?

## КАТИЛ РАЧӀ

«Мун лъухьардулей куц, мимидулей куц,
Кету лъугьине дуй рачӀ камун буго.» –
Гьедин абурабго, цо меседоца
Рос вихьизавуна, гьале дир рачӀин.

## РУЧЧАБАЗУЛ СОВЕТАЛДЕ

Руччабазул Совет гьабулеб буго, –
Гьанже лъана дида щиб «цӀвабзазул рагъ».
ЦӀвакаразул миллат цолъулеб буго,
Ахирги бихьилин бихьиназул хӀал.

Азарил санаца гьал руччабаца
Баччана гӀезегӀан къварилъи, балагь,
Амма къисас боссе бихьиназдаса
Бищун мустахӀикъаб гьаб нилъер мехищ?

ТӀокӀав лъадиялда ворхун кӀалъаге, –
Лъадай ворта, ГӀали, гӀеретӀги босун.
Щиб жо абуниги, жаваб гьабуге, –
Жул бихьулищ, Муса, хех азбар лъухье.

Цо ихтияр гучай кIалбазар рагIун,
КIалъазе кIвечIого, вуцIцIун чIарав дун,
Гьанже гьал руччаби цолъараб мехалъ,
Гьасул «ракетазул» руккелалъ хвела.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦIОГЬАЗУЛ КЪОКЪАЯЛДЕ

Нуж Америкалда рукIаралани,
БукIинароан банк нужер квер щвечIеб;
Доб Италиялъул террористазул
ТалихI къин бихьулищ, нуж данде чIвачIел.

Жавгьар, якъутилин цIер бичулел нуж
ЦIакъго махщел бугел чагIи ратила.
Чвантица каранда цIва кунчIилилан, –
Кир ругел нуж гIадаб бажарараб халкъ.

Нуж доб ГIарабиялъ рукIаралани,
РукIинаан бищун гучал щайихал;
Шагьал рукIанани нуж Персиялда,
Гьаб Дагъистаналда – рикъардухъаби.

Доб Сицилиялъул мафиячагIи,
Нужер цIар бахъигун, цIаруцIараб куц.
Кирго ругин жидер гьудулзабиян, –
Гьез нужеде салам битIун букIана.

Дирги гьари буго, гьайбатаб тIалъи
Пасат гьабичIого, дорегIаги, а,
Дол пачалихъазда цIогьазул хIурмат
ЦIикIкIараб рагIулин, гIедегIел гьабе.

## ЦО КЪАДАРАВ ХIАКИМ ГЬАВУРАБ КЪОЯЛЪ АБУРАЛ РАГIАБИ

ЦIакъ гьавичIониги бегьулев гIадан
Гьавун вуго дуца, мугIрул тIабигIат.
Мун гIадаб гIакъилаб гьечIин вукIана,
Цо-цо гIантаб дурги букIунеб буго.

## ГIЕМЕР ЛИТФОНДАЛДЕ
## ГIАРЗАЛЪ ВАЧIУНЕВ ЧИЯСДЕ

Мугъ хъасизе гIадаб бакI
Панзалъги балагьула, –
Дир дуда гIайиб гьечIо,
КигIан гIарз гьабуниги.

## КЬАЛЛЪАРАВ ПОЭТАСДЕ

Вацасда абун буго
Гьесул вацас цо нухалъ:
– Дуда бихьулеб гьечIищ –
Гьев соназ кьаллъун вуго...

– Дидаги гIайиб ккана,
Дур кечIалъул цохIо мухъ
Квеш лъугьун бугин аби! –
Лъугьараб гIантаб хIалтIи.

## КЕЧI БАХЪИЯЛЪУЛ ГУРЕБ,
## ХЪВАЯЛЪУЛ УРГЪЕЛ ГЬЕЧIЕЗДЕ

КечI хъвазе байбихьула,
Бисмила бахъичIого. –
Басмаялде ртула,
ТIолго алхIамал цIалун.

## РОКЬИ ККЕЧIОГО КЕЧI АХIУЛЕСДЕ

ХIелкил бетIер къотIула,
Мех щвелалде ахIдани, –
Дуцаги кечI ахIана
Гьеб керен бухIилалде.

## ЧИЯДЕ ГIАЙИБ ЧIВАЛЕСДЕ

ГIадамал, гIадамал, гIайибал чIваге,
ГIундулги бералги гъосул жиндирго.
Гьаб дир жайранилан, бетIергьанчияс
Буго чанги гIорцIен, гIарцул кьили лъун.

**ЖИНДИРГО ХЪВАРАЛ ТIАХЬАЗУЛ КЪАДАР БИЦУН ВЕЦЦАРУЛЕСДЕ**

АнцIила щуго бакъан
Чаргъадилги рагIула,
Черхалъе къабуллъулеб
Цонигияб рагIичIо.

**ЦО КЕЧI ЦАДАХЪ ХЪВАРАВ КIИГОЯСДЕ**

КIигояс гьин рехани,
ЧчугIа кквезе бегьула.
Кинан гьеб бащад гьабун,
БарщичIого бикьилеб?

**КЪАНАГIАТАБ ТIЕХЬАЛЪУЛ АВТОРАСДЕ**

Дур гIадаб къанагIатаб,
ХIикматаб тIехь дандчIвачIо,
Цого-цо дур гурони
Дуниялалда гьечIеб.

Гьеб тукаде щун, гьале,
Щуго-алъго сон буго,
ЦохIо мунго гурони,
Гьеб босарав чи гьечIо.

**ЦО ЧIАХIИЯЛ ЦIОРОБЕРАЛ РАРАВ КОЧIОХЪАНАСДЕ**

Гъосул гьурмахъ балагье,

ЦIороберал рахъани,
Нахъисеб гъоркьияб рахъ,
Гьоркьоб батIалъи гьечIо.

Нахъисеб гъоркьияб рахъ,
Гъолъ хъваралцин гурищ гьал
Пуланасул хIасилал,
ХIалхьуда бетIерги тун?

## ЦО ПОЭТ-ПЕНСИОНЕРАСДЕ

Лъабкъого соналъ рокьи
Дуца лъийго кьечIони,
Лъади ячунин абун
Пайда гьабизе гьечIо.

Гьабго щинаб гIумруялъ
Лъимер гьабичIев дуе,
Чан кини кIикIаниги,
Кумек букIине гьечIо.

## ЦО «КЪИСАС» АБУРАБ КЪИСАЯЛЪУЛ АВТОРАСДЕ

Мискинаб адабият –
Аваразул кечI, къиса...
Къисас гьездаса жеги
Дуца гIадин босичIо.

Азарго тIамачалда
Цо тIагIамаб бакI гьечIо...
Гьеб дур гIадинаб рецIел
Рахьдал мацIалда лъачIо.

## ЦО ТРИЛОГИЯЛЪУЛ АВТОРАСДЕ-ХIАКИМАСДЕ

Гьир бакIлъун, кьварид ругел
Къо бихьарал чагIазул,

Дуца къучIбиги тIад лъун,
Чара къосун бугеб куц!

Чияс чиясда зулму
Гьукъун бугин рукIуна,
Гьал дур тIахьал цIалулез
ТIолеб гIетIухъ балагье.

## ГIЕМЕРАЛ ЦIАРАЛ ХИСУН ЦОГО ТIАХЬАЛ КЪВАТIИРЕ РИЧЧАЛЕЗДЕ

Унтарал лъималазда
Гьел лъикIлъизе къасдалда
Лъолеб гIадат букIана
Цоги батIиял цIарал.

Гьал дур унтарал лъимал –
РухI гьечIел холел кучIдул...
Хвасарлъулеб цIар гьечIо,
Пуланзаби – гурхIула.

## ЦО ЧIАЛГIАРАВ КОЧIОХЪАНАСУЛ ГЬАРАКЬ КЪОТIАРАБ МЕХАЛЪ

Бугеб гIатIилъи гьанже –
Хъудулеб, хайир гьечIеб
Холодилыник рокъоса
КъватIиб босараб гIадаб.

РекIей ккараб цо рахIат –
ЛъикIаб компаниялъул
Кеп чIвалев гьекъолдухъан
Нахъе арав кинигин.

Рецц, буго аллагьасе, –
Гьеб дур гьаракь къотIана,
Гьанже биччай радио
Радал бахъун кIалъазе.

## РЕЦЦ-ЦІАРАЛЪ ЧІУХІАРАВ ПОЭТАСДЕ

ГІатІги кьун хьихьулеб цІцІе,
Гьеб пуланалда лъачІо:
Къаси, моцІ бихьараблъи,
Метер кІал биччалеблъи.

ЦІаргин реццалъ бецлъарав
КочІохъан, дуда лъачІо –
Дуй къад бакунеб чирахъ
Къаси свине бугеблъи.

## МАХІАЧ ДАХАДАЕВАСУЛ ПАМЯТНИКАЛДА ТІАСАН КІАЛЪАЛЕСДЕ

МахІач, мун жидеца чода теларин,
Руго цо-цо чагІи, жеги гъулгъулел.
Дур чармил сиялде жив харилилан, –
Цо лъалев «гІалимчи» – гІадалъ цІал кьабе»

## ДИРГИ МУНГО ГІАДАВ КОЧІОХЪАН ГЬАВИЗЕ КУМЕК ГЬАБЕЯН ХЪВАН БАЧІАРАСДЕ

Дирго кколев поэт гьавизе дие
Махщел, гьунар щвечІо гьурал гІемерлъун.
Дирго гъотІодацин пихъ гьечІев дица
Цогияб лъалъазе лъай босилеб киб?

## ОБКОМАЛЪУЛ ЦО ХІАКИМ РЕЙХСТАГАЛДА БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ БАЙРАХЪ ЧІВАЛЕЗУЛ ЦОЯВ ВУКІАНИЛАН ЦО ХАЛКЪАЛЪУЛ ПИСАТЕЛАС ХЪВАРАБ МЕХАЛЪ

Гьаб хъулухъалдаса мун арав хекко,
Хадуб цоги сопалъ хутІарав ани,
Рейхстагалда дуца байрахъ чІванилан,
ЧІвалаан дуе хъат, ахІилаан кечІ.

Дун гьелда божула, Дагъистаналда

Дур «мина» бихьигун, дур гьунар лъайгун, –
Гьанал, нахул, квасул дуца босичIеб
ЦохIо пункт хутIичIо – гьеб гурищ Рейхстаг!

## НИКОЛАЙ ГУБЕНКО КУЛЬТУРАЯЛЪУЛ МИНИСТРЛЪУН ТIАМУРАБ МЕХАЛЪ

Дуца чан роль хIараб Таганкаялда:
Цин трагедия, цин комедия.
Амма культуралъул министрасул
КигIаназ хIараб роль, гьеб бажаричIо.

Лъала, гьеб дуеги захIмат букIина,
Амма букIаниги кантIи гIуна дур:
Гьаб исскуствоялъе пайда гьабизе –
ГьатIан къоялъгIаги кабинет тезе.

## ГАРЦIАЛ

Квачан чIезе кIвечIого,
КIанцIелел цоял руго.
БухIун чIезе кIвечIого,
КIанцIелел цоял руго.
Нуж гIадинал рукIана
ГIаламалъул васалги:
Цоял гIорцIун кIанцIелел,
Цоял ракъун кIанцIелел.

## ГЬИТIИНАЛ КЪИСАБИ

1

Лъадай арай ясалъ гIеретI бекана,
ГIодой унеб лъеца гьалда абуна:
«Гьанже мун гIун йикIин гIертIида лъана
ГIолилай, кватIуге росасе ине».

2

РатIалъилилан абун

Щуго соналъ гьедана,
Щуго лъимер гьабуна –
Гьал ратІалъун рахъинчІо.

3

Ражибух къолохъе гІарзалъ бачІана,
ГІарац кьоларого кьабулеб бугин.
Къолоца абуна, жибги кидаго,
Квине жо гьечІого, бухулеб бугин.

4

– Цебе руччабаца чахтІазда чІвараб
ЧІухІдари щиб нужер, шагьи, гІабаси?
– Ниж чІухІдарилларищ, нижей часги ккун,
Гьанже чан михъил рас бугеб соролеб!

## ДАГЪИСТАН ТАРАВ КОЧІОХЪАНАСДЕ

ГІодор рукІунеб мехалъ
БакІ гъоркьа босарабго,
ГІодор ккола чІарбида
Бищунго чІухІаралги.
ГІодор ккун хутІуларо,
Цо-цо бетІер бекула,
ВатІанал.да кинигин
Гьеб регъезе лъаларо.
КучІдул хъвалеб мехалда,
Дагъистан гьечІонани,
ГІодов ккола кочІохъан,
Кинав гьев вукІаниги.
ГІодов ккун хутІуларо,
Хабар къотІула гьесул –
ВатІаналъул хІорил лъим
ХІанчІазе бокьулеб куц.

## ЦО-ЦО ГЬУДУЛЗАБАЗДЕ

Лъаларищ концертал нилъей кеп кьурал,
КигІан нилъ рукІарал театразда!
Бихьиназул чухъбулъ, рачлихъ кверги чІван,
Руччаби гьарсилан цо кьурдарал куц!

Михъазул бакIалда тIорал рукIана,
ТIаса рахъ чIегIераб гриммалъ белъун.
Цинги ахир, хадуб бутIрузда тIаса
ТIаргъал рахъаралго гьурщулел гъалал.

Дуцаги, бихьинчи, гьудулин абун,
Гьарс бачана дие гIемерал соназ.
Амма хIалбихьулел къоял рачIингун,
КъватIире дур гъалал гьурщун рачIана.

Михъазул бакIалда тIорал ратана,
ТIолалго расазда гриммги бахун.

## ТIЕХIАЛДА РУГО

## КУЧIДУЛ

### Микьмухъилал кучIдул

«Микьго мухъ – микьго Койсу...»
«Бакъги цадахъ гьечIого...»
«Радал тIохдеги вахун...»
«Кварида бакъвазе бан...»
«Дир бищун лъикIав гьудул...»
«Дихъе гьудуласухъан...»
«Гьадинаб чадил тIагIам...»
«ГIумру какулезеги...»
«Лебалав бахIарчияс...»
«Рагъда асир гьавурав...»
«Дица магъилъ хурдулъа...»
«РикIкIадисев дир гьудул...»
«Жакъа ракIалде щвана...»
«ГIемерал васал чIвана...»
«Гъал чIегIерай бахIарай...»
«Нижер росдал иццул лъар...»
«Мун гьоболлъухъ ячIунге...»
«Дир вукIана тIулил вац...»
«Балагьун вуго Пушкин...»

«Лъимал тIаде рахъуна...»
«Дуца абулеб буго...»
«Дица бихьизабилин...»
«Абуге булбулилан...»
«ТIолго цIваби лъаниги...»
«Дица кечI ахIуларо...»
«Нухлул рагIалда буго...»
«МугIрул тIогьиб гIурдада...»
«ХIанчIазе ургъел гьечIо...»
«Жеги рагьичIел тIугьдул...»
«Лъаларел шагьаразда...»
«ГъотIокье гьал тIерхьана...»
«Инсуца гIараб мацIалъ...»
«Гьайгун ралъдал рагIалда...»
«Дун цIалараб школа..»
«ЦIалараб школалда...»
«Унтулеб бакI щибилан...»
«Лъимал цо-цо гIодула...»
«Гьадин унев вукIуна...»
«Хонжрол балада, вацал...»
«Дуниялалъул рокъоб...»
«Хунжруздагин хонжроца...»
«МагIарулай, гьайбатаб...»
«Къоло щуго вукIана...»
«Февралалъго ганчIалъан...»
«МугIрул накIкIаз цIун руго...»
«Зодосан унеб гIазу...»
«Ралъдал рагIалда кьуру...»
«Дунялалда гIадамал...»
«НакIкIазул илхъи буго...»
«Дица жакъа буртина...»
«Гьале гьанжеги гордухъ...»
«Бульвар къотIун къаси дун...»
«Дун гьайгун гъотIокь вуго...»
«ГIадан радал ворчIигун...»
«Рорхатал хъахIил зобал...»
«Дир школалъ гьикъула...»
«Дунго вуго сверулев...» .......
«Рукъалъ гьикъулеб буго...»
«Кагъат почалда лъуна...»
«Щай къваридго дандчIвалеб...»
«Гьаз цо рагIи абула...»
«Дун магIарул росулъе...»
«Зодил борхалъиялда...»
«Мун балагье хъергъуялъ...»

«ЦIумазухъ гIищкъу ккараб...»
«МугIрузде унев вуго...»
«ГIужде щолей яс йиго...»
«Вас ццидаца цIун вуго...»
«Цин васас гъал цIацIани...»
«Пандурги кодой босун...»
«ХъахIлъарав херав вуго...»
«Балагьана, чвантиниб...»
«Цин аскIоб бугин ккола...»
«МугIрузул гIодой риччай...»
«Цо-цо мехалда ккола...»
«Къаси щвана росулъе...»
«МугIруздаса гIодоре...»
«Щай мун хабар гьечIого...»
«Дир чIварал гьудулзаби...»
«Гьудулзабигун цадахъ...»
«Дида Клотаялда...»
«Радал вачIарав гьобол...» ......
«ГIодобе биччараб накIкI...»
«Дир чвантиниб гьечIо ракI...»
«Хисардулев, чIей гьечIев...»
«Гьугъуб рохьой балагье...»
«ЧIамучIал харбал гIадин...»
«ЦIа сунареб гъансито...»
«Дида ккolaан даим...»
«Дица дирго гIумрудул...»
«Чабхъад унел хъачагъал...»
«ЧIахъаги кIиябго квер...»
«Дидаго кIочон буго...»
«Цогидав инсанасул...»
«Мун сардида йихьана...»
«Дун гьечIого вачIарав...»
«Дир талихI, киб бугеб мун?..»
«Рохел, кибе унеб мун?..»
«Мех-мехалъ къец букIуна...»
«Дун гьитIинаб мехалда...»
«МугIрул гIор, дур гIамал щиб...»
«Рокьуда дуца гьикъе...»
«Нилъ даим нуха руго...»
«Цебе гIайиб ккарабго...»
«Рихьула дир асарал...»
«Рагьдухъ гIодов чIун вуго...»
«Гьудуласул гьудулалъ...»
«Баккулебгин тIерхьунеб...»
«Лъабго гуреб кечI гьечIо...»

«Чвахун унеб гІоралда...»
«Жиндирго рагІад мерхьун...»
«Дихъ чІухІун балагьуге...»
«РикІкІадал улкабазда...»
«Дун металлъун ватани...»
«Дунял, дунял абула...»
«Рукъ гІарцул цІуразулги...»
«МагІарул зурма, гьанже...»
«Дун вукІарав ани бакъ...»
«Цо мугь ракьулъ букъани...»
«Дур кучІдухъ гІенеккизе...»
«Урхъула ракІ жубарав...»
«Дида ракІалде ккола...»
«Цояв – хвалчен рекІарав...»
«ТІорщалил авлахъазда...»
«МагІарухъ гІемер лъикІал...»
«Бицуна, Шамилица...»
«ЧагІи руго поездал...»
«Нухазда дун гьардола...»
«Казаб» абулеб дарман...»
«Дун гьавураб мехалда...»
«Дагьал гьаби хІапдани...»
«Борхалъуде рахунеб...»
«Кин ругел нуж, бихьинал...»
«Сахал чагІи сах таги...»
«Дир рахъалъан абула...»
«Рокъоб къец, дагІба, гаргар...»
«Дуца цІадирабазда...»
«Гьал мугІрул бихьиназда...»
«ХІанчІи тІадруссаралго...»
«Дир духъ бергьараб гІищкъу...»
«Нахъ таралги толелги...»
«Жеги дица ахІичІел...»
«КІудияб цІумур лъикІан...»
«Рокьи, мун гьечІони дун...»
«Унеб буго дуниял...»
«Бекун тІагъур лъуниги...»
«Щиб жо гІолиласул ракІ...»
«Гъулдулъ васазул гьулак...»
«Гьудул, дур рукъзабахъе...»
«Къокъаб букІин кечІалъул...»
«Берзул канлъи унелъул...»
«Хьаг лъикІ гьалунин абун...»
«Ихдалил багІараб бакъ...»
«МагІарул гІолохъабаз...»

«Огь, чанги гIадат буго...»
«Цо-цо чагIи рукIуна...»
«БагIарбакъул чIораца...»
«Бакъ бачIинахъе щолеб...»
«Надиршагьас гьикъана...»
«Мун, улкаялъул гIурхъи...»
«Арал сонал къваригIун...»
«МугIрул кIкIалахъ иццуниб...»
«Гьудул камуна дие...»
«Лъимал релъулел руго...»
«ГIадан рохалилъ вуго...»
«Къваридго балагьула...»
«РакI хIеренал руччабаз...»
«Дуниялалъул ахир...»
«Аллагь, вачIа, гIодов чIа…»
«Бекерулеб гIанкI гIадин...»
«Мун гьудул ватанани...»
«Гьанже дир рокьи ккана...»
«Рахъарал тIахьал руго...»
«Ццидалъ цоцалъ рагъулел...»
«Пашманлъуге, дир гьудул...»
«РагIаби – тамахаб квас...»
«Санал гъутIби ратани...»
«Киналго ралъадазул...»
«Дий гьаб канлъи гIоларо...»
«Рагъул кино бихьарай...»
«Поездал кватIун щола...»
«Мун бихьинчи ватани...»
«ЦIи бахъараб кочIол тIехь...»
«Физикалъ ратила гьанже поэтал...»
«ЛъугIана поэма, къотIана тIанса...»
«Африка, мун нахъе ккезе букIинчIо...»
«Дир мугIрул тIалъидал гьитIинаб горду...»
«ЛъикIаб гIадат буго, гIадан камигун...»
«ГIагарай эбелалъ нухарегIарав...»
«Цо-цояз лъим гьекъола...»
«Дида дир гьитIинаб мех...»
«Радал дий баккичIеб бакъ...»
«Сонисеб къо букIана...»
«ГьабсагIат араб сагIат...»
«Лъар гIадин чвахун уна...»
«Гьеб бигьаяб иш гуро...»
«Щиб жо гьунар? Цо къоялъ...»
«Мун рекIелъа камуни...»
«Унтун буго, гьудул, ракI. »

«Бице аваданав дур...»
«Дун пашманав чи гуро...»
«Рогьалида дир эмен...»
«Цо рукIкIенцин гьунареб...»
«Къед цурав чиясухъе...»
«Къаси дун Бандунгалда...»
«РакIни буго каранда...»
«Цо-цояца абула...»
«Ралъад кIалъазе биччай...»
«Лъица, биче, ботIрол кар...»
«Дуй гьадав чи вокьулищ...»
«Дун, Дагъистанияв, дуда гьеб бичIчIа...»
«Дун пачалихъалъул гIорхъода гIадин...»
«Щиб квешлъи кканиги, абулеб буго...»
«Огь, рорхатал гъутIби...»
«Дида лъана пашманлъи...»
«РуцIцIухIун чIарал мугIруз...»
«Азарго шагьар буго...»
«Гьалъ салам гьабилалде...»
«Радал векьаризеян...»
«Ралъдал рагIалда вуго...»
«Дида рихьана тIугьдул...»
«Гъираялда кваназе »
«Ялагьулеб мехалда....»
«Дунял гьабилелде, дида рагIана...»
«Рокьул кечI ахIизе пандур буго дир...»
«Цо-цоязе, дунял, мун хъарпуз буго...»
«Доскаялде вахъун, глобусги ккун...»
«Вас гьавунин рагIула...»
«Дун – поэт, дида цIар Къварилъи буго...»
«Гучал карачелаз гьелчезабулеб...»
«Дир росулъ букIана щибаб хурул ссан...»
«Индиялъ абула, дуниялалде...»
«Рагъда чIварав кIиго вац...»
«Вискаялъул рюмка, кофедал чашка...»
«Дида Индиялда бихьана сурат...»
«Дий бицана хабар, эбел бецлъарав...»
«Азарго сон барал тIанчазда хъварал...»
«Абула буддаяз, чи вухIаравго...»
«Жегиги букIинчIеб, кибниги гьечIеб...»
«Дунялалда бугеб кинабго гIакълу...»
«Гучав монголияв, кутакав Акбар...»
«МоцIрохъ балагьизе ясал рахунеб...»
«Дида Индиялда дандчIвана херал...»
«ЧIегIерал жилдалгин, хъахIал тIанчалгин...»

«Делиялъул къватIахъ бахIарав вуго...»
«Дуниялги сверун, больницаялъул...»
«Мунгун гаргадула, гаргадулелъул...»
«Дида цIар лъаларо, дида абуна...»
«Америкалъ ругел лъикIал гIадамал...»
«ТIолго дунялалъул кочIохъай руго...»
«Конверталда чIвараб печать кинигин...»
«АнцI-анцI улка сверун, росулъе щвейгун...»
«ТIохда тIибитIун чIар, рагьдухъ чIвалеб щар…»
«Дихъан бажаричIо дуниялалъе...»
«Цо-цо мехалъ дида ракIалде ккола...»
«ГъотIодаса тIураб тIанхил гъадриниб...»
«Рагъда вас тIагIарай, тIадмагIарулай...»
«МаркIачIул замана, панаяб рокъоб...»
«Дуниял гургинаб батизе гьечIо...»
«Лъебералда анкьилъ араб векалда...»
«Гуро, гуро, Пушкин, Ермоловазул...»
«Векалъул лъималин абураб мехалъ...»
«Киналго руссинчIо космосалдаса...»
«Гьединаб берцинаб, барахщичIого...»
«Боржунеб гъадида гьаримаб мина...»
«Дир кочIол квер буго кинабго дунял...»
«ГъотIодаса тIураб бакъвараб тIамах...»
«Поэзия, даим къарнабаца мун...»
«Цо-цоязул бутIрул къотIеян абе...»
«Хехал самолетал, дунял сверулел...»
«Дун – чIегIерав неграв дирго кучIдузул...»
«Доба школалда, жеги гьитIинго...»
«ИчIго чIимих рехун, дий палихъаналъ...»
«Рагъиялъул мокърукь микки кинигин...»
«ГIадамазул лъикIлъи, гьезул хIеренлъи...»
«Дие Хиросималъ бицана хабар...»
«Кинаб даимаб хIинкъи...»
«Дида ккола цо-цо дун Целинаян...»
«Дида бичIчIуларо дур чIухIи, Синги...»
«Умумузул гъуждул! ГьитIинаб мехалъ...»
«Гучал умумуца, жиделъ нич гьечIел...»
«Гъаб дир лагаялъул гьетIараб гъотIол...»
«Гьобол, Дагъистанги тун...»
«КIиябго бадисан дир кIаркьабазде...»
«БецIлъи лъолеб мехалъ буго цо сагIат...»
«Дун пикрабалъ вуго, пишабалъ вуго...»
«Дида данде чIвана цо хIикматаб тIегь...»
«Дуда лъалевани кинав дунали...»
«АхIулел кучIдулги, чIвалел хъаталги...»

«Щай бекерулеб, кету?..»
«Къоялда гІайиб гьечІо...»
«Чи унго-унгояв чилъун лъугьани...»
«Гьеб дида бичІчІула, битІараб буго...»
«МагІарде вахунев альпинист гІадин...»
«Цояб бох цІоролаб, цояб цІадулаб...»
«ХІанчІи роржунел руго...»
«КучІдул хъвалев вуго дун...»
«МугІрузул сапаразда...»
«Нуж, рорхатал мугІрул, гІаздаца цІурал...»
«Бокьула рогьалил багІарлъи дие...»
«Дида дир мугІрузул гІазул тІогьазда...»
«Кьурул рагІалалда гІодовги вукІун...»
«Щай мун пашман йигей, огь, гьайбатай яс...»
«КІудияз, дир хъатикь щиб бугеб лъаян...»
«Нилъ коммунистазул къвакІи, лебаллъи...»
«Дида ккун букІана мун гьудулилан...»
«Дида лъала, гьудул, дуниялалда...»
«Дир рокьи ккана духъ цІакъго гьитІинго...»
«Дуца бицунеб щиб? Жеги кидаго...»
«Гьал согІал кьурабалъ гьарулел лъимал...»
«Руго гьудулзаби, дида лъаларел...»
«Руго дунялалда дир гьудулзаби...»
«Вагьа-гьа, лъаларищ щай дун велъулев?..»
«Цебе цо гьитІинаб пикру кунчІигун...»
«РагІаби, рагІаби, – огь, гІенеккуге...»
«Цо-цо дун къуватаз къезе гьавуна...»
«МугІрузда цІумазул паспортал гьечІо...»
«Гьирал, гьирал руго нилъ...»
«НагІана, дир ханжар, цо къо ккечІого...»
«Дун релълъуна ральдал карачелалда...»
«Къваридав мадугьал, дуца абула...»
«Хасалил квач лъачІеб дур кечІгин, булбул...»
«Дица бищун буго ункъабго тІикъва...»
«КигІан ахІаниги, цо рахІат гьечІо...»
«Йохъ, дун поэт гуро, дун поэт гуро...»
«Дица дир кечІалда щиб жо гьарулеб?..»
«Гьанже, дида гІадин, дун лъида лъалев...»
«Дуниялалъ къали кьабулеб буго...»
«Рокьи мун лъарабго, лъана, бичІчІана...»
«Дулъго цогиязде рокьи гьечІони...»
«Чан Арарат бугеб армениязул...»
«ХІанчІи, сундул рахъалъ гьаб нужер сарин?..»
«Унтун бицинарин вукІуна цо-цо...»
«Гьури-цІад гьутІбузул бетІер бухулеб...»

«Ццидаца малълъараб гъабураб мехалъ...»
«МагІарухъ берцинаб дица босана...»
«Дун дур гъажалда тІасан...»
«Дун – ахІмакъ, кучІдул хъвалев...»
«ГІазу банилан гуро...»
«Рукъ букІине ккола рукъ...»
«Зурмихъаби ратани...»
«Кинацаго, гъедарун...»
«Йокьулей, кинай «цІогьор»!..»
«ГІемерал гьунар бугел...»
«Сапаралъ унеб мехалъ...»
«Щибаб полкалъул буго...»
«Жиндий бокьа-бокьараб...»
«Рохьазда чундузулъ...»
«Библиялъул къисаби...»
«Жакъа къо! Бецал чагІи...»
«Херлъи сунца чІвалеб?..»
«Сардал макьуялъе кьезе кколин мун...»
«Гьаб кинаб замана, кинаб замана...»
«Рокьи цоялъецин гІолареб мехалъ...»
«Пайда щиб, хвалдаса дун хІинкъуларо...»
«Цересел гъутІбузда бакъ гвангъун буго...»
«Дун ццидалав гьечІо, ццидалав гьечІо...»
«Машидат, цІодорай, цІодорлъи дуда...»
«Цебесеб замана, – гьеб заман гуро...»
«Дир цо гьари буго, гьудул ватани...»
«Дунял дир рукъан ккола...»
«Дуца гьикъе дида бокьараб мехалъ...»
«Дида мун бичІчІичІо, дида мун лъачІо...»
«Дихъе щибаб нухалъ, хасго сардида...»
«Дун хвалда цебесеб станциялда...»
«ЧІварал нахъ руссуна къункъраби лъугьун...»
«ГІумру даимаб жо гурилан абун...»
«Цо-цоял рукІуна дун кІиго вугин...»
«Нилъ цІияб рокъоре рахъана гьанже...»
«Бицунеб рагІана, аби букІана...»
«Гьав гІиракъав вукІа, къажарав вукІа...»
«Гьал пачалихъазул рагъул балъголъи...»
«Йокьулей, Бекьилъа Муи мун гуро...»
«Воржун унев вуго рокьул бомбагун...»
«Цоцада релълъуна киналго чагІи...»
«Дун сунеб сахлъидахъ соролев гьечІо...»
«ЦІадилан абизе цІад балеб гьечІо...»
«Дун я велъилевищ, я гІодилевищ...»
«Замана, дур хуралъ кинаб хІалухъен...»

«Кинал оптимистаз, эхеде рорхун...»
«ГӀурада чӀегӀераб жо сверулаан...»
«Дица щиб гьабилеб гьаб рокьиялда...»
«Санални, ихални гӀезегӀан рана...»
«Нусабго сордо-къо... Сверухъ тӀухьи, цӀа...»
«Огь, гьал начальникал, гьал чиновникал...»
«Киб зоб гъугъаниги, Гъуниб балеб цӀад...»
«ВатӀанго, ВатӀанин чӀирчӀилел хӀанчӀи...»
«Радал ворчӀана дун. Лъимал, лъади, рукъ...»
«ГӀумру унеб буго щибаб санайил...»
«ЦохӀо гьудуласул гьереси лъани..»
«Огь, гьаб гӀадалаб кеп, гӀакълу-лъаялъул...»
«Чанги къиса тана гьал къарнабаца...»
«БатӀиязул гордухъ хӀапдолел гьаби...»
«Мун ана, мун ана, мун бергьарай куц...»
«ГӀумруялъул гьоко эхей унелъул...»
«Планетария, планетазулъ...»
«Кин ругел, кин ругел, берцинал ясал...»
«Гьал цо гьудулзабаз пандрил чӀваби хъван...»
«Археологаца, ракь бухъун, хъирщун...»
«Лайлаги Мажнунги, – гӀажаиблъула...»
«Лъалеб, бугеб, битӀараб...»
«Дунги Аллагьги руго...»
«Дица гьаракь гьабигун...»
«Дун – шагӀир, щуябго ригь...»
«Ралъад, дие дудаса...»
«Инсул гӀакълу босунин...»
«Дир инсул сурат гьабе...»
«Рохьоб накӀкӀигъветӀ буго...»
«Ихал, мехал анагӀан...»
«НекӀсияб хисичӀоб кечӀ...»
«Дир дунял – харил гъуни...»
«ЧӀагоял, нуж кир ругел...»
«Щайзе рокьи бачӀараб?..»
«Дида гӀемераб лъана..»
«Гьал цо ургъелалги, гьал унтабиги...»
«Дир лъалкӀ лъугӀанани, гӀаздалаб нухда...»
«ГьитӀинаб мехалда дун кӀалъалелъул...»
«Дир сахлъи гьикъигун, сестраялъ дида...»
«Дица батӀайиса ахӀилаан кечӀ...»
«Валагьула цеве, цере аразул...»
«Машина, самолет – гьадингоял жал...»
«Щиб жо гьаб лъугьараб, гьанже магӀарухъ...»
«Рукъ гвангъизе мокърукь далараб фонарь...»
«Хирияй, лъугӀана гьаб дир замана...»

«Микьго лъагІелалъги лъабго моцІалъги...»
«Дун хъошниве ваче, хъошниве ваче...»
«Доба Севералда хасалил сордо...»
«Пушкин, дуйни мех тана...»
«МагІарда мун, гІазу, кин гІоданиги...»
«Къаси унев вуго самолеталда...»
«Дица хІинкъун хъвачІел хІайранал кучІдул...»
«Цоял кверахъ кини, лъимал кІикІулеб...»
«Гьанже дун дидаго божулев гьечІо...»
«Дир лъабго ригь буго, лъабго гъветІ гІадин...»
«Лъала, аза-азар гІузраби руго...»
«Дун кочІохъан гуро, кочІохъан гуро...»
«Зобалъги ракьалъги абулеб буго...»
«РикІкІада бугеб зоб, аскІоб цун ралъад...»
«АзарцІул ахІулеб шигІру хутІана...»
«Дихъе цо фонарь кье, гьал цо чагІазул...»
«Бицунаго гьоркьоб къотІулеб къиса...»
«Гьал цо микрофонал, гьал микрофонал...»
«Микьабилеб марталъ рокьул бицине...»
«Берцинаб жо буго гІажаибго гъветІ...»
«Дун гьаб рогьелалде сарин ахІулев...»
«Рогьана, жегиги кинаб къо бугеб...»
«Эбел, гьанже гьаб дир кечІ...»
«Дун вукІана некІсиял...»
«ГьитІинго рагьараб ракІ...»
«Гьанже ракьалъул кьерги...»
«Нилъ артистал гуро. Релъен, гриммалъ...»
«Чанав арав чанахъан...»
«Дида лъала, газаргъо...»
«Щибаб къо унаго, къварилъула дун...»
«Нуха хабал зани дида кІалъана...»
«БагІарал розаби, гъозул берцинлъи...»
«Канлъи, дукьа хІинкъула...»
«Щибав магІаруласул...»
«Дир гьитІинал ихазда...»
«Цадахъ гІадан гьечІони...»
«Къоло микьабго сон – гьитІин вукІана...»
«Дида ккун букІана, гІемерал соназ...»
«Нилъни щиб, нилъеца араб мехалъул...»
«ЦохІо рохел буго гьал лъимал рукІин...»
«Хвел, дуца бусада дун валагьуге...»
«Ккараб гІищкъуялда дир гІайиб гьечІо...»
«Гьал саназул сусур, гьал саназул чІар...»
«Дида хабзалазул занал мех-мехалъ...»
«Дица кечІ цІалана, кодор тІугьдулгин...»

«Жакъа дир йокьулей дида йихьичIо...»
«Сонал ана, гIелин тун букIана гьаб...»
«Берцинал жал гьал тIугьдул...»
«Сонал кIочон тела, гьеб бицинаро...»
«Рокьул хIакъалъулъ дица...»
«ЦохIо талихI буго дир...»
«Дун дуниялалде щайзе вачIарав...»
«Чан нухалъ йихьарай дида Джоконда...»
«Дица дунялалда баркулеб буго...»
«Дир бусургьанлъийищ сабаблъун ккараб…»
«Динора, Динора, дир гьудуласе...»

## Ункъмухъилал ва къокъал кучIдул

«Дий бокьулареб кечI кидаго, даим...»
«Абула ункъабго щинкIил хъахIаб чол...»
«Кисан реханиги, рехараб гамачI...»
«Дуниялалъ къали кьабулеб буго...»
«Дуниял буго гьаб борхатаб мали...»
«Дие бокьун буго гьаб дунялалда...»
«Ралъадищ хисулеб щибаб сордойил...»
«Асалам гIалайкум, щвана ракьалде...»
«Чиясул гьунарал тIугьдуллъун ани...»
«Багьадурас хвалил хал гьабуларо...»
«КигIан ахIаниги, кеп гьабуларо...»
«Дун гуро, дун гуро дуца какулев...»
«Дунялалда цо жо букIинчIебани...»
«БитIун гьудулалда къвал балеб мехалъ...»
«Вилълъа! Кив вилълъунев? Кивеян абун...»
«Бищун гьуинаб щиб? – Рогьалил макьу...»
«ГIумру гьобо буго даим сверулеб...»
«Йохъ, дун поэт гуро, поэт гьавун?...»
«Дицаги гьабула дийго памятпик...»
«Дида, бачIинахъе, бичIчIичIо, лъачIо...»
«Цаби ругеб мехалъ дие карщ кьуна...»
«Поэзия, дургун гIахьаллъи гьечIел...»
«МугIрул векьарухъан, пикру гьечIого...»
«Черхалъе бигьаяб щиб?..»
«РагIи сунда релълъунеб?..»
«Маймалакалдасан инсан лъугьине...»
«Щай къваридаб, Индия?...»
«ЦIакъ гIайибав вуго дуда цеве дун...»
«КучIдул бегьилаан батIиял хъвазе?..»
«Нужей бокьараб щиб, рокьиги кечIги?..»

«Дагъистан, дун вуго дур мутIигIаб гьве…»
«Дуда бихьарабищ хъахIаб гьурмаде...»
«Сахлъи, гуч, лебаллъи – лъабалго цолъе!
«Бищунго рихарав щив?..»
«Нусгояз щив какулев?..»
«Щай мун гьудулзабаз ахIулев гьечIев?..»
«ГIемер хъатал чIваялъ сагIтил хъаравул...»
«Гьадинаб кIудияб Каспий, – хал гьабе...»
«Цогиги сордо ана...»
«Йокьулей, сагIтилгун дур...»
«КIиго батIияб ракI, цоцазда цолъун...»
«ТалихIал къасдазухъ гIасияб диван...»
«Лъала дида ццидал гIундул гьечIолъи...»
«Чанги дица мунги ваччизе ккана...»
«Чи щив? – Бералги ракIги...»
«Цо нухалъ щиб букIунеб?..»
«Кида гIундул гIинкълъулел?..»
«Гьагъасул берал кинал?..»
«Хиросима, бице, мун...»
«Кинабго чIагояб унаро хвелалъ...»
«Цо-цоязе дир цIар хIажат батана...»
«Бищун кIудияб щиб?..»
Дир гьари

## ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЯЛ

### Хъвай-хъвагIаял – жугьаби

Заназда
Лълъаразда-бокалазда
Канабазда, нуцIбузда
Киниялда
Буртинаялда
Гъанситоялда
Пандрида-тIармида
Кьолода
Кьурабазда
Нухазда
Рагъидал хIобода
Бархъалисезул щагIил хъубузда
Ансадерил гIунсбузда, тIилазда
ТIахьазда
Хунжрузда, хвалчабазда
Кубачиязул чирахъазда.
Кьода

ТIансаялда

**Хъвай-хъвагIаял – сайигъатал**
(*Автографал*)

Инсуе кьолеб тIехьалда
Эбелалъе кьолеб тIехьалда
Дир тохтиралъе кьолеб тIехьалда
А. Твардовскиясе кьолеб тIехьалда
ЦIадаса херав ГIалие кьолеб тIехьалда
Георгий Гулиае кьолеб тIехьалда
Семен Липкиние кьолеб тIехьалда
ПатIиматие кьолел тIахьазда.
Дир яс ПатIиматие кьолеб тIехьалда
Дир гьитIинай яс СалихIатие кьолеб тIехьалда
ГьитIинай Шагьрие кьолеб тIехьалда
Дир кучIдузул тIахьалгун космосалде роржарал дир гьудулзаби Андриан Николаевасе ва Валерий Севастьяновасе
Дир кучIдузулъ бакъ гIемер бугин жиндирго тIехьалда хъварав Назим ХIикметие кьолеб тIехьалда
Николай Тихоновасе кьолеб тIехьалда
Ираклий Абашидзее кьолеб тIехьалда
Леонид Леоновасе кьолеб тIехьалда
Самед Вургуние кьолеб тIехьалда
Эдуард Межелайтисие кьолеб тIехьалда.
Ян Френкелие кьолеб тIехьалда
Артист Ливановасе кьолеб тIехьалда
Арам Ильич Хачатуряние кьолеб тIехьалда
Георгий Байдуковасе кьолеб тIехьалда
Мирзо Турсун-задее кьолеб тIехьалда
Ираклий Андрониковасе кьолеб тIехьалда.
Чингиз Айтматовасе кьолеб тIехьалда
Чехазул переводчик Ян Пиларжие кьолеб тIехьалда
Кубаялъул поэт Николас Гильение кьолеб тIехьалда
Кубачиязул устар Манаба МахIамаевалъе кьолеб тIехьалда
Муслим МахIамаевасе кьолеб тIехьалда
Этери Гугушвилие – Бессо Жгентил лъадиялъе кьолеб тIехьалда
Унсоколоса устар Идрисие кьолеб тIехьалда
Тохтир Людмила Пуховалъе кьолеб тIехьалда
Режиссер ХIайбула ГIабдулгъапуровасе кьолеб тIехьалда
ГIорхъода хъаравул, гIолохъанав Ваняе кьолеб тIехьалда
Ладо Гудиашвилие кьолеб тIехьалда
Архитектор ГIабдула АхIмадовасе кьолеб тIехьалда
Михайловскиялда Пушкинил рукъ-музей цIунарав Семон Степанович

Гейченкое кьолеб тIехьалда
Джуна Давиташвилие кьолеб тIехьалда
Святослав Федоровасе кьолеб тIехьалда.
ЦIунтIаса цо гIаданалъе кьолеб тIехьалда
Цо мадугьалалъе кьолеб тIехьалда
Цо гьоболалъе кьолеб тIехьалда

## Хъвай-хъвагIаял – пикраби

**Рокьул тIехьалда**
«Йохъ, цохIо дилъ гуро...»
«Дица гуро, рокьул тIехь...»
«Сапаралда свакарав..»

## ХъахIабросулъа МахIмудил тIахьазда

«Дунялги заманаги...»
«Мискинав МахIмудил лъимал рукIинчIо...»
ГIумарил Батирайил къокъал кучIдузул тIехьалда
Инсул тIехьалда
Инсул «ГIадатазул жул» абураб дие гIагараб тIехьалда
Къарахъа МухIамад-ТIагьирил тIехь цIалун хадуб
Инхоса ГIалихIажиясул тIехь цIалун хадуб
Эффенди Капиевасул кагътал цIалараб мехалъ
Пушкинил «Памятник» цIидасан цIалараб мехалъ
Цо пенсионерасул кучIдузул тIехьалда.
Цо мемуаразул тIехьалда гьелъул авторасе
РичIчIуларел рагIабазе гIемерал баянал хъвараб тIехьалда
Цо гIолихъаналъухъ рокьи ккарав херав чиясе хъвараб
Индиялъул океаналда хьвадулеб, инсул цIар лъураб гамиде хъвараб
МагIарулазул анкьазарго кици данде гьабурав дир мугIалим Зайирбег ГIалихановасул рокъоб Хунзахъ хъвараб
ЦДЛ-алда Анна Ахматовалъухъ гIенеккараб мехалъ хъвараб
Дагъистаналъул машгьурав кашавур АхIмад Иллаевасул кулинариялъул тIехьалда
Дагъистаналъул цо-цо гIалимзабазул тIахьал цIалараб мехалъ гьабураб хъвай-хъвагIай
Цо кучIдузул тIехьалда
Цоги тIехь цIаларабго гьелда гьабураб хъвай-хъвагIай
Дагъистаналъул издательствабазул редактораз ва жавабиял хIалтIухъабаз жиде-жидер тIахьалги рахъун, адабият хвезабулеб бугин бачIараб гIарзаялда
ГIолохъанав хъвадарухъанасул кIудияб романалда

Цо поэтасул тIехь цIалараб мехалъ
Хъвадарухъан-гIарзачиясул тIехь цIаларaб мехалъ
Цо гIолохъанав «философ»-поэтасул тIехь цIаларaб мехалъ
АхIи-хIур гIемераб цо лирикиял кучIдузул тIехь цIаларaб мехалъ
Цо кочIол антология цIалун хадуб
ГIемерал чIамучIал цитатал жанир ругеб кучIдузул тIехь цIалулеб мехалъ хъвараб
Цо МахIамил шигIрабазул тIехь цIалун хадуб
Цо поэтасул «Рокьул цIа» абураб тIехьалда
Цеве къолохъан вукIаряв кочIохъанасул тIехь цIаларaб мехалъ гьабураб хъвай-хъвагIай
Хъвадарухъабазул Союзалъул справочникалда
ГIемер кIалъалев поэтасул зонода
Цо кьурдабазул ансамблялъул афишаялда
Дагъистаналъул поэтасул цо кучIдузул мажмугI цIаларaб мехалъ гьабураб хъвай-хIвагIай
«Дир вас судалде ккун вугин, ритIухълъи чIезе гьабун, гьев хвасар гьавизе кумек гьабе», – ян бачIараб гIарзаялда
Дир инсул цIаралда бугеб колхозалда цIогь, гъалмагъир бугин бачIараб гIарзаялда

## Сонетал

«Цо италияйги хадуй гьаюн, дун...»
«Дица Япониялъ авар мацIалда...»
«Йокьулей, гьиндиялъ дида гьикъана...»
«Гьанже дир ракIалъул бугеб щинаб ццин...»
«Зобазул сурмиял салмагазда тIад...»
«Жакъа нус-нус цIалкIаз цадахъ цIалкIана...»
«Рагьдухъ цIадал къирщи рагIула дида...»
«Руго тIахьал сокIкIун, сервизал гIадин...»
«Гьал жалго рачIана, дица ахIичIо...»
«Мун дир макьу гуро, дир маргьа гуро...»
«Огь, дун вилун вуго, дун вилун вуго...»
«Жакъа, къоабилеб октябралда...»
«Бищун цебе гьури бачIинахъего...»

## ХIикматаб лахIзат

«КIиялго къацандун, жеги рекъечIеб...»
«Гьале гьаб рахъалда дир мина буго...»
«Гьанже дун кечIалда тIад хIалтIуларо...»
«Дица хасалихъе мерхьарал тIанхал...»
«Бициниш, цогиял гIемерал руго...»

«Тохтир, дуца дие бюллетень гьабе...»
«Дихъе чи виччаге, дун унтун вуго...»
«Хамизалъ, гьатӀаналъ – ункъо тӀубайгун...»
«Хирияй, дур тӀугьдул речӀалел руго...»
«Гьаб больницаялъул коридоразда...»
«Диде гӀайиб чӀваге, мун кьижарайго...»
«Кинабго букӀана лъикӀ нилъер рокъоб...»
«Гъежда хулжалги ран щибасул кӀалтӀа...»
«Сайигъат гуро гьаб нилъее гӀумру...»
«Такъсиралда рекъон тамихӀ гьабуни...»
«Дица сариналде сверараб хӀасрат...»
«Дица тӀокӀаб гьанже гьаб ракьалда тӀад...»
«Дуца цӀакъ битӀараб гьабуна, гьудул...»
«Гьаб гордул цӀералда цӀадал къатӀраби...»
«Дун росдал вас вуго, доба буго яхӀ...»
«Хирияй, гьабго щиб, щвана мугӀрузде...»
«ВукӀана Ругъжаса Элдарилавин...»
«Дица ракьул гӀалам бикьула, гьудул...»
«Дир эмен вукӀана магӀарул шагӀир...»
«Босе дуца цӀалкӀу, цӀалкӀе дир гӀумру...»
«Дулъ испаниялъул цо расен буго...»
«Чанги сапаразда свердизе ккана...»
«Мун йиго цӀунейин дицаго дунго...»
«Дур бадиб бетараб цо магӀил горо...»
«Щай матӀуялъуе ялагьарайго...»
«Доб зодихъ щивасул буго хасаб цӀва...»
«Гьагъай цогияй щий? Гьей цояй йиго...»
«Дудехун ццин бугей гьагъай цоялда...»
«Дудаса кӀудиялъ гӀинде щурани...»
«Гьаб документазул замана буго...»
«Гьаб рокьул институт, академия...»
«Гьаб институталъул студентазе...»
«Рилълъа дида цадахъ кафедраби чӀван...»
«Роялалда нахъа гӀодовги вукӀун...»
«Ленинградалъул хъахӀаб сардида...»
«Дун – къоябго соналъ дур туснахъалда...»
«Мун берциналъ лъикӀай, лъикӀалъ берцинай...»
«Огь магӀарулазул гӀакъилаб гӀадат...»
«Къокъаб жо батана гӀурччинхарда щуб...»
«ЦӀородасан алмаз унеб кинигин...»
«Дуда бихьарабищ чӀалу хъухъалеб...»
«Рохьор ругеб мехалъ, гъотӀохъ балагьун...»
«Жакъа – мун гьаюраб гӀадатияб къо...»
«Руго дурги дирги цо-цо сагӀатал...»
«Балагье, дуниял, рогьалил харбал...»

«Йилълъа, магІарулай, нилъер рокьигун...»
«Огь, кигІан рикІкІада бугеб Киота...»
«Дуда бихьарабищ боязул парад?..»
«БахІарчилъи, гьунар, свак гьечІеб хІалтІухъ...»
«Ракълил заманаялъ, рагъ гьечІел соназ...»
«Армиялда буго цо къо, гьа балеб...»
«МацІалги ракьалги рикьулел гІадин...»
«Бицуна, аллагьас зодоса гІодой...»
«Гьаб махсара, гІадат... гІолохъабаца...»
«ГІемерал хІалтІарал, рагъда рукІарал...»
«Дида кІочонаро дур азбаралда...»
«МахІмудилги дирги ккараб бицинищ...»
«БахІарай унелъул гІери речІчІулеб...»
«Лъар бикьулеб мехалъ, кьодухъ чІанищ мун...»
«РикІкІад Кубаялда, карнавалалда...»
«Цо тІубан батІияб бокьун буго дий...»
«Аралдаса дагьаб хутІана нилъей...»
«Мун йикІинчІейани, букІинаандай?..»
«Дир гьудул, цІакъ хІинкъун вуго жакъа дун...»
«Дие мутІигІлъизе дуй бокьичІони...»
«Дир гІайибал рицун гІарзалъ яхъине...»
«Дуда лъалагури, дий рокьуларо...»
«Метер нилъ рилълъина, дуе бокьани...»
«Гьал театралъул болъабазухъан...»
«Гьал театразул пардавал, гьудул...»
«Сордоялъ хиялалъ йикІун ятила...»
«Мун битІарай гьечІо, битІарай гьечІо...»
«Дий гьагъалги гьечІо, долалги гьечІо...»
«Япониялъ буго жагадул байрам...»
«Доба, Западалъул кабареязда...»
«Рагъулал полказул байрахъал руго...»
«ГІищкъул улкаялъул камилай пача...»
«РачІа хъвазе къаси гІодорги рукІун...»
«Авиценацаян, рагІана бицен...»
«Ихдалил мухбирал – дир милъиршаби...»
«Дилъ, дур хІисабалда, дида лъалареб...»
«РикІкІада чияр бакІ, кІиялго цадахъ...»
«РагІана, цІалана цІар бугел чанги...»
«Дур гъажалда – дир квер, дир гъажалда – дур...»
«Духъ балагьун вуго. БатІа-батІаго...»
«Лъимерлъун вукІаго гьалдолаан ракІ...»
«Лъалищ, Хелсинкалда аскІоб цо шагъар..»
«Доб Рималъул музей, Мадоннал сурат...»
«Гьаб дир рокьи лъачІел, дир ццин босеян...»
«Мун кьижун йикІана, дуда бихьичІо...»

«ТIубараб сордоялъ хъудана ралъад...»
«Дун халат кьижичIо гьаб къаси сардилъ...»
«Гьал аэродромал, вокзалал, портал...»
«Гьаб кIиго хъаравул, кIетIолеб сагIат...»
«Дидаги лъачIо дун гьадинав вукIин...»
«Аман, герб гьабуни гьаб хIасраталъе...»
«Замана кIудияб гIащтIичи буго...»
«РакIалда букIахъе къанагIат ккола...»
«Мун йиго ракьалда, йокьулей гьудул...»
«Мун даимлъиялъе дуниялалда...»
«Мун арал ихазул ракIалдещвейги...»
«Дир тIокIав чи гьечIо, гьудул, дуй гIоло...»
«Мун жаний щвелалде гъасда цIа бакун...»
«Нилъер лъабайго яс, гьезул анлъго гъал...»
«Цебе гьарулаан, гIайиб ккарабго...»
«ГIундузда – дур кIилкIал, кIиябго цIумур...»
«ЧIужугIадан, дие дуниялалда...»
«Лъабго гIилла буго гIолохъабазе...»
«Лебаллъи чиясул сунца борцунеб?..»
«Свакараб камиллъи, лъукъараб лъикIлъи...»
«Дие кьун букIана кIудияб дунял...»
«Дунги щвана дове, доб Космосалде...»
«Гьаб чирахъ ургъарав Адиссон гуро...»
«Дун, дица лъалкI течIин, дица бакI ккечIин...»
«Гьанже дун чIваразухъ, йохъ, гIодуларо...»
«Гъугъдузулъ бугеб кьинч, къурулъ чанил тIинчI...».
«Лал бокъун букIинчIо доб хасалихъе...»
«ГIанлъулел, рорлъулел кьурул свераби...»
«МухIумил МухIамад – мадугьал, гьудул...»
«Абула, рагIула мугIрузда ругин...»
«МагIарул Лаура, пайда щиб, унго...»
«Цебе букIун буго гьаб КьилимегIер...»
«Огь, хабар лъачIого рагъда хутIарав...»
«МагIарул росаби, нужер гIорхъаби...»
«Къулана, къулула дун Западалъе...»
«Емельян Пугачев, гьанжегIаги щай...»
«МахIач – чуялда тIад Каспи рагIалда...»
«Дагъистаналъул халкъ, дагъал миллатал...»
«Россия, гьарула Пушкиний гIоло...»
«Дида кIочонаро цин Бакуялда...»
«МахIмудий пандур тун, кодоб гIансагун...»
«Гучаб Россиялъул кIудияв пача...»
«МахIачхъалаялда вукъана эмен...»
«Дир Каспий, дур тIинда хутIанщинаб гуч...»
«Росу тун унелъул, нухарегIарай...»

«НекIсияб Россия, нижер мугIрузде...»
«Гучав Ирчи Казак, гIагарав шагIир...»
«Гьал къваригIел гьечIеб къецалъ, дагIбаялъ...»
«Жакъа канлъи свана, берал бецлъана...»
«ГьетIарал, кIичIарал кочIол нухазда...»
«Мурсал ханас ццидакь, бухIун хIара цун...»
«Дагъистан – дур эмен, улка – дур эбел...»
«Кидаго вихьичIо гьадигIан гьитIин...»
«Гъункараб лага-черх, загьираб гьумер...»
«Доб инкъилабалъул гьалдолел рагъаз...»
«РукIана, рукIана ГIалихановал...»
«КIочанищ, генерал, кIиго аварав...»
«Дос рагьараб горду къалеб букIинчIо...»
«Маршал Жуковасул цIар бахъаниги...»
«Цин художниказул выставкаялде...»
«Доб къоялъ рукIана Турсун-задегун...»
«Унтарав, херлъарав шагIирасухъе...»
«ВукIана цо устар Унсоколоса...»
«Йохъ, дица цIуничIо, дица цIуничIо...»
«ЦотIалаял ригьзал нижер гьундузул...»
«Дун хIикмалъулеб жо пачалихъ буго...»
«Дир ракI цогиязде гурхIалил цIураб...»
«Петраркал сонетал, Пушкинил кучIдул...»
«Росулъ гIуру гуреб, гIор чIван нух гуреб...»
«Сталинградалъ дихъе хабадаса ракь кьуна...»
«Ясал берцинлъула – цо хIинкъи рагъул...»
«Къаси нахъалъагIан сунареб фонарь...»
«МахIмуд, бице дида дур Марямил хоб...»
«Цо-цо дида ккола, гьаб дунялалда...»
«Дир кIиго кечI буго, кIиго тIехь буго...»
«Дица сариналда даим гьарула...»
«БачIунге дихъе, кечI, дун гьечIеб мехалъ...»
«ГIараниб школа, Хундерил хъала...»
«Буйнакскиялъул педучилище...»
«Гамлет Отелло вукIинчIониги...»
«МагIарул большевик», аваргазета...»
«Типографиялъул хIарпал рищулел...»
«Дун унтараб мехалъ, гIолилай тохтир...»
«Гавриил, кIоларищ операция...»
«Гьанже дир гьоркьоблъи заманалъулгун...»
«Мех щвана, дагьаб гIун, гIенеккун чIезе...»
«Цоцада лъаларел цIарги лъаларел...»
«Гьал бакъул чIоразул чIвабиги гьарун...»
«Вилълъа Парижалде, Камалил Башир...»
«Мун дир гIищкъуялъул гIасияй цIогьор...»

«Кин букIаниги дун кочIохъан вуго...»
«Бице, дир хирияй, нилъ унеб мехалъ...»
«Дунялалъе гIелеб гIищкъу кьуниги...»

## ЭЛЕГИЯБИ

«Элегия, щиб жо мун?..»
«Дир пашманлъидул яс, сонетазул яц...»
«Элегия, тохлъукье дихъе бачIараб гьобол...»
«Рокьи, бице дида дур...»
«Рокьи, бице дида дур гьаб хIикматаб балъголъи...»
«Нуха бахъараб рокьи...»
«Огь, дида гIумру лъана...»
«Дида рагIаралдаса...»
«Мун гьайигун, кинидахъ...»
«ГIодор чIая, дир сонал...»
«Дида гьикъулеб буго...»
«Веказул цIадираби...»
«Нилъ рукIана кIиялго...»
«Дица гIемер бицунищ...»
«Гьанже маркIачIуда мех...»
«Нухлулав, бице дида...»
«Гьанже дун кинигинан...»
«Рокьи, кинал дурнавал...»
«Щиб жо жанги къуватги...»
«Манзилалъ дудаса тIей...»
«Щибаб къо бачIунаго...»
«Гьал гIадамаз абула...»
«Дур бицен рагIарабго...»
«Ракъварал гIицIал гъутIбуз...»
«Замана – хехаб поезд...»
«Рагъул ругънал щвараца...»
«Дица рагIи кьеларо...»
«КватIараб сардил заман...»
«Дуде кечI гьабулелъул...»
«Цо гьими букIана дур...»
«Нилъее цIарал кьуна...»
«Гьал гIадамаз абула, гIумру цохIо кьун бугин...»
«Гьанже гьал поэтазул...»
«Дир сонал, сонал, сонал...»
«ХIанчIаз цIунула куркьбал...»
«Чундузги хIанчIацаги...»
«Йилълъа дунгун, дица мун...»
«Мун диде семаниги...»

«Дида бихьана цо гъветI...»
«Дие цIурмал рокьана...»
«Бищунго борхатабги...»
«Дир каранда буго цIа...»
«Мун гьанже лъимер гуро...»
«РикIкIад Мозамбикалъул...»
«Ва, некIсияв нухлулав...»
«Дида рагIана, дунял...»
«Чанги дагIба букIана…»
«Дун вахун вугелдаса...»
«Рокьи ккаразда гьоркьор...»
«Дун Индиялде щвана...»
«Кавказалъул мугIрузда...»
«Дир рукIана рохелал...»
«Цо-цояца абула...»
«Дун вачIуна, киналго...»
«Дун виччай, рекъон гьечIо...»
«Бищуно гурхIилеб щиб...»
«Цебе рокьи – гьукъараб...»
«Доба Цейлоналдайищ...»
«Дуца дида гьикьуге...»
«РагIун букIана дида...»
«Гьунар дагьал шагIирал...»
«РикIкIада сапаразда...»
«Тегераналъул базар...»
«КIудияв кавказияв...»
«Больницаялде щвейгун...»
«Бицуна гьал гIадамаз...»
«Дир рокьул дандерижи...»
«Дун балагьун чIун вуго...»
«ЧIужугIадан – гьаб рагIи....»
«БукIуна цо-цо дагIба...»
«Мунги дунги – кIиго чIва...»
«Дир гIишкъул гьоко ана...»
«Вас гьавунин рагIигун...»
«Абула, рокьул кини...»
«Бициниш, бищун квешал...»
«Йокьулей, мугъ рехуге...»
«Буго апатит абун...»
«Дида кьижизе кIвечIо...»
«Абула, мегIералде...»
«Гьал мугIрузе щиб ургъел...»
«Абула кочIохъабаз...»
«КинабгIаги бокьула...»
«Рокьул планал гьечIо...»

«Дур бицунеб рагІигун...»
«Вай берцинан, берцинай...»
«Гьал митингазул рокьи...»
«Москва – гьитІинаб росу...»
«Абула их бачІунин...»
«Большой театралда...»
«РагІал батулареб гІор...»
«Чанги рохелал руго...»
«Щай гІадамал рагъулел?..»
«Гьаб гьури щиб, гІазу щиб?..»
«Рокьул талихІги буго...»
«Буго ракълил комитет...»
«Хирияй, хирияй, вай дир хирияй...»
«Дуца тІечІищ, лъаларищ...»
«ТІаде хвел щвараб мехалъ...»
«Бакъараб Ленинград...»
«ГІащикъзаби, щибизе...»
«Дида рагІун букІана...»
«РокьулгІан квеш букІунел...»
«Космонавтал, космонавтал...»
«Нилъеде регІарав чи...»

## ЭПИГРАММАБИ, МАХСАРАБИ, САТИРАБИ

Цо поэтасул хІакъалъулъ гьесул эбелалъ абун буго
Чияр мухъал хъамал гьарулесде
Цо хІинцав поэтасде
МацІ квешав кочІохъанасде
ЛъарагІ театр бухІиялде
Рахьдал мацІалдаса перевод цебе кколев кочІохъанасде
Эркенаб кечІалда хІал гьабулесде
КІал букъарай Мариниде пьеса хъварасде
Цин бакъан хъван, кечІ гьабулев композиторасде
Дица цереккун реццарал кучІдул гьанже щай какаралан кагъат бачІарасде
Радиоялъ жиндир кучІдул ахІун веццарулесде
Дида жеги бихьичІеб жиндир тІехь бахъеян кагъат бачІарасде
Цо хъвадарухъанасул чІужуялде
ГІемерал темаби, жанрал хисулев поэтасде
Ирчи Казакица жиндирго хІакъалъулъ пьеса хъварасде абурал рагІаби
КІиго цолъун цадахъ хІалтІарал авторал ратІалъараб мехалъ
Поэтасулги лъадулги гаргар
Цо художникасул выставка
Халатал цеберагІиязул авторасде
Лермонтовасул асарал авар мацІалде руссинарурасде

Дагъистаналъул цо министрасул лъабкъого сон тIубаялда бан
Индиялда шагIиразул къец бихьун
Жинцаго хъвалел ругел кучIдузул бицун, гьезие къимат кьезе бокьулев цо гьалмасъасде
КочIохъабазул маевка
Цеве артист вукIарав цо поэтасде
Нухаялда ХIажимурадил хабал зани жинда батанилан докторлъиялъул диссертация хъварав цо гIалимчиясде
Цо чIамучIав кочIохъанасухъ гIенеккараб мехалъ
Зигардулев кочIохъанасде
Цо хъантIарав поэтасул хвел
Жиндир васасул кучIдул реццун кIалъазе вахъарав инсуде
Антракталъул заманалъ театралда ккараб гаргар
ГIемер живго жинцаго веццулев цо поэт
Кавказалдаса Москваялде вахъараб мехалъ
КIиго талихI къарав чи
Цо аваразул поэт гIурус мацIалъ хъвадаризе лъугьараб мехалъ
Цо редактораcде
Жиндир хабал зонохъе рачIун кучIдул цIалулел гIолохъабазде ашуг Сулейманица абурал рагIаби
Цо поэтасде
Жиндие кучIдул цIалеян вачIарасде
Жиндие тIехь гьararав цо «гьудуласде»
Гьудуллъи гьечIев чи хвараб мехалъ
Ругьунаб хIалтIи тарав кочIохъанасде
«Рокьул ругъун» абураб тIехь хъварав авторасде
«Их» абураб тIехьалъул авторасде
Цо мацIихъанасул кIал чIвараб гIурцIмаде
Цо гIалимчи-поэтасде
Гьадин бигьа буго
ХIажимурадил хIакъалъулъ хъвараб киносценарий биччачIеб мехалъ
Театралда «АхIул-гохI» пьеса гьукъараб мехалъ
«ГIумруялъул багьа» абураб тIехьалъул авторасде
«КъвекIаб цIум» абураб тIехьалъул авторасде
Узбекистаналъул рахъалъ кучIдулги хъван вачIарав цо магIарул поэтасде
Цо поэтасде
ГIундуз хъвалел тIахьал
Цо художникасде
ТIубараб сордоялъ
Бице дие
ЦIороберас кумек гьабичIо
Театралдаса художественнияб хIаракатчилъи цебе кколей цо чIужугIаданалде-кочIохъаналде
Цо художникасул вас художникасде
Рецц

Календаралъул кочIохъабазде
КIирекъарал авторазде
Цо поэтасе «Халкъияв поэт» абун цIар кьураб мехалъ
Дуца бице дие
Къисас
Цензорасде
ГIолохъанго МахIмудил хIакъалъулъ хъвараб эпиграмма
Гьеб цIаларабго, инсуца дида абурал рагIаби
Цо къиса
РакIалдещвей
«Лъадиги лъабго ясги...»
АбутIалибил цIороберал
Жий Дагъистаналде гьоболлъухъ ахIеян дида абурай цо гIаданалде
Цо жиндие кечI хъваян абурай гIаданалде
Дуе лъай къваригIун бугин абураб мехалъ, Сулейман Стальский – нилъер Гомер цIаларав чи вукIинчIин жаваб кьурав поэтасде
«Поэтазул серия» абураб суратазул выставка гьабурав художникасде
Цо къанагIатав кочIохъанасде
КIиго шагIирасул дагIба
КучIдузул цо вечералдаса хадуб
Полоп
БуцIцIа, кIал, буцIцIа, кIал
КIиязего нагIана
Цо бицен
Цо кечIалъе музыка хъварав, гьелъ рахIат хварав поэтасде
Жинцаго хъварал гIемерал тIахьазул къадаралъ къадру гьабизе бокьарасе
Дир кучIдузул цогияздаса квешаб щиб бугебан абурав поэтасде
Жеги цо кечI гьабизе гьунар гьечIев гIолохъанчи бачIинахъе поэмаби, романал хъвазе лъугьараб мехалъ
ЛъикI ахиралде щун лъугIичIого, кечI лъиего цIалугеян дида малъулъулесде
ТIасан чIухIун къачIараб, жаниб магIна гьечIел кучIдузул тIехьалъул авторасде
Веццарулев кочIохъанасде
Гипноз
Поэтасул сурат
Жиндирго цересел кучIдузде кверги хьвагIун, цIиял реццун цIалулесде
КочIое анкьго гьижаги бугони, гьелги рагIабалъ рекъон ругони, гьеб гIоларищан гьикъарав «гьудуласде...»
«ГIисинал лъимал» абураб тIехьалъул авторасде
Жий гьайин, дойин ахIдолей, зигардулей цо кучIдул хъвалей гIаданалде
Цо переводазул тIехь цIалараб мехалъ
ГIумарица жиндир кечI бикъун бугин вачIарав ГIалиде
Цо-цо тIолго кечIалъе квалквал гьабулел мухъал нахье рехизе барахщарав поэтасде

Жиндир кучIдузе цеберагIи хъваян вачIарасде
ЦохIо дие гурони цIалулареб абун, балъгояб кечI цIализе вачIарав поэтасде
КIудияб хъулухъ щвейгун, хъачIлъарай магIарулалъулгун гаргар
РагIи гIемерав поэтасде
ЦIвабзахъе воржинин живан кечI хъварав поэтасде
КIиго цадахъ хъвалел ратIалъараб мехалъ
Живго жиндаго лъаларев кочIохъанасде
Олимпиадаялда
Цо гаргар
Цоги гаргар
Кукрыниксаз гьабураб дирго карикатураялде хъвараб
Жиндирго васасул кучIдул рецщун, гьесул инсуца бачIараб кагътие жавабалъе
Цо Казбекилан цIар бугев кочIохъанасде
«Известия» газеталда цо поэтасул кучIдул цIалараб мехалъ хъвараб
Цо дагьаб заман чIвазе вилълъайин дида абурав гьудуласде
Даим кепалда вукIунев кочIохъанасде
Щибаб лъагIалиде лъабго-ункъо тIехь къватIибе биччалей цо гIаданалде хъвараб
Цо поэтасул тIахьалъ бищунго кинаб бокьулебан гьикъараб мехалъ, гьесул чIужуялъ кьураб жаваб
Цо-цо кочIохъабазде
Цо институталда гьитIинаб къиса
Цо «гIакъил» ракIалдещун хъвараб
Къалам билараб мехалъ
Цо гьудуласул библиотекаялде
Цо поэтасул парикмахерасде
Рукъ гьечIев пача
Цо ццидалай кIалбазар тIаделъарав гьудуласде
Цо хъвадарухъан – «цIалдохъан»
Гъудул-гIалимзаби
Цо-цо жидерго халкъалъул тарих гIад гьабун кIалъалезде
Жидецаго сверарал рикIкIадисел улкабазул бицун, рецц гьабун хъвадарулел цо-цоязде
Жиндирго кучIдул лъаларев кочIохъанасде
Цо цIакъ щавкъалда шигIраби цIалулев кочIохъанасде
«Дир кучIдул – дир лъимал» ругин абурав кочIохъанасде
Хъвадарухъабазул союзалъул цо-цо членазде
Лъадуда жиндир кучIдул ричIчIуларин гаргадулев поэтасде
КIудияб къагIидаялъ юбилей гьабурав гьоркьохъев поэтасде
ХIинкъарав кочIохъанасде
Цо хъвадарухъабазул хъизаналде
Цо рищиялде
Стамбулалда Султанил гаремалде щвараб мехалъ хъварал рагIаби

Катил рачI
Руччабазул советалде
Дагъистаналъул цIогьазул къокъаялде
Цо къадарав хIаким гьавураб къоялъ абурал рагIаби
ГIемер Литфондалде гIарзалъ вачIунев чиясде
Къаллъарав поэтасде
КечI бахъиялъул гуреб хъваялъул ургъел гьечIезде
Рокьи ккечIого кечI ахIулесде
Чияде гIайиб чIвалесде
Жиндирго хъварал тIахьазул къадар бицун веццарулесде
Цо кечI цадахъ хъварав кIигоясде
КъанагIатаб тIехьалъул авторасде
Цо чIахIиял цIороберал рарав кочIохъанасде
Цо поэт-пенсионерасде
Цо «Къисас» абураб къисаялъул авторасде
Цо трилогиялъул авторасде-хIакимасде
ГIемерал цIарал хисун цого тIахьал къватIире риччалезде
Цо чIалгIарав кочIохъанасул гьаракь къотIараб мехалъ
Рецц-цIаралъ чIухIарав поэтасде
МахIач Дахадаевасул памятникалда тIасан кIалъалесде
«Дирги мунго гIадав кочIохъан гьавизе кумек гьабе» – ян хъван бачIарасде
Обкомалъул цо хIаким Рейхстагалда бергьенлъиялъул байрахъ чIвалезул цояв вукIанилан цо халкъалъул писателас хъвараб мехалъ
Николай Губенко культураялъул министрлъун тIамураб мехалъ
ГарцIал

## ГЬИТIИНАЛ КЪИСАБИ

1. «Лъадай арай ясалъ гIеретI бекана...»
2. «РатIалъилилан абун...»
3. «Ражибух къолохъе гIарзалъ бачIана...»
4. «Цебе руччабаца чахтIазда чIвараб...»
Дагъистан тарав кочIохъанасде
Цо-цо гьудулзабазде